PAYAZ MUSAEV, JÁHÁNGIR MUSAEV

# GEOGRAFIYA

## ÓZBEKSTANNÍŃ EKONOMIKALÍQ HÁM SOCIALLÍQ GEOGRAFIYASÍ

Ulıwma orta bilim beriwshi mekteplerdiń 8-klası ushın sabaqlıq

*Tolıqtırılǵan altınshı basılıwı*



*Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tastıyıqlaǵan*

«SHARQ» BASPA-POLIGRAFIYALÍQ
AKCIONERLIK KOMPANIYASÍ
BAS REDAKCIYASÍ
TASHKENT – 2019

UOK: 91(575.1)(075)
KBK 65.04ya721
M – 97

Pikir bildiriwshiler:

N. SAFAROVA, Nizamiy atındağı Tashkent mámleketlik pedagogika universitetiniń «Geografiya hám onı oqıtıw metodikası» kafedrası docenti, geografiya iliminiń kandidatı;
A. JABBAROV, Muqimiy atındağı Qoqan mámleketlik pedagogika institutınıń «Geografiyanı oqıtıw metodikası» kafedrası docent
Sh. XALMURADOV, Nizamiy atındağı Tashkent mámleketlik pedagogika universitetiniń «Geografiya hám onı oqıtıw metodikası» kafedrası аğa oqıtıwshısı;
S. BERDIEVA, Tashkent qalalıq Mirabad rayonındağı 213-sanlı ulıwma orta bilim beriwshi mekteptiń geografiya páni oqıtıwshısı.

M – 97 **Musaev Payoz.**
Ózbekstannıń ekonomikalıq hám sociallıq geografiyası: ulıwma orta bilim beriwshi mekteplerdiń 8-klası ushın sabaqlıq / Avtorlar: P.Ǵ.Musaev, J.P. Musaev. – T.: «Sharq», 2019. – 176 b.
1. Avtorlas.

**UOK: 91(575.1)(075)**
**KBK 65.04ya721**

Sabaqlıqtıń temalarına jaylastırılǵan usı QR – kod belgilerin skaner etiw arqalı temalarǵa tiyisli internet maǵlıwmatlarınan paydalanıwıńız múmkin.

**Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan ijara ushın basıp shıǵarıldı.**

ISBN 978-9943-26-917-0

© P. Musaev, J. Musaev, 2004, 2014, 2019.
© «Sharq» BPAK Bas redakciyası, 2004, 2014, 2019.

http://eduportal.uz

# I BAP. ÓZBEKSTANNÍŃ GEOGRAFIYALÍQ ORNÍ HÁM ADMINISTRATIVLIK-AYMAQLÍQ DÚZILISI

**1-sabaq**

## KIRISIW

***Ózbekstannıń ekonomikalıq hám sociallıq geografiyası neni úyrenedi?***

Siz endi aldıngı klaslarda alǵan bilimlerińiz tiykarında Jer júzi, sonıńday mámleketimiz tábiyatı haqqında basqalarǵa da maǵlıwmat bere alasız. Olardan basqa sonday bilimler de bar, olar adamlardıń iskerligi, jasaw jaǵdayı hám óndiristiń aymaqlıq parıqlanıwı sıyaqlı insaniyat, jámiyet turmısı penen tikkeley baylanıslı. Mine sol bilimlerdi úyrenetuǵın pán ***ekonomikalıq hám sociallıq geografiya*** dep ataladı. Ol xalıq iskerliginiń aymaqlıq shólkemlestiriliwi menen baylanıslı ekonomikalıq hám sociallıq máselelerdi belgili bir mámleket boyınsha da, pútkil jáhán kóleminde de úyrenedi. Bul oqıw jılında janajan Watanımız – ***Ózbekstannıń ekonomikalıq hám sociallıq geografiyasın*** úyrenesiz.

Haqıyqatında da, zavod, fabrika, firma, emlew orınları, bilim beriw orayları yamasa xojalıqqa xızmet kórsetiw kárxanaları puxta oylamastan dus kelgen jerge qurılsa, adamlardı hálekshilikke saladı, miynet hám qárejetti biykarǵa jumsawǵa májbúrleydi. Aqıbetinde bul sociallıq miynet ónimdarlıǵınıń kóbeyiwine keri tásirin tiygizedi.



***Sociallıq miynet ónimdarlıǵı –*** materiallıq óndiriste bánt bolǵan hár bir jumıs islewshi esabınan payda bolǵan milliy dáramat muǵdarı.

Miynnet ónimdarlıǵı óndiristiń mashinalar, maman qánigeler, elektr energiya, tábiyǵıy baylıqlar menen támiyinlengenine, kárxana hám xalıq qonıslarıńin adamlarǵa qolaylı jáne tábiyǵıy ortalıqqa zıyan tiymeytuǵın jerde qurılǵanına, miynetkeshlerdiń jasaw jaǵdayları, dem alıw hám olarǵa mádeniy-turmıslıq xızmet kórsetiwge de baylanıslı.

Eger shiyki zat, janılǵı, energiya derekleri hám jumısshılar bir-birine jaqın jaylassa óndiriste joqarı nátiyjelilik támiyinlenedi. Biraq, bunday qolaylı jaylasıw shende-shen ushırasadı. Ayırım orınlarda shiyki zat jetispese, taǵı bir jerde janılǵı, elektr energiyası jetispewshiligi bayqaladı. Mine sonıń ushın da mámleketti rawajlandırıwdıń milliy baǵdarlamalarında xalıqtı, óndiristi jaylastiriw hám tábiyat baylıqlarınan paydalanıw máselelerin aymaqlıq jaqtan bir tegis shólkemlestiriwge itibar beriledi.

http://eduportal.uz

***Ózbekstannıń ekonomikalıq hám sociallıq geografiyası*** mámleketimizdiń milliy ekonomikasın xalıq hám tábiyǵıy sharayat penen óz ara baylanıslı halda úyrenip, onı aymaqlıq shólkemlestiriwdiń ulıwma principlerin ilimiy jaqtan tiykarlaydı.

8-klass geografiyası sizdi mámleketimizde sociallıq miynet ónimdarlıǵın asırıwǵa, tábiyǵıy resurslardı qorǵawǵa hám ulıwma xalıqtıń turmısınıń abadanlasıwına járdem beriwshi geografiyalıq bilimler menen qurallandıradı. Sonday-aq, geografiyalıq bilimińizdi jetilistiriwde túrli dereklerden ǵárezsiz paydalanıw isılların payda etedi.

Bul pánnin juwmaqları ushın tiykar bolǵan maǵlıwmatlar – dálil bolıwshı zatlar zaman menen birge ózgerip baradı. Sabaqlıqta keltirilgen cifrlı maǵlıwmatlar, súwret, karta-sxemalardaǵı maǵlıwmatlar, hátte jer atları da erteń búgingiden parıqlanıwı múmkin. Ekonomikalıq hám sociallıq geografiyaǵa tán bul jaǵday kúndelikli waqıya qubılıslardan turaqlı xabardar bolıwdı talap etedi.

Elimizde bazar ekonomikasına ótiw sıyaqlı quramalı hám keń qamrawlı process dawam etpekte. Bunday payıtta mámlekette, hár bir qala yamasa awılda belgili bir mashqalalardıń júzege keletuǵını tábiyǵıy. Sabaqlıq sizdi sonday maǵlıwmat penen tanıstıradı jáne olardıń sheshimin tabıwdı úyretedi.

Xalqımız rawajlanıw jolında pidákerlik penen miynet etpekte. Mámleketimiz gárezsizligin bekkemlewde, ásirese siz jaslar belsendilik kórsetiwińiz hám keleshektegi jumıslarıńiz berekeli bolıwı zárúr. ***Sebebi, miynet ónimdarlıǵı bazar qatnasıqlarına ótiwde eń áhmiyetli hám eń tiykarǵı faktor esaplanadı.*** Ózbekstan ekonomikalıq hám sociallıq geografiyasın úyreniw bul wazıypanın áhmiyetin túsiniwge, demek, óz puqaralıq minnetińizdi orınlaw, mámlekettiń social-ekonomikalıq turmısında belsene qatnasıwıńızǵa járdem beredi.

Qolıńızdaǵı sabaqlıq mámleketimizdiń milliy ekonomikası menen tanıstırıp ǵana qoymastan, geografiyalıq mazmundaǵı hár túrli ádebiyatlardan, dáslepki dereklerden paydalanıwǵa imkaniyat beriwshi kónlikpe hám mamanlıq penen de qurallandıradı. Siz bul sabaqlıqtan ekonomika-geografiyalıq obyekt, qubılıs hám proceslerdi sáwlelendiriw, bayanlaw usılların da úyrenip alasız.

1. Sabaqlıq muqabasınıń ekinshi betinde berilgen ekonomikalıq hám sociallıq túsinik penen atamalardan keminde ekewin talqılawǵa urınıp kóriń.
2. Sizińshe, islep shıǵarıw kárxanaların jaylastırıwda qaysı faktorlar áhmiyetli esaplanadı? Juwabıńızdı tiykarlawǵa háreket etiń.

http://eduportal.uz

## 2-sabaq ÓZBEKSTANNÍŃ GEOGRAFIYALÍQ ORNÍ

*Geografiyalıq orın degende neni túsinemiz?*

Hár bir mámleket, aymaq, wálayat, qala, rayon, awıl, hátte, úydiń ózine tán ózgesheliklerinen biri, olardıń Jer júzindegi tákirarlanbas ornı bolıp tabıladı. Bular geografiyalıq orın dep ataladı. Geografiyalıq orın mazmunı boyınsha ***tábiyǵıy geografiyalıq orın, ekonomika-geografiyalıq orın*** hám ***siyasiy-geografiyalıq orın túrinde*** toparǵa bólinedi.



***Tábiyǵıy geografiyalıq orın,*** tiykarınan okean, teńiz, dárya, taw, shól, toǵay, adır sıyaqlı iri tábiyǵıy obektlerge salıstırǵanda jaylasqan ornına qaray belgilense, ***ekonomika-geografiyalıq orın*** dúnyanın erkin ekonomikalıq aymaqları, jáhánnıń sawda jolları, iri sawda-sanaat orayları hám tábiyǵıy baylıqlardan paydalanıw imkaniyatları menen belgilenedi. ***Siyasiy-geografiyalıq orın*** bolsa belgili bir dáwirde óz aldına mámlekettiń áskeriy qarama-qarsılıqlar júz berip atırǵan yamasa júz beriwi múmkin bolǵan aymaq hám mámleketlerge salıstırǵanda qanshelli baylanıslı ekenligine qaray bahalanadı.

Geografiyalıq obektler óz ara baylanıslı boladı. Mine usı baylanıslılıq kólemine qaray geografiyalıq orın mikro, mezo, makro kóleminde kórinedi. Endi Watanımız Ózbekstannıń geografiyalıq ornındaǵı ózine tán tárepler, onı belgileytuǵın faktorlardı kórip shıǵayıq.

***Tábiyǵıy geografiyalıq ornı.*** Úlkemizdiń hawa-rayı jıldıń ádewir bóleginde ashıq hám qurǵaq boladı. Dıqqat awdarǵan bolsańız, Ózbekstan Respublikasınıń Mámleketlik gimninde «Quyashlı húr úlkem...» dep baslanǵan. Tábiyǵıy geografiyalıq ornına baylanıslı quyashlı hám jıllı kúnlerdiń uzaq dawam etiwi mámleketimiz awıl xojalıǵı, transport hám kúndelikli turmısta miynet hám ekonomikalıq qarejetlerdiń únemleniwine imkaniyat beredi. Bultsız aspanımız astronomiyalıq izertlewlerde de qolaylıq jaratadı. Abu Rayxan Beruniy, Axmed al-Ferǵaniy, Mırza Ulıǵbek sıyaqlı aspandı izertlewshilerdiń bizin elden shıqqanı biykarǵa emes.

***Ekonomika-geografiyalıq ornı.*** Hár qanday mámlekettiń rawajlanıwın sırtqı ekonomikalıq qatnassız kóz aldımızǵa keltirip bolmaydı. Sırtqı ekonomikalıq qatnaslar kólemi bolsa, xalıq aralıq miynettiń bólistiriliwi, qalaberse, ekonomika-geografiyalıq orınnıń imkaniyatlarına baylanıslı. Adamzat rawajlanıwınıń belgili bir basqıshlarında iri xalıq aralıq sawda jolları áhmiyetli faktor bolǵan.

Ekonomika-geografiyalıq orınnıń imkaniyatları dáwirdiń ótiwi menen

http://eduportal.uz

ózgeriwi múmkin. Buǵan siyasiy waqıyalar, iri tábiyǵıy baylıq zapaslarınıń tabılıwı hám islep shıǵarılıwı, transport qurallarınıń rawajlanıwı sıyaqlılar sebepshi boladı. Bunı elimiz ekonomika-geografiyalıq ornında júz bergen ózgerisler mısalında kórip shıǵamız.

Belgili bolǵanınday, biziń eramızǵa shekemgi II ásirden XVI ásirge shekem Shıǵıstı (Hindistan, Qıtay) Batıs (Evropa mámleketleri) penen baylanıstırıp turǵan tiykarǵı sawda jolı – «Ullı Jipek jolı» Orta Aziya arqalı ótken. Nátiyjede Orta Aziya bazarlarında zat almastırıw háwij alıp, ol ónermentshilik hám diyqanshılıqtıń rawajlanıwına, qalalar, ilim hám mádeniyattıń rawajlanıwına úlken túrtki bolǵan. Keyinirek Shıǵıs penen Batıs ortasındaǵı sawda jolları qurǵaqlıqtan teńiz hám okeanlarǵa kóshkennen soń, Orta Aziya ekonomika-geografiyalıq ornında qolaylıq bolmaǵan.

XIX ásirdiń aqırlarında Orta Aziyada temir jol qurıldı. Nátiyjede Samarqand, Tashkent sıyaqlı iri qalalar temir jol arqalı Rossiyanıń oraylıq rayonları menen baylanısıp, Ózbekstan aymaǵınıń ekonomika-geografiyalıq ornı jáne qolaylıqqa iye bola basladı. Biraq sovet dáwirindegi ekonomika-geografiyalıq orınnıń qolaylıqları tiykarınan burınǵı Awqam ushın paydalı edi.

Belgili bolǵanınday, Ózbekstan ashıq teńiz (okean)ge tuwrı shıǵıw imkaniyatına iye bolmaǵan, dúnya okeanına shıǵıw ushın az degende eki mámlekettiń aymaǵın kesip ótiw kerek bolǵan dúnyadaǵı eki mámlekettiń biri bolıp esaplanadı. Ekinshisi Lixtenshteyn mámleketi. Sonıń ushın Ózbekstan transport strukturasın rawajlandırıp, dúnya okeanına shıǵıwdıń eń maqul hám isenimli baǵdarların tańlaw barısında ilajlar alıp bardı.



***Ǵárezsizlik sebepli*** Ózbekstan sırt eller menen erkin qatnas ornatıw huqıqın qolǵa kirgizgen. Tariyxıy qısqa waqıtta onıń aldıńǵı qubladaǵı qońsıları bolǵan Awǵanstan, Pakistan, Iran, sonday-aq, batıstan Túrkiya, shıǵıstan Qıtay hám basqa mámleketler menen baylanıstırıwshı qurǵaqlıq hám hawa jolları ashılıp, Ózbekstannıń ekonomika-geografiyalıq ornın jaqsılap aldı.

Ásirese Ózbekstannıń «Bir mákán, bir jol» joybarında qatnasıwı nátiyjesinde áyyemgi Jipek jolı ruwxıyatın qayta tiklew, regionlıq ekonomikalıq birge islesiwdi rawajlandırıw, mámleketlerdiń transport infrastrukturasın birlestiriw imkaniyatı kúsheydi.

Geyde qońsı mámleketler aymaǵındaǵı ayırım imkaniyatları da mámlekettiń ekonomika-geografiyalıq ornına tásir kórsetiwi múmkin. Mısalı, Túrkmenstan menen Irandı baylanıstırıwshı temir jol qurılǵannan keyin, onnan Ózbekstan sırtqı qatnaslarda paydalana basladı.

Demek, hár qanday aymaqtıń ekonomika-geografiyalıq ornın bahalawda onıń

http://eduportal.uz




*1-súwret.* Ózbekstannıń makrogeografiyalıq ornı.

iri transport túyinlerine, solardan teńiz jollarına salıstırǵanda qalay jaylasqanı itibarǵa alınar eken. Sonın ushın Ózbekstannın ekonomika-geografiyalıq ornı barǵan sayın qolaylasıp barmaqta.

Ekonomikalıq hám sociallıq turmısta mámlekettiń siyasiy-geografiyalıq ornı da áhmiyetli faktor esaplanadı. Ózbekstan suveriniteti dúnya júzinde tán alınıp, onıń menen 130 dan aslam mámleket diplomatiyalıq qatnaslar ornatqan, elshixanalar ashılǵan. Óz ornında kóplegen mámleketlerde Ózbekstan elshixanaları bar. Ózbekstannıń kóplegen xalıq aralıq shólkemlerge, solardan, Evropa qáwipsizlik hám birge islesiw shólkemi, Shanxay birge islesiw shólkemine aǵza ekenligi, Ózbekstan menen shegaralas, tariyxta ulıwmalıq qatnasları basım bolǵan Qazaqstan hám Tájikstannıń da dál usı xalıq aralıq shólkemlerge aǵza ekenligi mámleketimizdiń siyasiy-geografiyalıq ornın belgileytuǵın unamlı faktorları bolıp esaplanadı.

**1.** Sizińshe, mámleketimiz wálayatlarınan qaysı biriniń ekonomika-geografiyalıq ornı eń qolaylı? Juwabıńızdı tiykarlap beriń.

**2.** Mektebińiz jaylasqan rayonnıń ekonomika-geografiyalıq ornın tómendegi reje tiykarında táriyiplep jaziń:

a) rayon shegarasınıń ózgeshelikleri;

b) qońsı rayondaǵı qaysı faktorlar rayonıńız xojalıǵınıń rawajlanıwına úles qosıp atırǵanlıǵı;

v) rayonıńız transportınıń qaysı túri járdeminde basqa rayonlar menen qantasta ekenligi.

**3.** Mámleketimiz okeanlardan qansha alısta ekenligin 8-klass oqıw atlasınan anıqlańg.

## 3-sabaq ÓZBEKSTANNIŃ ADMINSTRATIV-AYMAQLÍQ DÚZILISI

Ózbekstannıń adminstrativ-aymaqlíq dúzilisi, aymaqlardıń kórinisi onı basqarıw hám rawajlandırıwda áhmiyetli rol oynaydı. Ózbekstan Respublikasınıń aymaǵı 448,9 mıń kv. km bolıp, dúnyanıń eń rawajlanǵan mámleketleri esaplanǵan Yaponiya, Germaniya, Ullı Britaniya, Italiya sıyaqlı mámleketler aymaqlarınan úlken (2-súwret). Paytaxtı Tashkent qalası.

Ózbekstannıń adminstrativ-aymaqlíq dúzilisi 3 basqıshtan quralǵan. Birinshi basqıshta Qaraqalpaqstan Respublikası, 12 wálayat hám Tashkent qalası jaylasqan. Óz náwbetinde Qaraqalpaqstan Respublikası jáne wálayatlar olarǵa qaraslı rayon hám qalalardan quralǵan. Tashkent qalası bolsa qala ishindegi rayonlardan ibarat.

Qaraqalpaqstan Respublikası hám rayonları olarǵa qaraslı qalalar, kishi qalalar, awıl puxaralar jıyınınan ibarat (3-súwret).

Mámleketimizdegi wálayatlardıń Andijan, Buxara, Jizzax, Nawayı, Namangan, Samarqand, Sırdárya, Surxandárya, Tashkent, Ferǵana, Qashqadárya hám Xorezm dep atalıwın bilesiz. aymaǵı hám xalqınıń sanı boyınsha bir-birinen parıq qıladı. Ǵárezsizlik jıllarında wálayatlardıń sanı jáne atalıwında ózgerisler júz bermedi. Rayon, qala, kishi qalalar hám awıllar sanı jáne atalıwı bolsa aymaqlardaǵı social-ekonomikalıq rawajlanıwǵa sáykes ráwishte barqulla ózgerip bardı.




*2-súwret.* Ózbekstan Respublikasınıń maydanı (2018-jıl halatında).

http://eduportal.uz




*3-súwret.* Ózbekstan Respublikasınıń adminstrativ-aymaqlıq dúzilisi.

Ózbekstanda wálayat, rayon, qala, kishi qala, awıllardı qurıw, tamamlaw, olardıń shegaraların ózgertiriw, adminstrativlik oraylardı kóshiriw jáne xalıq qonısların qala, kishi qalalar túrine ótkiziw Nızam tiykarında tártipke salınadı.

Wálayat hám rayonlardı dúziw hám tamamlaw, olardıń shegaraların ózgertiw Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabineti usınısı menen Joqarǵı Májilis tárepinen ámelge asırıladı.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń shegarası tek onıń razılıǵı menen Joqarǵı Keńes qararına tiykarlanıp Oliy Májilis tárepinen ózgertiriliwi múmkin. Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı rayonlardı dúziw hám tamamlaw Qaraqalpaqstan Respublikası húkimetiniń usınısına muwapıq Joqarǵı Keńes tárepinen Ózbekstan Respublikası Oliy Májilisiniń razılıǵı menen ámelge asırıladı (Ózbekstan Respublikası konstitutciyasınıń 69-statyası).

Awıllar qurıw hám tamamlaw, shegarasın ózgertiw tiyisli rayon hákimleriniń iltimasnamasına tiykarlanıp xalıq deputatları wálayat keńesleri tárepinen, Qaraqalpaqstan Respublikasına bolsa – Joqarǵı Keńes tárepinen ámelge asırıldı.

Mámleketimizdegi qalalar da boysınıwına qaray 3 túrge:

1. Ózbekstan Respublikasına qaraslı;
2. Qaraqalpaqstan Respublikası hám wálayatlarǵa qaraslı;



http://eduportal.uz

3. Rayonǵa qaraslı qalalarǵa bólinedi.

Mámleketimiz paytaxtı – Tashkent qalası Ózbekstan Respublikasına qaraslı birden bir qala bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaqstan Respublikası hám wálayatlarǵa qaraslı qalalar qatarına, qaǵıyda boyınsha, keminde 30 mıń xalqı bolǵan, kerekli adminstrativ áhmiyetke iye, keleshegi bar ekonomikalıq hám mádeniy oraylar dep esaplanǵan qalalar kirgiziliwi múmkin.

Xiywa hám Shaxrisabz qalaları wálayat qaramına ótkizilgen eń jańa qalalar esaplanadı (2017-jıl). Bul ilajlar Ózbekstan aymaǵında jaylasqan usı áyyemgi qalalarǵa sayaxatshılar aǵımın sezilerli dárejede kóbeytiw múmkin.

Rayonǵa qaraslı qalalar qatarına, qaǵıyda boyınsha, keminde 7 mıń xalqı bolǵan, sanaat kárxanaları hám rawajlanǵan infrastrukturaǵa iye xalıq qonısları kirgiziliwi múmkin.

Kishi qalalardı, awıl xalıq qonısların rayonǵa qaraslı qalalar qatarına kirgiziw, olardı qayta dúziw tiyisli wálayat hákimleriniń iltimasnaması boyınsha Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń usınısına qaray Oliy Májilis tárepinen, Qaraqalpaqstan Respublikasında bolsa – tiyisli rayon hákimleriniń iltimasnamasına qaray Qaraqalpaqstan Respublikası húkimetiniń usınısına muwapıq Joqarǵı Keńes tárepinen ámelge asırıladı.

Kishi qalalar qatarına sanaat kárxanaları, qurıılslar, temir jol stanciyaları hám basqa áhmiyetli obektler qasında jaylasqan jáne qaǵıyda boyınsha az degende 2 mıń xalqı bolǵan xalıq qonısları kirgiziliwi múmkin.

**1.** Qosımsha ádebiyatlardan paydalanǵan halda maydanı boyınsha Ózbekstan úlken hám kishi bolǵan mámleketlerdi ilajı bolǵanınsha kóbirek tawıp, dápterińizge jazıń.
**2.** Ózbekstan wálayatlarınıń qaysı birinde eń az, qaysısınıń maydanı eń úlken hám qaysı biriniki eń kishiligin sabaqlıqtıń 1-tirkemesindegi kesteden anıqlań.
**3.** 8-klass jazıwsız kartasında adminstrativlik-aymaqlıq dúzilisi kartasın boyań. Ózbekstan Respublikası, Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtları hám wálayatlar orayları bolǵan qalalardı belgileń.

http://eduportal.uz

# 4-sabaq

## SOCIAL-EKONOMIKALİQ KARTALAR

Siz 5-7-klass tábiyǵıy geografiya sabaqlarında túrli tábiyǵıy kartalar menen isledińiz. Endi 8-klasta xalıq hám ekonomikaǵa tiyisli bilimlerdi úyreniwde social-ekonomikalıq kartalardı paydalanasız. Bul kartalarda xalıq qonısları, paydalı qazılma kánleri, sanaat orayları, awıl xojalıǵı hám baylanıs jollarınıń aymaqlıq jaylasıwı kórsetiledi. Olardı kartalarda súwretlew ushın tochkalar, kartadiagramma, kartogramma sıyaqlı ózine say usıllardan paydalanıladı.

***Social-ekonomikalıq kartalar*** – social, xojalıq, waqıya hám proceslerdi kórsetedi. Bunday kartalardıń temaları hár túrli bolıp, olar tariyxıy, xalıq, xojalıq hám onıń tarmaqları, xızmet kórsetiw tarawı, bilim hám mádeniyat, rekreacion, transport, sırtqı ekonomikalıq baylanıslar hám basqalarǵa ajıraladı (4-súwret).

Bunday kartalardıń eń iri toparlarınan biri bul ***sanaat kartaları*** bolıp esaplanadı. Sebebi olar bir tárepten hár bir sanaat haqqında maǵlıwmat berse, ekinshi




*4-súwret.* Temir jollardıń uzınlıǵı hám tıǵızlıǵı (2018-jıl).

http://eduportal.uz

tárepten óz aldına bir aymaq, mámleket yamasa dúnyanıń sanaat islep shıǵarıwı haqqında maǵlıwmat beredi. Sonday-aq bunday kartalar sanaattıń rawajlanıw tariyxı hám basqıshların kórsete aladı.

***Awıl xojalıq kartaları*** bul tarmaqdıń geografiyalıq jaylasıwın, onıń rawajlanıw jay-jaǵdayların, qorshaǵan ortalıq penen óz ara tásirin kórsetedi. Usı tarmaqda diyqanshılıq, sharwashılıq hám kompleks kartalardı óz aldına úyreniw múmkin. Bunday kartalarda awıl xojalıq ónimleri egilgen jerlerdiń maydanı, eginlerdiń ónimdarlıǵı, sharwashılıq túrleri hám olardıń ónimdarlıǵı, awıl xojalıǵın júrgiziw jay-jaǵdayları kórsetedi. Sonday-aq, bunday kartalarda jetistirilgen awıl xojalıq ónimlerin islep shıǵarıw baǵdarları jáne usı tarmaqdı rawajlandırıw máselelerin úyreniw múmkin.



Xalıqtıń kartaları, tiykarınan, xalıq sanı, dinamikası, geografiyalıq jaylasıwı, tıǵızlıǵı, xalıqtıń jınıs hám jas quramı, demografiyalıq procesler (tuwılıw, ólim, neke hám t. b.), xalıq migraciyası, onıń kásiplik iskerligi hám túrli tarmaqlarda bántligi, xalıqtıń milliy quramı sıyaqlı maǵlıwmattı óz ishine aladı.

Házirgi kúnde social-ekonomikalıq kartalardan paydalanıw keńeyip, ekonomikalıq kartalardan basqa social kartalar kóbeyip barmaqta. Mısalı, búgingi kúnge kelip elektoral (yaǵnıy, saylaw hám dawıs beriw) máselelerin ashıp beretuǵın, sonday-aq, huquq buzıwıshılıq kóbirek qaysı aymaqlarda bolıp atırǵanın kórsetiwshi kartalar jaratılmaqta.

XXI ásir texnologiyalar ásiri bolıp, áyyemnen qollanılıp kelingen baspa kartalardıń ornın elektron kartalar tezlikte iyelep kelmekte. Búgingi kúnde xalıq arasında keń jayılıp, paydalanıw dárejesi kóterilip baratırǵan Google Maps, GPS dástúrleri usılardan biri. Bunday elektron kartalar arqalı social-ekonomikalıq obekt (qala, sanaat kárxanası, restoran, shashtárezxana h.t.b.)lerdiń jaylasqan ornın anıqlaw, olardıń fotosúwretlerin kóriw, oǵan alıp baratuǵın eń qısqa jollardı anıqlaw imkanı bar.



1. 8-klass oqıw atlasında «suwǵarılatuǵın jer», «xalqı 100 mıńnan aslam qala» hám «gaz trubaları» qanday belgilerde kórsetilgenin dápterińizge jazıń.
2. Oqıw atlasınıń járdeminde 8-klass jazıwsız kartasınıń qalegen temadaǵı kartasın boyań. Shártli belgilerdiń qoyılıwına áhmiyet beriń.
3. Kartadan mámleketimizde hápte kúnleri menen atalatuǵın jerlerdi tabıń. Olar qaysı wálayatlarda jaylasqanlıǵın geografiya dápterińizge jazıń.

http://eduportal.uz

# II BAP. ÓZBEKSTANNÍŃ TÁBIYǴÍY BAYLÍQLARÍ. XALQÍ HÁM MIYNET RESURSLARÍ

## 5-sabaq ÓZBEKSTANNÍŃ TÁBIYǴÍY SHARAYATÍ HÁM TÁBIYǴÍY BAYLÍQLARÍ

*Tábiyǵıy sharayat tábiyǵıy baylıqlardan nesi menen parıqlanadı?*

Ózbekstannıń jer beti dúzilisi ózgeshe. Soǵan baylanıslı tábiyatı da, baylıqları da hár túrli.

> Qolaylı ***tábiyǵıy sharayat*** óndiris nátiyjeliliginiń áhmiyetli tábiyǵıy faktorı bolıp esaplanadı.

Qolaylı ***tábiyǵıy sharayat*** óndiris nátiyjeliliginiń áhmiyetli tábiyǵıy faktorı bolıp esaplanadı. Tábiyǵıy sharayat, ásirese, ***awıl xojalıǵı, paydalı qazılmalar*** qazıp shıǵarıw hám ***transport háreketinde*** ayqın kórinedi. Taw relefi, shor jerler, shóller, taqırlar, jıralar aymaqtı xojalıq sıpatında ózlestiriwdi qıyınlastıradı. Qurǵaqshılıq jıllarında dárya suwları azayıp eginlerdi suw menen támiyinlew qıyın boladı. Biraq ilim hám texnikanıń rawajlanıwı sebepli óndiristiń tábiyǵıy sharayatqa baylanıslılıǵı jeńip kelinbekte. Házirgi waqıtta insannıń tabiyatqa tásiri kúsheyip, barmaqta.

> ***Tábiyǵıy baylıqlar*** tábiyǵıy sharayattan parıqlanıp, óndiriske tikkeley baylanıslı, yaǵnıy shiyki zat hám energetika bazasın quraydi.

Eń áhmiyetlisi tábiyǵıy baylıqlardan biri – bul ***jer astı baylıqları (mineral resurslar***). Olardan sanaatta, xojalıqqa xızmet kórsetiwde keń túrde paydalanıladı (5-súwret).

Ózbekstan úlken jer astı baylıqlarına iye mámleket bolıp esaplanadı. Biraq mámleket ekonomikasınıń shiyki zatqa hám janılǵıǵa bolǵan talabı toqtawsız kúsheyip barmaqta. Házirgi waqıtta tábiyǵıy baylıqlardıń jartısı derlik paydalanılmaqta. Sonday bolsa da, tábiyǵıy baylıqlar qorınan tejewli paydalanıwımız zárúr. Sebebi jer astı baylıqları tawsılatuǵın hám qayta tiklenbeytuǵın baylıq esaplanadı.

***Qayta tiklenbeytuǵın baylıqlardan aqılǵa muwapıq paydalanıwdıń tiykarǵı shártleri:***

- kánlerden qazılmalardı tolıq qazıp alıw;
- qorshaǵan ortalıqtıń buzılıwına jol qoymaw;
- barlıq qımbat bahalı zatlardan kompleksli-tolıq paydalanıw;

http://eduportal.uz




*5-súwret.* Tábiyǵıy baylıqlardıń paydalanılıwı hám túrleri

- geologiyalıq izertlew jumısların izbe-izlik penen dawam ettiriw;
- ónim birligine jumsalatuǵın shiyki zat hám janılǵını únemleytuǵın texnika menen texnologiyanı qollap-quwatlaw.

Qayta tiklenbeytuǵın baylıqlardan aqılǵa muwapıq paydalanıw kerek. Keleshek áwlad ta bul baylıqlardan paydalansın.

Eń áhmiyetli tábiyǵıy baylıqlardan biri – ***suw***. Awıl xojalıǵında kóp muǵdarda suw isletiledi. Sanaat kárxanaları ushın da kóp suw talap etiledi. Kárxanalar eń úlken qalalar turǵınları paydalanatuǵın suwdan kóbirek suwdı «iship» qoymaqta. Suw – qayta tiklenetuǵın tábiyǵıy baylıq.

Awıl xojalıǵında paydalanatuǵın ***ónimdar topıraq (jer),*** turǵınlardıń tirishiligi ushın kerek ***ósimlik*** hám ***haywanat*** dúnyası (balıq, jabayı haywanlar), insannıń tirishiligi ushın kerek bolǵan ***hawa*** da tawsılatuǵın hám qayta tiklenetuǵın tábiyǵıy baylıq. Tashkent, Ferǵana, Nawayı sıyaqlı qalalar, ayırım sanaat rayonları aymaǵında hawa quramındaǵı kislorod turǵınlardıń talabına juwap bere almay atır. Sebebi, kislorod deregi bolǵan ósimlikler onlaǵan jılda tiklenedi. Ónimdar topıraq bolsa onnan da áste tiklenedi.

Úlkemizdiń aymaǵı awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw ushın qolaylı klimat sharayatına iye. Bul ***agroklimatlıq*** baylıǵı tawsılmaytuǵın tábiyǵıy baylıq bolıp esaplanadı.

Mámleketimiz aymaǵı tawsılmaytuǵın ***quyash energiyası*** baylıǵına iye. Quyash energiyası tawsılmaytuǵın tábiyǵıy baylıq bolıp esaplanadı. Quyashtan kelip turǵan jıllılıqtı elektr energiyasına aylandırıwdıń keleshegi júdá úlken.



http://eduportal.uz

1. Tábiyǵıy sharayat hám baylıqlar milliy ekonomikanı rawajlandırıwda qanday áhmiyetke iye?
2. Tábiyǵıy baylıqlardıń qanday túrlerin bilesiz?
3. Tábiyǵıy baylıqlardıń áhmiyeti qanday boladı?
4. Mámleketimizdiń tábiyǵıy baylıqların ózlestiriwge qaysı jerlerde sharayat qolaylı ekenin kartadan anıqlań.

6-sabaq

# TÁBIYǴÍY SHARAYAT HÁM TÁBIYǴÍY BAYLÍQLARDÍŃ MILLIY EKONOMIKADAǴÍ ÁHMIYETI

*1. Ózbekstan aymaǵında qanday tábiyat poyasları bar?*
*2. Ózbekstandaǵı paydalı qazılmalar haqqında nelerdi bilesiz?*

Mámleketimiz aymaǵın tábiyǵıy sharayatı hám xojalıqtaǵı áhmiyetine qaray shól, adır, taw, jaylawlarǵa bóliw múmkin.

Ózbekstanda teńiz qáddinen 400 metrge shekemgi biyiklikte bolǵan jerler ***shól zonası*** esaplanadı.

Bul jerlerden jaylaw sharwashılıǵında paydalanıladı, biraq shóldiń azıqlıq baylıǵı júda kóp. Bir qoydı baǵıw ushın 2-3 gektar otlaq jer talap etiledi. Sol sebepten Ózbekstan shóllerinde 10 mlnǵa shekem qoy baqsa boladı. Biraq shóllerdiń ónimdarlıǵı hár gektar esabına suwǵarılıp egiletuǵın jerlerdegiden 100 ese az.

Shól zonasında neft, gaz, sera, altın sıyaqlı mineral baylıqlardıń qorları anıqlanǵan (6-súwret). Solardan, gaz qorı 2 trillion kub metrden asadı. Surxandárya alabında hám Qızılqumda fosforit kánleri bar. Sera, natriy hám magniy duz kánleri ximiya sanaatınıń áhmiyetli shiyki zatı. Qıyırshıq tas, qum sıyaqlı qurılıs shiyki zatı da júdá kóp ushıraydı.

Respublikamızda teńiz qáddinen 400-1200 metrge shekem biyiklikte bolǵan bólegi ***adır zonasın*** quraydı.

Adır klimatı shól klimatınan bir jónkilli boladı. Ósimliktiń túri kóp hám tıǵız ósken. Topıraǵı shirindige bay. Bul jerlerden, tiykarınan, suwǵarılıp egiletuǵın, teńiz qáddinen 1000 metrden biyik jerlerde suwǵarılmaytuǵın diyqanshılıq orın alǵan. Adırlar diyqanshılıq ushın eń qolaylı jer bolǵanınan

http://eduportal.uz




*6-súwret.* Ózbekstan aymaǵındaǵı paydalı qazılmalar.

adamlar áyyemnen sol jerlerde awıl xojalıǵı menen shuǵıllana berip, onıń jer betin de, ósimlik hám haywanat dúnyasın da ózgertirip jiberdi.

***Taw zonası*** Ózbekstanda adırdan bálent jerlerge, yaǵnıy teńiz qáddinen 1200 metrden biyik bolǵan jerlerge tuwrı keledi.

Tawlarda jaz salıstırmalı qısqa, jawın-shashın kóp boladı. Topıraǵı júdá shirindige bay boladı. Tawlarda betaga (tıpshaq), reven (japıraq), zire (tmin), taw jalpızı, joqarıraǵında shipovnik, barbaris, dúkshóp sıyaqlı putalar, onnan da joqarıda badam, fistashka, dolana, záráń (klyon), alma, ǵoza, almurt, alsha sıyaqlı miyweli tereklerdiń jabayı túrleri ósedi. Reven, taw jalpızı, barbaris sıyaqlılar awqatqa isletiledi. Badam hám fistashka terip alınadı. Jabayı miyweli tereklerge mádeniy miywelerdiń sabılıwı nátiyjesinde tawlardıń xojalıqtaǵı áhmiyeti barǵan sayın artıp baratır.

Taw zonasınıń shıpalı klimatı hám teńi-tayı joq gózzal tábiyatınan dem alıwda paydalanıladı.

Tawlardan kóplegen paydalı qazılmalar tabılǵan. Axangaran alabınıń átirapındaǵı tawlarda otqa shıdamlı ılay, qońır kómir, mıs rudası, altın kánleri anıqlanǵan. Nurata tawlarında mramor (Ǵazǵan mramorı), volfram kánleri bar.

Biyik tawlardıń janbawırlarında, pás tawlardıń joqarısında ***jaylaw zonası*** bar.

Jaylaw zonasında jıl dawamında kóbinese hawa suwıq, jer betin qar qaplaydı. Jaz qısqa bolıp, jawın kóp jawadı. Jaylawdıń qolaylı jerlerinen sharwashılıq ta paydalanıladı.

***Suw baylıqları.*** Ózbekstan awıl xojalıǵı, sanaatı hám turǵınların suw menen támiyinlewde tawlardaǵı qarlar tiykarǵı suw deregi xızmetin óteydi. Úlkemizdegi dáryalardıń derlik hámmesi tawlardan baslanadı.

Dáryalardaǵı jıllıq suwdıń 70-95 procenti 3-4 ay dawamında báhár aylarına hám jazdıń basına tuwra keledi. Dárya suwları qurılǵan ***suw saqlaǵıshlarǵa*** jıynalıp, jıl dawamında únemlep jumsaladı.

Aǵın suwlardı pataslamaw ushın sanaat jáne xojalıq-komunal xojalıqta paydalanılatuǵın suwlar tazalap shıǵarıladı. Ózbekstanda suw tábiyǵıy baylıq bolıp esaplanbastan milliy qádiriyat bolıp sanaladı.

Dáryalarımız suwǵarıwdan tısqarı, elektr energiyası deregi sıpatında da úlken áhmiyetke iye. Házirgi waqıtta dáryalarǵa qurılǵan GESlerden jılına ortasha 5 mlrd kW·h elektr energiya alınbaqta. Ózbekstan sharayatında jasalma suw saqlaǵıshın qurıw maqsetinde dáryanı bóget penen tosıw sebepli birotala GES qurıw imkanınan paydalanılmaqta.

***Jer baylıqları.*** Ózbekstannıń uluwma jer maydanı 44,4 mln gektardı quraydı. Bunıń derlik yarımı awıl xojalıǵına tiyisli maydanlar.

Úlkemiz úlken jer maydanına iye bolsa da, onnan aqılǵa muwapıq paydalanıw kerek. Bolmasa jerler shorlıqqa, jarlıqa hám shólge aylanıwı múmkin. Drenajlar qazıp, jer astı suwların qashırıw, waqtı-waqtı menen topıraqtı juwıp turıw, almaslap egiwge itibar beriw sıyaqlı melioraciya hám agrotexnikalıq ilajlar jerden durıs paydalanıwdıń áhmiyetli jolları esaplanadı.

**1.** Tábiyǵıy sharayattıń Ózbekstan ekonomikasındaǵı áhmiyetin túsindiriń.
**2.** Úlkemiz aymaǵındaǵı paydalı qazılma kánlerin jazıwsız kartaǵa belgileń.
**3.** Mektebińiz jaylasqan rayondı tómendegi reje tiykarında geografiyalıq táriyipleń: a) geografiyalıq ornınıń ózgeshelikleri; b) diyqanshılıq hám sharwashılıqta paydalanıw múmkin bolǵan jerler; v) qosımsha jerlerdi ózlestiriwdiń keleshegi; g) bar ot-jemler sharwashılıq mútájligin qanday támiyinley alıwı; d) tábiyat baylıqların qorǵaw hám olardan tuwrı paydalanıw boyınsha qanday ilajlar ótkerilip atırǵanlıǵı.



http://eduportal.uz

# 7-sabaq

## ÓZBEKSTAN XALQÍ

Ózbekstan keleshekte ullı mámleket bolıwı ushın qolaylı tábiyǵıy sharayat ta, hár túrli tábiyǵıy baylıqlar da jeterli. Biraq, bul baylıqlar insanlardıń aqılı hám miyneti arqalı ǵana adamlar mútájine, jámiyettiń rawajlanıwına xızmet etiwi múmkin. Millionlar miynetin aqılǵa muwapıq shólkemlestiriw ushın xalıqtıń sanı, quramı jáne mámleket boylap tarqalıwın biliwimiz zárúr.

Ózbekstan xalıq hám insan faktorın (miynet resursları) tákirar islep shıǵaratuǵın mámleketlerden biri esaplanadı. Ózbekstan Respublikasınıń xalqı 2019-jılı 33,2 mln adamnan aslam (7-súwret).

Birlesken Milletler Shólkeminiń xalıqtanıw qorı maǵlıwmatı boyınsha (2018-j.) Ózbekstan xalqının sanı boyınsha dúnyada 44-orında turadı. Xalıqtıń sanı ólgenlerge qaraǵanda tuwılǵanlardıń sanının asıwınıń esabına mudamı kóbeyip turadı. Bunday kóbeyiw xalıqtıń ***tábiyǵıy kóbeyiwi*** dep ataladı. Xalıq ***migraciya*** esabınan da kóbeyedi. Bul xalıqtıń ***mexanikalıq kóbeyiwi*** dep ataladı (8-súwret).

***Migraciya*** – kóshiw degen mánisti bildiredi. Migraciya ishki migraciya hám sırtqı migraciyaǵa bólinedi. ***Ishki migraciya*** – xalıqtıń mámleket ishinde, onıń rayonları arasında yamasa awıllıq jerlerden qalalarǵa kóship júriwi. ***Sırtqı migraciya*** – mámleketten kóship ketiw ***(emigraciya)*** yamasa mámleketke kóship keliw ***(immigraciya)***.




*7-súwret.* Ózbekstan xalqınıń kóbeyiwi (mln adam esabına).




*8-súwret.* Xalıqtıń tábiyǵıy hám mexanikalıq kóbeyiwi (2018-jıl, mıń adam esabına).




*9-súwret.* Ózbekstan xalqınıń ómir dawamlılıǵı (jas).

Ǵárezsizlik jıllarında mámleketimizde xalıqtıń tuwılıwı hám ólim kórsetkishlerinde de ózgerisler kútiledi. 1991-jılı respublikada 723,4 mıń bala tuwılǵan bolsa, keyingi jıllarda tuwılıw sanı azayıp, 2001-jılı tuwılıw 513 mıń adamdı quraydı. Keyinirek xalıq sanınıń kóbeyiwi, onıń turmıs abadanlıǵı joqarılawı menen tuwılıw sanı da kóbeyedi hám 2017-jılǵa kelip 716 mıńnan aslam bala dúnyaǵa keledi. Házirde Ózbekstan xalqı jılına yarım millionnan aslam adamnan kóbeyip barmaqta.

Joqarıdaǵılardı esapqa alıp juwmaqlap aytqanda, ǵárezsizliktiń dáslepki 10 jıllıǵında tuwılǵanlar sanı azayıw tendenciyasına iye bolsa, ekinshi on jıllıq hám onnan keyingi dáwirde tuwılıwlar sanı kóbeygen.

Xalıqtıń tábiyǵıy kóbeyiwiniń joqarı kúshleri xalıqtıń tıǵızlıǵı (1 kv.km aymaqqa tuwrı keletuǵın xalıq sanı)nıń kóbeyiwinde de óz kórinisine iye. Bunnan I ásir aldın mámleketimiz boyınsha xalıqtıń tıǵızlıǵı hár bir kvadrat kilometrge 10-11 adamdı quraytuǵın bolsa, házir bul kórsetkish 70 adamnan asıp ketti.

Xalıqtıń jasaw sıpatı kórsetkishlerinen biri bul tuwılıwda kútilgen ómir dawamlılıǵı esaplanadı. Mámleketimizde 2016-jıl bul kórsetkish 73,8 jastı quraǵan (9-súwret).

Tuwılıwda kútilgen ómir dawamlılıǵı kórsetkishi keyingi jıllarda ósiw tendenciyasına iye bolıp, mısalı, 1991-jılı usı kórsetkish 66,4 jastı quraǵan bolsa, 2000-jılda 70,8 jastı, 2010-jılda 73,0 jastı quradı.

Mámleketimizde ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarınan barlıq tarmaqlar sıyaqlı medicina tarmaqında da áhmiyetli reformalar alıp barıw jumısları baslandı. Medicina tarmaqında mámleketimiz tárepinen kóplegen nızam, párman, qarar hám dástúrler islep shıǵılıp, turmısta engizile baslandı. Bul

http://eduportal.uz

shara-ilajlar nátiyjesinde respublikada ólim dárejesi, mısalı, balalar hám analar ólimi kórsetkishleri tómenledi hám bul óz náwbetinde respublika xalqı ortasında ómir dawamlılığı kórsetkishiniń ósiwine tásirin kórsetti.

1. Sabaqlıq tirkemesindegi 1-kesteden paydalanıp, xalıq qaysı wálayatta tığız hám qaysısında siyrek jaylasqanlığın anıqlań jáne sebebin túsindiriń.
2. Insan ólimi ne? Onıń ekonomikanıń rawajlanıwı hám jaylasıwına tásiri nelerde kórinedi?
3. Ekonomikanıń insan faktorına bolǵan talabı qalay toltırıladı?

## 8-sabaq

## ÓZBEKSTAN XALQÍNÍŃ QURAMÍ

***Miynet resursları.*** Xalıqtıń barlıǵı miynetke jaramlı esaplanbaydı. Erkeklerdiń 16 jastan 60 jasqa shekem, áyellerdiń 16 jastan 55 jasqa shekem bolǵanları ǵana miynetke jaramlı esaplanadı. Óndiristiń ayırım tarawlarında 50 jas, hátte 40 jastan pensiyaǵa shıǵarıladı. Házirgi waqıttaǵı pensiya jasındaǵılar qálese islewi múmkin. Sonday-aq, 15 jasqa tolǵan oqıwshılar oqıwdan bos waqıtlarında islewine ruxsat etilgen.

Miynetke jaramlılar mámlekettiń yarımınan kóbin quraydı. Miynetke jaramlılardın tiykarǵı bólegi sanaatta, awıl xojalıǵında, qurılısta bánt. Olar paydalı qazılmalar, mashinalar, azıq-awqat hám sanaat ónimlerin islep shıǵaradı, paxta, biyday, kartoshka, júzim jetistiredi, imaratlar quradı, yaǵnıy materiallıq baylıq jaratadı. Bilimlendiriw, ilim, mádeniyat, medicina xızmetkeleriniń miyneti basqasharaq. Olardıń miyneti de paydalı hám zárúrli (10-súwret).

***Adamlardıń miynet iskerligi*** eki tarawǵa – materiallıq baylıq islep shıǵaratuǵın hám materiallıq baylıq islep shıǵarmaytuǵın tarawlarǵa bólinedi.

Ilim hám texnikanıń rawajlanıwı menen materiallıq baylıq islep shıǵarmaytuǵın tarawdıń roli hám bul tarawda islewshilerdiń sanı kóbeyip baradı. Bunıń ushın áwele óndiris tarawında miynet ónimdarlıǵı artıwı zárúr. Tek sonda ǵana óndiris tarawındaǵı miynetke jaramlı xalıqtıń bir bólegi islep shıǵarmaytuǵın tarawlarǵa ótiwi múmkin. Miynetke jaramlılardıń sanı hám mamanlıǵı menen ruxıy jaqtan jetikligi de úlken áhmiyetke iye.

http://eduportal.uz




*10-súwret.* Miynette bánt xalıqtıń ekonomikalıq tarmaqları boyınsha bólistiriliwi (2017-jıl).

***Xalıqtıń jınıslıq quramı.*** Xalıqtıń quramına jınısı hám jası tárepinen qaraw áhmiyetke iye (11-súwret). Sebebi xalıqtı hám insan faktorın tákirar islep shıǵarıw tap soǵan baylanıslı.

Ekinshi jer júzlik urıstıń aqıbeti sebepli 1945—1960-jıllarda Ózbekstan xalqı quramında erkekler sanı hayallar sanınan júdá az edi. Jıllardıń ótiwi menen bul ayırmashılıq qısqarıp bardı. 1959-jılǵa kelip hayallar 52 procentti, erkekler 48 procentti quradı. Házirgi waqıtta qalıqtıń quramında erkekler hám hayallardıń sanı óz ara teńlesti.

***Xalıqtıń milliy quramın***da da sońǵı 10 jıllıqta túrli millet wákillerinde tuwılıwdıń túrlishe muǵdarda ekenligi hám migraciya esabına sezilerli




*11-súwret.* Xalıqtıń jas hám jınıslıq quramı (procent esabında).

http://eduportal.uz




*12-súwret.* Xalıqtıń milliy quramı (procent esabında).

ózgerisler júz berdi (12-súwret). Ózbeklerdiń salmaǵı 1989-jılı 71,5 procentti quraǵan bolsa, 2017-jılǵa kelip 84 procentke jetti. Sonday-aq, mámlekette qaraqalpaq hám tájiklerdiń salmaǵı da kóbeydi.

Xalıqtın milliy quramı sıyaqlı ***diniy quramı*** da hár qıylı. Onıń negizgi bólegin musılmanlar quraydı.

**1.** Óndiris tarawındaǵı adamlardıń iskerligi islep shıǵarmaytuǵın tarawdaǵı adamlardıń iskerliginen neler menen parıqlanadı?
**2.** 12-súwretten xalıqtıń milliy quramın talqılań. Hár túrli millet wákilleri salmaǵında qanday ózgeris ketip atırǵanın anıqlań.
**3.** Xalıqtıń jas hám jınıs piramidasın talqılań. Onda kútilmegende er adamlar, 25 jastan ótken adamlarda bolsa hayallardıń salmaǵınıń basım bolıwınıń sebeplerin túsindirip beriń.

## 9-sabaq

## XALÍQ QONÍSLARÍ

Tábiyǵıy sharayat, adamlardıń shugıllanıwı jáne túrli ekonimika-sociallıq, tariyxıy faktorlardıń tásirinde qala, kishi qala, awıl kórinisindegi xalıq qonısları payda bolǵan.

Mámleketimizde ***119 qala, 1071 kishi qala*** jáne ***11 mıńnan aslam awıl*** bar (2019-jıl)..

***Qala*** túrindegi Samarqand, Qoqand, Buxara, Xiywa, Tashkent sıyaqlı xalıq qonısları ónermentshilik hám sawda-satıq payda bolǵannan keyin júzege kelgen. Olar dúnyadaǵı eń ayyemgi qalalardan esaplanadı.

XX ásirdıń baslarında Ózbekstan aymaǵında 20 ǵa jaqın qala bolǵan, olar dárya hám saylardıń boylarına yamasa kárwan jollarında payda bolǵan.

Jáhándi gezgen arab sayaxatshısı Ibn Batuta orta ásirdegi qalalarımızdıń gózzallıǵın súwretlegen, onnan zawıqlanǵan: *«Biz sahranı kesip ótip Xorezmge keldik. Bul túrkiylerdiń úlken, áhmiyetli, sulıw hám ataqlı qalası bolıp ájayıp bazarları, keń kósheleri júdá kóp, kórkem imaratları bar. Qalada ómir qaynap tur, xalqınıń kópligi sonshelli, ol háwijlenip turǵan teńizdi esletedi».* Ibn Battuta Samarqand qalasın aralap, onı bılayınsha táriyipleydi: *«Samarqand — júdá úlken hám oǵada gózzal qalalardıń biri. Ol Voha al-Qassirin dáryasınıń jaǵasında jaylasqan. Dáryanıń jaǵasında sonday úlken saraylar hám imaratlar boy tiklep turıptı, olar Samarqand xalqınıń úlken sheberlikke iye ekenliginen derek beredi».*

Bugingi kúni áyyemgi qalalarda túrli dáwirlerdiń arxitekturalıq úlgileri menen kóp qabatlı kórkem imaratlar, dúziw hám keń kósheler úylesip ketti.

Qalalar xalqınıń sanına qarap úlken qalalar (xalqı 100 mıńnan aslam), iri qalalar (xalqı 250 mıńnan aslam), júdá iri qalalar (xalqı 500 mıńnan aslam) hám «millioner qalalar»ǵa ajıratıladı (13-14-súwretler).

Endilikda qadimiy shaharlarda turli davr me'morchilik namunalari bilan ko'p qavatli ko'rkam binolar, to'g'ri va keng ko'chalar uyg'unlashib ketdi.




*13-súwret.* Ózbekstannıń qalaları.

http://eduportal.uz




*14-súwret.* Xalqınıń sanı 100 mıńnan aslam bolgan qalalar (mıń adam esabına).

Olar bir neshshe wazıypalardı (funkciyalardı) orınlaydı. Bunday qalalar ***kóp funkciyalı qalalar*** dep ataladı. Mısalı, Tashkent – mámleket paytaxtı, sanaat qalası, transport túyini, tariyxıy-mádeniy oray. Samarqand bolsa wálayat orayı, sanaat qalası hám tariyxıy-mádeniy oray.

Kóp funkciyalı qalalar júdá tez rawajlanıp, olardıń qasında ***joldas qalalar*** júzege kelip, ***aglomeraciya***lardı payda etedi. Tashkent mámleketimizde eń úlken qala aglomeraciyası bolıp tabıladı.

Xalıq qonısınıń qala bolıp esaplanıw shártí túrli mámleketlerde hár túrli.



Ózbekstanda xalıq qonısı ***qala*** esaplanıwı ushın onıń xalqı 7 mıń hám onnan kóp bolıwı, jasap atırǵan xalıqtıń 2/3 bólegi jumısshı hám xızmetkerler jáne olardıń xojalıǵınan ibarat bolıwı kerek.

Xalıq qonısına qala atamasın beriwde onıń qala turmıs tárizinıń jaǵdayı da esapqa alınadı (15-súwret).

***Kishi qalalar*** sanaat rawajlanıp atırǵan, jańadan ózlestirilip atırǵan jerlerde payda boladı. Iskender, Kegeyli, Ulıǵbek, Ǵazǵan, Zamin kishi qalaları usılardıń qatarınan. Bunday kishi qalalardıń kópshiliginde xalıqtıń basım kópshiligi belgili bir tarmaǵında ǵana xızmet etedi (neftshiler kishi qalası, kanshiler kishi qalası).

Jańa qalalar (Angren, Bekabad, Almalıq, Chirchiq, Nawayı, Úshqudıq,

http://eduportal.uz




*15-súwret.* Xalıqtıń turmıs tárizi kórsetiletuǵın tarawlar.

Taqıyatas, Zarafshan hám basqalar) tiykarınan paydalı qazılmalar hám suw baylıqları bar aymaqlarda qurılǵan. Tohchiyan kishi qalası (Surxandárya wálayatı) kómir káni negizinde payda bolǵan. Jańa jerlerdi ózlestiriw, awıl xojalıǵı shiyki zatın qayta isleytuǵın sanaat negizinde Yangiyul, Gúlistan, Yangier usaǵan qalalar boy tikledi.

Xalıq qonısların rawajlandırıwda tómendegiler dıqqatqa alınadı:

♦ qalalardı jobalastırıwda adamlardıń jasaw ornı menen jumıs ornınıń aralıǵı 4-5 kilometrden uzaq bolmaytuǵınlıǵı;

♦ eski qalalardı hazirgi zaman qolaylıqlarına iye etip qayta qurıw;

♦ iri qalalarda xalıqtıń kóbeyip ketiwine hám ekologiyalıq jaǵdaydıń buzılıwına sebep bolatuǵın kárxanalardıń qurılısın sheklew hám barların kóshiriw.

***Awıl xalıq qonısları.*** Xalqınıń tiykarǵı iskerlik túri awıl xojalıǵın júrgiziw, awıl xojalıq ónimlerin qayta islew hám basqa awıllıq jerlerge sáykes bolǵan iskerlikti júrgiziw esaplanatuǵın jerler awıl xalqınıń qonısları dep aytıladı.

Awıl xalqınıń qonısları xalqınıń sanına qaray tómendegilerge bólinedi:

Iri xalıq qonısları – xalqınıń sanı 5 mıń adamnan aslam;

Úlken xalıq qonısları – xalqınıń sanı 3 mıń adamnan 5 mıń adamǵa shekem;

Orta xalıq qonısları – xalqınıń sanı 1 mıń adamnan 3 mıń adamǵa shekem;

Kishi xalıq qonısları – xalqınıń sanı bir mıń adamǵa shekem.

Tábiyǵıy, ekonomikalıq hám tariyxıy sebeplerge qaraǵanda mámleketimizde

http://eduportal.uz




*16-súwret.* Awıl hám qala xalqı sanınıń ózgeriwi.

awıllar bir-birine jaqın jaylasqan hám xalqı kóp. Mámleketimizde xalqınıń kóbeyiw tezlıgı awıl xalqı jerleriniń sanı hám maydanınıń keńeyiwine alıp kelmekte. Úlken awıllarda zamanagóy imaratlarǵa iye bilimlendiriw mekemeleri, mádeniy-turmıslıq mákemeler, emlewxanalar tez qurılmaqta. Olar tábiyǵıy gaz, ishimlik suwı, elektr energiya menen úzilissiz támiyinlenbekte. Sol tárizde awıl xalqınıń turmıslıq jaǵdayı qalalılardıń turmıs tárizine jaqınlaspaqta.

Óz náwbetinde awıl xalqı qonıslarnıń keńeyiwi awıl xojalıǵına jaraytuǵın jerlerdiń azayıwına alıp kelmekte. Sol sebepli awıl xalqınıń qonısları shegarasın belgilew hám ózgertiriw rayon hákimshilik organları tárepinen, olardıń rejelestiriliwi, qurılısı jáne xojalıq ishindegi jer dúzilisi joybarlarına muwapıq ámelge asırıladı.

Awıllıq jerlerde kishi biznes hám isbilermenliktiń rawajlandırılıwı sebepli koplegen kishi sanaat kárxanaları qurılmaqta. Joqarıdaǵı faktorlar sebepli házirgi waqıtta kóp ǵana awıllıq qonıslarına kishi qala atı berildi. Nátiyjede ǵarezsizlikke shekem 60 procent xalqı awılda turatuǵın agrar respublika xalqınıń yarımınan kóbisi qalalarda jasamaqta (16-súwret).

**1.** Ózbekstanda qalalardıń payda bolıwına kóbirek qanday faktorlar tásir etpekte?
**2.** Kartadan paydalanıp:
a) paydalı qazılma kánleri; b) transport túyinleri; v) awıl xojalıǵı óndirisi tiykarında qurılǵan kishi qalalardıń atların dápterińizge jazıp alıń.
**3.** Siziń jasap turǵan yamasa sizge jaqın bolǵan qala qanday funkciyalardı (wazıypalardı) orınlaydı?
**4.** Siz xalıq qonıslarınıń qanday túrlerin bilesiz?
**5.** Xalıq isleri onıń geografiyalıq tarqalıwı hám tıǵızlıǵına baylanıslı ekenin mısallar menen túsindiriń.



http://eduportal.uz

# III BAP. MILLIY EKONOMIKANÍŃ QURAMLÍQ DÚZILISI

## 10-sabaq ÓZBEKSTAN MILLIY EKONOMIKASÍNÍŃ DÚZILISI

Dúnyanıń siyasiy kartasında 1991-jıl 1-sentyabr kúni jańa gárezsiz mámleket – Ózbekstan Respublikası payda boldı. Sol kúnnen baslap ol «ózine tán hám ózine mas» rawajlanıw jolın tańladı. Bul joldıń ózine tánligi mámleket ekonomikasın rawajlandırıwdıń 5 principinde ayqın korsetilgen.

***Ózbekstan ekonomikasın rawajlandırıw principleri***: 1. Ekonomikanıń




*17-súwret.* Ózbekstannıń milliy ekonomikasınıń dúzilisi.

http://eduportal.uz




*18-súwret.* Kishi biznestiń jalpı ónimdegi úlesi (jalpı ishki ónimge salıstırǵanda procent esabında).

siyasattan ústin turıwı. 2. Mámleket reformalardıń baslamashısı. 3. Barlıq tarawlarda nızam ústinligi. 4. Kúshli sociallıq siyasattı ámelge asırıw. 5. Bazar qatnasıqlarına basqıshpa-basqısh ótiw.

Bazar ekonomikasına ótiwine baylanıslı Ózbekstan ekonomikasınıń dúziliwi pútkilley ózgermekte. Jaqın ótmishtegi awıl xojalıǵı jetekshi bolǵan mámleketimizde sanaattıń salmaǵı asıp baratır. Ǵarezsizliktiń dáslepki jıllarınan-aq awıl xojalıǵında paxtanıń jeke hákimligin saplastırıwǵa kirisildi. Al, sanaat bolsa avtomobil islep shıǵarıw, kompyuter texnikası, mobil telefonı, keń túrdegi elektrotexnika ónimlerin islep shıǵaratuǵın jańa tarmaqlar esabınan kóp tarmaqlı bola basladı. Mámleketimizde ***2017–2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń bes ústin baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyası*** qabıl etilgennen keyin, milliy ekonomikalıq quramın jetilistiriw jańa basqıshqa kóterildi. Solardan, Háreketler strategiyasınıń «Ekonomikanı rawajlandırıw hám liberallastırıw» dep atalǵan úshinshi baǵdarında milliy ekonomikanıń múnásipligi hám turaqlılıǵın támiyinlew, onıń quramında sanaat, xızmet kórsetiw tarmaqı, kishi biznes hám jeke isbilermenlik úlesin kóbeytiw wazıypası qoyılǵan. Sol sebepli mámleketimizde sanaattıń, birinshi náwbette awır sanaattıń úlesi jedel ósip barmaqta. Usınday ózgerislerdiń nátiyjesinde ***jalpı ishki ónim quramında sanaattıń úlesi 30,6 procentten aslamın quramaqta*** (2018). Bul kórsetkish 2000-jılda 14,2 procentten ibarat edi. Házirgi waqıtta mámleketimiz ekonomikası óz ara

baylanısqan sanaat, awıl xojalıq, transport, qurılıs, baylanıs, sawda, ilim, bilim, densawlıqtı saqlaw sıyaqlı tarmaqlardı óz ishine aladı (17-súwret).

Awır sanaat, ásirese, mashina sazlawshılıqtıń jedel rawajlanıwı awıl xojalıǵı, jeńil hám azıq-awqat sanaatı kárxanaları únemli nátiyjesi jaqsı mashina hám mexanizmler menen qaytadan támiyinleniwine, mámlekettiń qorǵanıw quwatınıń kúsheyiwine imkaniyat beredi. Eń áhmiyetlisi, mámleket texnikalıq jaqtan ǵárezsizlikten qutıladı.

Mámlekettiń bazar qatnasıqlarına basqıshpa-basqısh ótiwiniń jáne bir shárti kishi biznes hám jeke isbilermenlikti rawajlandırıw bolıp tabıladı. Kishi biznes hár tárepleme qollap-quwatlanıwı hám jáne de rawajlandırıw nátiyjesinde onıń jalpı ishki ónimdegi úlesi artıp barmaqta (18-súwret).

Ǵárezsizlikke shekem Ózbekstan awıl xojalıǵı, tiykarınan, ***ekstenciv jol*** menen rawajlanadı.

***Ekstenciv xojalıq júrgiziw*** – óndiristi ilim-texnikanıń jetiskenlikleri hám zamanagóy mexanizaciya imkániyatlarınıń ornına tábiyǵıy baylıqlardı jedel ózlestiriwdiń esabına kóteriw usılı.

Ekstenciv xojalıq júrgiziw usılınıń nátiyjesinde janılǵı, energiya, adam faktorı, ásirese suw kóp jumsaladı. Suwdıń kóp jumsalıwı Aral apatshılıǵın keltirip shıǵarǵan edi. Jerden paydalanıwdaǵı qátelikler tábiyattıń pataslanıwına hám topıraq ónimdarlıǵınıń páseyiwine alıp keldi.

Demek, ekstenciv jol belgili bir waqıt ishinde rawajlanıwdı támiyinlegeni menen, onıń unamsız aqıbetleri de boladı. Sol sebepli mámleketimiz intencivlik xojalıq júrgiziw usılına ótiw wazıypasın alǵa qoyıp otır.

***Intensiv xojalıq júrgiziw*** – ilim hám texnika jetiskenliklerin ekonomikaǵa jedel engiziw, shiyki zat hám baylıqlardı únemlep, shıǵındı shıǵarmay tolıq paydalanıw usılı.

Intenciv xojalıq júrgiziw usılınanan paydalanǵan halda shet eller menen birgelikte zamanagóy texnologiyaǵa tiykarlanǵan qospa kárxanalar shólkemlestirilip atır.

Ózbekstan milliy ekonomikasınıń ***intenciv jol*** menen rawajlanıwı miynet ónimdarlıǵı, ónimniń sıpatı hám islep shıǵarıw jetiskenliginiń jáhán dárejesine jetisiwin támiyinleydi.

**1.** Óndiristi intencivlestiriw degende neni túsinesiz?
**2.** Ekstenciv jol qanday nátiyjelerge alıp keledi?
**3.** Qaysı tarawlar materiallıq baylıq islep shıǵarmaytuǵın tarawlar esaplanadı?

http://eduportal.uz

## 11-sabaq

# SANAAT – MILLIY EKONOMIKANÍŃ TAYANÍSH TARMAǴÍ

Ǵárezsizlikke shekem elimiz, tiykarınan paxtashılıq penen qarakólshilikke ǵana qánigelesken bolsa, búgingi kúnde Ózbekstannıń ekonomikası júzlegen qánigelesken tarmaqlarǵa iye (19-súwret).

***Sanaat*** – milliy ekonomikanıń materiallıq iygilikler islep shıǵarıwshı áhmiyetli tarmaǵı esaplanadı. Ekonomikanıń barlıq tarmaqlarında texnikanıń rawajlanıwı sanaatqa baylanıslı. Sanaattıń rawajlanıwı menen jańa xalıq qonısları, transport jolları salınadı. Awıl xojalıǵı, qurılıs, sawda-satıqtıń rawajlanıw dárejesi ósedi, sanaattıń rawajlanıwı menen tábiyattan paydalanıwda kúshli ózgeriske ushıraydı.

Ekonomikanıń basqa tarmaqları sıyaqlı sanaatta túrli orınlarǵa kárxana (zavod, kán elektr stanciyası sıyaqlı)lardan ibarat. Sanaat kárxanalarınıń kópshilik bólegi mámlekettiń múlki bolıp keldi hám búgingi kúni olar menshiklestirilmekte. Menshiklestirilgen sanaat kárxanaları bazar qatnasıqlarına tán talap hám usınıslar tiykarında jumıs isleydi. Bul process sanaattıń rawajlanıw dinamikasına




*19-súwret.* Áhmiyetli sanaat túyinleri.

http://eduportal.uz




*20-súwret.* Sanaat tarmaqlarınıń ónim islep shıǵarıw quramı (procent esabında).

da belgili dárejede tásir kórsetedi. Házirgi waqıtta Ózbekstan sanaatında gaz qazıp shıǵarıw, reńli metallurgiya, mashina sazlawshılıq hám metalldı qayta islew, jeńil hám azıq-awqat sanaatları jetekshilik qılmaqta (20-súwret).

Sanaat, awıl xojalıǵı hám trasporttıń aymaqlıq jaylasıwına bir qatar faktorlar tásir etedi. Solardan eń áhmiyetlisi ilim-texnikanıń oylap tabılıwları: energiya hám shiyki zattıń jańa túrleri, jańa texnologiyalıq procesler, jańa trasport úskenelerin paydalanıwdıń arqasınan óndiristi jaylastırıw principleri de jetilisedi. Kárxanalar shiyki zat, janılǵı, energetika, suw hám hátte jumısshı kúshi (insan faktorı)nen paydalanıw boyınsha kóp shiyki zat, kóp energiyatalap, kóp suw hám kóp miynet talap sapasında toparǵa bólinedi. Olardıń hár birine sáykes tayanısh kárxana dógereginde onlap mayda kárxanalar óndiris boyınsha baylanıslı boladı. Bunı ***óndiristiń kombinat forması*** dep ataladı.

Kárxanalar hár qıylı kólemde boladı. Mısalı, ayrım tigiwshilik kárxanalarınıń kópshiligi bir ǵana imaratqa jaylassa, neftti qayta islew hám metallurgiya kombinatlarına usaǵan kárxanalar ortasha kólemde qala maydanına teń aymaqtı iyeleydi.

Texnikanıń rawajlanıwı dáwirinde miynet ónimdarlıǵın kóbeytiwde óndiristi oraylastırıwdan paydalanıladı.

***Óndiristiń oraylasıwı*** – óndiristiń iri kárxanalarda toplanıwı.

Biraq ótken ásirdiń ortalarında payda bolǵan óndiristi dúziwdın bul túri házirgi waqıtta sociyallıq hám ekonomikalıq mashqalalardıń kúsheyiwine sebep bolmaqta.

Belgili bolǵanınday-aq, mámleketimiz xalqınıń derlik yarımı awıllarda

http://eduportal.uz

jasaydı. Awıl xalqın jumıs penen támiyinlew ushın qánigelesken kárxanalardı kóbirek awıllıq jerlerde qurǵan maqul. Sol sebepli, úlken kombinatlardan kóre tar qanigeliktegi ortasha hám kishi kárxanalar qurıwǵa tiykarǵı itibar qaratılmaqta. Bunıń nátiyjesinde ***qánigelesiw,*** yaǵnıy óndiristiń birdey ónim shıǵaratuǵın shólkemlesken túri payda boldı. Qánigelesken kárxanalarda jumısshılardıń mamanlıǵınan jaqsıraq paydalanıladı, ónim birligine jumsalatuǵın qárejet az boladı hám nátiyjede miynet ónimdarlıǵına erisiledi. Bunday qánigelesken kárxana ózine shiyki zat, detallar, mashina bóleklerin hám basqalardı jetkerip beretuǵın basqa kárxanalar menen kooperativlesiw baylanısların ornatadı.

***Kooperativlesiw (birge islesiw)*** – tayar ónim tayarlawda bir qansha kárxana qatnasatuǵın óndiris túri.

Qánigelesiw hám kooperativlesiw sociyallıq miynet ónimdarlıǵın arttıradı. Ilim-texnika ashılıwlardı óndiriske izbe-iz engiziw ushın ilimiy óndiris birlespeleri shólkemlestiriledi. Bunda mashinalar hám materiallardıń jańa túrlerin jaratıwshı ilimiy izertlew institutları menen olardı islep shıǵarıwshı kárxanalar óz ara birlesedi. Sonın menen birge turli tarmaqlar arasında óndiris baylanıslarınıń kúsheyiwi júz beredi. Óndiris procesi óz ara baylanısqan tarmaqlardan tarmaqlar aralıq kompleksler payda boladı.

***Kompleks*** – óndiristi dúziwdiń ekonomikalıq nátiyjelilikke qaratılǵan áhmiyetli túri..

Komplekste qaysı tarmaqlar áhmiyetli, jetekshi bolsa, tarmaqlar aralıq kompleks usı atama menen ataladı. Házirde Ózbekstannıń milliy ekonomikasında bir neshshe tarmaqlar aralıq kompleksler qáliplesken. Sońǵı temalarda olardı birme-bir korip shıǵamız.

**1.** Óndiristiń irileniwi dep nege aytıladı?
**2.** Óndiristiń qánigelesiwi hám kooperativlesiwi degende neni túsinemiz? Qánigelesken kárxanalar qanday qolaylıqqa iye?
**3.** Ǵárezsizlikten keyingi dáwirde ortasha hám kishi kárxanalardıń qurılısına dıqqat awdarılıwınıń sebebi ne?

http://eduportal.uz

## 12-sabaq JANÍLǴI-ENERGETIKA KOMPLEKSI

Bul komplekske janılǵı (janılgını qazıp alıw hám onı qayta islew), elektroenergetika jáne ximiya sanaatları kiredi (21-súwret). Elektr energiyasın islep shıǵarıw hám onnan paydalanıw mámleket ekonomikası rawajlanıwının áhmiyetli faktorı esaplanadı. Ilimpazlar quyash, samal, geotermal energiya sıyaqlı tawsılmaytuǵın energiya dereklerinen keń kólemde paydalanıw jolların izlemekte.




*21-súwret.* Janılǵı-energetika kompleksi quramı.

Energetika baylıqlarına ***janılǵı baylıqları*** (kómir, neft, gaz, torf, slanec, otın) hám ***gidroenergiya baylıǵı*** (dáryanıń joqarıdan túsip turǵan suwınıń energiyası) kiredi. Janılǵı baylıqları mámleketimiz ekonomikasınıń barlıq tarmaqları ushın energiyanıń tiykarǵı deregi. Janılǵınıń hár qıylı túrleriniń salmaǵın salıstırıw ushın olar shártli janılǵıǵa aylandırıladı.



***Shártli janılǵı*** dep 1 kg taskómir janǵanda payda bolatuǵın (7 mln kal) energiyaǵa aylanadı. Onıń jıllılıq koefficienti dárejesi 1 ge teń. Basqa janılǵılar janǵanda payda etetuǵın jıllılıq 1 kg taskómirdiń jıllılıq koefficienti, yaǵnıy 1 ge salıstırmalı bahalanadı (22-súwret).

Jıllılıǵı (kaloriyası) az bolǵan janılǵılar (torf, slanec, qońır kómir) qazıp alınǵan jerde paydalanıwı maqsetke muwapıq. Sebebi olar uzaq aralıqlarǵa tasılǵanda qımbatqa túsedi. Sol sebepli olar jergilikli janılǵı esaplanadı. Janılǵı baylıqlarınıń mánisi tek kaloriyasına ǵana baylanıslı bolıp ǵana qoymay, paydalanıw imkaniyatına, qazıp shıǵarıw qárejetine

http://eduportal.uz

| Janılğı túri | 1 kg janılğı jańganda shığatuğın jıllılıq | | Jıllılıq koefficienti |
|---|---|---|---|
| | Djoulda | Kaloriyada | |
| Tábiyğıy gaz | $4{,}4\cdot10^{7}$ | $10{,}6\cdot10^{6}$ | 1,5 |
| Neft | $4{,}4\cdot10^{7}$ | $10{,}6\cdot10^{6}$ | 1,5 |
| Taskómir | $2{,}9\cdot10^{7}$ | $7{,}0\cdot10^{6}$ | 1,0 |
| Qońır kómir | $1{,}3\cdot10^{7}$ | $3{,}1\cdot10^{6}$ | 0,45 |
| Janıwshı slanec | $1{,}8\cdot10^{7}$ | $2{,}1\cdot10^{6}$ | 0,30 |
| Torf | $1{,}4\cdot10^{7}$ | $3{,}4\cdot10^{6}$ | 0,48 |
| Qurğaq otın | $1{,}0\cdot10^{7}$ | $2{,}4\cdot10^{6}$ | 0,34 |

*22-súwret.* Hár qıylı janılğılardıń jańgandağı jıllılığı.

de baylanıslı. Eń únemli janılğı neft hám gaz, sebebi olardı qazıp shığarıw hám isletetuğın jerge trubalar arqalı jiberiw arzan túsedi. Soğan baylanıslı hár túrli janılğını qazıp shığarıw hám onnan paydalanıw kólemi dawirlik ózgerip turadı (23-súwret).

Hár qıylı janılğılardı qazıp shığarıw hám islep shığarılğan energiya (kirim) jáne olardan ekonomikada paydalanıw (sarplaw) qatnası ***janılğı-energetika balansı*** dep ataladı.




*23-súwret.* Janılğını sarıplaw dinamikası (1995-jıldağığa salıstırğanda procent esabında).



1. Energetika baylıqlarınıń tiykarğı túrlerin aytıp beriń.
2. Janılğı-energetika balansı degende neni túsinesiz?
3. Ózbekstan janılğı-energetika balansında qanday ózgerisler bolmaqta hám bunıń sebebi ne?



http://eduportal.uz

## 13-sabaq NEFT HÁM GAZ SANAATÍ

*11-sabaq temasınan janılǵı sanaatınıń jalpı sanaat ónimindegi salmaǵın anıqlan.*

**Gaz sanaatı**. Janılǵı sanaatınıń eń jas tarmaǵı bolǵan gaz sanaatı keyingi jıllarda tez pát penen rawajlanbaqta. Gaz – janılǵınıń júdá arzan túri. Gazdan sanaatta da, xojalıqta de paydalanıladı. Gaz qımbat bahalı ximiyalıq shiyki zat. Janılǵınıń basqa túrlerine qaraǵanda gaz hawanı az pataslaydı.

Mámleketimizde kómir hám neftke qaraǵanda tábiyǵıy gaz anaǵurlım kóp. Gaz kánleri neft kánleri menen jaqın jaylasqan. Gazdıń azǵantay bólegi (joldas gaz) neft penen birge qazıp alınadı, biraq gazdıń negizgi bólegi taza gaz kánlerinen alınadı. Respublikamızda ótken ásirdiń ortalarında dáslep Ferǵana oypatındaǵı neft kánlerinde ushırasatuǵın joldas gazden sanaatta hám xalıqtıń talabın qanaatlandırıwda paydalanıla basladı. Sol waqıtlarda Ózbekstanda jılına ortasha 9 mln kub metr tábiyǵıy gaz qazıp shıǵarılǵan bolsa, al házir bir jılda qazıp alınıp atırǵan gaz 60 mlrd kubometrge jaqın. Tábiyǵıy gazdan paydalanıwdıń sharapatı menen mámleket janılǵı balanısında kúshli ózgeris júz berdi.

Neftti eksport qılıwshı mámleketler shólkem – OPEKniń arnawlı maǵlıwmatlarına qaraǵanda Ózbekstan tábiyǵıy gaz qazıp alıwshı mámleketler reytinginde 14-orındı iyeleydi (24-súwret).

Ferǵana oypatınan tısqarı Buxara, Surxandárya hám Qashqadárya

| № | Mámleket | Jılına mlrd metr³ | Úlesi (%) | № | Mámleket | Jılına mlrd metr³ | Úlesi (%) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | AQSH | 751,063 | 20,66 | 10 | Túrkmenstan | 81,765 | 2,25 |
| 2 | Rossiya | 642,242 | 17,66 | 13 | BAA | 61,084 | 1,68 |
| 3 | Iran | 226,905 | 6,24 | 14 | Ózbekstan | 57,700 | 1,59 |
| 4 | Qatar | 182,830 | 5,03 | 15 | Avstraliya | 56,293 | 1,55 |
| 5 | Kanada | 174,051 | 4,79 | 16 | Niderlandiya | 50,543 | 1,39 |
| 6 | Qıtay | 136,628 | 3,76 | 18 | Ullı Britaniya | 43,022 | 1,18 |
| 8 | Saudiya Arab | 110,860 | 3,05 | 22 | Meksika | 41,227 | 1,13 |
| | Derek: OPEK, 2017-j. | | | 26 | Hindistan | 31,139 | 0,86 |

*24-súwret.* Ózbekstannıń tábiyǵıy gaz qazıp alıwshı mámleketler arasındaǵı ornı.

http://eduportal.uz

wálayatları jáne Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵınan bay tábiyǵıy gaz kánleriniń tabılıwı menen Ózbekstan gazdı eksport qıla basladı (25-súwret).

Gaz trubaları arqalı jiberilgenlikten transport qárejeti hár qanday janılǵını tasıwdan arzanǵa túsedi.

Gaz trubalarınıń uzınlıǵı tez kóbeyip barmaqta. Dáslepki tábiyǵıy gaz trubaları Ferǵana oypatında qurılǵan edi. Ózbekstanda ıssı kúnlerdiń kópliginen tek qıs kúnleri gaz kóp talap etiledi. Gazdı kóp paydalanatuǵın Tashkent, Ferǵana, Andijan sıyaqlı qalalarda jazda únemlengen gazdı jer astı saqlaǵıshlarında jıynap qoyıp qısta paydalanıladı. Gaz sapalı janılǵı bolıp ǵana qoymastan, sonıń menen birge ol ximiya sanaatınıń qımbat bahalı shiyki zatı da bolıp tabıladı. Gazǵa bolǵan talap ximiya, jıllılıq elektr stanciyaları hám xojalıqta barǵan sayın kóbeymekte. Usıǵan baylanislı qosımsha gaz shıǵarıw jolların izlenip atır, gaz trubalarınıń gaz ótkeriw imkaniyatı asırılmaqta.

***Neft sanaatı.*** Neftsiz házirgi zaman ekonomikasın júrgiziw múmkin emes. Neft shiyki halında isletilmeydi. Qayta islew nátiyjesinde onnan hár túrli janılǵı, yaǵnıy ximiyalıq ónimler alınadı. Neftti qazıp shıǵarıw qárejeti kómirdi qazıp shıǵarıw qárejetinen orta esapta 4 yese az. Milliy ekonomikada nefatten keń paydalanıw júdá kóp qárejetti únemlewge imkaniyat beredi.



Ónim birligin alıw (aytayıq, 1 t neftti qazıp shıǵarıw) ushın ketetuǵın pulda óz kórinisin tapqan barlıq qárejet ***ónimniń ózine túser bahası*** dep ataladı.

Nefttiń ózine túser bahası onıń qanday tereńlikten alınıp atırǵanına qaraǵanda, kóbirek kánniń neftke qanshelli bay ekenine baylanıslı. Neft qazıp alıwdıń eń arzan usılı fontan usılı bolıp, bunda neft qudıqlarınan kándegi basım menen atlıgıp shıǵadı. Basım azayǵan jaǵdayda ol túrli usıllar menen kóterip turıladı. Neftti nasoslar járdeminde shıǵarıp alıw da keń tarqalǵan. Gaz sıyaqlı neftti de trubalar arqalı jiberiw onı tasıwdıń eń arzan hám qáwipsiz usılı *(temir jolda tasıwǵa qaraǵanda 4 ese arzanǵa túsedi)*. Truba transportı neftti tutınıwshilarǵa qaraǵanda bir bapta jetkerip beriwdi támiyinleydi. Hár túrli transport qurallarına júklew-túsiriwdegi ısırapkershilikke jol qoymaydı.



*25-súwret.* Múbárek gazdı qayta islew kárxanası.

http://eduportal.uz




*26-súwret.* Neft-gazlı zonalar.

Aldıngı waqıtlarda neft qay jerde qazıp shıgarılsa, sol jerde qayta islenetugın edi. Házirgi waqıtta neftti qayta islew sanaattıń ónimleri qay jerde kóp paydalanılsa, neft sol jerdge jetkerilip qayta islenedi. Usılay islenbese, neft ónimleriniń hár bir túrin jiberiw ushın arnawlı trubalar kerek bolıp, transport qárejetleri qımbatlasıp ketedi.

Mámleketimizde alıp barılgan geologiyalıq izertlew jumısları nátiyjesinde kóplegen gaz-neft kánleri tabılıp atır (26-súwret). Atap aytqanda, 1992-jılı Namangan wálayatında Mıńbulaq neft káni ashıldı.

Neftke bolgan talaptıń úzilissiz artıp baratırganın esapqa alıp, Buxara wálayatında jılına 5 million tonna neftti qayta isley alatugın kombinat qurıldı. Bul kárxana 1997-jıldan ónim bere basladı. Házir 50 túrden aslam neft ónimleri islep shıgarılıp atır.

Ózbekstanda qollanıwga jetispey atırgan neft shet elden import qılınbaqta. Házirde neftti qayta islew kárxanaları bir jılda 11 mln tonna neftti qayta islew quwatına iye.

Rawajlangan mámleketlerge salıstırılganda bizde energiyadan paydalanıw quramında neft ónimleriniń úlesi anagurlım joqarı. Janılgı-energetika balansında neft ónimleriniń úlesi keleshekte azayıwı zárúr. Bunıń ushın bar avtomobil hám traktorlardı jańa únemli texnologiya menen qurallandırıw kerek boladı. Bul kóp qárejetti talap etetugın hám anagurlım qıyın wazıypa. Sonlıqtan, jaqın on jıllıqta da janılgı-energetika balansında nefttiń úlesi turaqlı saqlanıp qaladı.

**1.** Dáslepki iske qosılgan gaz kánlerin geografiya dápterińizge jazıń.
**2.** Gaz trubaları qaysı qalalarda qaysı kánnen keliwin kartadan anıqlań.
**3.** Neft alınatugın kánlerdi kartadan anıqlań.
**4.** Gaz hám neftti qayta islew kárxanaların jaylastırıw qanday ulıwmalıqqa iye?



http://eduportal.uz

## 14-sabaq

# KÓMIR SANAATÍ

Bul sanaattıń quramında bir neshshe kómir káni bar. Olardaǵı kómir qorı 2 mlrd tonnanı quraydı. Dáslepki kómir Angren káninen 1950-jıllarda qazıp alınǵan. Kómir káni jer betine jaqın jaylasqan. Onda kómirdiń 9/10 bólegi ashıq usılda qazıp alınadı (27-súwret).



*27-súwret.*
Angren káninde kómirdiń ashıq usılda qazıp alınıwı.

Ashıq usılda hár bir shaxtyordıń qazıp alatuǵın kómiri shaxta usılındaǵıdan 6 ese ónimli boladı. Sonıń menen birge karyer qanshelli úlken bolsa, qárejet sonshelli az boladı. Angren kómiri sapası tómen – qońır kómir. Sonday bolsa da, Ózbekstandaǵı basqa kómir kánlerindegige qaraǵanda kómir qorı kóp hám paydalanıwshılarǵa jaqın, jer betinde jaylasqanlıqtan kómir qazıp shıǵarıw tez ósti. Kómirdiń tiykarǵı bólegi kánge jaqın jerde jaylasqan JES da isletiledi. Bir bólegi bolsa, jerdiń astında gazǵa aylandırıladı. Kómirdiń quramında siyrek gezlesetuǵın hám tarqalıp jaylasqan elementler jáne kóp muǵdarda gilmaya ushırasadı, bir jola olardan paydalanıw kánniń nátiyjeliligin jáne de arttıradı. Biraq, kómirdiń ashıq usılda qazıp alınıwı aqıbetinde úlken-úlken jer maydanların kán shıǵındıları bánt qılıp, tútin hám qurımnan awıl xojalıǵı kóp zıyan kórip atır.

Bunday qolaysız jaǵdaydıń sharası sıpatında kómir sanaatınan zıyan kórgen maydanlar ***rekultivaciya*** qılınbaqta, yaǵnıy qayta tiklenbekte, shaxtalardıń shıǵındısınan payda bolǵan tóbeliklerdi ósimlikler menen qaplaw, kómirdi trubalar arqalı tasıw ilajları kórilmekte.

Surxandárya wálayatınıń Sarıasiya rayonında 1950-jılı Sharǵun kómir káni iske túsirilgen. Kándegi kómir joqarı sapalı taskómir bolıp, ol shaxta usılında qazıp alınadı. Kómirdiń maydası qazıp alınǵan jerde briket qılınadı.



***Briket*** – kómir untaǵın basım astında yamasa jabısqaq zatqa aralastırıp sharik kórinisine keltirilgen ónim.

Kómir tawlardıń ústinen uzınlıǵı 17 km den aslam aspa sım jolınıń járdeminde temir jolǵa jetkerip beriledi. Angren, Sharǵun hám Baysun

http://eduportal.uz




*28-súwret.* Milliy ekonomikada kómirden paydalanıw.

kánlerinen jılına 4 mln tonnaǵa jaqın kómir qazıp alınbaqta. Biraq, bul muǵdar Ózbekstannıń kómirge bolǵan talabıń qanaatlandıra almaydı. Sebebi, metallurgiya, ximiya usaǵan sanaat tarmaqlarınıń rawajlanıwı kómirge bolǵan talaptı asırıp jibermekte (28-súwret).

Solay etip, Ózbekstanda kómirdiń tiykarǵı qorları Angren, Sharǵun hám Baysun kánlerinde jaylasqanlıǵın bilip aldıq.

Kómir sanaatına tiyisli jáne bir maǵlıwmattı bilip qoyıń. Mámleketimizde qazıp alınıp atırǵan kómirdiń derlik hámmesi (97,4 procenti) qońır kómir, qalǵan bólegi taskómir. Mámleketimizde kómir qazıp alıwdıń jáne bir ózgesheligi sonda, onıń 90-95 procenti ashıq usılda qazıp alınadı.

Tábiyǵıy gaz sanaatı endi ǵana qáliplesip atırǵan jıllarda (1961-jıl) Angren kómir káninde jer astı gazogeneratorlarında kómirde joqarı basımdaǵı hawa járdeminde gazǵa aylandıratuǵın «Jerastıgaz» stanciyası iske túsirilgen edi. Házirde onnan únemli paydalanıp, qońır kómirdiń bir bólegi jer astında gazǵa aylandırılmaqta. Solay etip, ashıq usılda qazıp alınatuǵın kómirdiń de áhmiyeti artıp barmaqta.

**1.** Mámleketimizdiń kómir, neft, gaz kánleri qay jerlerde jaylasqan?
**2.** Janılǵı sanaatı keleshekte qalay ózgeredi?
**3.** Sharǵun kómir káni menen Angren kómir kánınıń ózine tán ózgeshelikleri nede?

http://eduportal.uz

# 15-sabaq ELEKTROENERGETIKA

*11-sabaq temasınan elektroenergetikanıń jalpı sanaat onimindegi salmaǵın anıqlań.*

Milliy ekonomikanı tez pát penen rawajlandırıw ushın elektr energiya islep shıǵarıwdı basqa tarmaqlarǵa qaraǵanda jedellirek rawajlandırıw lazım.

Mámlekette islep shıǵarıp atırǵan elektr energiyanıń ***90 procentke jaqının jıllılıq elektrostanciya (JES)ları*** berip atır.

Ózbekstanda Sırdárya, Tashkent, Angren, Jana Angren, Nawayı, Taxiyatas, Talimarjan sıyaqlı iri JESları bar (29-súwret). JES anaǵurlım tez hám arzan qurıladı. Ekonomika ushın elektr energiyasınıń ózine túser bahasınıń tómen bolǵanı maqul. Elektr energiyasınıń ózine túser bahası, dáslep elektr stanciyalarında isletiletuǵın janılǵını qazıp alıw hám tasıp alıp keliw qárejetlerine baylanıslı. Sonın ushın, elektr stanciyaların qurıw ushın orın tańlaǵanda janılǵını tasıp alıp keliwge hám elektr energiyasın jetkerip beriwge ketetuǵın qárejetler salıstırıldı.




*29-súwret.* Ózbekstandaǵı tiykarǵı elektr stanciyalar hám elektr jetkiziw liniyaları.



http://eduportal.uz

Eger janılǵını tasıp keliw qárejeti elektr energiyanı jetkerip beriw qárejetinen artıq bolsa, elektr stanciyasın janılǵı deregine jaqın jerge qurıw, eger energiyanı jetkerip beriw qımbatqa tússe, onı qarıydarǵa jaqın jerge qurıw paydalı (sxemaǵa qarań).

Janılǵı ⟷ JES ⟷ Qarıydar
Janılǵı ⟷ JES ⟷ Qarıydar

*(Tiykarlap beriń! Nege sonday?)*

Elektr energiyasın jetkerip beriw aralıǵı ilim-texnikanın rawajlanıwı menen jıl sayın uzayıp barmaqta. Elektr energiyanıń sımlar arqalı jetkerip beriliwi onıń abzallıqlarınan biri bolıp tabıladı. Ekonomikanıń barlıq tarmaqlarında elektr energiyasınan paydalanılıwı elektr energiyasınıń ekinshi áhmiyetli abzallıǵı. Jergilikli janılǵıdan keń paydalanıw múmkinligi úshinshi abzallıq hám elektr energiyanı kúshli elektr stanciyalarda ilsep shıǵarıw imkaniyatı tórtinshi abzallıq bolıp esaplanadı.

*Angren hám Jańa Angren JESların kómir kánine jaqın jerge jaylastırılǵanlıǵı neni ańlatadı?*

Elektr energiyası júdá kóp paydalanılatuǵın jerlerde elektr stanciyalar basqa jerlerden alıp kelinetuǵın janılǵıǵa mólsherlep qurıladı. JESlardıń júdá úlkenligi basqa wálayatlardı da elektr menen támiyinleydi.



*30-súwret.* Talımarjan JES.

Bir ǵana Sırdárya JESnıń ózi jılına 13 mlrd kW saat elektr energiya beredi. Ǵárezsizlik jıllarında Qashqadárya wálayatında Talımarjan JES nıń 800 MW lı birinshi bloginıń iske túsiriliwi tarmaqdaǵı úlken joybarlardan biri dep bahalandı (30-súwret).

Kópshilik JESlar elektr energiya menen bir waqıtta jıllılıq energiyasında islep shıǵaradı.



Bir waqıttiń ózinde jıllılıq energiyasında islep shıǵaratuǵın elektr stanciya ***jıllılıq elektr orayı (JEO)*** dep ataladı.

Olarda elektr energiyanı islep shıǵarıw procesinde payda bolǵan ıssı suwdan ıssıxanalardı, imaratlardı ısıtıwda da basqa óndiris zárúrlikleri ushın paydalanıladı. Biraq ıssı suw 20 km den alıs aralıqta suwıp qaladı. Sol sebepli JEOlar iri kárxanalarǵa jaqın orınlarda hám úlken qalalarda ǵana qurıladı. Ózbekstanda Ferǵana, Múbárek hám Tashkent JEOları bar.

http://eduportal.uz

***Gidroelektrostanciyalar*** (GES)da energiya islep shıǵarıw tábiyǵıy suw aǵısınıń kúshine tiykarlanadı. Sonlıqtan, GESlar islep shıǵarǵan energiyanıń ózine túser bahası arzan boladı (quwatı teń bolǵan JESlardaǵıdan tórt ese arzan). Taw dáryalarınan qurılǵan GESlarda eń arzan elektr energiyası islep shıǵarılıp atır.

Ózbekstanda suw quwatı dereklerinıń bar ekenligi hám sonıń menen bir waqıtta jıllılıq elektr stanciyalarında paydalanıwǵa janılǵı bolmaǵanlıǵı sebepli dáslep, tiykarınan, GESlar qurılǵan. Mámleketimizde birinshi GES 1926-jılı Bozsuw kanalında qurıldı. Sońın ala qurılǵan Xishraw, Túyemoyın, Farhad, Xojakent GESları mámleket sanaatınıń rawajlanıwında úlken ámiyetke iye bolǵan. Ózbekstanda GES qurıw menen bir waqıtta elektr energiyasın islep shıǵarıw, jerlerdi suwǵarıw, xojalıqlardı suw menen támiyinlew, balıqshılıqtı rawajlandırıw imkaniyatları payda boladı.

Tez aǵatúǵın dáryalarda GESlardı bir-birine jaqın qurıw múmkin. Nátiyjede Chirchiq – Bozsuw energetika qurılmasındaǵı sıyaqlı GESlar kaskadı qáliplesedi. Bul kaskad GESlar sanı (19) boyınsha dúnyada aldıńǵı orınlardıń birin iyeleydi (31-súwret).

Ózbekstandaǵı jıllılıq elektr stanciyalar hám gidroelektrstanciyalardıń ***uluwma sanı 37 ni*** quraydı. Elektr stanciyalarda jılına 60 mlrd kW h átirapında elektr energiya payda etilmekte (32-suwret).

***Elektr energiyasın payda etiwdiń zamanagóy jollar***i. Dúnyanıń túrli mámleketlerinde geografiyalıq ornı jáne tábiyǵıy shaǵdaylarınan kelip shıǵıp elektr energiyanı dástúriy usıllar menen bir qatarda ázeliy bolmaǵan jollar arqalı payda etiw de kúsheyip barmaqta. Mısalı, atom elektrostanciyaları




**Sanlarda kórsetilgen GESlardıń atı**

| | |
|---|---|
| 1–Sharbaq | 11–Salar |
| 2–Xojakent | 12–Bórijar |
| 3–Ǵazalkent | 13–Bozsuw |
| 4–Tabaqsay | 14–Aqtóbe |
| 5–Loginov | 15–1-Tómengi Bozsuw |
| 6–2-Aqqabaq | 16–2-Tómengi Bozsuw |
| 7–1-Aqqabaq | 17–3-Tómengi Bozsuw |
| 8–Qadiriy | 18–4-Tómengi Bozsuw |
| 9–Shayxantaxur | 19–5-Tómengi Bozsuw |
| 10–Qıbray | |

*31-súwret.* Chirchiq–Bozsuw gidroenergetika kaskatı.

http://eduportal.uz




*32-súwret.* Elektr energiyasın islep shıǵarıwdıń ósiwi (mlrd kW·h).

(AES), samal energiyası, quyash energiyası, teńiz suwınıń qalqıwınan alınǵan energiyalar usılar qatarına kiredi.

Mámleketimizde xalıq sanınıń jıl sayın kóbeyip baratırǵanı hám soǵan baylanıslı elektr energiyaǵa da bolǵan talaptıń artıp baratırǵanı energiya payda etiwdiń ázeliy bolmaǵan jollarınan da paydalaıwǵa tuwrı kelmekte.

Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, búgingi kúnde Ózbekstanda elektr energiyasına bolǵan talap 69 milliard kW·h tı quraydı. Joqarıda elektr energiysınıń tiykarǵı bólegin jıllılıq elektrostanciyalarında payda etip atırǵanlıǵı aytıldı. Bunıń ushın jılına 16,5 milliard kub metr tábiyǵıy gaz, 86 mıń tonna mazut hám 2,3 million tonna kómir sarıplanbaqta (2018-j.).

Keleshekte ekonomikanıń ósiwi, xalıq sanı hám turmıs dárejesiniń ósiwiniń esabına elektr energiyasına bolǵan talaptıń jáne de joqarılawı kútilmekte.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyaev elektr energiyasın islep shıǵarıw boyınsha aytıp: «Bul tarmaqda tek tábiyǵıy gaz hám kómirden paydalanıwdı dawam ettire bersek, olardıń qorları belgili waqıttan keyin tawsılıp qalıwı múmkin. Bul keleshek áwlad aldındaǵı keshirip bolmaytuǵın qáte hám jınayat boladı», degen pikirlerdi bildiredi.

***Sol sebepli, Ózbekstan tariyxında birinshi mártebe mámleketimiz aymaǵında AES qurılıwı kútilmekte.*** AES, tiykarınan jıllılıq energiyasın islep shıǵarıwǵa mólsherlengen, yadro reaktorı hám basqa kerekli tutas qurılmalardı óz ishine alǵan iri kompleks bolıp esaplanadı. Basqa jıllılıq elektr stansiyalarınan parıqlı túrde, AESlarda elektr quwatın alıwda aktiv radioaktiv element – uran atomlarınan paydalanıladı. 1 kg uran (shártli uran janılǵısı)

2,5 mıń tonna kómir janǵanda beretuǵın muǵdarda jıllılıq beredi. Xalıq aralıq atom energiyası agentliginiń maǵlıwmatlarına qaraǵanda, házirde dúnyanıń 31 mámleketinde AESlar islep turıptı.

Sol sebepli, Ózbekstanda tınıshlıq maqsetinde paydalanıw ushın atom energetikasın qurıwǵa kirisiledi. Rossiyanıń «Rosatom» mámleketlik korporaciyası menen birgelikte atom elektr energiyasın qurıw boyınsha kelisimge erisildi. Bul komplekste 2 energobloktan ibarat, hár biriniń quwatı 1 mıń 200 megavatt bolıwı kútilmekte. Atom elektr stanciyası ushın dúnyadaǵı eń qáwipsiz hám zamanagóy energoblok tańlap alındı. Onı 2028-jılǵa shekem iske túsiriw rejelestirilgen.

***Atom elektr stanciyasın qurıw nátiyjesinde jılına 3,7 milliard kub metr tábiyǵıy gaz tejeledi. Bul derek qayta islenip, joqarı qosılǵan muǵdarlı neft-ximiya ónimleri isilep shıǵarıladı.***

Atom elektr energiyası ekologiyalıq taza boladı. Bunday stanciyalar zıyanlı iyis gazın payda etpeydi. Nátiyjede tábiyǵıy gazdı jaǵıwdan payda bolatuǵın hám qorshaǵan átirapqa tarqalatuǵın iyis gazınıń kólemi jılına 3 mln tonnaǵa azayadı.

Energiyanıń jańa dereklerin tabıw hám ózlestiriw boyınsha ilimiy izleniwler alıp barılmaqta. Mine usınday izleniwlerdiń nátiyjesinde Tashkent wálayatınıń Parkent rayonında ***Quyash energiyasınan*** paydalanatuǵın «Fizika-Quyash» qurılması islep tur.

Elektrlestiriwdiń joqarı dárejesi energetika sistemalarınıń júzege keliwi bolıp tabıladı. ***Energetika sisteması*** sebepli jıl pasıllarına hám sutkanıń qaysı waqtı bolıwına qaramastan, tutınıwshılar elektr energiyası menen bir bapta támiyinlenedi.



Hár qıylı elektr stanciyaların joqarı voltlı elektr liniyaları menen birlestirip, bir oraydan basqarıp turılıwı ***energetika sisteması*** dep ataladı.

Ózbekstandaǵı barlıq iri elektr stanciyaları óz ara birlestirilip, jalǵız energetika sisteması júzege keltirildi. Mámleketler aralıq elektr energiya import-eksportı Ózbekstan energetika sisteması járdeminde qolay ámelge asırılıp atır.

Ózbekstan óz talabınan awısqan elektr energiyanı Tájikstan, Qazaqstan hám Awǵanstanǵa eksport etpekte.



1. Tábiyǵıy gaz benen isleytuǵın JESlardan besewiniń atın hám qay jerde jaylasqanın aytıń.
2. «Ónimniń ózine túser bahası» dep nege aytamız? Ózbekstannın túrli jerlerinde islep shıǵarılǵan elektr energiyasınıń ózine túser bahasınıń birdey emesligine sebep ne?
3. Energetika sisteması degen ne? Ol qanday ekonomikalıq payda keltiredi?
4. Úyińizdi jaqtılandırıp turǵan elektr quwatı qaysı elektr stanciyasında islep shıǵarılıp atırǵanı haqqında oylanıp kóriń.

http://eduportal.uz

# 16-sabaq

# XIMIYA SANAATİ

*11-sabaqtan ximiya hám neft-ximiya sanaatınıń jalpı sanaat ónimindegi salmaǵın anıqlań.*

Ózbekstanda ximiya sanaatınıń qáliplesiwi 1932-jılı Shorsuw kúkirt káni iske túsiriliwi menen baslanadı. Onıń ónimi kóbinise mashina islep shıǵarıwǵa (plastmassa, ayna), toqımashılıq sanaatı (talshıq, boyawlar), awıl xojalıǵı (tóginler, záhárli ximikatlar), transport (motor janılǵısı, maylaw mayı, sintetikalıq kauchuk), qurılıs (jabısqaq plyonka, ayna, plastik) sıyaqlılarda isletiledi.

Ximiya sanaatınıń quramında ***mineral tóginler islep shıǵarıw*** salmaqlı orındı iyeleydi. Sonday-aq awıl xojalıǵı zıyankeslerine qarsı defoliantlar da islep shıǵarıladı. Ol kóplegen tarmaqlardı shiyki zat hám materiallar menen támiyinlep, óz náwbetinde basqa tarmaqlardan energiya, qural-sayman hám transport quralların aladı. Ximiya sanaatı gaz hám paxta sanaatının shiyki zatın hám reńli metallurgiya shıǵındıların qayta isleydi. Demek, ximiya sanaatı tarmaqlar aralıq eki tárepleme baylanısta bolıp, kóplegen tarmaqlardıń rawajlanıwı hám aymaqlıq jaylasıwına tásir kórsetedi (33-suwret).




*33-súwret.* Ximiya sanaatınıń quramı.

http://eduportal.uz

Ximiya sanaatı sapa jaǵınan tábiyǵıy ónimlerden joqarı turatuǵın ***jasalma materiallar*** islep shıqtı. Bunday materiallardıń arqasında adamlardıń miyneti de, awıl xojalıǵınıń shiyki zatı da únemlenedi.

Mısalı, kapron islep shıǵarıw ushın tábiyǵıy jipek tayarlawǵa qaraǵanda 20 ese az miynet sarıplanadı. Sonday-aq, ximiya sanaatınıń arasında óndiristi ***kombinatlastırıw*** keleshegi jaratıldı. Atap aytqanda, kómir, neft, gaz sıyaqlı janılǵı shiyki zatlarınan energiya payda etiwde, ximiya ónimlerin (benzin, parafin) alıwda da paydalanıwı energetika-ximiya kombinatların qurıwǵa alıp keldi.

***Kombinatlastırıw*** – sanaattıń texnologiyalıq procesi boyınsha óz ara baylanısqan, geyde túrli tarmaqlarǵa tiyisli bolǵan bir neshshe óndiris kárxanalarınıń bir kárxanaǵa birlestiriliwi.

Ximiya sanaatınıń shiyki zat bazası bay hám hár qıylı. Ol túrli paydalı qazılmalardan, óndiris shıǵındılarınan, aǵashtan, suw, hátte hawadan paydalanıladı. Hár qıylı zatlardan paydalanıw imkaniyatınıń sheksizligi ximiya sanaatı kárxanaların barlıq jerde qurıwǵa imkaniyat beredi. Biraq, ximiya kárxanalarınıń energiyanı hám suwdı kóp isletiwi, ásirese, tábiyatqa kúshli unamsız tásir kórsetiwi sebepli olardı barlıq jerlerde qurıw maqul bola bermeydi.

Ximiya sanaatınıń iri kárxanası – Chirchiq elektro-ximiya kombinatı 1940-jılı iske túsken. Chirchiq elektro-ximiya kombinatı dáslep hawa quramındaǵı azottan elektr energiyasınıń járdeminde azotlı tógin islep shıǵarǵan. Buxara wálayatında tabılǵan tábiyǵıy gaz truba arqalı Chirchiqqa aparılǵannan keyin, kombinat gazdan shiyki zat retinde paydalanatuǵın boldı. Bul ónim óndiristiń keskin artıwı hám ónimniń ózine túser bahasınıń arzanlawına alıp keldi. Kombinatta azotlı tóginnen tısqarı, magniy xlorid (ǵawashanıń japıraǵın túsiriwde qollanılatuǵın ximiyalıq zat) jáne de plastmassa hám sintetikalıq talshıq alıw ushın organikalıq sintez ónimleri islep shıǵarılmaqta.

Tábiyǵıy gazdan azotlı tógin hám ximiyalıq talshıq islep shıǵaratuǵın zavodlar Ferǵana hám Nawayı qalalarında da qurıldı. 1946-jılı Qoqanda, 1957-jılı Samarqandta superfosfat zavodı iske tústi. 1998-jılı Qızılqum fosforit kombinatı iske túsirildi. Onnan 2,7 million tonna fosforit koncentratı alınadı. Sonday-aq, ǵárezsizlik jıllarında Qashqadáryada Diyqanabad kaliyli tóginler zavodı, Qaraqalpaqsatan Qońırat soda zavodları iske tústi.

Mámleketimiz as duzı kánlerine de bay. Xojaykán, Barsakelmes, Báybishekán hám Aqqala usaǵan kánlerde 90 milliard tonna shiyki zat

http://eduportal.uz

bar. Almalıqta joqarı sapalı ammofos islep shıǵarılatuǵın zavod qurıldı. Angrende rezina islep shıǵaratuǵın ximiya kárxanaları bar. Múbárekte tábiyǵıy gaz quramındaǵı kúkirtti ajıratıp alatuǵın zavod qurıldı. Reńli metallurgiya kárxanalarınıń shıǵındısınan sulfat kislotası alınadı. Poptaǵı rezina zavodına gewish, rezina trubalar hám mashinalar menen mexanizmler ushın hár qıylı rezina, awısıq bólekler islep shıǵarılmaqta. Jizzaxtaǵı zavodta polietilen plyonkalar hám plastmassalar tayarlanadı.



*34-súwret.* Shortangaz ximiya kompleksi.

Qazıp alınıp atırǵan kúkirt kolshedanı, margenec, bariy, talk, hák sıyaqlı minerallar ximiya sanaatınıń túrli tarmaqlarınıń talabın qanaatlandırıp atır. Lak-boyaw sanaatı, jasalma talshıq hám toqımalar (Ferǵana), jasalma teri hám jasalma jún islep shıǵaratuǵın zavodlardıń quwatı astı.

Ximiya sanaatınıń tez rawajlandırıw ilajları tuwrısındaǵı qararǵa muwapıq 2018-2030-jıllarda ximiya ónimlerin islep shıǵarıwdı 4,5 barabarǵa kóbeytiw rejelistirilmekte.

Gidroliz kárxanaları ótken ásirdiń 50-jıllarında qurıla basladı Yangiyul bioximiya, Andijan gidroliz zavodlarına tiykarǵı shiyki zat – shigit sheluxası, salınıń qabıǵınan texnikalıq etil spirit, furfurol, azıqlıq ashıtqıları (qamır ashıtqı)na usaǵan ónimler islep shıǵarılǵan. 90-jıllardıń basınan baslap zavodlarda ǵalleden etil spirit islep shıǵarıla basladı. Nátiyjede azıq-awqat, medicina, iyisli suw hám basqa sanaat tarmaqlarına kerek spirtti sırttan alıp keliw toqtatıladı.

Ózbekstanda tábiyǵıy gazden janılǵı ornına da, shiyki zat ornına da paydalanıw paydalı. Tábiyǵıy gazden ximiyalıq talshıq islep shıǵarıw Rossiadaǵıdan 40-50 procent arzan túsedi. Gazli, Múbárek, Úshqır, Adamtas, Shortan sıyaqlı tábiyǵıy gaz kánlerinen alınıp atırǵan gaz joqarı kondensatlılıǵı menen ajıralıp turadı (34-súwret). Gaz kondensatı organikalıq sintezdiń tiykarı bolıp esaplanadı. Onıń hár tonnasınan 50 kg jasalma kauchuk, 150 kg plastik massa, 150 kg jasalma talshıq, 100 kg eritiwshi zat, 400 kg motor janılǵısın alıw múmkin.

**1.** Ximiya sanaatınıń tarmaqlar aralıq baylanısın modelde kórsetiń.
**2.** Ximiya kárxanaların jaylastırıwda qanday faktorlar esapqa alınǵan?
**3.** Wálayatıńızdaǵı ximiya sanaatı kárxanası qanday shiyki zattan paydalanadı?
**4.** Jazıwsız kartaǵa ximiya sanaatı kárxanaları jaylasqan qalalardı belgileń.

## 17-sabaq QARA METALLURGIYA

*11-sabaqtan qara mettallurgiyanıń jalpı sanaat ónimindegi salmaǵın anıqlań.*

Mettallurgiya kompleksi eki tarmaqtı: qara metallurgiya hám reńli metallurgiyanı óz ishine aladı.

***Qara metallurgiya*** – temir rudasın qazıp shıǵarıw, shoyın, polat eritiw, prokat hám ferroeritindiler islep shıǵarıwdan ibarat.

Házirgi zaman mettallurgiyası ushın, birinshiden, metaldıń tiykarǵı bólegin mettallurgiya kombinatlarında islep shıǵarıw xarakterli (35-súwret). Mettallurgiya shiyki zattı izli-izinen qayta isleytuǵın




*35-súwret.* Mettallurgiya kombinatındaǵı cexlar sxeması.

kombinatlardıń úlesi úlken boladı. Sebebi, kombinatlarda birden temir rudasınan domna peshlerinde shoyın eritip alınadı, suyıq shoyın hám temir-tersekten (metallomnan) polat eritetuǵın (marten, converter, elektr) peshlerde polat eritiledi, al polattan tayar ónim – prokat alınadı.



*36-súwret.* Metallurgiya zavodı.

Ilim-texnikanıń rawajlanıwı metall eritiwidiń shıǵındısız texnologiyasın, metall alıwdıń jańa, ónimli usılların engiziwge alıp kelmekte, bul polattıń sapasın jaqsılaw hám prokattıń hár qıylı túrlerin alıwdı támiyinlenedi. Metall alıwdıń eń jańa usılı metaldı domnasız, yaǵnıy rudanı eritpey-aq onnan metaldı ajıratıp alıwdan ibarat.

Qara metallurgiyada óndiris úzilissiz oraylasıp bara beredi.



***Metallurgiya kombinatları*** kóp muǵdarda shiyki zat hám janılǵı isletedi. Sol sebepli olar shiyki zat yamasa janılǵı bazalarına jaqın jerlerde, geyde olardıń ortasına qurıladı. Bul metallurgiya kárxanasın (kombinat) jaylastırıwdıń áhmiyetli shárti.

Bunda suw, elektr energiyası hám tábiyǵıy gaz benen támiyinlew hám tábiyattı qorǵaw imkaniyatları da itibarǵa alınadı.

Birinshi metallurgiya kárxanası – Bekabad metallurgiya zavodı 1946-jılı iske qosıldı (36-súwret). Zavodta polat hám prokat islep shıǵarıw barǵan sayın artpaqta. 1950-jılı 119 mln tonna polat eritilgen, 76 mıń tonna tayar prokat islep shıǵarılǵan bolsa, házirde bul kórsetkish bir neshe barabarǵa ósken. Biraq zavodtıń ónimi mámlekettiń metalǵa bolǵan talabın qanaatlandıra almay atır. Nátiyjede qońsı mámleketlerden kóp muǵdarda metall alıp keliwge májbúr bolmaqta.

Házirgi waqıtta shet elden alıp keltirilip atırǵan elektrotexnika polat, qańıltır (list), túrli profillerdegı prokatlar, sımlar, shoyın ónimlerine talap kúsheymekte. Mámleket ekonomikanı rawajlandırıw ushın kerekli bunday ónimlerdi shetten alıp keliw kelshekte de dawam ettirilse, sarıplanǵan qárejetler kóbeyip, olardıń básekelesiwi páseyedi. Bul mámlekettiń ekonomikalıq paydası hám qáwipsizligine keri tásir kórsetedi.

Búgingi kúnde qara metallurgiya tarmaqın rawajlandırıwdı támiyinlewshi

http://eduportal.uz

innovacion ilajlardı ámelge asırıw dáwir talabına aylanbaqta. Bunday jaǵdayda innovaciyanıń tiykarǵı baǵdarları tarmaqdıń óndiris ónimliligin joqarılatıw, ónimlerdiń assortimentin keńeytiw, sapasın jaqsılaw, kólemin kóbeytiriw arqalı rawajlandırıw bolıp esaplanadı. Ózbekstanda bunıń ushın iri jáne minizavodlardaǵı polat tayarlawda ónimdarlıǵı joqarı bolǵan elektr pechlerinen paydalanıw, tarmaq iskerligin polat-prokat islep shıǵarıw sxeması boyınsha shólkemlestiriw, rudadaǵı temir muǵdarı salıstırmalı az kánlerdi de ózlestiriwge tuwrı keledi.

Metallurgiya agregatlar quwatınıń kóbeyiwi islep shıǵarıw proceslerin mexanizaciyalaw hám avtomatlastırıwǵa, texnologiyalardı jetilistiriwge alıp keledi, ónimniń ózine túser bahasın arzanlastırıp, miynet ónimdarlıǵın 20-30 procentke kóteredi.

Qara metallurgiyanı rawajlandırıw tiykarında elimizde bar bolǵan temir rudasınıń kánlerin ózlestiriw, rudalardı qayta islewdiń nátiyjeli texnologiyaların tańlaw hám ámeliyatta qollaw menen baylanıslı mashqalalar ushıraydı. Bizde miynet, gaz, energiya resursları jeterli, tarmaqdıń ónimlerine mútájlik joqarı ekenligin Rossiya, Qazaqstan hám Ukrainadan alıp kelinip atırǵan qara metallardıń ornın basıwshı qosımsha prokat islep shıǵarıw quwatların shólkemlestiriw abzallıǵın dálilleydi.

Iri sanaat kárxanalrı mámleket ekonomikasın rawajlandırıw, xalıq bántligin támiyinlewde áhmiyetli orın tutadı. Tashkentte qurılıp atırǵan ***Tashkent metallurgiya zavodı*** usılardan biri bolıp esaplanadı. Ulıwma jer maydanı 100 gektardan ibarat bolǵan kárxananıń qurılıs jumısların 2 jılda juwmaqlaw rejelestirilgen. Zavodta Italiya, Germaniya, Avstraliya sıyaqlı mámleketlerde islep shıǵarılǵan aldıńǵı hám zamanagóy úskeneler alıp kelinedi. Kárxanada avtomobillerge kuzov islep shıǵarıw ushın metall listler, qurılısta isletiletuǵın túrli metall cherepicalar, profnastil jáne xojalıq texnikaları ushın metall listler tayarlanadı.

Kárxana tolıq quwatta iske túsirilgennen keyin, jılına 500 million dollarlıq ónim islep shıǵarılıwı, 1000 nan aslam jumıs ornı ajıratılıwı kútilmekte.

Tashkent qalasındaǵı Turin politexnika universiteti, Islam Karimov atındaǵı Tashkent mámleketlik texnika universiteti hám tarmaqǵa qánigelesken kásip-óner kollejlerinde bul kárxana ushın qánigeler tayarlaw kózde tutılǵan.

**1.** Qanday metallurgiya kárxanasın tolıq cikldegi zavod yamasa kombinat dep ataydı?
**2.** Rayonıńızda toplanǵan temir-tersek qay jerge, qanday transportta tasılatuǵını tuwralı oylap kóriń. Soń temir-tersek aparılatuǵın joldı kartadan anıqlań.

http://eduportal.uz

# 18-sabaq REŃLI METALLURGIYA

*11-sabaq temasınan reńli metallurgiyanıń jalpı sanaat ónimindegi salmaǵın anıqlań.*

***Reńli metallurgiya:*** a) reńli metallardı qazıp shıǵarıw, b) bayıtıw, v) eritiw; g) eritindiler islep shıǵarıwdı ózinde birlestiredi. Reńli metallurgiya mámleketti elektrlestiriw, ónıń qórǵanıw qúdiretin bekkemlew, atom texnikasın, samolyot, raketa islep shıǵarıwın rawajlandırıw, uluwma mashina islep shıǵarıw hám ximiya sanaatı ushın júdá zárúrli.

Reńli metallar bir neshe toparlarǵa bólinedi. Bul bóliniw tiykarında reńli metallurgiya – awır metallar metallurgiyası, jeńil metallar metallurgiyası hám basqalarǵa bólinedi (37-súwret).

| Negizgi tóparlar | | | Basqa tóparlar | |
|---|---|---|---|---|
| Awır metallar | Jeńil metallar | Qımbat bahalı metallar | Qıyın eriwshi metallar | Siyrek gezlesetuǵın |
| Mıs, qalayı, qorǵasın, nikel, cink | Alyuminiy, magniy, titan | Altın, gúmis, platina | Volfram, molibden | Uran, germaniy hám basqala |

*37-súwret.* Reńli metallardıń toparlarǵa bóliniwi.

Burınları Ózbekstanda tek qımbat bahalı metallar qazıp shıǵarılǵan. Házirgi waqıtta awır metallardı da, eriwi qıyın metallardı da qazıp alıw jolǵa qoyılǵan. Bulardı alıw ushın júdá kóp elektr energiyası jumsaladı. Bunday óndirisler kóp elektr energiyasın talap etiwshi óndiris dep ataladı.

Mámleketimizde altın, mıs, qorǵasın, cink, volfram, molibden hám basqa reńli metall rudalardıń qorı kóp. Tek mıs kánleriniń ózi 15 ten asadı.

*Kartadan mıs kánleriniń ornın anıqlań.*

Angren-Almalıq kán sanaatı rayonı mámleketimizdiń reńli metallurgiya sanaatında ayrıqsha áhmiyetke iye. ***Mıs rudası*** quramında mólibden, altın, gúmis usaǵan metallar birgelikte gezlesedi. Bul jerde mıs eritiw zavodı hám Almalıq kán-metallurgiya kombinatı islep turıptı. Kombinat Qalmaqqırkán, qorǵasın kánleri, qorǵasın-cink ***bayıtıw fabrikası,*** elektr stanciyası hám bir neshe járdemshi kárxanalardan ibarat (38-súwret). Kánshilerdiń abat qalası bolǵan – Almalıq kán ózlestiriwdıń barısında qurılǵan.



http://eduportal.uz




*38-súwret.* Alyuminiy islep shıǵarıw.



***Bayıtıw fabrikası*** – rudanıń kereksiz qospaların shıǵarıp taslaw yamasa jańa zatlardı qosıw jolı menen paydalı táreplerin arttırıwshı kárxana.

Reńli metallurgiyanıń ónimleri – ***volfram*** hám ***molibden*** islep shıǵarıw tez rawajlanbaqta. Volframnıń eriw temperaturası júdá joqarı (3370°C). Joqarı temperaturalı pechlerdi qızdıratuǵın elementleri hám elektr lampochkanıń qızatuǵın sımları volframnan islengen. Chirchiq qalasındaǵı qıyın eriytuǵın qattı eritindiler zavodı mámlekettegi oǵada áhmiyetli kárxanalardan esaplanadı. Bul kárxana óniminen elektrotexnika, mashina islep shıǵarıw, ásbap-úskeneler soǵıwda hám basqa sanaat tarmaqlarında keń paydalanıladı.

***Reńli metallar*** bahalı ózgesheliklerge iye. Olardıń ayırımları (qalayı, qorǵasın, nikel) tat basıw (korroziya)ǵa shıdamlı, al basqaları (titan, volfram) ıssılıqqa shıdamlı yamasa elektr togın jaqsı otkeredi (alyuminiy, mıs, gúmis, altın). Angren kómir ańgarında alyuminiy shiyki zatı bolǵan – kaolin ılayınıń kóp qorı bar. Orta Chirchiq plavik shpat kombinatında bolsa alyuminiydi elektroliz usılı menen alıwda isletiletuǵın plavik shpat tayarlanadı.

***Altın*** – siyrek gezlesetuǵın metall. Ol jer astında da, ıǵallıqta da óziniń qásiyetin joyıtpaydı. Biraq onı izlep tabıw hám taw jınıslarınan ayırıp alıw júdá kóp miynetti jáne qárejetti talap etedi. Altın siz bilgen zergerlikten basqa elektronika, kompyuter islep shıǵarıwda, kosmoslıq kemelerde, atom reaktorlarında kóp qollanıladı. Bir atom reaktorınıń ishki diywalı 16 kg altın menen qaplanadı.

Samarqand penen Buxara aralıǵındaǵı tawlardan bunnan 2000 jıl burın da altın qazıp alınǵan. X-XIII ásirlerde kán sanaatı óz zamanına say joqarı dárejede

http://eduportal.uz

rawajlanǵan. XIX ásirde Rossiya imperiyası Turkistandı basıp alǵannan soń bar kánlerdi kartalarǵa túsirdi. Altın izlew jumısların barlıq orınlarda kúsheytti. XX ásirdiń ortalarınan baslap ózbek alımlarınıń izleniwleri tiykarında ***Murıntaw, Shodak, Zarmitan, Qosbulaq, Qızılalma, Marjanbulaq*** altın kánleri anıqlandı. 1969-jılı dáslepki altın quyması quyıldı. Sol waqıttan baslap altın qazıp alıw sanaatı qáliplesti.



Ózbekstan altın qazıp shıǵarıw boyınsha dúnyada ***jetinshi***, al ǴMDA mámleketleri arasında ***ekinshi orında*** turadı.

Mámleketimizde altın qazıp alıw sanaatınıń taǵı bir iri orayı – Nawayı kán-metallurgiya kombinatı bolıp tabıladı. Murıntaw káni Ózbekstanda ǵana emes, Evraziyadaǵı altın kánleri ishinde eń úlkeni bolıp, ruda qazıp alınǵan orınnıń kólemi 2x4 km, al tereńligi 400 metrden aslam ańızlardaǵı úlken uranı esletedi (39-súwret).

Altınnan keyin turatuǵın qımbat bahalı metall – bul ***gúmis***. Qurama taw dizbeklerinde iri gúmis kánleri tabılǵan. Tashkent aldı rayonında gúmis kóp muǵdarda qazıp alınbaqta. Qızılqumda gúmis islep shıǵarıwdı kóbeytiw boyınsha úlken ilajlar ámelge asırılıp atır. Házirgi kúnge kelip quramında altın hám gúmis bolǵan 30 dan aslam ruda kánleri anıqlanǵan.



*39-súwret.* Murıntaw altın káni.

Metallar ekonomikada túrli maqsetler ushın isletiledi. ***Mıs*** taza halında da, qalayı menen (bronza), nikel menen (melxior), alyuminiy menen (dyuralyuminiy), cink penen (latun) eritindi halında da elektrotexnikada hám mashina islep shıǵarıwda keń paydalanıladı. ***Qorǵasın*** akkumulyatorlar hám elektr kabellerin islep shıǵarıwda qollanıladı. Temir buyımlar tat baspawı ushın cink penen sırlanadı. Qalayıdan aq qańıltır hám podshipnikler soǵıwda paydalanıladı. Mámleketimizde  gúmis, uran, volfram hám basqa qımbat bahalı ruda kánleri de bar.



1. Geografiya atlasınan Ozbekistannıń qaysı aymaqlarında qanday reńli metallar qazıp shıǵarılıwın anıqlań.
2. Reńli metallurgiyanıń shiyki zatına kompleksli islew beriwshi kombinatlardı qurıwdıń paydalı ekenliginiń sebebi nede?
3. Oqıw atlasınan paydalanıp, jazıwsız kartaǵa reńli metallurgiya orayların belgileń.

http://eduportal.uz

## 19-sabaq MASHINA ISLEP SHÍǴARÍW HÁM ONIŃ TARMAQLARİ

*11-sabaq temasınan mashina islep shıǵarıwdıń jalpı sanaat ónimindegi salmaǵın  anıqlań.*



***Mashina islep shıǵarıw kompleksi*** – ekonomikanıń barlıq tarawları ushın mashina hám ásbaplar islep shıǵarıwshı, xalıqtı televizor, muzlatqısh sıyaqlı hár túrli qollanıwshı buyımlar menen támiyinlewshi sanaat tarmaqlarınıń uyǵınlıǵı.

Mashina islep shıǵarıw mámleket ekonomikasınıń jetekshi kompleksi esaplanadı (40-súwret). Sebebi ekonomikanıń hesh bir tarmaqı mashinalar menen támiyinlenbese rawajlana almaydı. Házirgi zaman mashinasın tayarlaw ushın kóp muǵdarda metall, plastmassa, boyawlar, rezina, gezleme, aǵash-taxtay kerek boladı.

Mashinalar mıńlaǵan detallardan tayarlanadı. Bunshelli hár qıylı detallardı tek bir zavodta soǵıw qolaysız hám nátiyjesiz boladı. Sol sebepli mashina islep shıǵarıwda ***detallar soǵıwǵa qánigelesiw,*** yaǵnıy tayyar ónimniń ayırım detalların hám bóleklerin soǵıw keń rawajlanǵan.

Sonlıqtan, mashinalar ushın ayırım detallardı islep shıǵaratuǵın kóp sandaǵı mashina islep shıǵarıwshı zavodların bir-biri menen, sonday-aq metall, plastmassa, rezina hám basqalardı jetkerip beretuǵın (basqa tarmaq) kárxanaları menen óndirislik baylanıslar bolıwın, yaǵnıy ***kooperativlesiwlerdi*** talap etedi. Biraq bunday islep shıǵarıwdı transportsız ámelge asırıw múmkin emes. Sol sebepli mashina islep shıǵarıw tarmaqların jaylastırıwda qolaylı transport magistrallarınıń bolıwı, álbette esapqa alınadı.




*40-súwret.* Mashina islep shıǵarıw kompleksi tarmaqları.

Mashina islep shıǵarıwshı kárxanalar ushın tájiriybeli jumısshı ham ilimiy texnikalıq qánigeler jeterli bolıwı kerek. Sol sebepli mashina islep shıǵarıwshı

http://eduportal.uz




*41-súwret.* Mashina islep shıǵarıw zavodının quramı.

kárxanaların jaylastırıwda qarıydardıń jaqınlıǵı hám metallurgiya bazası da esapqa alınadı.

Mashina islep shıǵarıwshı buyımlar quramalı úskenelerde, tájiriybeli miynettiń esabınan jaratıladı. Orta esapta hár bir mashinanıń ózine túser bahası oǵan sarıplanǵan shiyki zat – metalldıń ózine túser bahasınan júz ese zıyat boladı (41-súwret).

Mashina islep shıǵarıwdıń túrli tarmaqları metalldı birdey muǵdarda isletpeydı. Eger bir dana mashinanı soǵıw ushın kóp metall (yamasa basqa kóp material) kerek bolsa, bunday mashina islep shıǵarıwdı kóp metall yamasa ***kóp material talap etiwshi mashina islep shıǵarıw*** deydı. Kán hám metallurgiya ásbap-úskenelerin, temir jol vagonların islep shıǵarıw buǵan mısal boladı.

Solay etip, sarplanatuǵın material hám maman jumısshılardıń sanı, shiyki zat hám tayar mashinalardı tasıw sharayatı mashina islep shıǵarıw zavodların: a) transport magistralları; b) maman kadrlar; v) tutınıwshılar; g) iri metallurgiya kárxanaları bar jerlerde jaylastırıw baǵdarların belgilep beredi?

Ózbekstannıń ekonomikası ushın ázeliy qánigeli tarawları bolǵan paxta, pille, kenep jetistiriw hám olardı qayta islew qol miynetin kóp talap etedi. Sol sebepli awıl xojalıǵınıń qánigelesken tarawların mexanizaciyalawdı támiyinleytuǵın, yaǵniy jer súriw, daqıl egiw hám islew beriw, zúráátti jıynap alıw jáne tayyar shiyki zattı qayta islegende qollanılatuǵın mashinalar menen ásbap-úskeneler soǵıp beretuǵın mashina islep shıǵarıw tarmaqları júzege keldı.



Tashkenttegi ***«Tashqishloqmash», «Ózbekqishloqmash»*** hám Chirchiqtaǵı ***«Chirchiqqishloqmash»*** usaǵan zavodlar awıl xojalıǵı mashina islep shıǵarıwınıń negizgi kárxanaları esaplanadı.

Bul zavodlar paxtashılıq ushın traktor seyalkaların, kultivatırlardı, paxtanıń paqalın oratuǵın, górek teretuǵın hám ǵórek shıǵaratuǵın, tóqindi aralastıratuǵın, awıl xojalıǵı zıyankeslerin joq qılıwda záhárli ximikatlardı búrkeytuǵın mashinalardı islep shıǵaradı. 1994-jılı Ózbek-Izrail qospa kárxanasında paxta teretuǵın mashinanıń jańa modeli jaratıldı (42-súwret).

Suw saqlaǵıshlardıń, kanallardıń qurılısında hám olardı ılaydan tazalawda, suwdıń qáddın kóteriwde, uluwma irrigaciyada qollanılatuǵın mashinalar islep shıǵarıwshı ***irrigaciya mashina*** islep shıǵarıwı da agrosanaat kompleksiniń talabına say júzege keldı. Irrigaciya mashina islep shıǵarıwınıń orayı Andijan wálayatı esaplanadı.

Paxtashılıq rawajlanǵan sayın traktorlarǵa, paxta tasıytuǵın mashinalar menen mexanizmlerge zárúrlik artıp baradı. Sonıń ushın Tashkent traktor zavodı – TTZda universal traktorlar, paxtanı qap-qanarsız tasıwǵa móljellengen awdarmalı tirkemeler islep shıǵarıla basladı.

Tashkent, Andijan, Samarqand hám Kattaqorǵanda paxta tazalaw jáne may sanaatı ushın mashina hám úskeneler islep shıǵaratuǵın mashina islep shıǵarıw zavodları jaylasqan. Milliy ekonomikada, ásirese awıl xojalıǵında mashinalar menen mexanizmler kóplep qollanılıp atırǵanlıqtan olarǵa zárúrli awısıq bólekler jetkerip beretuǵın jáne ońlaytuǵın kárxanalar barlıq wálayatlarda derlik qurılǵan. Samarqandtaǵı «Paxtamash» zavodı zárúrli awısıq bólekler islep shıǵaratuǵın kárxanalardıń eń irisi.

Baǵmanshılıq, júzim hám palız eginlerin egiwde qollanılatuǵın mashina hám maslamalar «Orta Aziyaqishloqmash» birlespesinde ishlep shıǵarılmaqta.



*42-súwret.* Paxta teriw mashinası.

Ótken ásirdiń ortalarınan baslap ***elektrotexnika sanaatı*** óz aldına tarmaq sıpatında qáliplesti. Onnan aslam elektrotexnika zavodları isledi. EEM islep shıǵaratuǵın «Algoritm» zavodına tiykar salındı. EEM ushın mikroelektronika elementleri, mikrosxemalar, uzaqtan turıp basqarıw sistemaları hám basqa ónimler islep shıǵaratuǵın

«Zenit» zavodı iske qosıldı. 1990-jılı koncern «Ózeltexsanaat» birlespesine aylandırıldı. Birlespeniń quramında 50 den aslam kárxana islep tur. Birlespeniń kárxanaları menen Rossiya, Turkiya, Qubla Korea, AQSH, Singapur hám basqa mámleketlerdiń firmalarınıń birge islesiwiniń arqasında 20 dan aslam qospa kárxanalar shólkemlestirildı.



*43-súwret.* Xojalıq texnika kárxanası.

***Radioelektronika hám elektronika*** respublika mashina islep shıǵarıw kompleksiniń tez rawajlanıwshı, keleshegi bar tarmaǵı esaplanadı (43-súwret). Mámleketimizde altın, gúmis, mıs, cink, kremniy, volfram, kaolin, kvarc qumı, uran shiyki zatı usaǵan siyrek gezlesetuǵın ruda kánleri jáne jetkilikli jumısshı kúshiniń bar ekenligi tarmaqtıń turaqlı rawajlanıwın támiynleydı.



Házirgi waqıtta mashina islep shıǵarıw tarmaqlarında 100 mıńǵa jaqın adam miynet etpekte.

Toqımashılıq sanaatınıń rawajlanıwı shiyki zatqa ǵana baylanıslı bolmastan, onı házirgi zaman toqıw stanokları, ásbap-úskeneleri menen támiyinlewge de baylanıslı. Bunday qurallardı «Ózbektoqımashılıqmash» birlespesinde islep shıǵarıladı. Birlespe kárxanaları Tashkent, Qoqan, Jizzax qalalarında jaylasqan.

***Ximiya hám neft-ximiya*** mashina islep shıǵarıw 1941-jılı sholkemlesken. Onıń iri kárxanası Chirchiq qalasındaǵı «Ózbekximiyamash» zavodı áwele ximiya, mikrobiologiya, cellyuloza-qaǵaz sanaatı kárxanaları ushın úskene islep shıǵaratuǵın edi. Házirgi waqıtta ximiya úskeneleri, turbokompressorlar, ventilyatorlar, nasoslar islep shıǵarıp atır. Tashkent «Kompressor» zavodında qospa kompressor stanciyaları islep shıǵarıladı. Al Namanganda neft hám gaz qudıqları ushın qural-saymanlar islep shıǵarıladı.

***Kommunal xojalıǵınıń mashina islep shıǵarıwı*** tarmaǵında Samarqand lift soǵıw zavodı islep atır. Zavodta jolawshı hám júk liftleri, aǵashtı jonıwshı stanoklar islep shıǵarıladı.

Mashina islep shıǵarıw kárxanalarınıń keleshegi hám aymaqlıq jaylasıwın adam faktorı belgileydi. Awıl xalqın jumıs penen támiyinlew maqsetinde mashina bóleklerin islewge qánigelesken kishi kárxanalar awıllarda qurılmaqta.

Ótken ásirdiń ortalarına shekem Ózbekstan mashina islep shıǵarıw tek awıl xojalıǵı mashinaların islep shıǵarǵan hám olardı ońlaw jáne paxtanı qayta islewshi kárxanalarǵa mashina hám úskeneler jetkerip bergen edi. Al

http://eduportal.uz

endi bolsa mashina islep shıǵarıw kompleksiniń yarımı ǵana agrosanaat kompleksi menen baylanıslı.

Keyingi waqıtlarda Ózbekstanda mashina islep shıǵarıwda dástúriy tarmaqlardı rawajlandırıw menen bir qatarda az metall hám kóp miynetti talap etetuǵın tarmaqlar tez rawajlandı. Nátiyjede kóp tarmaqlı mashina islep shıǵarıw payda boldı.

**1.** Ǵárezsizlik jıllarında mashina islep shıǵarıwdıń qaysı tarmaqları tez rawajlandı?
**2.** Transport mashina islep shıǵarıwdıń quramında qanday ózgerisler júz berdi?
**3.** Óndiristiń qánigelesiwi hám kooperaciyalasıwı ne ushın usı mashina islep shıǵarıwǵa áhmiyetli hám zárúr bolıp esaplanadı?
**4.** Ózbekstanda awıl xojalıǵı mashina islep shıǵarıwınıń payda bolǵanın qalay túsindire alasız?
**5.** Irrigaciya mashina islep shıǵarıwınıń orayı qaerde?
**6.** Rayonıńızda mashina islep shıǵarıwdıń qanday kárxanaları bar?

## 20-sabaq

## AVTOMOBIL ISLEP SHÍǴARÍW

Avtomobil islep shıǵarıw Ózbekstanda ǵárezsizlikten soń qáliplese basladı. 1992-jılı Ózbekstan Respublikası Qubla Koreyanıń ***«DAEWOO»*** kompaniyası menen birgelikte Andijan wálayatınıń Asaka qalasında paxta tasıytuǵın tirkemeler zavodı tiykarında jeńil avtomobiller islep shıǵaratuǵın «Óz-Daewoo Avto» (házirde ***«GM Uzbekistan»***) avtomobil zavodı qurıla basladı. 1996-jılı dáslepki «Damas» ***«Tiko» «Nexia»*** markalı jeńil avtomobiller zavod konveyerinen shıǵa basladı. Bul jas hám keleshegi bar taraw neft-ximiya, elektronika sıyaqlı basqa milliy ekonomikanıń joqarı texnologiyalıq tarawlarınıń ózine tán lakomotivi boladı.

Korealıq, italiyalıq, gollandiyalıq hám amerikalıqlar menen birge islesip, kompaniya barqulla respublikada islep shıǵarılatuǵın toplawshı bólekler úlesin asırıp kelmekte. Dáslepki jılı avtomobil bólekleriniń 20 procenti Ózbekstanda tayarlanǵan bolsa, 5 jıl ótkennen keyin bul kórsetkish 60 procentke jaqınlastı. Házir bul kórsetkish 85 procentti qurap, avtomobil islep shıǵarıwshı kárxanalardıń mámleketlik kólemindegi ***kooperaciyası*** joqarı dárejege kóterildi. Búgingi kúnde respublikanıń 250 den aslam kárxanaları oziniń islep shıǵarǵan ónimlerin Asaka qalasındaǵı avtozavod konveyerine jetkerip bermekte (44-súwret).

Jergiliklestiriw joybarların iske asırıw isbilermenlik ruwxın rawajlandırıwǵa járdem berip, qosımsha jumıs orınları jaratıladı.

http://eduportal.uz




*44-súwret.* Asakadaǵı avtomobil zavodınıń basqa kárxanalar menen baylanısları.



Ózbekstan jer júzinde avtomobil islep shıǵarıwshı 28-mámleket. «GM Uzbekistan» zavodı ***«Damas», «Nexia», «Lacetti», «Chevrolet Captiva», «Spark», «Malibu»*** sıtaqlı avtomobillerin islep shıǵarmaqta.

Respublika jalpı ishki ónimi uluwma kólemde avtomobil islep shıǵarıwshılardıń úlesi jıldan jılǵa artıp barmaqta.

Dúnya bazarında kúsheyip baratırǵan konkurenciya kompaniyadan barqulla, zamanagóy texnologiyalardı, ilimiy hám dizaynerlik islengen zatlardı usınıwdı talap etpekte. Keleshekte jas qánigelerdi tayarlaw, qánigelesken kásip-óner kolledjlerin payda etiw, sociallıq proektlerde qatnasıw, jumısshılardıń intelektual imkániyatların marapatlaw áhmiyetli wazıypa esaplanadı.

Ózbekstanda islep shıǵarılǵan avtomobillerdiń eksport kólemi artıp, geografiyası keńeyip barmaqta (45-súwret). Bir ǵana Rossiya Federaciyasında 750 mıńnan aslam bizde islep shıǵarılǵan avtomobiller háreketlenbekte. Ózbekstan Rossiyaǵa avtomobil satıw boyınsha Chexiya, AQSH, Ukraina hátte Franciyadan da aldında turadı.

Jeńil avtomobillerden basqa Ózbekstanda Yaponiyanıń ISUZU hám Germaniyanıń MAN kárxanaları menen birgelikte qurılǵan qospa kárxanalarda avtobuslar, júk mashinaları, túrli arnawlı texnikalar islep shıǵarıw jolǵa qoyıldı (46-súwret). Házirde bul kárxanalar avtotransporttıń 30 dan aslam túrin islep shıǵaradı. Joybardı islep shıǵıw dáwirinde «SamAvto» qospa kárxanasınıń támiyinlewshisi bolıwı múmkin bolǵan kárxanalar anıqlandı. Olardıń arasında: lak-boyaw, otırǵısh hám detallar jáne kóplep basqa buyımlar islep shıǵarıw boyınsha Ózbekstan-Qubla Koreya qospa kárxanaları bar. Keleshekte jergilikli islep shıǵarıw úlesi avtobuslardıń 56 hám juk mashinalarınıń 44 procentin qurawı kerek. Bul mámleketimizdiń mashina islep shıǵarıwı oziniń bekkem poziciyasına hám jarqın keleshegine iye ekenliginen derek beredi.

Ózbekstanda avtomobil islep shıǵarıw sanaatı rawajlanar eken, túrli aymaqlarda sanaat kárxanaları qurılıp bardı. Solardan, «GM Uzbekistan» akciyadarlıq jámiyetiniń Xorezm wálayatı filial jáne de Tashkenttegi «GM Powertrain Uzbekistan» avtomobil dvigatelleri zavodları iske tústi




*45-súwret.* Ózbekstan avtomobilleriniń eksportı.



http://eduportal.uz

ÓZBEKSTAN AVTOMOBIL ZAVODLARÍ

BÚGINGI KÚNDE ÓZBEKSTAN AVTOMOBUL SANAATÍ USHÍN KEREKLI BÓLEKLER ISLEP SHÍǴARATUǴÍN KÁRXANALAR SANÍ 250 GE JETTI




*46-súwret.* Ózbekstandaǵı avtomobil islep shıǵarıwdıń iri kárxanaları.

Xorezm wálayatı filialı mámleketimiz avtomobil islep shıǵarıw sanaatı quramında ekonomikamız rawajına salmaqlı úles qosıp atırǵan kárxanalar bolıp esaplanadı. Filial jılına 40 mıń avtomobil islep shıǵarıw quwatına iye bolıp, «Damas», «Labo», «Orlando» markalı avtomobiller islep shıǵarıladı.

Mámleketimizde avtomobil sanaatın rawajlanıw boyınsha 2017-jıl jáne bir qádem qoyıladı. «Ózavtosanaat» AK hám Franciyanıń «Pejo Citroen» topari ortasında Ózbekstanda jeńil sawda avtomobillerdi islep shıǵarıwshı qospa kárxana qurıw boyınsha kelisiwge qol qoyıldı. Kelisim boyınsha, jańa kárxana «Jizzax» erkin ekonomikalıq zonasında qurıladı. Zavod «Peugeot» hám «Citroen» brendlerinde jolawshı hám júk tasıwǵa mólsherlengen jeńil sawda avtomobillerin islep shıǵarıwǵa qánigelestiriledi. Qospa kárxana hár eki tárептiń teń úlesi tiykarında jumıs alıp baradı.

Qurılısı rejelestirilip atırǵan qospa kárxanada jılına 16000 avtomobil islep shıǵarıladı. Olardı Ózbekstanda, sonday-aq, uzaq hám jaqın shet ellerdegi eksport bazarlarında satıw rejelestirilmekte.

1. Asakada islep shıǵarıp atırǵan avtomobil bóleklerin pútkil mámleketimizde islep shıǵarıw arqalı qanday mashqalalardıń sheshiliwine jol ashıladı?
2. Avtomobil ushın bóleklerdi mámleket aymaǵı boylap mayda kárxanalarda tayarlaǵan maqulma yamasa barlıq bóleklerdi Asaka qalasında islep shıǵarǵan maqulma? Juwabıńızdı tiykarlap beriń.

# 21-sabaq

# AǴASHTÍ QAYTA ISLEW SANAATÍ

*11-sabaq temasınan aǵashtı qayta islew sanaatınıń jalpı sanaat ónimindegi salmaǵın anıqlań.*

Toǵay sanaatı aǵash tayarlaw hám aǵashtı qayta islew tarmaqlarına bólinedi. Aǵashtı qayta islew ónermentshiliktiń bir túri sıpatında erte zamanlardan-aq belgili. Ónermentler aǵashtan arba, er, pánjere, sandıq, esik, besik, rama hám t. b. soqqan, úyler qurǵan. Aǵashtan buyım soǵıw jıllar dawamında jetilisip, jańadan-jańa sanaat tarmaqları júzege keldı (47-súwret). Ásirese aǵashtı ximiyalıq qayta islew sebepli aǵashtan buyım soǵıw isinde túpkilikli ózgerisler júz berdi.

Mámlekettiń aǵash-taxtay shiyki zatına bolǵan bir jıllıq talabı 10 mln kub metrden aspaqta. Biraq aǵash shiyki zatı bolatuǵın tábiyǵıiy toǵaylar bizde oǵada sheklengen. Sol sebepli hár jılı millionlap nál egiledi, «abadanlastırıw aylıǵı» ótedi. Toǵaylar payda etiw hám aǵash baylıqlarınan aqılǵa muwapıq paydalanıw isleri menen toǵay xojalıqları shuǵıllanadı. Respublikamızda 100 ge jaqın toǵay xojalıǵı kárxanaları, qorıqxanalar hám milliy baǵlar bar.

Toǵay sanaatınıń ónimlerinen mashina islep shıǵarıw, ximiya sanaatı, jeńil sanaat, transport hám qurılısta paydalanıladı. Óz náwbetinde toǵay sanaatı da basqa tarmaqlardan laklar, boyawlar (mebel islep shıǵarıw ushın), soda, natriy, aǵartıwshı ximikatlar (qaǵaz tayarlaw ushın), avtomashinalar, traktorlar, stanoklar (aǵash tayarlaw hám olardan buyımlar soǵıw ushın) aladı. Basqasha aytqanda, toǵay sanaatı menen basqa tarmaqlar arasında keń baylanıslar bar.

Ǵárezsizlik jıllarında Tashkent hám Asakada ***aǵashtan buyımlar soǵıw zavodları***, Tashkenttegi quyashtan qorǵanıw úskeneleri zavodında bolsa plastmassadan tereze ramaların islep shıǵaratuǵın cex iske túsirildi. Tashkentte Ózbekstan – Greciya qospa kárxanası «Óz Ellas» shırpı zavodı islep shıǵara basladı.

Aǵash shiyki zatınıń jetispewshiligi sanaatqa úlken qıyınshılıq tuwdırmaqta. Aǵashlardan únemli paydalanıw maqsetinde cellyuloza sanaatı da rawajlanbaqta.



***Cellyuloza*** — maydalanǵan hám ximiyalıq jol menen islengen aǵash massası, jasalma talshıq, qaǵaz islep shıǵarıw ushın shiyki zat boladı.

http://eduportal.uz




*47-súwret.* Aǵash tayarlaw sanaatınıń tarmaq kólemindegi baylanısları.

Mámleketimizdiń túrli múyeshinde sellyuloza hám qaǵaz islep shıǵaratuǵın kishi kárxanalar iske túspekte. Mısalı, Qaraqalpaqstan Respublikası Kegeyli rayonında jergilikli shiyki zat qamıs, biyday, salı sabanı, paxta paxallarınan sellyuloza hám qaǵaz ónimlerin islep shıǵarıwǵa qánigelesken shet el investiciyasınıń qatnasıwındaǵı kárxana qurıladı.

Ministrler Kabinetiniń 1994-jıl 8-fevraldaǵı *«Sanaat terekshiligin rawajlandırıw hám basqa tez ósetuǵın aǵash tayarlawǵa qolaylı tereklerdi otırǵızıwǵa baylanıslı ilajlar haqqında»*ǵı arnawlı Qararı toǵay sanaatında keskin ózgeris jasadı. Usı qararǵa muwapıq tereklikler maydanı hár jılı 10 mıń gektarǵa keńeyip atır. Jaqın keleshekte hár jılı 5 mln metr kub sanaatqa jaramlı aǵash tayarlanadı. Aǵash tayarlaw kárxanaları taxtay kesiw zavodlarına bórene aǵashlar jetkerip beredi. Kesilgen aǵash yaǵnıy taxtay mebel sanaatı ushın shiyki zat bolıp tabıladı. Aǵash tayarlawdaǵı shıǵındılar (shaqalar, qabıqlar, qırındılar)dan toǵay-ximiya sanaatında spirt, maylar, boyawlar islep shıǵarıladı. Sol sebepli toǵay-ximiya kombinatların qurıw júdá zárúr. Aǵash shiyki zatı jetispeytuǵın Ózbekstanda shıǵındılardı tolıq qayta isleytuǵın kombinatlar júdá áhmiyetke iye.

1. Atlastıń «transport» kartasınan wálayatıńızǵa aǵash qay jerden hám qaysı transport túri menen alıp kelinetuǵınlıǵın anıqlań.
2. Aǵashtıń jetispewshiligin joq etiw maqsetinde rayonıńızda qanday ilájlar ámelge asırılıpmaqta?
3. Terek aǵashınıń sapasına hám ekologiyalıq áhmiyetine qarap qanday abzallıqlarǵa iye ekenin botanika sabaqlarınan eske túsiriń.

http://eduportal.uz

# 22-sabaq QURÍLÍS MATERIALLARÍ SANAATÍ

*11-sabaq temasınan qurılıs materialları sanaatınıń jalpı sanaat ónimindegi salmaǵın anıqlań.*

Qurılıs materialları sanaatı milliy ekonomikanıń derlik barlıq tarmaqları menen baylanısta boladı. Zavod hám fabrikalar, úy-jaylar, jollar jáne irrigaciya qurılmalarınıń kóplep salınıwı menen qurılısqa qolaylı materiallarǵa bolǵan talap ta artıp baradı.

Qurılıs ushın áhmiyetli bolǵan ***cement*** Quvasay, Axangaran, Angren, Nawayı hám Bekabad qalalarında jáne Zafarabad kishi qalasında islep shıǵarılmaqta. Axangaran hám Nawayı cement kombinatları eń iri kombinatlardan esaplanadı. Angren gilmayası (ılayı) negizinde bezewge qolaylı aq cement islep shıǵarıladı.

2018-jılı Surxandáryada jáne bir iri sement zavodı iske tústi. Sherabad rayonında «Almalıq kán-metallurgiya kombinatı» akcionerlik kompaniyası tárepinen qurılǵan sement zavodı paydalanılıwǵa tapsırıldı (48-súwret). Usı cement zavodı oaziste qurılıs sanaatın zaman talapları dárejesinde rawajlandırıwda, zamanagóy qurılıs materialların kóbeytiw hám islep shıǵarılatuǵın ónimlerin eksportqa baǵdarlawda áhmiyetli bolıp esaplanadı.

Texnologiyalıq bólimi túrkiyalıq sherikler tárepinen ámelge asırılǵan bul zavodtıń Sherabad rayonıda qurılıwınıń ózine tán abzallıqları bar. Sebebi eń iri, yaǵnıy 708 million tonna sement shiyki zatı, solardan, 530 million tonna hák hám 178 million tonna topıraq (glina) bar kánler tap usı aymaqta jaylasqan. Usı investiciya joybarınıń ámelge asırılıwınıń nátiyjesinde bul jerge 1,5 million tonna joqarı sapalı portlandcement islep shıǵarıw jolǵa qoyıldı.

Surxandárya wálayatınıń geografiyalıq jaylasıwı tek elimizde ámelge asırılıp ǵana qoymay, qońsı mámleketler, sonday-aq Awǵanstan Respublikasında da keń kólemdegi qurılıs jumısları ushın kerek bolǵan sement óniminiń ishki hám sırtqı bazarda óz qarıydarın tabıw imkaniyatın beredi.



*48-súwret.* Sherabad sement zavodı.

Ózbekstan shıraylı hám bekkem ***mramor***ǵa bay. Elimizde tabılǵan 34 mramor kániniń besewinen mramor qazıp alınbaqta.

http://eduportal.uz

Ǵazǵan káni mramır zapasınıń kópligi, joqarı sapalılıǵı jaǵınan dúnyadaǵı eń belgili kánlerdiń biri esaplanadı. Onnan qazıp alınǵan mramor burınǵı Awqamnıń dáwirinde basqa ónimler qatarında Orayǵa tasıp alıp ketiletuǵın edi. Moskva, Sankt-Peterburg qalalarındaǵı metropolitenlerdiń kóp sandaǵı stanciyaları hám basqada qurılmalar Ǵazǵan káni mramorları menen bezelgen. Tashkenttegi Alisher Nawayı atındaǵı opera hám balet teatrı, «Ózbekstan», «Tashkent Palace» usaǵan miymanxanalar, Tashkent metropoliteni jáne basqa kóp sandaǵı saltanat qurıp turǵan sulıw mádeniy-turmıslıq xızmet kórsetiw imaratlarınıń qurılısına da usı kánniń mramorları paydalanılǵan. Tashkent qalasınan 74 km arqa-shıǵısta jaylasqan Úrkutsay káninde, qara, aq hám kúl reń mramorlar gezlesedi. Tashkent hám Ǵazalkent mramor zavodlarında mramorǵa pardoz beriledi.

***Bezewge qolaylı*** taslardıń uluwma zapasları 85 mln kub metrden asadı. Olar tastı qayta isleytuǵın kárxanalardı júz jıllar dawamında shiyki zat penen támiyinley aladı.

Chirchiq qalasınıń qasında jergilikli shiyki zat negizinde isleytuǵın ***tereze aynaların islep shıǵaratuǵın zavod*** bar. Sonday-aq, Jizzax wálayatında Qıtay kompaniyasınıń qatnasıwında baslanǵan ayna zavodı qurılısınıń birinshi basqıshı juwmaqlandı (49-súwret). Zavod iskerliginiń tolıq jolǵa qoyılıwı 2019-jılǵa rejelestirilgen. Solay etip Jizzax ayna zavodı Oraylıq Aziyada usı túrdegi ónimler islep shıǵarıwshı eń iri kárxanaǵa aylanadı.

Qurılıstıń negizlerinen biri ***temir-beton*** bolıp tabıladı. Tashkent, Ferǵana, Samarqand hám Buxara wálayatlarında temir-beton buyımları islep shıǵarılmaqta. Xorezm, Buxara hám Ferǵana wálayatlarında ***silikat blokların*** islep shıǵaratuǵın zavodlar qurılǵan. Jizzaxtaǵı silikat zavodı Mırzashól xojalıqları, qalaları hám kishi qalaları ushın dıywal blokların, panellerdi, párdiywallardı, tekshelerdi hám basqa silikat buyımlardı tayarlaydı. Imarat, kópir, jol hám basqa qurılmalar ushın barlıq bólekler arnawlı zavodlarda tayarlanadı.



*49-súwret.* Jizzax ayna zavodı.

Qurılısta tayar bóleklerdi qurılma qasına tasıp álıp keliw ádewir qıyın bolǵanlıqtan, olardı islep shıǵaratuǵın kárxanalardı jaylastırǵanda eki joldan biri tańlanadı. Úlken hám awır bólekler tayarlaytuǵın kárxanaların, negizinen, qurılıs keń kólemde alıp barılatuǵın iri



*50-súwret.* Awılda qurılǵan jaylar.

qalalarǵa, sanaat rayonlarına jaqın jerde qurıw maqsetke muwapıq keledi. Yamasa shiyki zat tuwrıdan-tuwrı qurılıs salınıp atırǵan jerge alıp kelinip, úlken qurılıslar quyma usılında da júrgiziledi. Bunda qurılıs materialları únemlenedi, texnikadan únemli paydalanıladı jáne qurılıstıń tezligi artadı.

Ǵárezsizliktiń sharapatı menen barlıq wálayatlarda qurılıs isleri misli kórilmegen dárejede háwij alıp ketti. Jańadan jańa zavod fabrikaları, shaxtalar menen kánler, avtomobil jolları hám temir jollar kóplep qurıla basladı. Qalalar hám awıllarda házirgi zamanǵa say imaratlar boy tiklemekte (50-súwret). Ásirese mámleketimizdiń paytaxtı tanıp bolmas dárejede gózzall túske endi.

Mámleketimizde awıldaǵı xalq punktleriniń kórinisin túbinen ózgertiw, úlgi bolarlıq proektler tiykarında jańa úy-jaylar qurıw, awılda jańa infrastrukturanı payda etiw esabınan awıl xalqının turmısın jáne de jaqsılawǵa turǵınlarda itibar qaratılmaqta. Sol maqsette 2009-jıldan baslap awıllıq jerlerde qolaylı hám kommunal xızmet sharayatlarına iye bolǵan jeke tártiptegi turaq jay massivlerin kompleks qurıw jumısları baslandı.



Mámleketimizdiń basqa awıllıq jerlerinde úlgi bolarlıq joybarlar tiykarında 1200 den aslam ***jańa úy-jay massivleri*** qurıldı, 117,5 mıńnan zıyat jeke tártiptegi úy-jay paydalanıwǵa tapsırıldı.

Qurılıs isleriniń háwij alıwı qurılıs materilları kompleksiniń rawajlanıwına alıp kelmekte.



1. Qurılıs materialları sanaatına shiyki zat sıpatında jáne nelerdi qosımsha qılasız?
2. Qurılıs materialları kárxanasın jaylastırǵanda tábiyǵıy sharayat, shiyki zat, jumısshı kúshi, transport faktorlarınan qaysısı áhmiyetsiz ekenin túsindiriń?
3. Ozbekistannıń tábiyǵıy baylıqları kartasında qurılıs materiallarınıń kánleri qay jerlerde jaylasqanın anıqlań.
4. Geografiya dápterińizge qurılıs materialları kompleksiniń basqa sanaat tarmaqlarına baylanıslılıǵınıń joybarın sızıń.

23-sabaq

# SANAAT HÁM EKOLOGIYALÍQ MASHQALALAR

Sanaat tábiyatqa úlken tásir kórsetiwshi, qorshaǵan ortalıqtı pataslawshı xojalıq tarmaǵı bolıp esaplanadı. Sebebi sanaat tábiyǵıy shiyki zattı alıw hám onı qayta islewden baslap nátiyjedegi ónimge iye bolǵanǵa shekemgi procesti óz ishine aladı, sonday-aq, usı proceske sanaat shıǵındılarınıń qorshaǵan ortalıqqa taslanıwıda kiredi.

Sanaat tarmaqlarınıń qorshaǵan átirapqa tásiri baǵdarına qarap parıqlanadı:

– atmosferanıń pataslanıwına tásir etiwshi tarmaqlar: jıllılıq energetikası, metallurgiya, neftti qayta islew, sement islep shıǵarıw;

– suw resurslarınıń pataslanıwına tásir etiwshi tarmaqlar: ximiya, neft-ximiya sanaatı, aǵashtı qayta islew, kómir, sút-gósh sanaatı;

– jer resurslarınıń pataslanıwı hám buzılıwına tásir etiwshi tarmaqlar: taw-kán sanaatı hám qurılıs materialların islep shıǵarıw sanaatı hám basqalar.

Búgingi kúnde qorshaǵan ortalıqtı saqlap qalıwǵa qaratılǵan barlıq ilajlar sanaattıń ekologizaciyası dep atala baslanǵan.

***Sanaat kárxanaların jaylastırıwda ekologiyalıq faktorlardı esapqa alıw.*** Ádette, sanaat kárxanaların jaylastırıwda shiyki zat, janılǵı, transport, energetika, suw hám miynet resursları sıyaqlı bir qatar dástúriy faktorlar itibarǵa alınadı.

Keyingi 10 jıllıqlarda bolsa olardıń qatarına eń áhmiyetli faktor sıpatında ekologiyalıq faktor da qosıldı. Bul faktor talapları tómendegishe boladı: qurılısı rejelestirilip atırǵan sanaat kárxanası óz iskerligi dawamında atmosfera hám qorshaǵan ortalıqqa jetkizetuǵın zıyanı aldınnan boljanadı; suw hám jer resurslarına jetkiziletuǵın zıyan, sanaat kárxanası iskerligi dawamında shıǵaratuǵın shıǵındılar muǵdarı, bunday shıǵındılardıń utilizaciya máseleleri hám utilizaciya procesinde atmosfera, suw, jer resurslarına jetkiziletuǵın zıyan muǵdarı anıqlanadı.

Ekologiyalıq faktor belgili bir aymaqta belgili bir tarawdaǵı sanaat túrin iske túsiriw yamasa túsirmewge tolıq negiz bola aladı. Sebebi ekonomikalıq kóz qarastan belgili sanaat kárxanası aymaqtı rawajlandırıw múmkin.



*51-súwret.* Sanaat hám ekologiya.

http://eduportal.uz



*52-súwret.* Ekologiyaǵa sanaat kárxanalarınıń tásiri.

Hár bir sanaat kárxanasın jaylastırıwdan aldın ol jerde ekologiyalıq ekspertiza ótkiziliwi shárt. Ekologiyalıq ekspertiza nátiyjelerine qarap, qurılısı rejelestirip atırǵan sanaat kárxanasınan alınatuǵın payda buzılǵan tábiyattı tiklew hám usı kárxana iskerligi nátiyjesinde júzege kelgen mashqalalardı joq qılıwǵa ketetuǵın qárejetlerden joqarıraq bolsa ǵana, bunday kárxana iskerligine ruxsat beriledi.

***Metallurgiyanıń qorshaǵan ortalıqqa tásiri.*** Metallurgiy kompleksi mámleketimizde tez rawajlanıp atırǵan tarawlardan biri bolıwı menen birge qorshaǵan ortalıqqa unamsız tásir kórsetiwshilerden de esaplanadı. Metallurgiy tábiyǵıy koplekslerdiń barlıq quramlıq bólimlerine tásir etedi. Taw-kán sanaatı topıraq qatlamın buzıp, landshaftlardıń «joǵalıwına» sebep boladı. Bul sanaat sebepli úlken karerler hám jer astı úńgirleri payda bolmaqta. Olar basıp qalıw hám antropogen jer silkiniw qáwpin tuwdıradı. Kóp jerlerdi metallurgiya shıǵındıları iyelep atır.

Bayıtıw fabrikalarında isletilgen suwdı aǵıwshı suwlarǵa taslaw nátiyjesi usı suwlardı jaramsız halǵa alıp kelmekte. Metallurgiya zıyanlı zatlardıń kóp muǵdarın atmosferaǵa shıǵaradı. Mısalı, gaz qaldıqları (kúkirt h.t.b.), quramında metall bolǵan shań hám basqa elementler júdá qáwipli boladı.

Bulardıń barlıǵı temir, qorǵasın, mıs, sınap muǵdarınıń kóbeyiwine alıp keledi. Olar topıraq, ósimlik hám haywanlar denesinde jıynalıp, insan aǵzasına ótkeninen keyin áste onı záhárley baslaydı.



***Awır metallar*** adam organizmindegi immunitetti tómenletip, keselleniw dárejesiniń joqarı bolıwına tásir etedi, xalıq hám tábiyat ushın úlken qáwip tuwdıradı.

Metallurgiya sanaatı shıǵındılarınıń qorshaǵan ortalıqqa únamsız tásir kórsetiwiniń aldın alıw ushın bul shıǵındılardı tolıq qayta islep, olardı paydalı ónimlerge (mısalı, shlaklı qurılıs materialına) aylandırıw, zıyansızlandırıw, atmosferaǵa hám suw saqlaǵıshlarına shıǵaratuǵın shıǵındıların tazalaw zárúr.



1. Qaysı sanaat tarmaǵı atmosferanıń pataslanıwına eń kóp unamsız tásir kórsetedi?
2. Metallurgiya kompleksine baylanıslı kárxanalardan qaysı biri ekologiyalıq mashqalanı júdá keskinlestirmekte? Bul kárxana tábiyattı bılǵamawı ushın qanday ilajdı usınıs etesiz?



http://eduportal.uz

# 24-sabaq AGROSANAAT KOMPLEKSI

Agrosanat kompleksi Ózbekstanda tarmaqlar aralıq komplekslerdiń dáslepki hám jetekshisi bolıp tabıladı. Ol awıl xojalıǵı tiykarında payda bolǵan.

*Agrosanat kompleksi (ASK)* – awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw hám onı tutınıwshıǵa jetkerip beriw procesine baylanıslı barlıq tarmaqlar jıyındısı bolıp esaplanadı.

Awıl xojalıǵı menen onıń jetistirgen ónimlerin qayta isleytuǵın jeńil hám azıq-awqat sanaatınıń tarmaqları ASK nı quraǵan. Olarǵa qosımsha awıl xojalıǵında paydalanılatuǵın mexanizmlerdi islep shıǵara alatuǵın hám olardı ońlaytuǵın kárxanalar, mineral tógin jáne ósimlik zıyankeslerine qarsı qollanılatuǵın zatlardı islep shıǵaratuǵın ximiya sanaatınıń tarmaqları da ASK ǵa kiredi. Bul tarmaqlar shınında awır sanaatqa tiyisli bolsa da, biraq olar óndiris kólemi hám jetiskenligin belgilewshi faktor ekenliginen ASK da birinshi topardı, awıl xojalıǵı ekinshi, awıl xojalıǵı ónimlerin qayta isleytuǵın tarmaqlar úshinshi topardı quraydı (53-súwret).

Ekonomikada jumısshı kúshleriniń negizgi bólegi ASK tarmaqlarında miynet etedi. Sonday-aq usaqlap satıw sawdasınıń negizgi bólegin awıl xojalıǵı ónimleri yamasa usı ónimlerdi qayta islep tayarlanǵan tovarlar sawdası quraydı. Demek, xalqımızdıń abadanlıǵı, dasturxanımızdıń bay bolıwı, jánede áhmiyetlisi, xalıqtıń jumıs penen bánt bolıwı ASK nıń jaǵdayına baylanıslı.

Biraq ǵárezsizlikke shekem bolǵan dáwirde Ozbekistanda paxta jeke




*53-súwret.* Agrosanaat kompleksi quramı.



http://eduportal.uz

hákimliginiń húkim súriwi awıl xojalıǵı tarmaqların jıynap rawajlandırıw imkanın bermedi. Usınıń aqıbetinden sanaat tovarları qatarında ayırım azıq-awqat ónimleri de sırttan alıp kelindi. Házirgi waqıtta bular eki jol menen joq etilmekte.

Birinshiden awıl xojalıǵında egin egetuǵın jerleriniń quramı ózgertirildi. Egin egetuǵın jerlerdi optimallastırıw jáne awıl xojalıq eginlerin rawajlandırıwdıń barısında hár tárepleme puxta oylanǵan siyasat alıp baratırǵan eń áhmiyetli shiyki zat hám eksportqa mas tovar esaplanǵan paxta jetistiriwdiń salıstırmalı kólemin saqlaǵan halatta basqa awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwdi bir nesh-she ese kóbeytiriwdiń imkanın berdi. Eń áhmiyetlisi, xalqımızdı azıq-awqat ónimleri menen tolıq támiyinlewge imkaniyat jarattı.



***2017-jılı*** 2000-jılǵa salıstırǵanda biyday jetistiriw 2 ese, kartoshka – 4 ese, ovosh – 4,3 ese, júzim – 2,7 ese, gósh hám sút – 3 ese, máyek – 4,8 ese kobeydi.

Ekinshiden, jerge bolǵan múlk forması ózgertirildi. Ǵárezsizlikten aldıńǵı dáwirde diyqanlardı jerge iyelik etiwden ayırdı. Nátiyjede awıl xojalıǵında islewge qızıǵıwshılıq ádewir páseydı. Búgingi kúni dıyqan xojalıǵı, fermer xojalıǵı sıyaqlı múlk iyelewshiliktiń hár qıylı formaları orın almaqta hám awıl xojalıǵında islep shıǵarılıp atırǵan ónimlerdiń negizgi bólegi olardıń úlesine tuwra kelmekte (54-súwret).

Kóp tarmaqlı fermer xojalıǵı awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw menen birge, olardı qayta islewde nátiyjeli xızmet kórsetpekte. Sanaatsız awıl




*54-súwret.* Awıl xójalıǵı ónimlerin islep shıǵarıwshılar quramı hám úlesi.

http://eduportal.uz

xojalıǵın rawajlandırıp bolmaydı. Awıl xojalıǵı sanaat (islep shıǵarıw tovarları, mineral tóginler islep shıǵarıw)tan baslanıp, (jetistirilgen shiyki zattı qayta islew) sanaat penen tamam boladı. Bul eki tarmaq ortasındaǵı baylanıs agrosanaat integraciyası dep atalıp, ol barǵan sayın tereńlesip bara beredi.

**1.** Qanday faktorlar awıl xojalıǵınıń sanaat penen integraciyalasıwın kórsetedi?
**2.** ASKdegi tiykarǵı tarmaqların aytıń hám negizgi sebebin aytıń.
**3.** Rayonıńızdaǵı ASKne tiyisli kárxanalardı dápterge jazıń.

## 25-sabaq

## AWÍL XOJALÍǴÍ

Aldıńǵı sabaqtan belgili bolǵanınday-aq, awıl xojalıǵı ASKniń ekinshi toparın quraydı. Awıl xojalıǵınıń eki áhmiyetli tarmaǵında – dıyqanshılıq penen sharwashılıqta insanlar ushın kúndelikli zárúr bolǵan azıq-awqat, sanaat ushın shiyki zat ónimleri jetistiriledi.

Barlıq shiyki zatlar sanaatta miynet predmeti, al olardı qayta isleytuǵın mashinalar ***miynet quralı*** esaplansa, awıl xojalıǵında ***miynet predmeti*** de, ***miynet quralı*** da jer esaplanadı. Awıl xojalıǵınıń zúráátliligi jerdiń jaǵdayına baylanıslı. Sol sebepli melioraciya ótkiziledi.

***Melioraciya*** – jerdiń jaǵdayın jaqsılaw ushın tegislew, suwǵarıw, shordı juwıw, terek nállerin egiw, topıraqtıń zúráátliligin arttırıw usaǵan jumıslardıń jıyındısı.

Mámleketimizde awıl xojalıǵı texnika menen jaqsı támiyinlengen. Dıyqanshılıq penen sharwashılıqtaǵı kóp qol miynetin talap etetuǵın jumıslardı mashinalar atqarıp atır. Kóp jumıs procesleri elektrlestirilgen, ximiyalıq tóginlerden, ósimlik zıyankeslerine qarsı záhárli ximikatlardan jáne sharwa mallarınıń keselliklerine qarsı gúres quralların keń paydalanılmaqta. Sonday-aq kartoshka, ovoshtıń zúráátli, tasıwǵa shıdamlı sortları egile basladı. Baǵmanshılıqta tárbiya beriwge hám jıynap-terip alıwǵa qolaylı miywe sortları jaratıldı. Nátiyjede awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw hám tayarlaw texnologiyası túpkilikli ózgerislerge ushıradı, miynet ónimliligi arttı. Bul qubılıs ***«Jasıl revolyuciya»*** dep bahalandı.

http://eduportal.uz

*«Jasıl revolyuciya»* – awıl xojalıǵın ilim, texnika jetiskenlikleri tiykarında ózgertiw.

Eger awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw egin maydanların keńeytiw hám sharwa mallarınıń sanın arttırıw esabınan kóbeyse, bunı ***ekstensivlik awıl xojalıǵı*** dep ataydı. Kerisinshe, awıl xojalıǵı jalpı onimi maydan birliginde agrotexnika qurallarınan nátiyjeli paydalanıw esabına ónimdarlıqtı kóbeytiwge erisiw hám sharwa zatların jaqsılaw esabına onıń ónimdarlıǵı kóbeyse, ol ***intensivlik awıl xojalıǵı*** dep ataladı.

Tıń jerlerdiń ózlestiriliwi hám rekultivaciya jumıslarınıń nátiyjesinde awıl xojalıǵında paydalanılatuǵın jer maydanı keńeydi. Sonıń menen bir waqıtta sanaat hám transporttıń rawajlanıwı, turaq jay maydanlarınıń keńeyiwi nátiyjesinde awıl xojalıǵında paydalanılıp atırǵan jerler qısqaradı. Jerden paydalanıw qaǵıydalarına boysınbaslıqtıń aqıbetinde ázelden paydalanılıp kiyatırǵan jerlerdiń shorlanıwı, hátte shólge aynalıwı da múmkin (55-súwret). Sonlıqtan awıl xojalıǵında paydalanatuǵın jerler bir tárepten keńeyse, ekinshi tárepten qısqarıwı da múmkin.

Awıl xojalıǵı maqsetlerinde ǵana paydalanılatuǵın jerler ***awıl xojalıǵı jerleri*** dep ataladı.

Awıl xojalıǵındaǵı baslı wazıypa – óndiristi intensivlestiriw, yaǵnıy eginlerdiń zúráátliligin hám sharwashılıqtıń ónimliligin kóbeytiw bolıp tabıladı. Jer hám suw resursları sheklengenin esapqa alıp, mámleketimizdiń awıl xojalıǵın rawajlandırıwdıń jalǵız tuwrı jolı – awıl xojalıǵın intenciv rawajlandırıw, jerlerdiń meliorativ jaǵdayın túpten jaqsılaw, selekciya jumısların tereńlestiriw, joqarı agrotexnologiyalardı usınıs etiw hám suwdan únemli paydalanıwdan ibarat.




*55-súwret.* Jerden paydalanıw dinamikası.

http://eduportal.uz

Mámleketimizde awıl xojalıǵı ónimlerin islep shıǵarıw kólemi kóbeymekte. Sonıń menen birge jedel joqarı ósiw kórsetkishleri barısında, jalpı ishki tovar kóleminde awıl xojalıǵı ónimleri úlesiniń azayıwı tendenciyası baqlanbaqta. Bul mámleketimiz ekonomikasınıń quramlıq dúzilisindegi ózgerislerdiń, yaǵnıy agrar respublikadan sanaatı rawajlanǵan industrial mámleketke aylanıp atırǵanlıǵınıń belgisi.

1. Awıl xojalıǵın rawajlandırıwdıń negizgi jolların aytıp beriń.
2. Ózbekstannıń jer baylıǵı dıyqanshılıq hám sharwashılıq arasında qalay bólistirilgen?
3. Siz jasap atırǵan rayon xojalıqlarında qanday meliorativlik ilájlar ámelge asırılmaqta?

## 26-sabaq

## DIYQANSHÍLÍQ

Awıl xojalıǵınıń uluwma óniminiń yarımınan kóbiregi dıyqanshılıqtan, al qalǵanı sharwashılıqtan alınadı. Diyqanshılıqta topıraq klimatı esapqa alınadı.

Diyqanshılıq ***atız jumısları, baǵmanshılıq*** hám ***júzim jetistiriw***den ibarat boladı. Eginniń túleri boyınsha ǵálle eginleri, texnikalıq eginler, ot-jemlik, ovosh, kartoshka hám palız eginleri xojalıqlarǵa bólinedi

Eginlerdiń zúráátliligine ósimliktiń vegetaciya dáwiri, jaqtılıq, jıllılıq hám ıǵallıqtıń jalpı muǵdarı tásir kórsetedi. Vegetaciya dáwiri – sutkalıq ortasha temperaturası +5 dárejeden tómen bolmaǵan kúnler.

Ózbekstanda suwǵarıp dıyqanshılıq etiw keń tarqalǵan. Suwǵarılatuǵın jerler mámlekettiń jer baylıqlarınıń 9,2 procentin qurasa da, awıl xojalıǵında jetistiriletuǵın jalpı ónimniń 98,5 procenti usı jerlerde jetistiriledi.

Dıyqanshılıqta paxtashılıq úlken orındı iyeleydı (56-súwret). Ózbekstanda negizgi ***texnikalıq egin*** bolǵan paxta awıl xojalıǵınıń derlik barlıq tarawlarınıń hám sanaattıń kóplegen tarmaqlarınıń rawajlanıwınıń bas faktorı (57-súwret). Paxta barlıq texnikalıq egin maydanlarınıń kópshilik jerlerin iyeleydı.

Paxtashılıq rawajlanǵan sayın ekonomikanıń túrli tarmaqları menen onıń óndirislik baylanısı keńeyip, paxtashılıq kompleksi júzege keldı. Paxta jońıshqa, mákke hám salı menen almaslap egilse, topıraqtıń quramı jaqsıla-

http://eduportal.uz

nadı, onıń shorı azayadı, paxta kesellikke shatılmaydı. Jońıshqa, mákkeniń egiliwi sebepli sharwa malları ushın ot-jem de alınadı.

Házirgi waqıtta ***dánli eginler*** egiwdı rawajlandırıwǵa da úlken dıqqat awdarılıp atır. Ǵárezsizlikke shekem barlıq egislik maydannıń 20 procentine shamalasına dánli eginler egilgen bolsa, al házigi waqıtta dánli eginlerdiń maydanı uluwma egislik maydanınıń úlesi 50 procentten kóbeydi. Nátiyjede mámleketimiz dán ǵárezsizligin de qolǵa kirgizdı. Dánniń negizgi bólegin biyday, arpa, salı, mákke hám júweri quraydı. Biyday hám arpa kóbinese suwǵarılmaytuǵın jerlerge egiledi. Qıstıń jumsaq hám ızǵar keliwi jáne báhárgi jawıngershilik gúzlik biyday ushın qolay sharayat jaratadı. Gúzlik arpa suwǵarılmaytuǵın biyday hám arpaǵa qaraǵanda zúráátli boladı (58-súwret).

Dánli eginlerdi jetistiriwde salıgershilikte úlken orındı iyeleydı. Salınıń vegetaciya dáwiri uzaq, qu-




*56-súwret.* Awıl xojalıǵı eginleri maydanlarınıń quramı.




*57-súwret.* Paxtashılıqtıń basqa tarmaqlar menen baylanısı.

http://eduportal.uz

yashlı, suwı mol jerlerde jaqsı ósedi. Ol zúráátlilik jaǵınan tek mákkeden keyinde turadı. Salı Xorezm, Qaraqalpaqstan Respublikası hám Tashkent wálayatında, Zarafshan Ferǵana alaplarında kóp egiledi. Ámiwdáryanıń tómengi aǵısı jaǵalawlarında joqarı ónim beretuǵın tıń jerlerdi iske qosıw hám olardı suwǵarıw ushın suw baylıǵınan paydalanıw kóp salı jetistiriwdıń imkaniyatın bermekte. Házirgi waqıtta jetistirilgen gúrishti sırtqa eksport qılıw imkaniyatı tuwıldı. Ózbekstanda kóp jıllıq taran (teri iylewde isletiletuǵın shiyki zat), kenep, zıǵır, gúnji, maqsar, temeki de ósiriledi.



*58-súwret.* Biyday orımı.

***Ovosh, kartoshka hám palız eginlerin*** egiw barlıq wálayatlarda derlik rawajlanǵan. Ol Tashkent, Samarqand, Andijan sıyaqlı iri qalalardıń átirapında úlken maydanlardı iyeleydı. Ózbekstan qawınları jaǵımlı iysi, mazalılıǵı menen áyyem zamannan-aq belgili. Olar Xorezm, Buxara, Jizzax hám Sırdárya wálayatlarında jáne Qaraqalpaqstanda kóp jetistiriledi.

***Baǵshılıq hám júzim jetistiriw*** tábiyǵıy sharayatqa, xalıqtın, ásirler boyı toplanǵan bay tájiriybesine muwapıq hár bir wálayatta ayırım tarmaq sıpatında qánigelesken. Quva (Ferǵana wálayatında) hám Dashnabat (Surxandárya wálayatında) ánarları, Andijan júzimi, Samarqand kishmıshi ázelden tanılǵan. Altıarıqta júzim hám qıyar jetistiriw, Ferǵana wálayatı adırlarında (Oqshı, Rishtan, Chimyan, Mindan) erik, shabdal jetistiriw, Aqqorǵan (Buvada) ánjir jetistiriw rawajlanǵan. Xorezm, Buxara wálayatları jáne Qaraqalpaqstanda baǵ hám júzim egiletuǵın maydanlar azraq.

Ovosh-palız eginleri, miywe hám júzimler mámleketimizden arqada jaylasqan ellerdegi ge qaraǵanda 60-70 kún erte pisedi. Demek, bul tarawda da Ózbekstan talay eksport imkaniyatlarına iye. Ózbekstanda baǵmanshılıqqa hám júzim jetistiriwge qánigelesken kóplegen xojalıqlar bar. Olardıń kópshiligi ózleri jetistirgen ónimdı sol jerde qayta islep, sherbet hám konserva tayarlaydı. Mine usınday sanaat kárxanaları bar xojalıqlardıń negizinde agrosanaat birlespesi júzege kelmekte.

1. Salı, kenep, maylı eginler, temeki, egiletuǵın jerlerdi kartadan tabıńlar.
2. Siz jasap turǵan rayonda yamasa wálayatta qanday miyweler jetistiriledi hám olar qaysı wálayatlarǵa jiberiledi?
3. Siz jasap turǵan rayonda qaysı tarmaqlar paxtashılıq penen baylanısqan?

http://eduportal.uz

# 27-sabaq

## SHARWASHÍLÍQ

Awıl xojalıǵınıń ***sharwashılıq tarmaǵı*** qaramal, jılqı, qoy baǵıw, pille jetistiriw hám qus asırawshılıqqa bólinedi. Oǵan pal hárresin baǵıw, shoshqa baǵıw hám balıqshılıq ta kiredi.

Awıl xojalıq jerleriniń 2/3 bólimi sharwashılıq ushın paydalanıladı. Mámleketimizdiń shól hám dalalarında otlaq hám putalıqlar qarakól qoyları hám túye baǵıw ushın qolaylı. Taw hám taw aldı zonalarında ádewir otlaqlı jaylawlar bar. Bul zonalarda qoy, jumsaq júnli eshki, sonday-aq gósh-sút ushın qaramal baǵıladı hám jılqı baǵıw rawajlanǵan.

Sharwashılıq paxtashılıq penen kóp tárepleme baylanıslı. Bunı fermer xojalıqlarında paxtashılıqtan alınatuǵın (gúnjara, sheluxa usaǵan) azıqlıq jemlerden ayqın kóriwge boladı. Paxtanı jońıshqa hám júweri menen almaslap egiw gósh-sút sharwashılıǵın azıqlıq penen de támiyinleydı.

Mámleketimizde ***qoy hám eshkiler***diń uluwma sanı 16 millionnan asadı, olardıń negizgi bólegi qarakól qoyları bolıp esaplanadı (59-súwret). Qarakól qoyları (Tashkent, Andijan, Ferǵana, Namangan wálayatlarınan tısqarı) barlıq wálayatlarda baǵıladı. Olardan tiykarınan teri, jún hám gósh alınadı. Eshkiler respublikanıń derlik barlıq wálayatlarında negizinen jumsaq túbiti hám júni ushın baǵıladı (60-súwret).

***Qaramal*** da barlıq wálayatlarda baǵıladı. Qaramallar gósh hám sút ónimlerin alıw maqsetinde baǵıladı. Mámleketimizde qaramallardıń sanı 9,6 mln bastan aslam.

***Jılqılar*** Samarqand, Qashqadárya, Xorezm hám Qaraqalpaqstanda baǵıladı. Olardıń sanı 150 mıńǵa shamalasadı. Erterekte paxtashılıqtaǵı kóp jumıslar (júk tasıw, paxtanı kultivaciyalaw hám t.b.)dı atqarıwda atlardan paydalanılǵan. Sebebi jılqı baǵıw menen paxtashılıq óz ara baylanıslı bolǵan. Bul jumıslar házir texnikanıń járdeminde islenip atırǵanlıǵı sebepli búgingi kúni atlar túrli sport oyınları, jeke xojalıqta paydalanıw, gósh hám qımız alıw maqsetinde baǵılıp atır. Shól jerlerde túye baǵıladı. Túyeden jumıs haywanı iretide paydalanıladı. Sonday-aq olardan jún, sút alınadı.



*59-súwret.* Qarakól qoyları.

***Pille jetistiriwde*** mámleketimiz awıl xojalıǵınıń eń ázeliy tarmaqlarınıń biri bolıp, ol paxtashılıq penen baylanısqan. Jipek qurtınıń awqatı – tut




*60-súwret.* Ózbekstannıń sharwashılıq keń tarqalǵan rayonları.

aǵashı paxta atızlarınıń shetlerinde, japlardıń, kanallardıń hám jollardıń boylarında osiriledi. Tut aǵashı ǵawashalardı kúshli samallardan saqlasa, al japlar menen kanallardıń jaǵaların degish alıwdan saqlaydı. Pille jetistiriwdiń paxtashılıq penen baylanıslılıǵı tek bunıń menen ǵana sheklenbeydı. Bizge belgili bolǵanınday-aq, jipek qurtı aprel-may aylarında baǵıladı. Bul waqıtta paxtashılıqta jumıslar azaya baslaǵanlıqtan, bosaǵan jumısshı kúshinen jipek qurtın baǵıwda paydalanıladı.

***Qus asırawshılıq*** inkubator stanciyaları gósh hám máyek jetistiriwge qánigelesken qus ashırawshılıq fermalarında shólkemlestirilgen.

Tashkent, Buxara hám Xorezm wálayatlarında, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń kól menen suw saqlaǵıshlarında balıq órshitilmekte jáne suw quslarınıń fermaları shólkemlestirilip atır. Suw basseynlerinde, dárya boylarında qımbat bahalı mamıq júnli kishkene haywanlar – nutriya hám ondatra qorıqxanaları shólkemlestirilgen.

1. Sharwashılıqtıń qaysı túrlerin bilesiz?
2. Ózbekstannıń qaysı aymaqlarında negizinen qaramal baǵıladı?
3. Pilleshilik hám qus ósiriwshilik qay jerlerde rawajlanbaqta?
4. Siz jasap turǵan rayon hám wálayattaǵı sharwashılıqtıń qaysı tarmaǵı jaqsı jolǵa qoyılǵan? Bunıń sebebi ne?

# 28-sabaq ÓZBEKSTANDA AWÍL XOJALÍǴÍNÍŃ GEOGRAFIYALÍQ TIPLERI

Awıl xojalıǵınıń tarmaqları mámlekettiń barlıq bóliminde birdey emes, sebebi xalıqtıń hám sanaattıń mútájligi jáne tábiyǵıy sharayatı hár jerde hár túrli boladı. Sol sebepli awıl xojalıǵı hám sanaat tarmaqları sıyaqlı belgili tarmaqlarda qánigelesken. Ádette, qánigelesken awıl xojalıǵı tarmaqları basqa tarmaqlar menen baylanısta rawajlanadı. Nátiyjede tábiyǵıy sharayattan hám xalıqtıń miynet tájiriybelerinen aqılǵa muwapıq paydalanıw imkanın beredi.

Ózbekstannıń awıl xojalıǵı ǵárezsizlikke shekem Rossiyanıń toqımashılıq kárxanalrın paxta menen támiyinlewdi názerde tutıp, tiykarınan, paxtashılıqqa qánigelesti. Awıl xojalıǵınıń barlıq tarmaqları bolsa paxtashılıqtı ǵana rawajlandırıwǵa boysındırılǵan járdemshi tarmaqlar bolıp esaplanadı. Házirde elimizde paxta jeke hákimligi tamam boldı. Onıń ornına gálle, kartoshka, miywe-ovosh sıyaqlı diyqanshılıqtıń túrli tarmaqların rawajlandırıwǵa úlken itibar qaratılmaqta (61-súwret).




*61-súwret.* Ózbekstannıń diyqanshılıq tarmaqları.



http://eduportal.uz

***Awıl xojalıǵınıń poyaslar boyınsha qánigelesiwi.*** Ózbekstanda tábiyat zonaları boyınsha kópshilik mámleketlerdegiden ayırmashılıqqa iye bolıp, arqadan qublaǵa emes, batıstan shıǵısqa yaǵnıy tegislikten tawlarǵa qarap ózgeredi.

Ne sebepten tábiyat zonaları batıstan shıǵısqa qarap ózgeriwin 7-klass geografiya sabaqlarınan esleń.



*62-súwret.* Suwǵarılatuǵın jerler.

Soǵan muwapıq, awıl xojalıǵınıń qánigelesiwi hám shól, adır, taw, jaylaw zonaları boyınsha bir-birinen parıqlanadı. Paxta tek suwǵarıw múmkin bolǵan suwǵarılǵan jerlerde jetistiriledi. Sonday-aq dánli eginler menen palız eginleriniń de talay bólegi suwǵarılatuǵın maydanlarda jetilistiriledi.

Mámleketimizde eń úlken suwǵarılatuǵın jerler Ferǵana alabı, Mırzashól, Qashqadárya wálayatı, Zarafshan alabı jáne Xorezm oazisinde ushıraydı (62-súwret). Alap hám oazislerde pille jetistiriw, júzim jetistiriw, baǵmanshılıq hám palız eginlerin egiw menen shuǵıllanadı.

Shóllerde qoy hám túye baǵıw rawajlanǵan. Olar qıs hám báhárde shóllerde, jazda bolsa taw jaylawlarına aydap baǵıladı, gúzde jáne shólge qaytarıp kelinedi.

Sanaat islep shıǵarıw toplanǵan jerlerde, qalalar dógereginde qala átirapı awıl xojalıǵı payda boladı. Bunday xojalıqlarda qala xalqın jańa azıq-awqat ónimleri menen támiyinlew ushın ovosh, miyweler jetistiriledi, qaramal, tawıq baǵıladı, háwizlerde balıq kóbeytiledi.

**1.** Bir zonada kóp tarmaqlı awıl xojalıǵın alıp barıwǵa ne sebep boladı?
**2.** Wálayatımızdıń qánigelesken awıl xojalıǵı basqa tarawlar menen qalay baylanısqanlıǵın oqıw atlasınan paydalanıp túsindiriń.
**3.** 61-súwret boyınsha diyqanshılıq ónimlerin jetistiriw zonaların talqılań hám juwmaq shıǵarıń.



http://eduportal.uz

# JEŃIL SANAAT

*11-sabaq temasınan jeńil sanaattıń jalpı sanaat ónimindegi salmaǵın anıqlań.*

24-sabaq temasınan belgili, jeńil sanaat azıq-awqat sanaatı menen Ózbekstan ASKniń úshinshi toparın quraydı. Ol negizinen paxtashılıq hám pille jetistiriw tiykarında júzege keldı. Paxta tazalaw, toqımashılıq, trikotaj, ayaq kiyim, kánshilik, jipek jetistiriw jeńil sanaattıń áhmiyetli tarmaqları esaplanadı (63-súwret).

***Paxta tazalaw sanaatı*** óndiris procesi bir-birine baylanıslı bolǵan paxta tazalaw kárxanası, paxta qurǵatıw cexları hám transport xojalıǵınan quraladı. Ol awıl xojalıq ónimlerin dáslepki isleytuǵın tarmaq bolǵanlıǵı ushın onıń kárxanaları paxta egiletuǵın rayonlarda jaylastırıladı. Sonday-aq temir jol hám avtomobil jollarınan paydalanıw qolaylıǵı da itibarǵa alınadı.

Paxta tazalaw zavodları kóbinese mashina islep shıǵarıw, janılǵı-energetika-ximiya kompleksleri jáne toqımashılıq, may, kiyim-kenshek usaǵan sanaat kárxanaları menen óndirislik baylansta boladı.

Birinshi paxta tazalaw zavodı Tashkentte 1874-jılı qurılǵan. Sol dáwirdegi zavod bir máwsimde asıp ketkende 3000 tonna paxta tazalay alǵan. Zavodtıń qural-saymanları suwdıń kúshi menen háreketke keltirilgen. Sol sebepli dáslepki waqıtlarda paxta tazalaw kárxanaları qalalarda da jaylasqan. Házirgi zaman paxta tazalaw zavodı jıl dawamında 100 mıń tonnaǵa shekem paxta tazalap atır.

XX ásirdiń baslarında mayda, yarım ónermentshilik (210) kárxanalardıń ornında búgingi kúni mexanizaciyalasqan 120 dan aslam kúshli kárxanalar islep turıptı (64-súwret). Ǵárezsizlikten keyin Qubla Koreya, Turkiya hám basqa shet mámleketlerdiń firmaları menen Qaraqalpaqstan Respublikasıda jáne Xorezm, Qashqadárya hám Ferǵana wálayatlarında paxtanı qayta islewden baslap tayar toqımashılıq ónimin islep shıǵarıwǵa shekemgi proceslerdi óz ishine alǵan kárxanalar qurıldı.




*63-súwret.* Jeńil sanaat tarmaqları.

Ózbekstanda lub eginleri jetistirile baslaǵannan keyin XX ásirdiń 30-jıllar-




*64-súwret.* Ózbekstandaǵı jeńil sanaat punktleri.

ında ***kendir zavodları*** payda boldı. Sońǵı on jıllıqlarda iskerligi toqtaǵan bul taraw qayta tiklendi. Kenep qap-qanar, arqan, brezent hám basqa ónimler islep shıǵarıwda isletiledi.

***Jipek gezleme toqıw*** ushın dáslep pille tazalanıp, bir tayarlanıp shiyki zat alınadı. Pille jetistirilgen orınında tazalanǵanı maqul. Onı uzaqqa tasıw qımbatqa túsedi (50 tonna júk kóteretuǵın vagonǵa asıp ketkende 4 tonna pille júklew múmkin).

Pilleshilik fabrikalarında negizinen hayallar jumıs isleydı. Hár bir fabrikada mıńǵa jaqın adam islewi múmkin. Usıǵan baylanıslı pilleshilik fabrikaları jipek qurtı baǵılatuǵın zonalardaǵı kishi hám orta qalalarda jaylastırıladı.

***Kón-ayaq kiyim*** islep shıǵarıw da jeńil sanaattıń tarmaǵı. Tashkent hám Samarqand qalalarında teletin islep shıǵarıladı. Ayaq kiyim fabrikaları Tashkent, Fergána, Chirchiq, Yangiyul hám basqa qalalarda jaylasqan.

Ǵıjdıwan, Buxara, Rishtan, Úrgit, Shaxrisabz usaǵan qala hám rayon orayları kórkem ónermentshilik jáne gúlalshılıq orayları, al Xiywa bolsa gilem toqıw orayları esaplanadı.



*65-súwret.* Toqımashılıq kárxanası.

***Toqımashılıq*** jeńil sanaat quramındaǵı eń áhmiyetli tarmaq esaplanadı. Ózbekstanda jip hám jipek gezlemeler toqıw ázelden bar bolǵan. Atlas, zondonashı, maqpal, biyhásem, alasha usaǵan gezlemeler Ullı jipek jolı arqalı Evropa hám Jaqın Shıǵıs mámleketlerine shıǵarılǵan. XX ásirdiń baslarında 30 mıń ónerment gezleme toqıw menen shuǵıllanǵan.

Mol-kól shiyki zattan tısqarı xalıqtıń tariyxıy qáliplesken tájiriybeleri hám transporttıń qolaylıǵına bola XX ásirdiń ortalarında Tashkent, Ferǵana, Andijan hám Buxara qalalarında toqımashılıq kárxanaları qurıldı. Mámlekette jip gezleme islep sıǵarıw jılına 453 mln kv metrden astı. Biraq xalıqtıń jan basına esaplaǵanda bul kórsetkish 18 metr, yaǵniy hár bir adamǵa belgilengen ólshemniń yarımına da tuwrı kelmes edi. Bul mol-kól shiyki zat hám insan faktorı imkaniyatına salıstırǵanda anaǵurlım az edi.

Ǵárezsizlikke erisilgennen keyin jáhán bazarında básekeleslerge dádımal ayta alatuǵın gezleme islep shıǵarıwdı keń jolǵa qoyıw maqsetinde AQSH, Italiya, Turkiya, Pakistan, Hindistan, Qubla Koreya Respublikası hám basqa mámleketler menen qospa kárxanalar shólkemlestirilmekte (65-súwret). Atap aytqanda, AQSH penen birlikte Tashkent qalasında «Supertekstil» paxta jip iyiriw qospa kárxanası, Buxarada hám Samarqandta «Awǵan-Buxara-Samarqand» qospa kárxanaları iske qosıldı. Toqımashılıq sanaatı kárxanaları shet elde islep shıǵarılǵan ónimli isleytuǵın úskeneler menen qayta úskenelenbekte.

Jasalma talshıqlardan toqılatuǵın gezlemelerdiń sapası jaqsılandi.

***Toqımashılıq kárxanalarında*** jip gezleme, jún gezleme, shayı hám zıǵır talshıǵı gezlemeleri toqıladı.

Gezleme toqıp shıǵarıw procesi ayırım-ayırım jaylasqan iyiriw, toqıw yamasa pardozlaw fabrikalarında basqıshpa-basqısh ámelge asırıladı (66-súwret). Transport qárejeti, júk artıwǵa, túsiriwge ketken qárejetler tayar ónimniń ózine túser bahasına qosıladı. Demek, toqımashılıq óndirisin iri kárxanada (kombinatta) toplaw paydalıraq boladı.

Ózbekstanda tayarlanatuǵın qam jipektiń qayta islewden awısqan bólegi shet mámleketlerge eksport qılınbaqta.

Solay etip, toqımashılıq sanaatı kárxanaların jaylastırıwda tutınıwshılar, jumısshı kúshi hám shiyki zat faktorı esapqa alınadı.




*66-súwret.* Toqımashılıq sanaatınıń tarmaq kólemindegi baylanısları.

1. 8-klass geografiya atlasınan jeńil sanaat kárxanaları jaylasqan qalalardı anıqlań.
2. Rayonıńızda jetistirilgen pille qay jerde qayta islenedi?
3. Paxta tazalaw zavodları sanınıń azayǵanın qalay túsindiresiz?
4. Ózbekstanda toqımashılıq sanaatın taǵıda rawajlandırıwdıń keleshegi nelerge baylanıslı?

## 30-sabaq

## AZÍQ–AWQAT SANAATÍ

*11-sabaq temasınan azıq-awqat sanaatınıń jalpı sanaat ónimindegi salmaǵın anıqlań.*

Bul sanaat dıyqanshılıq hám sharwashılıq ónimlerin qayta islew negizinde qáliplesken. Onıń kárxanalarınıń geografiyalıq jaylasıwın qayta islenetuǵın shiyki zat ózgesheligi belgileydı. Shiyki zat tez buzılǵısh hám qayta islegende shıǵındı kóp shıǵaratuǵın hám alıs aralıqqa tasıwǵa shıdamsız bolǵan jaǵdaylarda kárxana shiyki zat óndiriletuǵın orınǵa jaylastırıladı (ovosh, gósh, konservalar, qant islep shıǵarıw, miywe sherbetlerin tayarlaw). Házirgi waqıtta azıq-awqat sanaatı kárxanaları joqarı dárejede mexanizaciyalasqan óndiriske aynalǵan. Ótmıshte tek shiyki zatqa, yaǵniy awıl xojalıǵına ǵana baylanıslı bolǵan bul sanaat házirgi waqıtta mashina islep shıǵarıw, energetika hám ximiya tarmaqları menen tikkeley baylanısqan. Demek, azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıwda shiyki zat qárejetinen tısqarı túrli mashinalar menen mexanizmlerdiń hám janılǵı qárejetleriniń úlesi kem-kemnen artıp barmaqta. Máselen, biyday az qárejet penen jetistirilse de, un tartıw hám nan tayarlaw procesindegi (mashina mexanizmlerge, janılǵı-energetikaǵa) jumsalǵan qárejetler sebepli tayyar nannıń bahası ózgermewi hám hátte qımbatlawı múmkin.

***Un-jarma sanaatı*** kárxanalarında biyday qayta islenedi. Biydaydı tasıw un tasıwǵa qaraǵanda biraz qolaylı. Biraq biyday jetistiriletuǵın maydanlar tutınıwshılar jasaytuǵın jer menen derlik irgeles jaylasqanlıǵı sebepli biydaydı qayta isleytuǵın kárxana (elevator)lar biyday jetistirilip atırǵan jerde de, iri qalalarda da ushırasadı.

Ózbekstan ***ósimlik mayın*** islep shıǵarıwshı iri mámleketler qatarına kiredi. Ósimlik mayı bizde negizinen paxta tazalaw zavodlarında shigitten alınadı (67-súwret). Endi may islep shıǵaratuǵın kárxanalardıń geografiyalıq jaylasıwına itibar bereyik. Bul kárxanalardıń hámmesi áwele shiyki zatqa jaqın jerde, qalaberdi xalqı tıǵız aymaqlarda jaylasqanın kóremiz.

Azıq-awqat sanaatınıń jáne bir áhmiyetli tarmaǵı ***gósh kárxanaları*** bolıp tabıladı. Házirgi waqıtta transporttıń tezligi hám arnawlı muzlatqıshlar góshtiń sapasın buzbastan uzaq aralıqlarǵa tasıw múmkinshiligin bermekte. Sonıń ushın gósh ónimin kóp paydalanatuǵın Tashkent, Andijan, Namangan, Ferǵana, Angren sıyaqlı qalalarda iri gósh kombinatları islep tur. Nan zavodları, makaron, konditer fabrikaları usaǵan kárxanalar iri xalıq qonıslarında jaylastırıladı (68-súwret).

Jaqın waqıtlarǵa shekem Samarqandtaǵı ***shay qadaqlaw fabrikası*** tek mámleketimizde ǵana emes, al pútkil Orta Aziyadaǵı birden-bir jalǵız fabrika edi. Házirgi waqıtta shay Tashkentte de qadaqlanbaqta. Belgili bolǵanındayaq, orta aziyalılardıń negizgi bólegi kók shay ishedi. Usıǵan baylanıslı bul jerde qadaqlanıp atırǵan shaydıń 80 procentin kók shay quraydı. Tashkent, Ferǵana, Samarqand hám Buxarada mineral suw tayarlap ıdıslarǵa quyatuǵın arnawlı zavodlar bar. Úrgitte temeki-fermentaciya zavodı islep turıptı.



*67-súwret.* May kombinatınıń may ekstraciya cexı.




*68-súwret.* Azıq-awqat sanaatı kárxanaları.

Solay etip, azıq-awqat sanaatınıń rawajlanıwı hám jaylastırılıwı: a) xalıqtıń sanı hám jaylasıwı, yaǵnıy tutınıwshılar menen; b) awıl xojalıǵınıń ekonomikalasıwı, yaǵnıy shiyki zat deregi menen v) tayar ónimlerdi tasıw jaǵdayları menen belgilenedi.

Shiyki zattıń hár túrliligi hám azıq-awqat ónimleriniń barlıq jerde qollanılıwı azıq-awqat sanaatınıń barlıq jerde tarqalıwına múmkinshilik beredi. Azıq-awqat sanaatı usı qásiyeti menen basqa tarmaqlardan ajıralıp turadı. Biraq bul sanaat ayırım jerlerde tek jergilikli mútájliklerdi ǵana qanaatlandırsa, basqa jerlerde mámlekettiń kóplegen rayonlarına ónim beredi.

**1.** Azıq-awqat sanaatınıń rawajlanıwı nege baylanıslı?
**2.** Azıq-awqat hám toqımashılıq sanaatların jaylastırıw tendenciyaların salıstırıń. Olardıń uqsas tareplerin hám ayırmashılıqlarınıń sebeplerin túsindirip beriń.
**3.** Atızlardan terip alıngan paxta arnawlı paxta zavodlarına tapsırıladı. Ol jerde paxta qayta islenip, shigit hám talshıqqa ajıratıladı. Talshıq toqımashılıq kárxanalarına jiberiledi hám shet elge eksport qılınadı. Shigit bolsa azıq-awqat kárxanası (may kombinatı)na jiberiledi. Aytıńshı, paxta zavodın qay jerge qurǵan paydalıraq bolar eken?

http://eduportal.uz

# 31-sabaq SANAATÍ AYMAQLÍQ SHÓLKEMLESTIRIW JÁNE JAYLASTÍRÍW FORMALARÍ

Sanaat geografiyasın úyreniw barısında sanaat kárxanaları arasında jaqın baylanıslardıń bar ekenin bilip aldıńız.

Óndiris procesi óz ara baylanısqan kárxanalardı bir-birine jaqın jaylastırıwdıń, bir qalaǵa yamasa jaqın jerdegi qalashalarǵa qurıwdıń aqıbetinde ***sanaat túyinler***i júzege keledi (69-súwret).

Sanaat túyini quramındaǵı kárxanalar bir pútin transport tarmaqlarınan, energiya hám suw dereklerinen birgelikte paydalanadı (geyde shiyki zat baylıqları da uluwma boladı), jumısshı kúshlerin óndiriske tolıǵıraq tartıw múmkin boladı. Bulardıń barlıǵı miynet ónimdarlıǵın arttırıwǵa, qárejetlerdi únemlewge, kárxanalar iyeleytuǵın maydandı qısqartıwǵa alıp keledi. Sanaat túyinleri – sanaat kárxanaların jaylastırıwdıń eń maqul formalarınan esaplanadı.

Sanaat túyinleri, orayları hám punktleri toplanǵan aymaqlar ***sanaat rayonları*** dep ataladı.

Sanaat rayonlarınıń úlken-kishiligi hár qıylı boladı. Angren-Almalıq, Tashkent-Chirchiq, ásirese úlken sanaat rayonları bolıp esaplanadı. Demek, kárxanaları az sanda bolǵan kishi qala ***sanaat punkti*** boladı. Bir neshe kárxanaları bolsa da, biraq óndiris procesi baylanıspaǵan, suw hám energiya támiynatı uluwma bolmaǵan qala ***sanaat orayı*** dep ataladı.




*69-súwret.* Sanatt óndirisin jaylastırıw túrleri.

Ózbekstan bazar ekonomikasına basqıshpa-basqısh ótip atırǵanlıǵı, bunda birinshi náwbette kishi hám orta biznestiń rawajlandırılıp atırǵanlıǵı sebepli mámleketimizde sanaattıń aymaqlıq shólkemlestiriwdiń erkin ekonomikalıq zona, kishi sanaat zonası sıyaqlı jańa túrleri kelip shıqtı.

Búgingi kúnde mámleketimizde 14 erkin ekonomikalıq zona islep tur. «Nawayı», «Angren», «Jizzax», «Úrgit», «Ǵıjdiwan» «Qoqan» hám «Xazarasp» erkin ekonomikalıq zonalarında 62 joybar iske asırılǵan. Farmacevtika tarmaqında qánigelesken «Nókis-farm», «Zamin-farm», «Kasansay-farm», «Sırdárya-farm», «Baysun-farm», «Bostanlıq-farm», «Parkent-farm» sıyaqlı 7 jańa erkin ekonomikalıq zonanı rawajlandırıw boyınsha jumıslar alıp barılmaqta.

***Erkin ekonomikalıq zona*** – mámleket hám shet el kapitalın, keleshegi bar texnologiya hám basqarıw tájiriybesin tartıw maqsetinde dúziletuǵın, anıq belgilengen adminstrativ shegaraları hám xalıqta aymaqlıq tártip bolǵan arnawlı ajıratılǵan aymaq.

Tashken qalası rayonları, Qaraqalpaqstan Respublikası hám wálayatlardaǵı bos turǵan yamasa nátiyjesiz jumıs alıp barıp atırǵan óndiris imaratların ónimli paydalanıw, jańa kárxanalar dúziwdi marapatlaw maqsetinde usı imaratlar negizinde kishi sanaat zonaları dúzildi. Mámleketimizdegi kishi sanaat zonaları 96 ǵa jetti.

Búgingi kúnge shekem usı zonalarda mıńnan aslam kárxanalar qurıldı. Olarda ishki bazar menen birge sırtqı bazarda da qarıydar bolǵan jeńil sanaat, ximiya, azıq-awqat ónimleri, elektr texnikası buyımları, zamanagóy qurılıs materialları, mebel hám basqa tayar ónimler islep shıǵarılmaqta.

**1.** Tómendegi faktorlardan qaysısı sanaat túyininiń payda bolıwında sheshiwshi rol oynaydı?
- sanaat kárxanalarınıń jalǵız transport tarmaǵına birlesiwi;
- óndiris procesine tuwrı baylanıslı bolǵan kárxanalardıń bir-birine jaqın jaylasıwı;
- iri qalalar átirapında kishkene qalalardıń boy tiklewi;
- kárxananıń suw hám energiyadan uluwmalıq paydalanıwı;
- ódiris procesin jetekshi texnologiya tiykarında qurıw.

**2.** Mámleketimizde qurılǵan erkin ekonomikalıq zonalardı jazıwsız kartaǵa túsiriń.

http://eduportal.uz

## 32-sabaq TRANSPORT GEOGRAFIYASÍ

Transport jolawshılardı hám júklerdi tasıw menen mámleket boylap ta dúnya boylap ta geografiyalıq miynettiń bólistiriliwiniń tereńlesiwine imkan tuwdıradı. Ol mámleketler aralıq ekonomikalıq, mádeniy baylanıslardıń kóteriliwinde áhmiyetli rol oynaydı.

Elimiz dúnya civilizaciyasınıń áyyemgi mámleketlerinen bolǵanın tariyx sabaqlarınan jaqsı bilesiz. Bunda sol waqıtta Evropa menen Aziyanı baylanıstırıp turıwshı – Ullı jipek jolı tap biziń mámlekettiń aymaǵınan ótkenligi óz aldina orın tutadı.

Ózbekstan ***qurǵaqlıq*** (temir jol, avtomobil transportı), ***suw*** (dárya), ***hawa, truba*** (neft hám tábiyǵıy gaz tasıw) hám ***elektron*** (elektr jetkerip beriw liniyaları) transportına iye.

Júk hám jolawshı tasıwda belgili bir mánzilge baraman degenshe transporttıń eki-úsh, hátte tórt túrinen paydalanıwǵa tuwra keledi. Aytayıq, shet el saparına barmaqshı bolsaq, temir jol vokzalına yamasa aeropotqa




*70-súwret.* Ózbekstannıń tiykarǵı transport túyinleri hám tiykarǵı baǵdarları.



http://eduportal.uz




*70-súwret.* 2017-jılı Ózbekstan transport túrleriniń orınlaǵan jumısı.

shekem avtomobilde hám aqır-ayaǵında poezd yamasa samolyotta gózlegen mánzilimizge jetemiz. Ózbekstanda házirgi zaman transportınıń (suw transportınan basqa) barlıq túrlerinen keń kólemde paydalanılmaqta (70-súwret).

Barlıq transport túrleri xızmet kórsetiw procesiniń óz ara baylanıslılıǵı negizinde transport kompleksin quraydı. Hár bir transporttıń túrine say júk tiyew-túsiriw maydanı, háreket jónelisi, vokzal, aerodrom, bándirgi jáne baylanıs quralları boladı.

Temir jol, avtomobil jolın qurıwǵa kóp qárejet hám waqıt kerek boladı. Al truba transportına mıń-mıńlaǵan tonna truba sarıplanadı. Biraq suw yamasa hawa transportı jónelisi (trassa) óz qárejetiniń esabınan jolǵa qoyıladı.

***Transporttıń túrleri jumısshı kúshin bánt qılıwı*** boyınsha da keskin parıq qıladı. Júk truba, suw, temir jol transportlarında tasılǵanda sarplanatuǵın qárejet avtomobil yamasa hawa transportında tasılǵan júk ushın jumsalǵan qárejetten anaǵurlım az boladı. Neft yamasa aǵash tiyelgen kóp sandaǵı vagonlardı bir lokomotiv tartıp baratırǵanın kórgen shıǵarsız? Sol lokomotivti 2-3 adam ǵana basqaradı. Haqıyqatında 125 tonna júk kóteretuǵın eń úlken bir avtomobildı de sonshelli adam basqaradı.

Ulken kólemdegi 100 mıń tonnalıq júklerdi suw transport (tanker)ında tasılǵanda jol qárejeti jánede arzanǵa túsedi. Suw transportı basqa túrlerdegi transportlardan áste júrse de alıs aralıqtı toqtawsız basıp ótedi. Sol sebepli tezligi joqarı bolsa da, stanciyalarda toqtap alıp háreket etetuǵın poezd be-

http://eduportal.uz

nen belgili bir aralıqtı bir waqıtta basıp óte aladı. Júkti temir jol hám suw transportında tikkeley iyesine jetkeriw imkaniyatı anaǵurlım sheklengen. Al avtomobilde bolsa qálegen jerge aparıwǵa boladı.

***Transporttıń jumısı*** onıń tasıytuǵın júginiń kólemine qaray belgilenedi. Júk tasıw kólemi belgili bir waqıtta, belgili bir aralıqqa tasılǵan júktiń muǵdarı. Ol tonna kilometrde kórsetiledi (71-súwret).

***Transport túrleri*** qanday júk tasıwına, háreket tezligine, sonday-aq, qansha júk kótere alıwına qarap toparlanadı.

Transport sanaatı menen awıl xojalıǵı arasındaǵı óndirislik baylanıslarıń, mámlekettiń túrli aymaqları arasındaǵı ónim almasıwın jáne sırtqı sawdanı támiyinleydı. Jańa aymaqlardı ózlestiriwden aldın olarǵa transport jolları aparıladı. Házirgi zaman qalalarınıń turmısın transportsız kóz aldına keltiriw qıyın. Transporttıń qorǵanıw áhmiyeti de júdá úlken. Transport ekonomikanıń usınday kerekli faktorı bolıwı menen birge, oǵan talay muǵdarda elektr energiyasın, janılǵı, metall, aǵash talap etedi.

1. Mámleket turmısında transporttıń roli qanday? Transport materiallıq óndiris tarmaqınıń basqa tarmaqlarınan nesi menen ajıralıp turadı?
2. Transport kárxanalarına mısallar keltiriń?
3. Oqıw atlasınan mámleketimizdegi temir jollardı hám aeropotlardı kórip shıǵıń.

## 33-sabaq

## ÓZBEKSTAN TRANSPORTÍNÍŃ ZAMANAGÓY RAWAJLANÍWÍ

***Temir jol transportı*** klimatlıq sharayatlar hám jıl pasılları qanday bolıwına qaramastan, hámme waqıtlarda isley beredi. Onıń tezligi úlken, júk tasıwdaǵı ózine túser bahası biraz arzan. Temir jol ***magistral***ların túrli jónelislerge qurıw múmkin.

***Magistral*** (latınsha magistralis – tiykarǵı) – tiykarǵı jónelis, tiykarǵı transport jolı.

Ǵárezsizlik jıllarında mámleketimizde temir jollardıń qurılısına úlken itibar qaratıldı hám házirgi waqıtta olardıń ulıwma uzınlıǵı 7 mıń kilometrden asadı.

Aldın mámleketimiz paytaxtınan Xorezm yamasa Surxandárya

http://eduportal.uz

wálayatına barıw ushın qońsı mámleket Túrkmenstan aymaǵınan ótiwge tuwrı kelgen. Tap sonday, Ferǵana alabına Tájikstannan ótilgen. Bul jaǵday jolawshı hám júk tasıwda artıqsha waqıt hám qárejet talap etken. Házirde mámleketimizde bir pútin temir jol sistemasın payda etiw, Ózbekstan shettegi aymaqlarınıń rawajlanıwın tezletiw maqsetinde Nawayı-Úshqudıq-Nókis, Surxandárya hám Qashqadárya wálayatların baylanıstırıwshı Gúzar-Baysun-Qumqorǵan, Tashkentti Ferǵana alabı menen baylanıstırıwshı Angren-Pop temir jolları qurıp pitkerildi. Mámleketimizdiń derlik barlıq temir jolları tegisliklerden, dárya alaplarınan ótse de, ásirese Angren-Pop jáne Gúzar-Baysun-Qumqorǵan jónelisindegi temir jollar biyik taw arqalı ótedi.



*72-rasm.* «Afrosiyob» elektropoyezdi.

Ózbekstan temir jollarınıń mámleketimiz aymaǵındaǵı jolawshı hám júklerdi tasıwdan tısqarı, Aziya hám Evropa mámlektleriniń tranzit júklerin tasıwda da áhmiyeti asıp barmaqta.

***Tranzit*** – júk yamasa jolawshılardıń aralıqtaǵı stanciya, wálayat, mámleket arqalı ótiwi.

Temir jollar jolawshılardı tasıwda da áhmiyetli orın tutpaqta. Jıl dawamında temir jollardan 15-20 mln nan kóbirek jolawshı paydalanbaqta.

Ózbekstanda temir jollar qońsı mámleketler (Qazaqstannan, Tájikstan, Awǵanstan, Túrkmenstan)degige qaraǵanda kóp hám texnikalıq jaqtan olardan alda turadı. Sońǵı on jıllıqlarda Ózbekstanda temir jollardıń qurılısı hám elektrlestiriliwine júdá úlken itibar qaratıldı.

Temir jollardıń elektrlestiriliwi hám elektrovozlardıń isletiliwi sebepli poezdlardıń qatnaw tezligi, ***jollardıń ótkeriw imkaniyatı,*** yaǵnıy is ónimi arttı.

***Joldıń ótkeriw imkaniyatı*** – temir jollardan bir sutkada ótiwi múmkin bolǵan poezdlar sanı. Eki jollı temir jollardıń ótkeriw imkaniyatı bir sutkada 150 jup poezdǵa, bir jollı temir jollarda bolsa, 30 jup poezdǵa jetiwi múmkin.

Temir jollardıń jáhán talapları dárejesinde texnikalıq támiyinleniwi sebepli Tashkent–Samarqand baǵdarında jolawshılar tasıwǵa mólsher-



*73-súwret.* Taw jolları.

lengen zamanagóy tez júriwshi «Afrosiyab» elektropoezdlar qatnawı jolǵa qoyıldı (72-súwret). Orta Aziyada birinshi márte payda bolǵan tez júriwshi temir joldı paydalanıwǵa tapsırılıwınıń nátiyjesinde turizmniń rawajlanıwı barısında avtomobil jollarındaǵı tıǵızlıqqa shek qoyıldı. Házirde «Afrosiyab» elektropoezdları Tashkent–Buxara, Tashkent–Qarshı–Shaxrisabz jónelisleri boyınsha da qatnamaqta.

***Avtomobil transport*** júklerdi (basqa transportqa qayta júklemey) tikkeley tutınıwshıǵa jetkerip bere aladı. Avtomobil transportı sanaat hám awıl xojalıǵı kárxanaların magistral transport penen baylanıstıradı, qalalardaǵı jáne qalalar átirapı aymaqlarındaǵı júklerdiń negizgi bólegin tasıydı. Qısqa (100 km ge shekem) hám ortasha aralıqlarǵa jolawshı jáne júk tasıwda temir jollarǵa qaraǵanda avtomobil abzal. Mámleketimizdiń tawlı rayonlarında avtomobil transportınıń áhmiyeti ayrıqsha úlken (73-súwret).

1940-jılları qurılǵan Tashkent, Sırdárya, Jizzax, Samarqand, Qashqadárya hám Surxandárya wálayatları arqalı ótetuǵın Úlken Ózbek traktı úlken áhmiyetke iye. Onıń uzınlıǵı 700 km den aslam.

1959-jılı Tashkent–Angren–Qoqan avtomobil jolı (248 km) qurıldı. Qurama dizbekli tawındaǵı Qamchıq asıwınan (teńiz qáddinen 2270 m biyiklikte) ótetuǵın bul jol arqalı Tashkentten Ferǵana alabına tasılatuǵın júkler temir jolda tasılatuǵın júklerge qaraǵanda 3-4 ese tez jetkeriledi. Usı jol keńeytirilip, Qamshıq asıwına jaqın jerde eki tunnel iske túsirildi (74-súwret). 2012-jılı uzınlıǵı 116 km bolǵan Gúlistan–Axangaran avtomobil jolı paydalanıwǵa tapsırıldı.

Mamleket wálayatlarınıń Qazaqstan jáne Qırǵızstan menen transport-ekonomikalıq baylanısları Tashkent arqalı ámelge asırıladı. Qalada transport háreketin azaytıw maqsetinde qalanıń sırtında aylanba jol salınǵan. Onıń uzınlıǵı 64 km bolıp, Ózbekstanda usınday maqsette qurılǵan birden bir jol bolıp esaplanadı.

Ózbekstannıń ǵárezsizlikke erisiwi shet mámleketler menen

http://eduportal.uz

baylanıstıratuǵın jollarǵa mútajlikti kúsheytti. Mámleketimiz usı maqsette Qıtay hám Pakistanǵa shıǵıw imkaniyatın beriwshi Andijan–Osh–Ergashtam–Qashqar avtomobil jolı hám Hind okeanına shıǵıwǵa imkaniyat beretuǵın Termiz–Xirat–Karashı avtomobil jolıńıń qurılısında hám olardı qayta qurıwda óz úlesi menen qatnaspaqta.



*74-súwret.* Qamshıq asıwındaǵı tunnel.

***Suw transportında*** tábiyǵıy suw jollarınan paydalanıladı. Sonıń ushın suw jolınıń jónelisi kóbinese zárúriy jónelislerge tuwra kele bermeydı. Oǵan janılǵı kóp sarıplanbaydı hám úlken kólemdegi júklerdi de tasıy beredi. Biraq háreket tezligi tómen. Ózbekstan materik ishkerisinde jaylasqan mámleket bolǵanlıǵı ushın suw transportınıń áhmiyeti úlken emes.

Házirde suw transportı negizinen Ámiwdárya kemeshiliginen ibarat. Respublikada «Termiz dárya portı», «Xorezm dárya flotı», «Qaraqalpaqstan dárya flotı» birlespeleri shólkemlestirilgen. Mámlekettiń dárya flotında 150 ge jaqın teploxod, sonday-aq barjalar, járdemshi kemeler hám basqa texnika quralları bar. Júkler tiykarınan Termiz–Xayraton, Sharlawıq–Tórtkúl, Xójeli–Tórtkúl, Xójeli–Beruniy, Qarataw–Taxiyatash jónelislerinde tasıladı.

Keleshekte Ózbekstan da dúnya júzlik okeanda óziniń flotına iye boladı. Házirshe sırtqa shıǵarılıp atırǵan hám sırttan alıp kelinip atırǵan júklerdiń belgili bir bóleginiń kirey haqı – ***fraxt*** esabınan basqa mámleketlerdiń kemeleri tásıp atır.



***Fraxt*** – suw jolında júk tasıw haqı. Bul haq júktiń awırlıǵı, qansha aralıqqa aparılatuǵınına, kólemine, kemede tasıw waqıtına qaray belgilenedi. Ózbekstan shetke satqan zatların shet el kemelerinde tasıp, kóp qárejet jumsawǵa májbúr bolmaqta.

***Hawa transportı*** transporttıń eń qımbat, sonıń menen birge tez júretuǵın jáne jerdiń relefine az baylanıslı bolǵan túri esaplanadı. Jolawshını uzaq aralıqqa, atap aytqanda sırt elge aparıwda bir transportta hawa transportınıń ornın basa almaydı. Hawa transportında tasılatuǵın júklerdiń kópshiliri asıǵıs hám qımbat bahalı júkler (tez buzılatuǵın ónimler, poshta hám t. b.). Búgingi kúnge kelip mámleketimiz júdá kóp shet mámleketler menen hawa jolları arqalı baylanı-




*75-súwret.* Ózbekstan hawa jollarına qaraslı samolyot.

sıp atır. Qaptalına «Ózbekstan» dep jazılǵan hám mámleket bayraǵınıń kórinisi salınǵan samolyotlardı kóp mámleketlerdiń aeroportlarında ushıratıwǵa boladı (75-súwret).

Hawa transportı jolawshı (hár jılı 2 mln nan aslam adam) tasıw jaǵınan ǵana emes, al hár qıylı júk tasıw jaǵınan da, áhmiyetli. Jergilikli hawa jollarınıń uluwma uzınlıǵı 60 mıń km den aslam. Tashkent mámleketimiz hawa transportınıń eń iri túyinine aylandı.

***Truba transportları***nan, negizinen gaz hám azlap neft tasıwda paydalanıladı. Gaz trubaları arasında Jarqaq–Buxara–Samarqand–Tashkent, Múbárek–Tashkent trassaları júdá áhmiyetli (olardı 70-súwretten tabıń). Ózbekstannan Uralǵa (2100 km), Moskvaǵa (3500 km) aparılǵan gaz trubaları dıametriniń úlkenligi hám uzınlıǵı jaǵınan dúnyada aldıńǵı orınlardan birin iyeleydı. Truba transportınıń jumıs ónimi trubanıń diametrinen tısqarı, gaz yamasa neft qanday basım menen háreketleniwine de baylanıslı. Ilim hám texnikanıń jetiskenlikleri házirgi waqıtta 120 atmosfera basımında gazdı jiberiw imkániyatın bermekte. Biraq mámleketimiz truba transportında házirshe basım 40 atmosferadan aspay atır. Ózbekstan sharayatında neft hám gazdı trubalardıń járdeminde tasıw arqadaǵı mámleketlerdegige qaraǵanda anaǵurlım qolaylı. Neft, gaz suwıqta qoyıwlasadı hám trubadan ótiwi páseyedi. Bunıń ilajı sıpatında trubalar belgili aralıqqa arnawlı pechlerdiń járdeminde ısıtıp turıladı. Ózbekstannıń qısı onshelli suwıq bolmaǵanlıqtan bunday peshlerge zárúrlik joq. Demek, qosımsha qárejet joqlıǵı sebepli gaz tutınıwshıǵa arzanǵa túsedi.

Mámleketimizde elektr sistemasınıń júzege keliwi hám onıń Orta Aziya sistemasına jalǵanıwınıń arqasında transporttıń jańa túri – ***elektron transportı*** payda boldı. Wálayatlar aralıq hám mámleketler aralıq tartılǵan joqarı quwatlı elektr liniyaları arqalı elektr quwatı jetkizip beriledi.

**1.** 71-súwretten paydalanıp, avtomobil hám temir jol transportı arqalı jılına neshe million tonna júk tasılıwı hám júk tasıwdıń ortasha aralıǵın anıqlań.
**2.** Transport túyini degen ne? Atlas kartadan transport túyinlerine mısallar keltiriń.
**3.** Ózbekstanda transportınıń qaysı túrleri rawajlanǵan?
**4.** Jazıwsız kartadaǵı transport temasına tiyisli tapsırmalardı orınlań jáne ǵárezsizlik jılları qurılǵan temir jollardı belgileń.



http://eduportal.uz

# 34-sabaq XALÍQQA XÍZMET KÓRSETIW TARAWLARÍ

Mámleketimizde byudjet qárejetleriniń derlik 60 procenti social tarmaqdı rawajlandırıwǵa baǵdarlanadı. Ol tiykarınan materiallıq ónim islep shıǵarmaytuǵın tarmaqlardı qamrap aladı.

*10-sabaq temasınan materiallıq ónim islep shıǵarmaytuǵın tarmaqlarǵa neler kiretuǵının esleń!*

Sonday-aq, oǵan baylanıs xızmetide kiredi. Bul tarmaq xızmet kórsetiw tarmaqı da dep aytıladı. Ekonomikamızdı turaqlı rawajlandırıwda xızmet kórsetiw tarmaqı barǵan sayın úlken rol oynamaqta. Xızmet kórsetiw tarmaqları quramı júdá hár qıylı hám quramalı (76-súwret). Ekonomikanın barlıq tarmaqları xalıqtıń materiallıq-ruwxıy mútájligin qanaatlandırsa da, bunday xızmet kórsetiw tarmaqlarınıń ornı óz aldına. Onıń baslı wazıypası xalıqqa xızmet kórsetiwdi kóbeytiw jáne olardıń túrin hám sapasın jaqsılawdan ibarat.

Ekonomikanın qálegen tarmaqına qarasańız, onda jumıs alıp baratırǵan jetilisken qánigelerdi xızmet kórsetiw tarmaq (bilim)ında tayarlanǵanlıǵına gúwa bolasız. Sonday-aq, miynetkeshlerdiń dem alıwı, emleniwi xızmet kórsetiw mákemelerinde boladı. Sol tarmaq sharapatı menen kadrlar keselligi, yaǵnıy jumıs kúnleriniń joǵalıwı azayadı. Bular óz náwbetinde sociallıq miynet ónimdarlıǵınıń kóteriliwine alıp keledi.

Xızmet kórsetiw tarmaqı adamnıń mádeniy-aǵartıwshılıq ruwxıyatın rawajlandırıw menen úlken sociallıq áhmiyetke iye.

***Xızmet kórsetiw mákemelerin jaylastırıwda*** bir qatar faktorlar rol oy-




*76-súwret.* Xızmet kórsetiw tarmaqlarınıń quramı.



http://eduportal.uz

naydı. Birinshiden, xızmet kórsetiw tarmaqları kárxana hám mákemeleri xalıq, tiykarınan qay jerde kóp bolsa sol jerde qurıladı. Biraq hár qanday aymaqlıq punktlerinde barlıq xızmet kórsetiw mákemeleri bola bermeydi. Sebebi bul tarmaq xızmetine belgili muǵdarda talapker bolıwı shárt. Mısalı, xalqı az kishkene awıllarda iri qánigelesken sawda kárxanaları jeterli payda bermeydi.

Ekinshiden, xızmet kórsetiw mekemelerin jaylastırıwda xızmetke talaptıń dáwirligi de tásir etedi. Ayırım xızmet túrlerine talap hár kuni boladı. Bularǵa úy-jay kommunal xızmeti, mektepke shekem hám uluwma orta bilim mákemeleri, sawda xızmeti kiredi. Ortasha múddet (bir ayda bir neshe márte) paydalanılǵan xızmet túrleri de bar, sháshtárezxana, olarǵa gózzallıq úyi, ximiyalıq tazalaw, kinoteatr hám basqalar kiredi. Basqa xızmet túrlerinen jılına bir márte hám onnan da az paydalanadı. Mısalı, kóp waqıt paydalanatuǵın buyımlar satıp alıw yamasa olardı ońlaw, sayaxat xızmeti, muzeyge barıw sıyaqlılar.



Demek xızmet kórsetiwdiń dáwirliginen xızmet kórsetiw kárxanaların jaylastırıw ***tendenciyaları*** júzege keledi.

Kúndelikli xızmet kórsetiw kárxanası úy yamasa jumıs isleytuǵın jerine jaqın jaylasqan bolıwı kerek. Uzaq múddet dawamında múráját etiletuǵın xızmet túri ushın istiń sapası hám xızmettiń kóp túrliligi áhmiyetli boladı. Avtomobil, televizor satıp alıw yamasa maman shıpakerge mútájlik tuwıp qalǵanda, usı tarmaqlarǵa arnawlı qánigelesken alıstaǵı mekemege de barıladı.

Xabarlardı tarqatıw, sonday-aq, mámleket ekonomikasın basqarıwda ***baylanıs xızmeti*** áhmiyetli orın tutadı.

Baylanıs xızmeti eki túrli boladı. ***Poshta baylanısı*** hár túrli pochtadan jiberilgenler (xat, banderol, posilka hám t. b. lar)di qabıl etiw, jiberiw hám jetkizip beriwdi óz ishine aladı. Poshta baylanısına uqsaǵan xızmet elimizde bunnan 2,5 mıń jıl burın da bolǵan. Ol dáwirlerde shabarmanlar patshanıń pármanların nayıplarǵa hám qorǵanlardaǵı xabarlardı mámleket paytaxtına jetkerip turǵan. Ekinshi ***elektron baylanıs*** bolıp, ol telefon, telegraf, radio, televidenie, elektron pochta sıyaqlılardı óz ishine aladı. ***Telegraf baylanısı*** elimizde XIX ásirdiń 80-jıllarında temir jol qurılısı menen bir waqıtta júzege kelgen. Birinshi telegraf stanciyası bunnan I ásir aldın Tashkentte iske túsken. Respublikamızda ***mobil baylanıs*** xızmeti de tez rawajlanbaqta. Búgingi kúni onnan paydalanalatuǵınlardıń sanı 19 millionnan asadı.

http://eduportal.uz

1985-jılda iske túsirilgen ***Tashkent teleminarası*** Ullı minaralar xalıq aralıq federaciyası dizimine kizgizilgen bolıp, biyikligi boyınsha dúnyanıń jetekshi on teleminarasınıń qatarında turadı (77-súwret). Mámleket xalqı mámleketlik hám kommerciya teledástúrleri jáne reńli televidenie menen támiyinlengen. Házirde onnan aslam telekanallar islep tur.



*77-súwret.* Biyikligi 375 metr bolǵan Tashkent teleminarası.

Xızmet kórsetiw tarmaqlarınıń ishinde ***baspa*** da áhmiyetli rol oynaydı. Siz oqıytuǵın sabaqlıq, kitap, jurnal, gazeta hám basqalar baspa kárxanası bolǵan redakciya hám baspaxanalarda tayarlanadı. Dáslepki baspaxana XV ásirdiń ortalarında Germaniyada payda bolǵan bolsa, bizde birinshi baspaxana XIX ásirdiń aqırlarında iske qosılǵan. Búgingi kúni mámleketimizde 120 dan aslam baspaxana islep tur. Ǵárezsizlikke eriskennen soń baspaxanalar pútkilley qaytadan úskenelendi. Házirgi waqıtta baspaxanalarda tekstler hám súwretler zamanagóy kompyuterlerde terilmekte jáne basıp shıǵarılmaqta.

***Bilimlendiriw.*** Ekonomikanıń turaqlı hám tez rawajlanıwında insan faktorı sheshiwshi ekenligin bilesiz. Biraq bunda qánigelerdıń maǵlıwmat dárejesi, ruwxıy jaǵdayı jánede áhmiyetli (78-súwret). Mámlekette 10 mıńǵa jaqın uluwma bilimlendiriw mektepleri, kóplegen akademiyalıq licey hám kásip-óner kolledjler islep tur. Keyingi jıllarda mámleketimizde joqarı maǵlıwmatlı qánigelerge mútájlikten kelip shıǵıp, jańa joqarı bilimlendiriw organları, olardıń filialları jáne de rawajlanǵan shet ellerdiń



*78-súwret.* Bilim alıwǵa itibar – keleshekke itibar.



http://eduportal.uz



*79-súwret.* Xızmet kórsetiw tarmaqında densawlıqtı saqlaw óz aldına orın tutadı.

rawajlanǵan institut hám universitetleri menen qospa bilimlendiriw mákemeleri ashılmaqta. Búgingi kúnde mámlekette bilim dárejesi 99,3 procent bolıp, bul dúnyadaǵı eń joqarı kórsetkishlerden birin quraydı.

***Densawlıqtı saqlaw***. Elimizde ámelge asırılıp atırǵan keń kólemli reformalar, densawlıqtı saqlaw sistemasın reformalastırıwı nátiyjesinde puxaralarımızdıń ortasha ómir kóriw dawamlılıǵı 1990-jıldaǵı 67 jastan 2017-jılı 74 jastı quraydı hám bul boyınsha Ózbekstan rawajlanǵan mámleketler qatarınan orın aldı.

Densawlıqtı saqlaw tarmaqındaǵı reformalar nátiyjesinde zamanagóy medicina ásbap-úskenelerinen paydalanılmaqta (79-súwret).

Xalıqtıń awqatlanıwın jaqsılaw, un hám duzdı kerekli mikroelementler menen toyındırıw, analar hám balalardı vitaminge bay dáriler menen támiyinlew boyınsha ámelge asırılǵan ilajlar sebepli búgingi kúnde balalarımızdıń 92 procenti rawajlanıw kórsetkishleri boyınsha Dúnyada densawlıqtı saqlaw shólkemi standartlarına sáykes keledi.

**1.** Xızmet kórsetiw tarmaqınıń rawajlanıwı nelerge baylanıslı?
**2.** 8-klass atlasınıń uluwma bilim beriwshi mektepleri, joqarı hám orta arnawlı oqıw orınları, densawlıqtı saqlaw, mádeniyat temasındaǵı kartalardan paydalanıp, olardıń jaylasıwın wálayatlar boyınsha salıstırıp talqılań.
**3.** Turatuǵın jerińizdegi xızmet kórsetiwge baylanıslı óndiris yamasa xızmet túrlerin geografiya dápterińizge jazıń.
**4.** Jazıwsız kartadaǵı xızmet kórsetiw tarmaqlarına tiyisli tema tapsırmaların orınlań.
**5.** Sizińshe, xızmet kórsetiwdiń qaysı tárepi qanaatlandırmaqta, al qaysı tárepi talap dárejesinde emes?
**6.** Tekst penen tanısıp shıǵıp, tómendegi kesteni dápterge sızıp alıń hám toltırıń:

| t/r | Barlıq xızmet túrleri | Solardan rayonımızda barları |
|---|---|---|
| 1<br>... | | |



http://eduportal.uz

## 35-sabaq

# ÓZBEKSTANDA REKREACIYA HÁM TURIZM

Xızmet kórsetiw mekemeleriniń tarmaqları arasında rekreaciya xızmeti keyingi jılları keń rawajlanbaqta. ***Rekreaciya xızmet***i miynet etiw procesinde jumsalǵan kúsh, energiyanı tiklewde áhmiyetli faktor esaplanadı.



Rekreaciya xızmetin rawajlandırıw ushın kerekli bolǵan faktorlar:
— kúndelikli jumsalatuǵın qárejetlerden awısqan qárejet;
— rekreaciya resursları;
— rekreaciya xojalıǵı bolıwı.

***Rekreaciya resursları*** eki túrli, yaǵnıy tábiyǵıy rekreaciya hám mádeniy tariyxıy rekreaciyaǵa bólinedi. Tábiyǵıy rekreaciya resurslarına tábiyǵıy jaǵday hám tábiyǵıy baylıqlardıń ortalıǵında payda bolǵan qalalar, úngirler, bulaqlar, gózzal taw janbawırları kiredi. Tábiyǵıy ortalıǵı keskin ózgergen, tıǵız infrastruktura jaǵdayında xalıqtıń tábiyat qoynında, arnawlı dem alıw orınlarında dem alıwǵa bolǵan qálewi kúsheymekte. Issi jaz aylarında tegisliklerde jasawshı xalıq tawlı jerlerge barǵısı keledi. Tawlarımız hawası bir jóńkilli, ájayıp ósimlik hám haywanat dúnyası jáne shıpalı bulaqları menen tábiyǵıy rekreacion rayon túrinde shet elliklerdi de ózine tartpaqta.

Tawlardıń tábiyatı shıpalı hám sulıw jerlerinde emlenetuǵın jáne dem alıw orınları bar. Tashkent wálayatındaǵı «Chimyan», Ferǵana alabındaǵı «Shaxımardan», «Chadak», «Nanay», «Quvasay», «Baǵıshamal», «Chartaq» dem alıw zonaları hám Buxara wálayatındaǵı «Sitorai Mohi Xosa», Qashqadárya wálayatındaǵı «Miraqı» usaǵan emleniw orınları shet ellerde de belgili.

Óz náwbetinde áyyemgi qalalar, movzoleyler, qorǵanlar, arxitekturalıq imaratlar, muzeyler elimizdiń mádeniy miyrası esaplanadı.

Gózzallıǵı jáne de sháwketliligi menen millionlardı lal qaldırıp kiyatırǵan tariyxıy esteliklerimiz shet ellik sayaxatshılardı elimiz tárepke qaray asıǵıwǵa iytermelemekte. Usınday tariyxıy-mádeniy obektlerde payda bolǵan rayonlar, tiykarınan, Samarxand, Buxara, Xiywa, Shaxrisabz, Tashkent, Qoqan sıyaqlı qalalarda jaylasqan (80-súwret). Tilekke qarsı, ata-babalarımız qurǵan 36 mıń tariyxıy estelikten 7 mıńı ǵana saqlanıp qalıńǵan. Qalǵanları koloniyashılar tárepinen túrli jollar menen wayran etilgen. Házirgi waqıtta olar úlken qárejet hám miynet jumsalǵanınıń arqasında ońlanıp atır.

Sayaxat etiw (turizm) dúnya ekonomikasınıń eń tez rawajlanıp atırǵan tarmaqlarınan birine aylandı. Onıń keń qamrawlı rawajlanıwı bolsa kóplegen mámleketler ushın úlken dáramat deregi bolıp barmaqta.

http://eduportal.uz




*80-súwret.* Ózbekstannıń eń iri turistlik orayları.

BMSHniń Jáhán turizm shólkemi maǵlıwmatında 2015-jılı dúnya boyınsha 1,184 mlrd sayaxatshı esapqa alınǵan bolsa, 2016-jıl juwmaǵı boyınsha bul kórsetkish 1,235 mlrd qa, yaǵnıy 3,9 procentke kóbeygen. Sayaxatshılarǵa kórsetilgen eksport xızmetleriniń bahası 2015-jılı 1,5 trillion AQSH dolların quraǵan. 2016-2017-jıllarda hám bul sanlarda úlken ózgeristi kóriw múmkin.

Sol sebepli, dúnyanıń kóplegen mámleketleri usı tarmaqdı jáne rawajlandırıw, bul orında tiyisli infrastrukturanı dúnya standartları dárejesinde jaratıw hám sayaxatshılar aǵımın kóbeytiw boyınsha barlıq ilajlardı ámelge asırmaqta.

2015-jılı eń kóp shet ellik miymanlardı qabıl etiwde Franciya (83,7 million), AQSh (74,8 million), Ispaniya (65,0 million), Qıtay (55,6 million) hám Italiya (48,6 million) kúshli beslikti iyeledi. Biraq, Ózbekstan bul tarmaqda ele biraz arqada ekenligin kóriw múmkin. Solardan, Pútkil jáhán turizm hám sayaxatlar boynsha keńesti (PTSK) tárepinen berilgen bahaǵa qaray, Ózbekstan sayaxatshılardıń keliwi boyınsha dúnya mámleketleriniń arasında 150-orındı iyeleydi.

Elimiz dúnya turizm bazarında óz ornına iye bolıwına qaramastan, sayaxatshılarǵa qolaylı jaǵday jaratıw, servis xızmetlerin jaqsılaw, sayaxat etiwde esteliklerdiń ózine tartıp qızıǵarlıǵın asırıw hám reklamanı kúsheytiw dárejesi jeterli emes edi.

Házirde mámleketimizde turizmdi rawajlandırıw barısında keń kólemli isler ámelge asırıwǵa kirisildi.

http://eduportal.uz

Mısalı, turizm tarawında is júrgizbekshi bolǵan biznesmenlerge kreditler beriw jáne jer aldı-berdi jumısları jeńillestirilip, jáhán talaplarına juwap beretuǵın miymanxanalardıń sanın kóbeytiw, sol arqalı jarıstı kúsheytiw, miymanxana bahaların arzanlastırıwǵa kirisildi.



*81-súwret.* Ózbekstanǵa sayaxatshılardıń keliwi.

Jáne bir áhmiyetli baǵdar – turistlerge xızmet kórsetiw boyınsha shet tillerin jáne de tariyx hám geografiyanı puxta biletuǵın qánigelerdi tayarlaw sistemasın rawajlandırıw bolıp esaplanadı. Gidler, miymanxana xızmetkerleri, turistlik xızmetler kórsetiwdiń jáne jetilisken standartlardı ornatıw usılar qatarına kiredi. Samarqandta ashılǵan «Jipek jolı» Xalıq aralıq Turizm universitetiniń jumısı da sol maqsetler ushın xızmet etpekte. Buǵan qosımsha túrde shet el joqarı oqıw orınları menen birge islesiwdegi qospa fakultetler, shet el JBOlar filialları da taraw qánigelerin tayarlawda járdem bermekte. Házir bul boyınsha, ásirese, Rossiya, Korea, Turkiya Turizm akademiyası, Evropa oqıw orınları menen jedel jumıs alıp barılmaqta. Nátiyjede mámleketimiz boylap sayaxat etiwshlerdiń sanı jıldan jılǵa asıp barmaqta.

Ulıwma alǵanda házirde turizm tarawına milliy ekonomikaǵa joqarı dáramat keltiretuǵın keleshegi bar tarmaqlardan biri sıpatında qaralmaqta. Sonıńday, mámleketimizdegi derlik tariyxıy 200 estelikler mádeniy miyras obektleri sıpatında YuNESKO dizimine kiritilgen.

***Rekreaciya xojalıǵınıń*** quramında miymanxanalar, dem alıw úyleri hám bazaları, sanatoriyalar, turbazalar, turistlik transport hám basqalar kiredi.

**1.** Xızmet kórsetiw mekemelerinen qaysı biri xalıq qonıslarınan uzaqta bolǵanı maqul?
**2.** Rayon yamasa awıllarımızdaǵı xızmet kórsetiw mekemelerin úyrenip shıǵıp, bul tarmaqdaǵı jetiskenlikler menen kemshiliklerdi anıqlań.
**3.** Tábiyattıń gózzal jerleri qaysı wálayatlarda kóp (7-klass «Ózbekstannıń tábiyǵıy geografiyası» kursınan esleń)?

## 36-sabaq

# SÍRTQÍ EKONOMIKALÍQ QATNASLAR

Siz óz jerińiz yamasa jeke fermer xojalıǵıńızda jetistirgen ónimdi ózińizde bolmaǵan ónimge almastırıw yamasa bazarda satıwǵa mútájlikti sezesiz. Bul jaǵdaydı mámleketler aralıq qatnaslarda da baqlaymız. Ózbekstanda islep shıǵarılıp atırǵan ónim, buyımǵa talap shet elde úlken bolsa, onı mámleket mútájliginen basqa islep shıǵarıw maqsetke muwapıq. Kerisinshe, ózimizde islep shıǵarıwdan kóre shet elden alıp kelinse arzan túsetuǵın zatlardı satıp alıw maqul.

Ózbekstan mashinalar, ximiya ónimleri, qara hám reńli metall, elektr energiya, gaz, paxta talshıǵı, azıq-awqat zatları, pille, qarakól usaǵan ónimlerdi eksport qılıwshı mámleketlerden esaplanadı. Óz náwbetinde Ózbekstan ózinde jetistirilmeytuǵın azıq-awqat hám sanaat tovarların, sonday-aq xalıq tutınıw buyımların import qıladı.

Ózbekstan xalıq aralıq ekonomikalıq birge islesiwge jedel kirisken. Búgingi kúni 140 tan aslam mámleket menen sırtqı sawda qatnasıqların alıp barmaqta. Ásirese, dúnyada jetekshi bolǵan Germaniya, AQSh, Ullı Britaniya Yaponiya, Franciya, Italiya, Koreya Respublikası, Turkiya, Xıtay sıyaqlı mámleketler menen birge islesiwi tez rawajlanbaqta. Ózbekstanǵa eksport hám import qılınıp atırǵan ónimlerdiń eń kóbi Qıtayǵa tuwrı keledi (82-súwret).



Tovarlardıń sırtqı bazarǵa, shet elge shıǵarılıwı ***eksport*** dep ataladı. Kerisinshe, shet mámleketlerden kerek ónimlerdi, zatlardı alıp keliw ***import*** dep ataladı.

2018-yılı eksport 14,6 mlrd, import bolsa 19,6 mlrd AQSh dollarınan ibarat. Ózbekstannıń sırtqı sawdası jıldan-jılǵa asıp barıwınıń nátiyjesinde mámleketimiz xalıq aralıq miynettiń bólistiriliwinde jedel qatnaspaqta.

Mámleket sırtqı sawda siyasatınıń tiykarı milliy ekonomikalıq konkurentligin asırıw jáne mámlekettiń eksport imkániyatlarin keńeytiw hám quramın jetilistiriw. Sońǵı jıllarda eksport quramında úlken qanaatlandırarlıq ózgerisler júz bermekte. Solardan shiyki zat ónimleri eksportı azayıp, joqarı sıpatlı tayyar ónimler eksportınıń úlesi kóbeymekte.

Keleshekte eksportqa mólsherlengen avtomobiller, joqarı kúshleniwge iye agregatlar, komunal elektr ásbapları, medicina hám qurılıs jáne toqımashılıq hám tigiwshilikke tiyisli qımbat bahalı ónimlerdi islep shıǵarıw kúsheyedi. Ásirese, mámleketimizde jetistirilgen miywe hám ovoshlar eksportın kúsheytiw zárúr. Jáne bir áhmiyetli wazıypalarınan biri – bul diyqan hám fermer xojalıqlarına sırtqı bazarda qarıydarlardı tabıw bolıp esaplanadı.

http://eduportal.uz




*82-súwret.* Ózbekstannıń shet mámleketler menen sırtqı sawda qatnasıǵı (ulıwma kólemge salıstırǵanda procent esabında, 2017).

Islep shıǵarıwdıń rawajlanıwı menen birge kóplegen ónimlerdiń, solardan, janarmay, azıq-awqat hám xalıqtıń tutınıw buyımlarınıń importı qısqarmaqta (83-súwret). Ulıwma importtıń 3/4 bólimi texnika hám islep shıǵarıw materialları jáne ásbap-úskeneler quraydı. Bul mámleket ekonomikasınıń rawajlanıw keleshegine sáykes keledi.

Ózbekstanda 4200 den aslam shet el kárxanası islep tur. Búgingi kúnde Ózbekstan Jáhan Banki, Aziya Rawajlanıw Banki, Islam Rawajlanıw Banki, OPEC Xalıq aralıq Rawajlanıw Qorı, Saudiya Rawajlanıw Qorı sıyaqlı xalıq aralıq ekonomikalaıq shólkemler menen jaqın birge islespekte.



Xalıq aralıq ekonomikalıq shólkemler menen birge islesip, mámlekettiń islep shıǵarıw kúshlerin moderinizaciya qılıw hám jańalaw ushın shet el kapitalın kirgiziw túri ***investiciya*** dep ataladı.

Mámlekettiń rawajlanıwın tezletiw ushın investiciyaların jánede kóbirek ózine tartıw maqsetke muwapıq boladı.

Sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı rawajlandırıw keleshegi sıpatında mámleketimiz aymaǵında arnawlı erkin ekonomikalıq zonalardıń payda etilip atırǵanlıǵı haqqında aldıńǵı sabaqlardan xabardarsız. Olardıń dáslepki

http://eduportal.uz




*83-súwret.* Shet el mámleketleri menen sırtqı sawda aylanısı (procent esabında).

Ózbekstan aymaǵınıń geografiyalıq orayı – Nawayı wálayatında payda etilgen edi. Ol barlıq túrdegi samolyotlardı qabıl etetin xalıq aralıq aeroport hám onıń menen baylanıslı bolǵan túrli xızmet kórsetiw kárxanalarınan hám mekemelerden ibarat úlken kompleks.

Tovarlar sawdasınan basqa, shet el mámleketler menen birge islesiwde transport sisteması qurılmaqta, tábiyattı qorǵaw hám ózgertiriw máseleleri sheshilmekte. Bunda Ózbekstan dúnyanıń jetekshi xalıq aralıq shólkemleri menen birge islesken halda, dáwirdiń aktual mashqalaların sheshiwde de itibar qaratpaqta. Shanxay birge islesiw shólkemi (SHBISh) Evropa Awqamı (EA), Ǵárezsiz mámleketler doslıq awqamı (ǴMDA), Evroaziya ekonomikalıq doslıǵı (EED), Islam konferenciyası shólkemi (IKSh) hám basqa xalıq aralıq shólkemler usılar qatarına kiredi.

Ózbekstannıń jáhán xojalıǵındaǵı ornın, onıń basqa mámleketler menen ekonomikalıq baylanıslardın 9-klasta «Jáhán ekonomika hám social geografiyası» sabaqlarında jáne de tereńirek úyrenesiz.

1. Ózbekstan menen ekonomikalıq qatnasta bolǵan mámleketlerdi dápterińizge jazıń.
2. Importqa qaraǵanda eksporttıń kóp ekenligi qanday qolaylıqlar jaratadı?
3. Importtıń eń kóp bólegi qaysı ónimlerge tuwra keledi?
4. Sırtqı ekonomikalıq qatnaslar qaysı faktorlarǵa baylanıslı?
5. Investiciya túsinigin túsindirip beriń.
6. Erkin ekonomikalıq zona ne ushın Nawayı wálayatında qurılǵan?
7. 83-súwrette Ózbekstannıń keying jıllardaǵı eksport hám import quramınıń ózgeriwin baqlań. Jaqın jıllarda mámleketimiz sırtqı sawda aylanısında qanday ózgerisler bolıwı múmkin ekenligi boyınsha pikir júrgiziń. Juwaplarıńızdı tiykarlawǵa háreket etiń.

## ÁMELIY JUMÍS

1. Xalıq jasaw punktlerinde 1 jıl dawamında tuwılǵan 768, ólim 154 bolsa, sonday-aq, oǵan kóship kelgen 28 adam, koship ketkenler 50 adamdı qurasa ondaǵı xalıqtıń sanı qanshaǵa ózgergenin esaplań.
2. Awır sanaattıń quramın sxemadan kórsetiń.
3. Óndiristi qánigelestiriw, kooperativlestiriw hám kombinatlastırıwdıń áhmiyetin túsindiriń, óndiristiń shólkemlestiriw formalarına anıq mısallar keltiriń.
4. Sanaat tarmaqların jaylastırıwǵa qanday faktorlar tásir kórsetedi?
5. Qara hám reńli metallurgiya jáne agrosanaat komplekleriniń áhmiyetli rayonların aytıp beriń (tapsırmanı jazıwsız karta hám atlas járdeminde orınlaw da múmkin, onda sanaattıń iri orayları, rayonlardıń shiyki zat, janılǵı hám tayar ónim boyınsha óndirislik baylanısları kórsetiledi).
6. Sanaat, awıl xojalıǵı hám transporttıń tábiyatqa tásirin mısallar arqalı kórsetiń. Tábiyattı qorǵaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan qanday ilájlardı bilesiz?
7. Tómendegi kesteni toltırıń:

| Tarmaqlar aralıq komplekstiń atı | Komplekstiń quramındaǵı tarmaqlar | Tez ráwajlanıp atırǵan tarmaqlar | Qaysı wálayatta áste ráwajlanǵan |
|---|---|---|---|
| **1.**<br>**2.**<br>**3.**<br>**...** | | | |

8. Sabaqlıq tirkemesindegi 2-keste maǵlıwmatların analiz etiń. Ózbekstan Respublikasınıń egin maydanları quramında gektar esabında berilgen kartoshka, paxta, ovoshlar, azıqlıq palız hám dán eginleri maydanların procentke aylandırıp, sheńber diagramma sızıń.
9. 8-klass oqıw atlasında «temir jol», «jıllılıq elektrostanciyaları», «elektr jetkiziw liniyaları» qanday shártli belgilerde kórsetlgenin dápterińizge jazıń.

http://eduportal.uz

# IV BAP. ÓZBEKSTANNÍŃ REGIONAL SÍPATLAMASÍ

## 38-sabaq

## ÓZBEKSTANNÍŃ EKONOMIKASÍN AYMAQLÍQ SHÓLKEMLESTIRIW

Mámleketimiz aymaǵınıń hár bir bólegi óziniń geografiyalıq ornınıń tákirarlanbas ekenliginen, birinshi náwbette tábiyǵıy sharayatı hám baylıqları, xalqınıń miyneti jáne turmıs qálpiniń ózine tánligi qáliplesken. Ekonomika negizinen ónimniń jergilikli tábiyǵıy baylıqları tiykarında rawajlanǵan. Transporttıń jetilisiwine qaray ekonomika geybir jerlerde shetten ákelingen shiyki zat negizinde qáliplesken. Maman kadrlar negizinen iri qalalardaǵı ilimiy mekemelerde tayarlanadı. Usıǵan muwapıq ilim hám mamanlıq talap etetuǵın óndirisler qalalarda rawajlansa, basqa orınlar awıl xojalıǵınıń yamasa sanaattıń shiyki zat bazasın jetkerip beredi. Mámlekettiń geypara bólimleri arasında miynettiń mine usılayınsha bólistiriliwi ***geografiyalıq*** yamasa ***aymaqlıq miynet bólistiriliwi*** dep ataladı.



***Aymaqlıq miynet bólistiriliwi*** tómendegi jaǵdaylarda ǵana júz beredi:
- ♦ islep shıǵarılıp atırǵan ónimniń jergilikli talaptan ádewir kóp bolıwı;
- ♦ onı islep shıǵarıwdıń mámlekettegi basqa bólimlerindeginen arzanǵa túsiwi;
- ♦ óndiristegi shiyki zat zapasınıń kóp jıllarǵa jetetuǵın bolıwı;
- ♦ ónim ayırbaslanǵanda transport qárejetiniń arzan bolıwı.

Belgili waqıt ótkennen keyin aymaqlardıń qánigelesiwinde ózgerisler júz beriwi múmkin. Mısalı, Qashqadárya aymaǵında neft hám gaz kánleri ashılıp iske qosılǵannan keyin bul aymaqta jańa, qánigelesken óndiris qáliplesti. Ózbekstan ǵárezsizlikti qolǵa kirgizgennen soń dán ónimleri menen ózin-ózi támiyinlew wazıypası alǵa qoyıldı. Nátiyjede wálayatlarda kóp ǵálle egile basladı. Aqıbetinde bul wálayatlar paxtashılıqtan tısqarı ǵálleshilikke de qánigelesti.

Miynettiń geografiyalıq bólistiriliwi tiykarında, óz qánigelesiwine qaray bir-birinen parıq qılatuǵın aymaqlar – ***ekonomikalıq rayonlar*** júzege keledi. Ekonomikalıq rayon (aymaq)lar ushın pútkil mámleket kóleminde qánigelesiw tán bolıp, ónim almasıw júdá keń kólemde ámelge asadı. Bunday rayonlardıń bir neshe qánigelesken tarmaqları bolıwı da múmkin.

http://eduportal.uz

Mámleket kóleminde qánigelesken tarmaqtı qalay anıqlaw múmkin? Bul ushın izlenip atırǵan qánigelesiw koeficentin *K* dep alamız da, tómendegi formulanı dúzemiz:

$$K = \frac{M}{A},$$

bunda: *M* — rayon óniminiń usı tarmaq boyınsha mámlekettegi salmaǵı, *A*—mámleket xalqınıń sanında rayon xalqınıń salmaǵı. Eger *K* kórsetkish birden úlken bolsa, onda rayon bul tarmaqqa qánigelesken dep bilińiz. Qánigelesiw kórsetkishi (*K*)nıń úlkenkishiligine qaray ekonomikalıq rayonnıń qánigelesiw dárejesin bilse boladı. Bunnan tısqarı, qánigelesiw imkániyatı transportqa hám ónimdi tasıw qárejetlerine de baylanıslı.

Rayondaǵı óndiris kárxanalarınıń belgili bir bólegi ǵana ***qánigelesken tarmaqlar***ǵa kiredi. Al qalǵanları bolsa qánigelesken tarmaqǵa xızmet etiwshi járdemshi tarmaqlardı quraydı (mısalı, paxta jetistiriwge qánigelesken xojalıqlarda járdemshi tarmaq sıpatında jońıshqa, júweri, kartoshka da jetistiriledi, maldıń belgili bir túri baǵıladı yamasa mashina islep shıǵarıw qánigeli tarmaq bolsa, metall quyıw kárxanaları, jergilikli energetika usaǵanlar járdemshi kárxana esaplanadı). Rayon xalqın azıq-awqat ónimleri, kiyim-kenshek, mádeniy-turmıs buyımları menen támiyinlewshi kárxanalar ***xızmet kórsetiw tarmaǵın*** quraydı. Bul barlıq tarmaq ushın energetika hám suw támiynatı, transport tarmaqları hám aymaq uluwma bolıp, óndiris procesinde óz ara baylanısta boladı. Demek, ekonomikalıq rayonlar qánigeligi menen ǵana emes, al xojalıqtıń kompleksli rawajlanıwı menen de ayırılıp turadı.

Ekonomikalıq rayonnıń rawajlanǵanlıq dárejesin onda qanday ***aymaqlıq óndiris kompleksleri (AÓK)*** bar ekenligi hám qay dárejede qálipleskeninen biliw múmkin. Ol mámleket kóleminde qárejetlerdi ádewir ǵana únemleydi, jámiyetlik miynet ónimliligin




*84-súwret. Ózbekstannıń ekonomikalıq rayonları.*

http://eduportal.uz

arttıradı, tábiyattı qorǵawdı, xalqımızdıń turmıs, miynet, dem alıs sharayatlarınıń jaqsılanıwın támiyinleydi.



***AÓK*** – óndiris tarawındaǵı barlıq tarmaqlarǵa qaraslı hár qıylı kárxanalardıń bir uluwma aymaqtaǵı óz ara baylanısqan úylespesi bolıp tabıladı.

Buǵan óz ara baylanısqan kárxanalardı jalǵız transport, energetika hám qurılıs bazaları úylespesine jaqın (kooperativlew, kombinatlaw negizinde) jaylastırılıwı esabınan, sonday-aq tábiyǵıy baylıqlardan hám jumısshı kúshlerinen, ekilemshi shiyki zat jáne shıǵındılardan maqsetke muwapıq paydalanıw esabınan erisiledi.

AÓKler tábiyǵıy baylıqları kóp aymaqlardı tezirek hám únemli ózlestiriwge imkániyat beredi. Hár bir AÓK iyelegen maydanı hám tarmaqlarınıń quramına qaray basqasınan parıq qıladı. Tarmaqlar aralıq kompleksler jetilisiw dárejesi boyınsha da bir-birinen ajıralıp turadı. Máselen, paxtashılıq kompleksi barlıq wálayatlarda qáliplesip bolǵan. Reńli metallurgiya kompleksi tek Tashkent wálayatında eń jetilisiw dárejesine jetken. Samarqand hám Buxara wálayatlarında bolsa qáliplesiwdiń tómengi basqıshında, Xorezm wálayatı hám Qaraqalpaqstan Respublikasında derlik joq. Aymaqlıq óndiris kompleksleriniń óz ara baylanıslılıǵınan ekonomikalıq rayon qáliplesedi.



***Ekonomikalıq rayon***: a) geografiyalıq ornı ózine tán; b) mámleket kóleminde qánigelesken; v) kompleksli xojalıq qáliplesken; g) tábiyǵıy baylıqlar jáne jumısshı kúshi menen támiyinleniwi basqa rayonlardan parq qılatuǵın aymaqlar..

Ekonomikanıń joqarılawı menen tarmaqlar aralıq kompleksler quramalasıp baradı. Nátiyjede aymaqlıq baylanıslar da jetilisip ekonomikalıq rayonlar qayta dúziliwi múmkin. Házirgi waqıtta mámleketimizdiń aymaǵın shártli túrde 6 ekonomikalıq rayonǵa bóliw múmkin (84-súwret). Bul ekonomikalıq rayonlar Ózbekstannıń 2 hám onnan aslam administrative birliklerinen ibarat. Mısalı, Tashkent ekonomikalıq rayonı Tashkent qalası hám Tashkent wálayatınan, Mırzashól ekonomikalıq rayonı Sırdárya hám Jizzax wálayatlarınan quralǵan.

Ǵárezsizlik jıllarında milliy ekonomikanıń aymaqlıq tárepinen teń salmaqlıǵın támiyinlew hám zonalıq tuwrı kelmewin azaytıw Ózbekstanda mámleket siyasatınıń turaqlı wazıypasına aylandı. Keyingı jıllarda mámlekette júz berip atırǵan quramlıq ózgerislerde aymaqlardıń ornı sezilerli dárejede



http://eduportal.uz

joqarıladı. Aymaqlardıń ekonimikalıq uqıplılıǵı hám konkurentligin asırıwǵa baǵdarlanǵan bir qatar ilajlar ámelge asırıldı.

Ózbekstan aymaqlarınıń social-ekonomikalıq rawajlanıw dárejesi hám ekonomikalıq ósiw jedelligindegi ayırmashılıqlar bir qatar obektiv sebepler – bazaar reformalarınıń dáslepki dáwirindegi aymaqlıq rawajlanıw dárejesi, aymaqtıń investicion ózine tartıwı, ekonomika-geografiyalıq rawajlanıwı, infrastrukturanıń rawajlanǵanlıq dárejesi, innovacion potencialı hám basqa kóp ǵana faktorlar menen túsiniledi.




*85-súwret.* Respublikada JIÓdi payda etiwde aymaqlardıń qatnasıwı (JIÓge salıstırmalı % te, 2017-j.)

Respublikada JIÓdi payda etiwde JIÓniń úlesi boyınsha Tashkent qalası 15,5% kórsetkish penen jetekshilik etedi (85-súwret). Tashkent hám Samarqand wálayatları sáykes ráwishte 9,1 hám 7,1 % kórsetkish penen keying orınlardı iyeleydi. JIÓniń eń az úlesi Sırdárya, Xorezm wálayatlarında hám Qaraqalpaqstan Respublikasında esapqa alındı. Keyingi sabaqlarda bul aymaqlardı izbe-iz úyrenemiz.

**1.** Miǵallimniń járdeminde rayonıńız qanday ónim islep shıǵarıwǵa qánigeleskenin anıqlań.
**2.** Rayonnıń qánigelesiwi dep nege aytıladı?
**3.** Ekonomikalıq rayon degen ne? Mámleketimiz aymaǵın qanday ekonomikalıq rayonlarǵa bólip úyreniledi?

## 39-sabaq

## TASHKENT EKONOMIKALÍQ RAYONÍ




***Ekonomika-geografiyalıq ornı hám tábiyǵıy baylıqları.*** Tashkent ekonomikalıq rayonı adminstrativlik tárepten Tashkent qalası hám Tashkent wálayatınan ibarat. Bul rayonnıń eki tárepi Ferǵana hám Mırzashól ekonomikalıq rayonları menen tutasqan, qalǵan tárepi Qazaqstan, Qırǵızstan hám Tájikstan mámleketleri menen shegaralanǵan. Geografiyalıq ornındaǵı qolaylıqlar sebepli Tashkent 1930-jıldan beri Ózbekstannıń paytaxtı statusında kiyatır. Tashkent wálayatı awıllıq rayonlarınıń derlik yarımınıń (*Yangiyul, Qıbray, Bostanlıq, Parkent, Orta Chirchiq, Tashkent hám Zangiata rayonları*) xojalıǵınıń qánigelesiwinde hám ekonomika-sociallıq rawajlanıwında paytaxttıń tásiri úlken bolıp tabıladı. Sebebi ol úlken qala menen tutasqan rayonlarda ekonomika-sociallıq ózgerisler tez ótedi. Bunı qalanıń átirapındaǵı rayonlar mısalında ayqın kóriwimiz múmkin (86-súwret).

Ekonomikalıq rayon aymaǵı relefiniń hár qıylı formalarınan ibarat. Bul sanaat ushın da, awıl xojalıǵı ushın da úlken qolaylıqlar jaratadı. Rayonnıń Chirchiq hám Axangaran alapları Sırdáryaǵa shekem 100-150 km den aslam aralıqtan páseyip barıwı sebepli jasalma suwǵarıw ushın júdá qolaylı. Chirchiq hám Axangaran dáryaları tawlardaǵı jawın (500-700 mm)nan toyınıp atızlardı suwǵarıwdan tısqarı elektr energiya alıwda da áhmiyetli rol oynaydı. Ekonomikalıq rayon taza ishimlik suwı menen jaqsı támiyinlengen. Suwınan jánede nátiyjeli paydalanıw maqsetinde Chirchiq dáryasınıń joqarǵı aǵısında sıyımlılıǵı 2,0 mlrd kub bolǵan Charvaq suw saqlaǵıshı qurılǵan. Sonday-aq Axangaran dáryasınıń orta aǵısında Túyebuǵız suw saqlaǵıshı (*«Tashkent teńizi»*) qurılǵan.

Qazılma baylıqlarınıń hár túrliligi jaǵınan bir de rayon Tashkent ekonomikalıq rayonına teńlese almaydı. Angren kómir basseyni mámlekette eń iri kómir káni esaplanadı (*kómir zapasınıń muǵdarın esleń*). Kómir qatlamları jer betine jaqın jaylasqan bolıp, qatlamlar arasında alyuminiy, cement hám keramika alıwda isletiletuǵın gilmaya kóp muǵdarda ushırasadı (*atlastan paydalanıp, qazılma kánlerin anıqlań*). Ekonomikalıq rayonda neft penen tábiyǵıy gaz ǵana joq. Zárúrli bolǵan neft ónimleri temir jol hám avtomobil transportında, al gaz bolsa trubada alıp kelinbekte (*olardıń qay jerden alıp kelinetuǵının atlastan anıqlań*).

http://eduportal.uz




*86-súwret.* Paytaxtqa tutasqan rayonlarda iri qala tásiriniń kórinisi.

***Xalqı***. Mámleketimiz xalqınıń derlik 1/5 bólegi usı rayonda jasap atır. Rayonda qala xalqınıń salmaǵı Tashkent qalasınıń xalqın qospaǵanda 50 procentke baradı. Uluwma xalıq sanındaǵı miynetke jaramlılardıń sanı boyınsha ekonomikalıq rayon birinshi orında turadı. Sonday-aq miynetke jaramlı xalıq maǵlıwmat dárejesiniń joqarılıǵı menen de kózge taslanadı. Bular ázelden joqarı oqıw orınları, Ilimler akedemiyası, onıń kóp sandaǵı ilimiy-izertlew institutlarınıń Tashkent (paytaxt)te jaylasqanınıń sharapatı. Bunnan tısqarı ilim hám tájiriybege talabı joqarı kárxana jáne mekemelerdiń kópligi de negizgi faktorlardıń biri bolıp esaplanadı (Rayonda xalıqtıń tıǵızlıǵı qanday?).

***Xojalıǵı.*** XX ásirdiń basında Tashkent ekonomikalıq rayonı rawajlanıw jaǵınan Ferǵana alabınan keyinde turar edi. Rayonda hár qıylı paydalı qazılma kánleriniń tabılıwı nátiyjesinde kán-taw sanaatı júzege kelip, awır sanaattıń tez rawajlanıwına imkániyat tuwıldı. Sanaatının rawajlanǵanlıǵı jaǵınan rayon respublikada birinshi orınǵa shıǵıp aldı.

Házirgi waqıtta ekonomikalıq rayonnıń xojalıǵı kóp tarmaqlı bolıp, onda Ózbekstandaǵı sanaat tarmaǵınıń derlik bári bar. Uluwma sanaat óniminiń 2/3 bólegi awır sanaatqa tuwra keledi. Jeńil hám azıq-awqat sanaatları da joqarı dárejede rawajlanǵan.

Tashkent ekonomikalıq rayonınıń ***rawajlanıwına tiykarǵı sebepler***: a) rayonnıń qolaylı ekonomikalıq ornı; b) respublika paytaxtı Tashkenttiń usı rayonda ekenligi; v) paydalanıw qolaylı bolǵan gidroquwattıń bar ekenligi; g) hár túrli paydalı qazılmalar tabılıp, olardan paydalanıwdıń jolǵa qoyılıwı; d) Ekinshi jáhán urısı jıllarında burınǵı awqamnıń batıs rayonlarınan Ózbekstanǵa kóshirip alıp kelingen kárxanalardıń yarımınan kóbi Tashkent wálayatına jaylastırılǵanı; e) shetten maman qánigeler kóplep tartılǵan hám basqalar.

***Janılǵı-energetika kompleksi*** anaǵurlım qúdiretli. Onıń negizin elektroenergetika sanaatı quraydı. Mámlekette óndiriletuǵın elektr energiyasınıń derlik yarımı usı rayonda jetilistiriledi. Bul kórsetkishti rayondaǵı úsh quwatlı JES jáne Chirchiq-Bozsuw gidroenergetika kaskadı támiyinleydi. Tashkent JES ı tolıǵı menen, al Angren JES ınıń bir bólegi gaz benen, Jańa Angren JES ı bolsa, jergilikli kómir menen islep atır.

***Sırtqı ekonomikalıq iskerligi***. Rayon 100 den aslam uzaq hám jaqın shet elleri menen sawda qatnasların alıp baradı. Shet elge paxta, jipek, paxtashılıq ushın kerekli mashina hám úskeneler, toqımashılıq mashinaları, kabel, ekskavatorlar, kóterme kranlar, elektr energiya, qarakól terileri, reńli metall konsentratları, jip hám jipek gezlemeler, kendır hám kendır ónimleri jáne miywe jiberiledi. Rayonnıń mútáji ushın aǵash, neft ónimleri, tábiyǵıy gaz, hár túrli sanaat ónimleri, mashina bólekleri, keń tutınıw tovarları alıp kelinedi. Ishki ekonomikalıq baylanısta avtomobil hám azǵana temir jol transportınan paydalanıladı.

***Transportı.*** 1930-1940-jıllardan rayonda avtomobil jolları payda boldı, asfalt hám tas jollar qurıldı. Úlken Ózbek traktı (700 km) Tashkentti Termiz benen baylanıstıradı. Tashkent–Angren–Qoqan taw jolı qayta qurılıp, jáhán talapları dárejesindegi xalıq aralıq jolǵa aylandırıldı. Tashkent–Chinaz–Gúlistan avtotrassası mámlekette birinshi dárejeli jol esaplanadı. Tashkent–Angren, Tashkent–Charvaq jáne Mırzashóldi kesip ótken Tashkent–Sırdárya–Jizzax temir jollarınıń áhmiyeti úlken.

1. Tashkent ekonomikalıq rayonı xalqınıń sanına, jaylasıwına hám milliy quramına qaysı tariyxiy geografiyalıq faktorlar tásir etken?
2. Tashkent ekonomikalıq rayonı respublikanıń industriallasıwında qanday rol oynaytuǵının túsindirip beriń.
3. Tashkent geografiyalıq ornına tán qolaylıqları qaysı faktorlardıń nátiyjesi?
4. Ekonomikalıq rayonda sanaattıń qaysı tarmaqları rawajlanǵan? Sebebin túsindiriń.

http://eduportal.uz

## 40-sabaq

# TASHKENT WÁLAYATÍ

*Wálayattıń geografiyalıq ornın atlastan belgileń. Xalqınıń sanı hám maydanınıń úlkenligin tirkemedegi 1-kesteden anıqlań.*

***Sanaatı***. Ekonomikanıń kóplegen tarmaqlarında shiyki zat tayarlawdan tayar ónim islep shıǵarıwǵa shekemgi barlıq basqıshlar wálayattıń ózinde boladı.



***Sanaattıń negizgi tarmaqları:*** elektroenergetika, qara hám reńli metallurgiya, mashina islep shıǵarıw, ximiya, qurılıs materialları, jeńil (paxta tazalaw), azıq-awqat (87-súwret).

***Metallurgiya kompleksi*** de joqarı dárejede rawajlanǵan. Óndiris baylanısları hám geografiyalıq jaylasıwına muwapıq Tashkent–Chirchiq, Tashkent–Yangiyul, Angren–Almalıq sanaat rayonları júzege kelgen. Angren–Almalıq sanaat rayonında mámlekettiń reńli metallurgiya óniminiń negizgi bólegi tayarlanadı. Mis rudasınıń quramında molibden, altın hám gúmis te ushırasadı. Bul jerde mis eritiw zavodı hám Almalıq taw-metallurgiya kombinatı islep turıptı.

***Reńli metallurgiya***nıń ekinshi orayı Chirchiq bolıp tabıladı. Qalada qıyın eriytuǵın hám otqa shıdamlı qospa eritindiler kombinatı bar. Kombinattıń óndiris procesi Ingishka, Qoytas jáne Almalıq ruda kánleri menen baylanıslı. Kombinat 100 túrden aslam ónim islep shıǵarmaqta.

Bekabad qalasındaǵı Ózbekstan metallurgiya zavodı qara metallurgiyanıń iri kárxanası. Shiyki zattıń ornına temir-tersekten paydalanıladı.

***Mashina islep shıǵarıw*** kompleksi dáslep agrosanaat kompleksiniń zárúrligi negizinde júzege kelgen. Házirde mashina islep shıǵarıw agrosanaat kompleksine xızmet etiwden tısqarı, kóplegen túrdegi quramalı mashinalar da islep shıǵarılmaqta. Rayonda islep shıǵarılıp atırǵan hár túrli úskeneler hám ásbaplar usılardan biri.

***Qurılıs materialları sanaatı*** wálayatta qurılıs kóleminiń úlkenligi hám hár túrli shiyki zat negizinde rawajlandı. Bekabad, Angren hám Axangaranda cement, Ǵazalkentte ayna hám mramor sonday-aq, Axangaranda shifer islep shıǵarılmaqta. Sanaattıń jedel rawajlanıwı óz náwbetinde ekologiyalıq jaǵdaydıń tómenlewine sebepshi bolmaqta.

http://eduportal.uz




*87-súwret.* Tashkent wálayatı.

***Awıl xojalığınıń negizgi tarmaqları:*** paxtashılıq, dán jetistiriw, ovosh jetistiriw, bağmanshılıq, gósh-sút sharwashılığı.

***Awıl xojalığı*** kóp tarmaqlı bolıp, ovosh hám miywe jetistiriwde basqa wálayatlardan alda turadı. Yangiyul, Qıbray, Bostanlıq, Parkent, Axangaran, Tashkent hám Zángiata rayonları paytaxtqa tutas, birdey zonanı

qurap, negizinen ovosh hám miywe jetistiriw ushın qánigelestirilgen. Olarda mıńlaǵan gektar teplicalar shólkemlestirilgen. Suwǵarılatuǵın jerlerde paxtadan tısqarı kendır hám salı da jetistiriledi. Uluwma alǵanda, wálayattıń awıl xojalıǵı intensivlik jol menen rawajlanıp atır. Sanaat túyinleri átirapında sút hám gósh jetistiriw maqsetinde sharwashılıq kompleksleri, qus ósiriwshilik rawajlanbaqta, jasalma suw basseynlerinde balıq órshitilmekte. Paxta jetistiriw menen úylesimli túrde jipek qurtı baǵıladı.




*88-rasm.* O'zbekiston Respublikasida Toshkent viloyatining salmog'i (foiz, 2017-yil).

Wálayatta ***sociallıq taraw*** da jaqsı jolǵa qoyılǵan. Tashkenttiń átirapında «Qıbray» hám «Tashkent mineral suwı» sanatoriyaları jaylasqan. Bostanlıq rayonınıń Charvaq, Chimyan jáne Parkent rayonınıń Kúmishkán aymaqlarında dem alıw orınları keń tarqalǵan.

Tashkent wálayatındaǵı sanaat oraylarınıń kópshiligi paytaxt penen baylanısta islep turıptı. ***Sanaat orayları*** qánigeligi boyınsha bir-birinen parıq qılatuǵın óz aldına aymaqlarda toplanǵan. Bular: Tashkent–Chirchiq, Tashkent–Yangiyul jáne Angren–Almalıq sanaat rayonları bolıp tabıladı. Tashkent–Chirchiq hám Tashkent–Yangiyul sanaat rayonlarınıń ózegi Tashkent qalası bolıp, onıń quramına Chirchiq, Yangiyul sanaat túyinleri jáne Ǵazalkent, Pskent, Nurafshan, Chinaz, Keles usaǵan kishi hám orta qalalar kiredi. Angren–Almalıq sanaat rayonınıń ózegin bolsa Almalıq hám Angren sanaat túyinleri quraydı. Oǵan Axangaran, Yangiabad usaǵan qalalar da kiredi. Bekabad sanaat túyini bul eki sanaat rayonınan biraz shette, wálayattıń qublasında jaylasqan.

***Qalaları.*** Tashkentten 30 km arqa-shıǵısta ximikler hám mashina islep shiǵarıwshılar qalası ***Chirchiq*** jaylasqan. Qaladaǵı otqa shıdamlı hám qattı qospa eritindiler zavodı metallurgiya kompleksiniń áhmiyetli kárxanaları bolıp tabıladı. Chirchiqtan joqarıraqta jas ***Ǵazalkent*** qalası bar. Ol kurort qalaǵa aylanbaqta.

Tashkentten 30 km qubla-batısta sanaat túyini – ***Yangiyul*** jaylasqan. Qala áyyemgi awıldıń (Qawınshı) ornında qáliplesti hám jeńil jáne azıq-awqat sanaatına qánigelesti. Sanaat kárxanalarınıń ishinde paxta tazalaw,

http://eduportal.uz



*89-súwret.* Ózbekstandaǵı dáslepki «Aqıllı qala» Nurafshan qalası dástúri.

may, sabın, sút, vino hám konserva zavodları, gósh kombinatı ayrıqsha kózge túsedi.

***Angren*** – wálayattıń áhmiyetli sanaat túyini. Angren temir jol jáne avtomobil jolı arqalı Tashkent penen baylanısqan. Qala 1940-jıllarda kómir qazıp alıwǵa baylanıslı sanaat punkti sıpatında payda bolǵan. Házirgi waqıtta Angren qalası taw-kán sanaatına baylanısı bar bir neshe kárxanalardı birlestirgen sanaat túyinine aylandı. Qala sanaatında JES ayrıqsha orın tutadı.

Wálayattıń ekinshi sanaat túyini – ***Almalıq.*** Bul qala 1951-jılı reńli metall ruda káni negizinde sanaat punkti sıpatında qáliplesti. Qalanıń sanaatında tolıq ciklli reńli metallurgiya kombinatı úlken áhmiyetke iye. Kombinattıń shıǵındısı (kúkirt gazı)nan ammofos zavodında mineral tógin islep shıǵarıladı.

***Axangaran*** sanaat orayı Almalıqqa jaqın jerde jaylasqan. Axangaranda úlken cement zavodı bar. Angrenge uqsap Axangaran qalası da kómir qatlamlarınıń ústinde ekenligi belgili bolǵan soń, qalanıń dáslepki ornınan 15 km arıda alap boylap «Úlken Axangaran» qalası qurılǵan.

Wálayattıń qublasında ***Bekabad*** qalası jaylasqan. Qala metallurgiya zavodı jáne Farxod JES qurılısı procesinde payda boladı. Házirde cement, paxta tazalaw hám gerbish zavodları, gósh kombinatı, tas-shaǵal karyeri de bar. Bul kárxanalardıń óndiris procesi óz ara baylanıslı. Qala samal kúshli esetuǵın jerde jaylasqan. Sol sebepli qalanı samaldan saqlawshı tosqın tereklikleri payda etilgen.

***Nurafshan*** (burıngı Toytepa) – 2017-jıldan baslap Tashkent wálayatınıń adminstrativ orayı. Oǵan shekem wálayattıń adminstrativ orayı Tashkent qalası bolıp esaplanatuǵın edi. Nurafshan qalası keleshekte Ózbekstandaǵı birinshi «Aqıllı qala» boladı, onda adminstrativ imaratlar, zamanagóy hám qolaylı turaq jaylar, biznes orayları, miymanxanalar, sport kompleksleri, kóp tarmaqlı keselxanalar qurıladı (89-súwret). Tashkent hám Nurafshandı tez júretuǵın avtomobil jolı baylanıstıradı.



1. Tashkentten Bekabadqa baratugın eń qısqa avtomobil jolın kartadan tabıń.
2. 87-súwretten Tashkent wálayatında baǵ hám júzim dalalarınıń qalay jaylasqanlıǵın anıqlap, bunday jaylasıwdıń sebeplerin túsindirip beriń.
3. Wálayat awıl xojalıǵınıń kóp tarmaqlılıǵı qanday faktorlardıń nátiyjesi ekeni haqqında oylap kóriń.
4. Yangiyul sanaat túyinlerine salıstırıp, eń áhmiyetli ózgesheliklerin kórsetiń.



http://eduportal.uz

## 41-sabaq

# TASHKENT QALASÍ

***Tashkent*** — Ózbekstannıń paytaxtı, Oraylıq Aziyada eń iri siyasiy-ekonomikalıq hám mádeniy oray bolıp, onda 2,5 mln adam jasaydı. Bunda Tashkent strategiyalıq xalıq aralıq lawazımǵa iye bolǵan siyasiy oray bolıw menen birge, Oraylıq Aziyanıń iri transport túyinindegi áhmiyetli ekonomikalıq megapolis bolıp tabıladı (90-súwret).

Ózbekstan Prezidentiniń rezidenciyası, Ózbekstan Respublikasınıń Oliy Májlisi, Ministrler Kabineti, sonday-aq shet el elshixanaları, BMSh hám




*90-súwret.* Tashkent qalasınıń planı.

onıń quramındaǵı xalıq aralıq shólkemlerdiń wákilxanaları Tashkentte jaylasqan. Tashkent qalası shıǵıs arxitekturalıq oy-pikirleri tiykarında pútkilley qayta qurılmaqta.

***Tashkent qalası*** mámleket ekonomikasınıń túrli tarmaqlarında jetekshi orınǵa iye. Respublikada islep shıǵarıp atırǵan jalpı ishki ónimniń eń úlken bólegi paytaxt esabına tuwra keledi.

Paytaxt ekonomikasınıń jetekshi tarmaqı esaplanǵan sanaattıń ornı hár dayımǵıday salmaqlı bolıp qalmaqta. Sanaat kárxanaları úlken quwatqa iye bolıp, islep shıǵarıw texnologiyası da joqarı.

Qala energetikası Chirchiq–Bozsuw gidroelektrostanciyalar sisteması hám Tashkent JESsına súyenedi. Olar mámlekettiń jalǵız energetika sistemasına jalǵanǵan.

Tashkent áhmiyetli transport túyini. Orta Aziya mámleketlerin basqa mámleketler menen baylanıstıratuǵın temir jol, avtomobil jolları Tashkent arqalı ótedi. Qala átirapındaǵı rayonlar menen elektropoezd arqalı da baylanısqan. Tashkent hawa jolı arqalı shet mámleketlerdiń 40 tan aslam qalaları menen baylanısqan. Qalada 2 temir jol vokzalı, 3 aeroport hám metropoliten bar (91-súwret). Uluwma uzınlıǵı 36 km den aslam bolǵan metropoliten arqalı jılına 60 mln nan aslam jolawshı tasılıp atır.


*91-súwret.* Tashkent metropoliteni.

Tashkent – pútkil Oraylıq Aziyada eń iri ilimiy-mádeniy oray bolıp esaplanadı. Tashkentte Ozbekistan Ilimler akademiyası, onlap ilimiy izertlew institutları, kóplegen Joqarı oqıw orınları bar. Qalada zamangóy mektep, akedemiyalıq licey hám kásip-óner kolledjleri, kóplegen teatr hám koncert zalları, cirk, zamanagóy stadion hám basqalar bar. Tashkent tásirinde, paytaxtqa tutas rayonlarda ***urbanizaciya*** procesi en jayıp atır.

***Urbanizaciya*** – qala hám qala xalqınıń kóbeyiwi, mámleket turmısında qalalar roliniń kúsheyiwi.

Házirgi waqıtta qala maydanı 330 kv. km den asıp, Tashkent avtomobil aylanba jolınan sırttaǵı aymaqlardı da óz ishine almaqta.

Paytaxttıń ekonomikalıq hám sociallıq tásiri tiykarında onnan 60-70 km




*92-súwret.* Tashkent aglomeraciyası.

radiustaǵı aymaq boylap 10 qala hám onlaǵan kishi qalashalardan ibarat ***Tashkent aglomeraciyası*** júzege kelgen (92-súwret).

***Aglomeraciya*** – qalalardıń iri qala átirapında toplanıwı.

Bul xalıq qonısları tiykarınan Charvaqtan Sırdáryaǵa shekem bolǵan aralıqtaǵı jollardıń átirapında jaylasqan. Olar Tashkenttiń rawajlanıwı ushın áhmiyetli qolaylıqlar jaratadı.

Házirgi waqıtta mámleketimiz paytaxtında jańa hám zamanagóy «Tashkent City» kompleksi qurılmaqta. Qurılısqa jergilikli hám shet ellik ekspertleri tartılǵan.

«Tashkent City» qurılısı waqtında biznes wákilleri ushın qolaylıq jaratıw maqsetinde barlıq sharayatlar jaratılmaqta (93-súwret). Jasıl aymaqlardan tartıp, zamanagóy dizayn hám kóriniske de itibar berilmekte. Ol jerlerde arnawlı maydanshalar hám keliwshiler ushın dem alıw orınları qurılmaqta. Usı jerdiń ózinde de biznes penen shuǵıllanıp, jáne dem alsa boladı. Isbilermenlerdi rawajlandırıw ushın barlıq jaǵdaylar jaratılǵan.

Fundament hám imaratlardıń jer silkiniwge shıdamlılıǵı ushın San-Fransisko, Istanbul hám Tokio sıyaqlı qalalardıń tájiriybesi úyrenildi. Belgili bolǵanınday, Ózbekstan seysmologiyalıq aymaqta jaylasqan. Sonıń ushın da

http://eduportal.uz




*93-súwret.* «Tashkent City».

qánigeler qáwipsizlik hám imaratlardıń bekkemligine óz aldına itibar qaratpaqta. Mısalı, hár bir múyesh hám detallar tájiriybeli arxitektor hám dizaynerler tárepinen úyrenilmekte.

Kongress-holl, miymanxana hám jer astı avtomobil turatuǵın jerdiń qurılısı da rejelestirilgen. Kongress-holldıń ulıwma maydanı 33 mıń m$^2$. Usı imarat shet el mámleketleri basshıları hám joqarı mártebeli miymanlar ushırasıwları ushın xızmet etedi.

«Tashkent City» miymanxana haqqında da umıtqanı joq. Usı komplekste dúnyaǵa belgili bolǵan miymanxanalardan biri ashıladı.

Házirgi waqıtta usı komplekste «Hilton Hotels & Resorts» miymanxanası qurılısı boyınsha sóylesiwler alıp barılmaqta. Maǵlıwmat ushın, birinshi «Hilton Hotels & Resorts» miymanxanası 1919-jılı AQShtıń Texas shtatında qurılǵan edi. Házirde usı brend astında jáhánniń 103 mámleketinde 5 mıńnan aslam miymanxanalar is júrgizbekte.

Aytıp ótiwimiz kerek, «Tashkent City»de kongress-holl hám basqa imaratlar qurılısı mámleketimizge shet el investiciyasın alıp kiriwge kómeklesedi, sebebi orınlarda biznesti rawajlandırıw ushın barlıq sharayat jaratılmaqta.

1. Tashkent qalası planın kózden ótkerip, mikro, mezo jáne makro geografiyalıq orın shegaraların belgileń.
2. Chirchiq dáryası hám Tashkent qalasınıń ishinen ótken kanalınıń paytaxttaǵı ekonomikalıq hám siyasiy rawajlanıwdıń áhmiyetin táriyipleń.
3. 90-súwretten Tashkent qalasında qanday mádeniy estelikler, muzey, teatr hám dem alıwshı baǵlar bar ekenligin úyreniń.



http://eduportal.uz

# 42-sabaq MÍRZASHÓL EKONOMIKALÍQ RAYONÍ

*Sabaqlıqtıń 1-tirkemesindegi kesteden rayon xalqınıń sanın hám maydanın anıqlań.*




***Ekonomikalıq ornı hám tábiyǵıy baylıqları.*** Mırzashól ekonomikalıq rayonı Sırdárya menen Jizzax wálayatlarınan quralǵan.

Rayonnıń aymaǵı eń rawajlanǵan Tashkent hám Zarafshan ekonomikalıq rayonları menen shegaralas. Rayonnıń ekonomika-geografiyalıq ornın qolaylı dew múmkin. Ekonomika-geografiyalıq ornınıń qolaylılıǵı rayonnıń transport-geografiyalıq jaǵdayında da kózge taslanadı. 70-súwretten temir jol, avtomobil jolı hám truba transportı qaysı aymaqlardan ótkenin kózden keshiriń.

Rayondı, negizinen Sırdárya hám Sańzar dáryaları suw menen támiyinleydi. Tegislik zamanagóy transport hám irrigaciya qurılmaları menen tıǵız orap alınǵan. Rayonda anıqlanǵan volfram, qorǵasın, cink, hám altın kánleri sanaatlıq áhmiyetke iye. Qurılısqa qolaylı qıyırshıq tas, qum, gips hám hák kóp.

Kóbinese suwıq Arktika hawası arqadan rayon aymaǵına kirip kelip, geyde júdá suwıq bolıp ketedi. Sonda miyweli terekler kúshli zıyanlanadı. Ferǵana alabınan esetuǵın kúshli samaldan topıraqtıń ıǵallılıǵı azayıp eginler quwraydı hám zúráátlilik páseyedi.

***Xalqı.*** Bul jerdiń xalqı negizinen basqa orınlardan joba tiykarında kóshirip ákelingen. Rayon xalqınıń uluwma sanı boyınsha mámlekettiń ekonomika-geografiyalıq rayonları arasında eń keyingi orında turadı. Aymaqtıń jańa ózlestirilip atırǵanı qala hám awıllardıń geografiyalıq jaylasıwı, úlkenkishiligi jáne xalıqtıń milliy quramında ayqın kórinedi.

Xalıq qonısları, negizinen úlken jollardıń boyında qurılǵan. Xalıqtıń 45% ten aslamı qalalarda jasaydı.

Rayonǵa Tashkent hám Samarqand qalalarınıń joqarı oqıw orınları da qánige tayarlap bermekte. Biraq rayonnıń keleshektegi rawajlanıwın gózlep bul jerge Zarafshan, Ferǵana, Tashkent sıyaqlı ekonomika-geografiyalıq rayonlardan maman qánigelerdiń tartılıwı maqsetke muwapıq.

***Xojalıǵı hám onıń aymaqlıq shólkemlestiriliwi.*** Mırzashóldiń ózlestiriliwi negizinen XX ásirdiń 50-60-jıllarına tuwra keledi. Jańa jerlerdi ózlestiriw suwǵarıw qurılmaların, jollardı, elektr jetkerip beriw tarmaqların,

http://eduportal.uz

mádeniy-turmıs xızmet kórsetiw mekemelerin birlikte qurıw usılında alıp barıldı. Jańa jerlerdi ózlestiriwdiń bul usılı sırt ellerde de keń qollanılmaqta.

Mırzashól ekonomikalıq rayonı mámlekette jetistiriletuǵın ***paxta*** jalpı zúráátiniń 1/4 bólegin beredi. Rayonda agrosanaat kompleksi joqarı dárejede rawajlanǵan. Barlıq egislik maydanlarınıń 45% ne paxta, derlik usınshama maydanǵa dánli eginler egiledi.

Palız daqıllarıń egiw jaqsı jolǵa qoyılǵan. Mırzashól qawınları Ózbekstannan sırtta da keń tanılǵan (94-súwret).

Sharwashılıqta qarakól qoylarınıń salmaǵı úlken. Qarakól qoyları rayonnıń arqa-batıstaǵı shól jaylawlarında baǵıladı. Sharwashılıqtıń jánede rawajlanıwı ot-jem eginleriniń, ásirese jońıshqa hám mákke maydanınıń keńeyiwine baylanıslı. Dánli eginler jetistiriletuǵın orınlarda qus ósiriwshilik rawajlanǵan.



*94-súwret.* Mırzashól qawınları.

Házirgi waqıtta rayonda sanaat ta tezlik penen rawajlana basladı. Elektroenergetika, qurılıs materialları, jeńil, azıq-awqat sanaatları rawajlandı. Sırdárya JESınıń elektr quwatı ekonomikalıq rayonınan sırtqa da shıǵarılmaqta.

***Transportı.*** Avtomobil transportı joqarı dárejede rawajlanǵan. Avtomobil jollarınıń jalpı uzınlıǵı 12 mıń km den asadı, sonnan derlik 10 mıń km qattı qaplamlı jollar. Úlken Ózbek traktınıń ekonomikalıq rayon aymaǵınan ótiwi onıń rawajlanıwına sezilerli tásir etedi.

Temirjol aymaq boylap úshmúyeshlik pishininde qurılǵan. Úshmúyeshliktiń Jizzax, Sırdárya hám Xavas ushlarınan jollar basqa walayatlarǵa taralıp ketken. Aymaq boylap magistral gaz trubaları kesip ótken. Joqarı voltlı elektr tarmaqları aymaqtı tegis qaplaǵan (*kartadan tiykarǵı jollardı anıqlań)*.

1. Ekonomikalıq rayonnıń geografiyalıq ornı hám tábiyǵıy sharayatına tán qásiyetleriniń ekonomikalıq áhmiyetin túsindirip beriń.
2. Ekonomikalıq rayon aymaǵınıń jaqında ózlestirilgenin nelerden bilse boladı? Mısallar keltiriń.
3. Rayon sheńberinde hám onıń basqa rayonlar menen baylanısında qaysı transporttan paydalanıladı? Sebebin túsindiriń.

http://eduportal.uz

# 43-sabaq

# SÍRDÁRYA WÁLAYATÍ

*1-tirkemedegi kesteden wálayat xalqınıń sanı hám maydanın anıqlań.*

Sırdárya wálayatı Mırzashóldiń ózlestirilgen bólegin óz ishine aladı. Wálayatta diyqanshılıqqa jaramlı jerler kóp. Biraq tábiyatına tán ayırım qolaysızlıqlar sebepli diyqanshılıqta kóp ǵana miynet, qárejet sarıplawǵa tuwra keledi. Tábiyattıń qolaysızlıqlarına jol bermew ushın qorǵan terekliklerin payda etiw, jer-astı suwların qashırıw hám topıraqtı juwıp turıw talap etiledi.

Sırdárya wálayatında mámleket ***xalqınıń*** 2,5 procenti jasaydı. Xalıqtıń barlıǵı suwǵarılatuǵın aymaqlarda jaylasqan. Jańa jerlerdi ózlestiriw maqsetinde basqa wálayatlardan jumısshı kúshleri tartılǵan. Házirgi waqıtta wálayat óz jumısshı kúshleri menen belgili dárejede támiyinlengen.

***Awıl xojalıǵınıń negizgi tarmaqları:*** paxtashılıq, dán jetistiriw, palız eginlerin egiw, gósh-sút sharwashılıǵı. ***Sanaattıń negizgi tarmaqları:*** elektroenergetika, jeńil (paxta tazalaw), azıq-awqat, un-jarma (95- súwret).




*95-súwret.* Sırdárya wálayatı.

http://eduportal.uz




*96-súwret.* Ózbekstan Respublikasında Sırdárya wálayatınıń salmağı (procent, 2017-jıl).

Wálayat xojalığınıń tiykarın awıl xojalığı quraydı. Egislik maydanlarınıń kólemi jağınan bul wálayat respublikada aldında turadı. Egislik maydanlarınıń derlik yarımına paxta egiledi. Onnan keyingi orınlarda dán, azıqlıq hám ovosh-palız eginleri turadı. Gúlistan hám Xavas rayonlarında ovosh hám palız eginleri jetistiriledi. Bağmanshılıq hám júzim jetistiriw de rawajlanğan.

Wálayatta ***sanaat*** quwatlığı boyınsha awıl xojalığınan keyinde turadı (96-súwret). Búgingi kúni 80 nen aslam sanaat kárxanası bar. Wálayat sanaatınıń negizin elektr-energiyasın islep shığarıw quraydı.

Shiyrin qalasındağı Sırdárya JESı, Gúlistan qalasındağı may-ekstrakciya zavodı, Yangiyer qalasındağı qurılıs materialları hám konstrukciyaları kombinatı jáne wálayat paxta tazalaw zavodları iri sanaat kárxanalarınan esaplanadı. Wálayatta onlağan qospa kárxanalar islep atır.

***Qalaları.*** Wálayatta 5 qala bar. ***Gúlistan*** – wálayattıń administrativlik orayı. Qala temir jol hám magistral avtomobil jolı ústinde jaylasqan. Onıń qala statusın alğanına yarım ásirden astı. Qalada paxta tazalaw, may ekstrakciyası, nan zavodları hám elevator islep turıptı. Qalada universitet, bir neshe akademik licey, kásip óner kolledjleri hám basqa mádeniy-turmıslıq mekemeler bar.

***Yangiyer*** 1957-jılı qurılğan. Qalada keramika trubalar jáne joqarı basımğa shıdamlı trubalar islep shığaratuğın zavod, temir-beton buyımları kombinatı bar. Kombinat elektr machtaları, beton tarnaw (latok)lar hám oğan móljellengen túbelek islep shığaradı. Qalanıń geografiyalıq ornına say qolaysızlıqlar onıń rawajlanıwına unamsız tásir jasamaqta.

1. Kartadan Sırdárya wálayatınıń shegaraların kórsetiń, onıń tábiyğıy sharayatına tán ózgesheliklerin aytıń?
2. Wálayat xojalığına tán ózgesheliklerdi aytıp beriń.
3. Wálayat qalalarınıń qurılıwında qaysı faktorlar áhmiyetli rol oynağanlığın túsindiriń.
4. Rayonıńızdan Sırdárya wálayatınıń orayına alıp baratuğın eń qısqa joldı anıqlań.

http://eduportal.uz

## 44-sabaq

# JIZZAX WÁLAYATÍ

*1-tirkemedegi kesteden wálayattıń maydanın, xalqınıń sanın hám onıń ortasha tıǵızlıǵın anıqlań.*

Jizzax wálayatı Mırzashól ekonomikalıq rayonınıń qubla-batısında jaylasqan. Wálayattiń aymaǵı Sańzar dáryası jáne Qubla Mırzashól kanalınıń suwı menen suwǵarıladı. Onıń aymaǵı arqa tárepke qaray oypatlasıp barıp, jasalma suwǵarıw ushın qolaylı (97-súwret).

Wálayattıń aymaǵınan kóp tarmaqlı xojalıqqa tıykar bolatuǵın hár qıylı tábiyǵıy baylıqlar tabılǵan. Túrkistan taw dizbeginiń arqa janbawırında Zamin taw-toǵay qorıqxanası shólkemlestirilgen. Bul jerde taw ósimligi




*97-súwret.* Jizzax wálayatı.



*98-súwret.* «Zamin» sanatoriyası.

hám haywanat dúnyasınıń rawajlanıwı boyınsha ilimiy-izertlewler alıp barıladı. Usı gózzal zonaǵa dem alıw ornı – Zamin sanatoriyası qurılǵan (98-súwret).

Jizzax wálayatında Zamin milliy tábiyǵıy baǵı shólkemlestirilgen. Milliy baǵ dem alıw xızmetin atqaradı jáne baǵda sanaattıń tábiyǵıy qorshap turǵan ortalıqqa tásiri izertlenedi. Ǵállearal aymaǵında shıpalı suw, al Balıqshı kólinde shıpalı ılay kóp. Úshqulash káninen polimetall rudası, Márjanbulaq káninen altın, Aqtas, Qaratas hám Uzın kánlerinde mramor qazıp alınadı.

***Xalqı.*** Jizzax wálayatında mámleket xalqınıń 4 procenti toplanǵan. Xalıqtıń derlik yarımı qalalarda jasaydı. Wálayat xalqınıń 81 procentinen aslamın ózbekler quraydı.



***Sanaattıń negizgi tarmaqları:*** reńli metallurgiya, mashina islep shıǵarıw, ximiya, qurılıs materialları, jeńil, azıq-awqat.
***Awıl xojalıǵınıń negizgi tarmaqları***: paxtashılıq, dán jetistiriw, ovosh jetistiriw, baǵmanshılıq, gósh-sút sharwashılıǵı.

Wálayat óziniń janılǵı-energetika kompleksine iye emes. Oǵan tábiyǵıy gaz Buxara wálayatınan, al elektr quwatı bolsa Sırdárya wálayatınan keltiriledi. Taw-kán sanaatı Qoytasta rawajlanǵan. Arqa Nurata tawlarında volfram-molibden kánleri islep turıptı. Qazıp alınıp atırǵan rudalar Chirchiqtaǵı qıyın eriytuǵın hám ıssıǵa shıdamlı qospalı eritindiler kombinatınıń negizgi shiyki zatı bolıp tabıladı. Jizzaxta akkumlyator zavodı, trikotaj fabrikası,

polietilen islep shıǵarıwshı hám qurılıs materialları zavodları bar. Shet ellerdiń firmaları menen 20 ǵa shamalas qospa kárxanalar shólkemlestirilgen. Sanaat óniminiń tiykarǵı bólegi jeńil sanaat tárepinen islep shıǵarılmaqta.

***Awıl xojalıǵı.*** Wálayat aymaǵında awıl xojalıǵı eginleri egiletuǵın 1,2 mln gektar jer bar. Bunıń 1/3 bóliminen diyqanshılıq ushın paydalanılmaqta. Wálayatta paxta menen birge ǵálleshilik te úlken salmaqqa iye (99-súwret). Ǵálle maydanınıń kólemi jaǵınan Jizzax wálayatı mámleketimizde aldıńǵı orında turadı. Ǵarezsizlikten aldın 210 mıń tonna paxta, 80 mıń tonna ǵálle jetistirilgen bolsa, bunnan keyin bul kórsetkish bir neshe barabar kóbeydi.




*99-súwret.* Ózbekstan Respublikasında Jizzax wálayatınıń salmaǵı (procent, 2017-jıl).

Wálayatta jaylaw sharwashılıq, ǵálle egiwshi rayonlarda tawıq baǵıwshılıq keń rawajlanǵan. Jizzaxta qarabayır násilli attı kóbeytetuǵın arnawlı at ósiriw xojalıǵı bar. Jizzax temır jol, avtomobil jolları menen jaqsı támiyinlengen. Óndiris ózgesheliklerine muwapıq avtomobil jollarınıń qurılısına ayrıqsha áhmiyet berilmekte.

***Qalaları. Jizzax*** qalası wálayattıń administrativlik orayı. Ol teńiz qáddinen 450 m biyiklikte, Sańzar dáryasınıń jaǵasında boy tiklegen. Tashkent–Samarqand temir jolı hám Úlken Ózbek traktı qalanıń qasınan ótedi.

Jizzaxta XX ásirdiń basında digirman, juwazshılıq, temirshilik hám gúlalshılıq kárxanaları bolǵan. Hazirgi waqıtta qalada azıq-awqat, jeńil jáne ximiya hám mashina islep shıǵıwshılıq sanaatınıń kárxanaları bar. Jizzax — abat, abadanlasqan qala. Jizzax mámleketlik institutı, Jizzax politexnika institutı, bir neshe akademiyalıq licey hám kásip-óner kolledjleri, kóp sandaǵı mektepler islep tur.

1. Jizzax wálayatınıń geografiyalıq ornı menen tábiyǵıy sharayatında qanday baylanıslıq bar?
2. Wálayattıń xojalıǵınıń ózine tán táreplerin aytıp, sebebin túsindirip beriń.
3. Jizzaxqa barmaqshı bolsańız qaysı xalıq qonıslarınan ótetuǵınıńızdı aytıp beriń.
4. Sizlerge qaysı dárya yamasa kanaldan suw keledi?

http://eduportal.uz

# 45-sabaq FERǴANA EKONOMIKALÍQ RAYONÍ




***Ekonomikalıq ornı hám tábiyǵıy baylıqları.*** Ferǵana ekonomikalıq rayonı administrativlik jaqtan Andijan, Namangan hám Ferǵana wálayatlarınan quralǵan. Bul ekonomikalıq rayon respublika aymaǵınıń 4 procentten sál zıyatıraq bólegin iyelese de, onda Ózbekstan xalqınıń 1/3 bólegi jasap atır. Rayon aymaǵı barlıq jaǵınan tawlar menen qorshalǵan.

Paydalı qazılmalarınıń negizgi bólegi tawlarda toplanǵan. Tawlardıń arasında Shaximardan, Nanay, Ǵavasay hám Kasansay usaǵan gózzal tábiyatlı oazisler bar. Bul jerlerde dem alıw úyleri, sanatoriyalar hám basqa dem alıw orınları qurılǵan. Ekonomikalıq rayonnıń eń pás jerinen Sırdárya aǵıp ótedi. Xalıqtıń mıń jıllardan beri suwǵarılatuǵın diyqanshılıq penen shuǵıllanıwınıń arqasında topıraq hám ósimlik dúnyası mádeniylestirilgen.

Onıń aymaǵında neft, gaz, kúkirt, qalayı, altın, otqa shıdamlı gil, hár qıylı qurılıs mateliallari, shıpalı suwlar tabılǵan. Kánlerdi iske qosıw qolaylı. Ullı jipek jolı ótken dáwirlerde awıl xojalıǵı, sawda, ónermentshilik kúshli rawajlanǵan. XIX ásirde dáslepki temir jol qurıldı. Ǵárezsizlik jıllarında bolsa ekonomikalıq rayondı mámlekttiń basqa aymaqları menen baylanıstırıwshı «Angren–Pop» temir jolı qurıldı. Bular onın ekonomika-geografiyalıq ornın júdá jaqsıladı.

***Xalqı.*** Rayon xalqınıń sanı, tıǵızlıǵı hám jumısshı kúshleriniń salmaǵı jaǵınan mámleketimizdiń ekonomikalıq rayonları arasında birinshi orında turadı. Xalqı, tiykarınan tábiyǵıy kóbeyiw esabınan kóbeyip atır. Xalıqtıń tez kóbeyip atırǵanlıǵı hám jańadan ózlestiriletuǵın maydanlardıń sheklengenligi sebepli jumısshı kúshiniń artıqmashılıǵı kúsheyip baratır. Bunı toqtatıw ushın sociallıq sala kárxanaların kóbeytiw, kóp miynet talap etiwshi óndiristi jánede rawajlandırıw zárúr.

Bul jerde iri qala hám kishi qalalar, awıllar kóp. Jumısshılar quramında maman kadrlar salmaǵı basqa rayonlardaǵına qaraǵanda kóp. Xalıq Oraylıq Ferǵanada da salıstırmalı siyrek jaylasqan. Rayonda urbanizaciya dárejesi joqarı, xalıqtıń 58 procenti qalalarda jasaydı.

***Xojalıǵı hám onıń aymaqlıq shólkemlesiw***i. Ferǵana aymaqlıq óndiris kompleksi joqarı dárejede jetilisken. Ol ótken ásirdiń baslarında da basqa rayonlardan usı tárepi menen parıqlanatuǵın edi.

***Awıl xojalıǵı*** basqa wálayatlardaǵıdan intensivliligi menen kózge túsedi.



*100-súwret.* Andijan walayatındaǵı baǵlar.

Rayon mámlekette jetistireletuǵın paxtanıń derlik 25 % in beredi. Taw araları hám janbawırları texnikadan paydalanıwdı shekleydi. Sonıń ushın bunday jerlerde miyweli terekler egiledi (100-súwret). Qalalardıń aynalasında miyweli terekler hám júzim dalaları, ovosh, kartoshka, palız eginleri ásirese keń tarqalǵan.

Shárwashılıq negizinen sút-gósh jetistiriwge qánigelesken. Rayon mámlekettiń pilleshilik bazalarınan biri bolıp esaplanadı. Rayon Ózbekstanda jetistiriletuǵın pilleniń 45% ine jaqının beredi.

***Sanaatı***. Ǵárezsizlik jıllarında paydalı qazılmalardıń kópligi, energetika hám awıl xojalıq shiyki zatı negizinde kóplep jańa sanaat tarmaqları júzege keldi. Rayon janılǵı-energetika kompleksi baylıqlarınıń salmaǵı az. Gaz basqa ekonomikalıq rayonlardan alıp kelinedi. Quvasay JEO, Ferǵana, Andijan hám Namangan JEOları, Shaxrixan hám Namangansay gidroelektrostanciyaları pútkil rayon ushın islese de, biraq rayonnıń elektr quwatına bolǵan mútájin qanaatlandıra almaydı. Bul máseleniń sheshimi sıpatında quwatı 900 megavatt bolǵan Toraqorǵan JESsın qurıw rejelestirilip atır. Bul úlken kárxananıń iske túsiriliwi Ferǵana ekonomikalıq rayonınıń elektr energiyasına bolǵan mútájin támiyinlew imkániyatın berip, rayon kelesheginiń rawajlanıwına úlken orın tutadı.

Asaka, Qoqan, Namangan, Ferǵana mashina islep shıgarıwshılıqtıń iri orayları esaplanadı. Ferǵana ShZIShO ***qurılıs materialları sanaatı*** da rawajlanǵan. Quvasay cement zavodı, Andijan, Ferǵana, Qoqan hám Quvasay qalalarında úy qurıw kombinatları, temir-beton konstrukciyalaw zavodı islep turıptı. Jeńil hám azıq-awqat sanaatları negizgi qánigelik tarawları esaplanadı. Rayon teriden ayaq-kiyimlerin, ósimlik mayın islep shıǵarıw boyınsha mámlekettegi basqa ekonomikalıq rayonlardan aldında turadı.

***Transportı.*** Rayon temir jol, avtomobil hám hawa transportı menen jeterli dárejede támiyinlengen. Temir jol alap boylap halqa formasında qurılǵan. Rayonnıń temir jol menen támiyinleniw dárejesi mámlekettiń ortasha kórsetkishinen 2 ese joqarı turadı. Rayon basqa ekonomikalıq rayonlar menen Tájikstan aymaǵındaǵı «Xojand dárwazası»nan ótken hám avtomobil jolları jáne Qamshıq aspa jolı arqalı ótken Angren–Pop temir jolı hám Tashkent–Angren–Qoqan avtomobil jolı arqalı baylanısqan. Rayonda avtomobil transportı áhmiyetli rol oynaydı.

***Sırtqı ekonomikalıq iskerligi.*** Rayon sırtqa paxta talshıǵı hám paxta mayı, qurǵatılǵan miywe, konservalar, jip gezlemeler, mashinalar, mineral tóginler, cement, shifer, farfor hám keramika buyımlar jáne basqa ónimlerdi shıǵaradı. Rayonǵa kómir, ǵálle, aǵash-taxtay, mineral tógin, toqımashılıq ónimleri, mashinalar, ásbap-úskeneler hám mádeniy tovarlar alıp kelinedi.

Ekonomika-geografiyalıq rayonnıń administrativlik wálayatlarında aymaqlıq óndirislik kompleksleri, xojalıq tarmaqları jáne tábiyǵıy hám ekonomikalıq imkániyatları jaǵinan bir-birinen parıq qıladı.

1. Ekonomika-geografiyalıq rayonnıń geografiyalıq ornı hám tábiyǵıy sharayatındaǵı ózgeshelikler onıń xojalıǵında qanday áhmiyetke iye?
2. Qala hám awıllardıń júzege keliwi hám aymaqlıq jaylasıwı qanday faktorlardıń nátiyjesi ekenin oylap kóriń.
3. Ishki hám sırtqı baylanıslar qaysı transporttıń járdeminde ámelge asırıladı? Nege olay? Sebebin túsindiriń.

## 46-sabaq

## ANDIJAN WÁLAYATÍ

*1-tirkemedegi kesteden wálayat xalqınıń sanın hám maydanın anıqlań.* Andijan wálayatı mámlekettiń eń shıǵıstaǵı wálayatı bolıp tabıladı. Wálayattıń batıs tárepi tegislik, shıǵısı qır-adırdan ibarat bolıp, taw dizbeklerine tutasqan.

***Awıl xojalıǵınıń negizgi tarmaqları:*** paxtashılıq, dán jetistiriw, ovosh jetistiriw, baǵmanshılıq, júzim jetistiriw, gósh-sút sharwashılıǵı, jipek jetistiriw. ***Sanaattıń negizgi tarmaqları***: mashina, avtomobil islep shıǵarıw, elektroenergetika, jeńil sanaat, azıq-awqat sanaatı.

Wálayattıń ***awıl xojalıǵı*** rawajlanǵan (101-súwret). Ózlestiriletuǵın jerler derlik qalmadı. Paxtanıń jalpı zúráátin tek zúráátlikti kóteriw esabınan arttırıp kelmekte. Ovosh, kartoshka hám palız eginleri negizinen qalalardıń átirapında jetistiriledi. Awıl xojalıǵında baǵmanshılıq salmaqlı orın tutadı. Baǵ hám júzim egilgen jerler adırlar esabınan keńeymekte. Qánigelesken baǵmanshılıq xojalıqları bar.

Shárwashılıqta qoy hám eshkilerdiń sanı joqarı. Qaramal negizinen sút hám gósh ushın baǵıladı. Pilleshilik wálayat xojalıǵında úlken áhmiyetke iye.

Wálayatta ***sanaat*** ta joqarı dárejede rawajlanǵan bolıp, 160 tan aslam sanaat kárxanaları bar. Kárxanalardıń arasında Asaka avtomobil zavodı, Andijan avtomobil otırǵıshları zavodı, irrigaciya mashina islep shıǵarıw zavodı, «Semurg» trikotaj akcionerlik birlespesi iri kárxanalardan esaplanadı. Kárxanalar negizinen Andijan sanaat túyininde jaylasqan. Wálayat

http://eduportal.uz

elektr energiyanı ekonomika-geografiyalıq rayonnıń birlesken energetika sistemasınan aladı. Kampirravat suw saqlaǵıshında quwatı 100 mıń kilovattlı GES qurılǵan.

Andijan mámlekette tungısh neft alınǵan oraylardıń biri. Neft qubır arqalı Ferǵana wálayatındaǵı neftti qayta islew zavodlarına jiberiledi. Xojabadta mámleketimizdegi eń iri jer astı gaz saqlaǵıshları qurılǵan. Ondaǵı gazdan Andijan hám Asaka qalalarına da jetkerip beriledi (102-súwret).

***Qalaları. Andijan*** suwǵarılıp egiletuǵın diyqanshılıq orayında jaylasqan. Neft, gaz hám qurılıs materialları kánleri qalanıń tap qasında. Qalada awır, jeńil jáne azıq-awqat sanaatına tiyisli 40 qa shamalas kárxana islep turıptı. Olardan paxta zavodı, toqımashılıq jáne trikotaj fabrikaları mámleket kólemindegi iri kárxanalar




*101-súwret.* Ózbekstan Respublikasında Andijan wálayatınıń salmaǵı (procent, 2017-jıl).




*102-súwret.* Andijan wálayatı.



*103-súwret.* Asakadaǵi avtomobil zavodınıń ónimleri.

esaplanadı. Shayı toqıw kárxanaları wálayat pilleshileri tárepinen pille penen támiyinlep turıladı. Qalada Andijan mámleketlik universiteti, medicina hám awıl xojalıǵı, mashina islep shıǵarıw institutları bar. Kóp sanda teatrlar, kitapxanalar, sport maydanshaları, dem alıw hám botanika baǵları bar. Baburiylar dáwirinde de Andijan xojalıǵı, ilim hám mádeniyatı óz dáwirine salıstırǵanda rawajlanǵan qala bolǵan. Babur bul haqqında «Baburnama» shıǵarmasında jazıp qaldırǵan.

***Asaka*** mámlekettiń avtomobil islep shıǵarıw orayı. Bul jerde «Lacetti», «Chevrolet Tracker», «Chevrolet Captiva», «Malibu», «Cobolt» markalı jańa mashinalardı da islep shıǵarıw jolǵa qoyılǵan (103-súwret). Asaka qalası Shahrixansay dáryası aǵıp shıǵatuǵın adırlıq etegindе jaylasqan. Qalanı paxta dalaları, baǵlar, júzim egilgen atızlar orap alǵan. Qalada avtomobil zavodınan tısqarı paxta-may zavodları, jeńil hám azıq-awqat sanaatınıń basqa kárxanaları, shiyshe hám kislorod zavodları, qurılıs materialların islep shıǵaratuǵin kárxanalar bar. Kóplegen mádeniy-bilimlendiriw mekemeleri islep tur. Qala Andijan, Ferǵana hám Marǵılan jónelisindegi jollardıń ústinde jaylasqan.

1. Wálayattıń geografiyalıq ornı hám tábiyǵıy sharayatları xojalıq ushın qanday imkániyatlar jaratatuǵının aytıp beriń.
2. Wálayattıń awıl xojalıǵında qanday ózgerisler júz berdi?
3. Wálayattıń awıl xojalıǵın jáne de rawajlandırıw ushın qanday wazıypalardı sheshiw kerek?

## 47-sabaq FERǴANA WÁLAYATÍ

*1-tirkemedegi kesteden wálayat xalqınıń sanın hám maydanın anıqlap, xalıqtıń ortasha tıǵızlıǵın tabıń.*

Wálayatqa alaptıń tegislik bólegi, Alay hám Túrkistan taw dizbekleriniń taw aldıları kiredi. Isfayram, Shaximardan, Sox, Isfara dáryalarınıń diyqanshılıqtaǵı áhmiyeti úlken. Narın menen Qaradáryadan bir neshe suwǵarıw kanalları saǵa alǵan (olardı oqıw atlasınan qarap shıǵıń). Wálayat jalpı sanaat ónimi boyınsha mámlekette tek Tashkentten keyinde turadı.




*104-súwret.* Fergana wálayatı.

***Awıl xojalığınıń negizgi tarmaqları:*** dán jetistiriw, paxtashılıq, bağmanshılıq, júzim jetistiriw, gósh-sút sharwashılığı, tawıq bağıw, jipek jetistiriw. ***Sanaattıń negizgi tarmaqları:*** elektroenergetika, ximiya, neftti qayta islew, qurılıs materialları, jeńil sanaat hám azıq-awqat sanaatı (104-súwret).

Fergana wálayatınıń ***awıl xojalıǵı*** paxta hám ǵálle jetistiriwge jáne pilleshilikke qánigelesken. Egislik maydanınıń tiykarǵı bólegine paxta hám ǵálle egiledi (105-súwret). Suwǵarıp egilmeytuǵın jerlerde biyday hám arpa, ızǵarlıraq jerlerde salı jetistiriledi. Mákke, aq júweri hám jońıshqa barlıq rayonlarda paxta menen almaslap egiledi. Baǵmanshılıq, júzim jetistiriw ushın wálayatta júdá qolaylı sharayat bar. Wálayat ánarı hám ánjiri menen dańqın taratqan. Fergana wálayatında jaylawlar Andijan wálayatındaǵıǵa qaraǵanda anaǵurlım kóp. Shárwa malları negizinen qoy hám eshkilerden ibarat. Wálayat mámlekette jetistiriletuǵın pilleniń 20 procentke jaqının beredi.




*105-súwret.* Ózbekstan Respublikasında Ferǵana wálayatınıń salmaǵı (procent, 2017-jıl).

***Sanaatı*** kóp tarmaqlı bolıp, onda awır sanaattıń salmaǵı ádewir basım. Neftti qayta islew, ximiya hám energetika sanaatı ekonomikalıq rayonda ǵana emes, hátte respublikada da ayırılıp turadı. Neftti qayta isleytuǵın 2 zavod bolıp, birewi Ferǵanada, ekinshisi Altıarıqta jaylasqan. Mashina, metall islep shıǵarıw hám qurılıs materialların islep shıǵarıwshı tarmaqları da úlken áhmiyetke iye. Jeńil hám azıq-awqat sanaatı awıl xojalıq tarmaqları negizinde payda bolǵan. Sanaat kárxanaları Ferǵana–Marǵılan sanaat rayonı hám Qoqan, Quvasay sanaat túyinlerinde toplanǵan.

***Transportı***. Wálayat temir jol hám avtomobil jolları menen jaqsı támiyinlengen. Wálayattan paxta talshıǵı hám paxta mayı, shayı, jip gezleme, trikotaj tovarları, qurǵatılǵan miywe, miywe konservaları, mineral tógin hám cement jónetiledi. Taxtay-aǵash, hár qıylı úskeneler, traktorlar, paxtashılıq ushın zárúrli mashinalar, ǵálle, un, qant, keń tutınıw buyımları keltiriledi.

***Qalaları***. Wálayatta 9 qala bar. ***Ferǵana*** mańızlı sanaat, transport hám mádeniyat orayı bolıp tabıladı. Qala suw menen jaqsı támiyinlengen, jazı biraz salqın. Qalada eki JEO islep turıptı. Ekonomikalıq rayonnıń birlesken energetika sisteması usı JEOlar tiykarında qáliplesken. Qalada Ferǵanada mámleketlik universiteti, politexnika institutı, Tashkent axborot texnologiyaları universiteti, Tashkent medicina akademiyası jáne de Ózbekstan mámleketlik sanaat hám mádeniyat institutlarınıń filialları islep tur. Jipek islep shıǵarıw ilimiy-izertlew institutı bar. Mádeniy hám dem alıw baǵları, fontanlar, qıyabanlar, saya-salqın maydanlar qalaǵa ózgeshe sán baǵıshlaydı. Ullı astronom, matematik hám geograf Axmet Ferǵaniy usı jerden shıqqan.

***Marǵılan*** shayı (atlas) islep shıǵarıwdıń orayı sıpatında áyyemgi zamanlardan berli dańqı shıqqan qala. Qalada paxta, kán zavodı, jipek islep shıǵarıw kárxanaları qurıldı. Marǵılanlılardıń toqımashılıq mamanlıǵı joqarı dárejede jetilisti hám keń qulash jaydı. Marǵılan shayı kombinatı mámlekettegi eń iri toqımashılıq kárxanalarınıń biri. Kombinat sonıń menen

bir waqıtta iri oqıw orayı bolıp esaplanadı. Onda Jipek islep shıǵarıw ilimiy-izertlew institutı da xızmet kórsetpekte. Atı keń tanılǵan fikx alımı Burxanitdin Marǵılaniy usı jerde tuwılǵan.

***Qoqan*** Ferǵana wálayatınıń batısında, transport jollarınıń ústinde jaylasqan. Onnan Tashkent, Namangan hám Ferǵana táreplerge temir jol jáne avtomobil jolları ótedi. Ǵárezsizlik jıllarında Qoqannıń sanaatı rawajlanıp, qala áhmiyetli sanaat túyinine aylandı. Qaladaǵı superfosfat zavodı jáne elektr mashina islep shıǵarıw, toqımashılıq mashina islep shıǵarıwshı zavodları respublikadaǵı iri kárxanalardan esaplanadı. Qala uzaq waqıt Qoqan xanlıǵı paytaxtı bolǵan. Ol wálayattaǵı negizgi mádeniyat oraylarınıń biri.

***Quvasay*** 1954-jılı jumısshılır kishi qalasınıń ornında júzege keldi. Qalaǵa jaqın jerdegi hák, mergel, gips hám gil baylıqları negizinde ol qurılıs materialların islep shıǵaratuǵın sanaat orayına aylandı. Házirgi waqıtta cement, shifr, hák jáne gerbish zavodlarınan ibarat kombinat islep turıptı. Bul kombinat respublikada islep shıǵarılatuǵın cementtiń bóleginen kóbiregin jetkerip bermekte. Quvasay farfor zavodında kese, cháynik, lágen hám basqa ıdıslar islep shıǵarıw jıldan-jılǵa artıp barmaqta.

***Rishtan*** – gúlálshılıq buyımların islep shıǵaratuǵın oray. Bundaǵı gúlálshılıq artelleri birlestirilip, kombinatqa aylalandırılǵan. Házir kombinatta 20 túrden aslam buyım islep shıǵarılmaqta.

**1.** Kartadan Ferǵana wálayatınıń shegaraların kórsetip, onıń geografiyalıq ornına hám tábiyǵıy sharayatına tán ózgeshelikler haqqında sóylep berin.
**2.** Wálayattıń xojalıǵında qaysı tarmaq tez rawajlanıp atır?
**3.** Quvasay sanaat orayı menen Qoqan sanaat túyinin salıstırıp, eń áhmiyetli ayırmashılıqların túsindirip beriń.

## 48-sabaq NAMANGAN WÁLAYATÍ

*1-tirkemedegi kesteden wálayat xalqınıń sanın hám maydanın anıqlap, xalıqtıń ortasha tıǵızlıǵın tabıń.*

Namangan wálayatı ekonomikalıq rayonnıń arqa bólegi bolıp tabıladı. Wálayattıń biyik taw dizbekleri menen qorshalǵan shıǵıs jaǵında klimat anaǵurlım jumsaq. Wálayattıń batıs jaǵında jawın az jawadı hám dáryalar da az.

***Xalqı.*** Wálayat xalqınıń tábiyǵıy ósiw tezligi jaǵınan aldıńǵı orında turadı. Sol sebepli miynetke jaramlılardıń sanı tez kóbeymekte.

http://eduportal.uz

**Awıl xojalıǵınıń negizgi tarmaqları:** dán jetistiriw, paxtashılıq, ovosh jetistiriw, baǵmanshılıq, júzim jetistiriw, gósh-sút sharwashılıǵı, pille jetistiriw. **Sanaattıń negizgi tarmaqları:** elektroenergetika, mashina islep shıǵarıw, qurılıs materialları, jeńil sanaat hám azıq-awqat.

***Xojalıǵı.*** Namangan wálayatında suwǵarılatuǵın ***diyqanshılıq*** ústin turadı. Wálayattıń aymaǵındaǵı kóplegen suwǵarıw qurılmaları – Arqa Ferǵana, Axunbabaev atındaǵı, Chust, Chartaqsay kanalları hám basqalar qurılǵan. Irrigaciyanıń rawajlanıwı suwǵarılatıǵın jerlerdi keńeytiw hám melioraciyalıq jaǵdayın jaqsılaw imkániyatın berdi.

Egislik maydanlarınıń tiykarǵı bólegine paxta hám ǵálle egiledi (106-súwret). Pop hám Chıst rayonlarındaǵı jaylawlarda qoy hám eshki kóp baǵıladı. Qaramal barlıq diyqanshılıq rayonlarında baǵıladı. Jaylawlar jetispegenlikten kóplegen xojalıqlar malların jazda taw jaylawlarına aydap aparadı. Pilleshilik paxtashılıq penen birge rawajlanıp atır.

***Sanaat***, negizinen jeńil hám azıq-awqat kárxanalarınan jáne mashina islep shıǵarıwdan ibarat. Sanaat kárxanalarınıń tiykarǵı bólegi Namangan sanaat túyininde jaylasqan (107-súwret). Temir jol, avtomobil transportı jaqsı rawajlanǵan. 2018-jılı wálayattıń social-ekonomikalıq rawajlanıwın tezletiw maqsetinde Chust rayonı aymaǵında «Namangan» erkin ekonomikalıq zonası dúzildi.




*106-súwret.* Ózbekstan Respublikasında Namangan wálayatınıń salmaǵı (procent, 2017-jıl).

***Qalaları. Namangan*** wálayattıń administrativlik, ekonomikalıq hám mádeniy orayı bolıp tabıladı.

Qala Namangansaydıń boyında jaylasqan. Ol wálayat sanaatı óniminiń kópshilik bólegin beredi. Qalada shayı fabrikası hám kostyum ushın gezlemeler kombinatı, elektrotexnika zavodı, jasalma talshıq zavodı, eki paxta tazalaw zavodı, may-ekstraciya hám konserva zavodları, elektr stanciyaları, qap-qanar ushın paydalanatuǵın bóz-gezleme fabrikası hám basqa kárxanalar islep turıptı. Qurılıs materialları sanaatına tiyisli kárxanalardan úy qurıw kombinatı, temir-beton konstrukciyalaw zavodı, gerbish zavodı hám basqalar islemekte.

Qalada bir neshe joqarı oqıw ornları bar. Namangandı xalqımız «ǵuller qalası» dep

http://eduportal.uz




*107-súwret.* Namangan wálayatı.

ataydı. Qala orayındaǵı Mashrab atındaǵı mádeniyat hám dem alıw baǵı mámleketimizdegi eń gózzal baǵlardan biri. Qala orayınan shette taralıp ketken keń kósheler qalanıń orayın mikrorayonlar menen baylanıstıradı.

***Chust*** – rayon orayı. Namangannan Tashkent hám Qoqanǵa qaray baratıǵın avtomobil jolınıń ústinde jaylasqan. Qalada tigiwshilik fabrikası, ónermentshilik kárxanaları, mádeniy-xojalıq mekemeleri bar. Chust pıshaq soǵıw boyınsha ataqlı. ***Pop***ta texnikalıq rezina hám ayaq-kiyim zavodları islep turıptı. Keleshekte zavodta rezina shinalarıń qayta tayarlaw jolǵa qoyıladı. Úshqorǵan rayonnıń orayı. Onnan Andijan, Namangan hám Tashkent tárepke avtomobil jolları ketken. Qalanıń qasındaǵı Narın dáryasına GES qırılǵan. Qalada iri paxta tazalaw jáne may zavodları islep atır.

1. Wálayattıń ekonomika-geografiyaliq ornına tán ózgeshelikler nelerden ibarat?
2. Namangan wálayatınıń ekonomikalıq karta-sxemasınan paydalanıp, Chust penen Poptı salıstırıń hám eń áhmiyetli ayırmashılıqların kórsetiń.
3. Jazıwsız kartadan Namangan wálayatına tiyisli tapsırmalardı orınlań.

# 49-sabaq ZARAFSHAN EKONOMIKALÍQ RAYONÍ




***Ekonomika-geografiyalıq ornı hám tábiyǵıy baylıqları.*** Bul ekonomikalıq rayon Samarqand, Buxara hám Nawayı wálayatları aymaǵınan ibarat. Iyelegen maydanınıń kólemi jaǵınan Tómengi Ámiwdárya ekonomikalıq rayonınan keyinde turadı.

*Aytıń, ekonomikalıq rayonnıń geografiyalıq ornın qalay bahalasaq boladı?*

Iyelegen maydanı tiykarınan tegislik (Qızılqum shóli)ten ibarat. Ol qarakólshilik ushın áhmiyetli. Tegisliktiń orayında Tamdı taw (eń biyik shoqqısı 922 m), Bókentaw, Awminzataw, Quljuqtaw boy tiklep turadı. Tegisliktiń shıǵısında Nurata, Aqtaw, Qaratawlardıń batıs bólegi jaylasqan. Bular da ekonomikada belgili bir áhmiyetke iye. Zarafshan alabınıń tómengi bólimleri suwǵarıp egiletuǵın diyqanshılıq ushın qolaylı.

Ekonomikalıq rayonnıń klimatı keskin kontinental, jazı ıssı hám qurǵaq. Ósimlik ósetuǵın dáwir temperaturasınıń jıyındısı arqada 3000 °C nı, al qublada 5000 °C nı quraydı. Jawın oǵada az, jıllıq jawınnıń muǵdarı 100—300 mm ǵana. Qar qaplamınıń juqalıǵı sharwalarǵa júdá qolaylı. Shólde jer astı suwlarınan sharwashılıqta, al azı kem jerlerde ovosh jetistiriw ushın paydalanıladı. Jiyi-jiyi garmsel samalı kúsheyip ósimliklerdi qawjıratıp ketedi.

Suw mashqalasın sheshiw ushın Zarafshan dáryasında Ámiw-Qarakól hám Ámiw-Buxara mashina kanalları, kanalda bolsa Quyımazar suw saqlaǵıshı iske túsirilgen. Suwdı 64 metr bálenttegi bul kanallarǵa kúshli nasoslar kóterip beredi. Suw saqlaǵıshqa hám onnan kanallar arqalı Buxara oazisin suwǵarıwǵa sarıplanadı.

Zarafshan ekonomikalıq rayonında hár qıylı mineral baylıqlar kóp. Atap aytqanda, Gazli, Úshqır, Qarawılbazar, Sortas tábiygıy gaz kánleri, Kaganǵa jaqın jerde neft káni, Murıntaw altın káni, Jińishke hám Zarmitanda siyrek gezlesetuǵın metallar kánleri, kúkirt kánleri, qurılıs materialları hám mineral boyaw kánleri bar. Bul baylıqlar ekonomikalıq rayonda energetika, reńli metallurgiya ximiya jáne qurılıs materialları sanaatların rawajlandırıw ushın baza esaplanadı.



http://eduportal.uz

*Xalqı*. Ekonomikalıq rayon xalqınıń kóbeyiw tıǵızlıǵı mámleket xalqınıń ortasha ósiwine jaqınlasadı. Xalıq aymaq boylap tegis jaylaspaǵan. Ásirese, shól zonası xalqı júda siyrek.

*Xojalıǵı* hám onıń aymaqlıq shókemlesiwi. Bul ekonomikalıq rayonda agrosanaat kompleksi rawajlanıp baratır. Sanaat kóp tarmaqlı.



*108-súwret.* Qarawılbazardaǵı neftti qayta isleytuǵın zavod.

***Zarafshan ekonomikalıq rayonınıń*** elektroenergetika, reńli metallurgiya, neftti qayta islew, ximiya hám gaz-ximiya, mashina islep shıǵarıw, qurılıs materialları, jeńil hám azıq-awqat usaǵan tarmaqları tez rawajlanbaqta.

Qarawılbazar qalasında jılına 5 mln tonna neftti qayta isleytıǵın kárxananıń iske túsiriliwi rayonda ekonomikanıń jańa ekonomikalıq salasın júzege keltirmekte (108-súwret). Kárxana mámleketimizdiń neft ónimlerine bolǵan talabınıń yarımın qanaatlandıradı.

Ekonomikalıq rayon jetistirip atırǵan elektr energiyasınıń muǵdarına qaray Tashkent hám Mırzashól ekonomikalıq rayonlarınan keyin úshinshi orında tıradı. Elektr quwatı negizinen Nawayı JESsınan alınadı. JES tábiygıy gaz benen isleydi. Gaz sanaatı boyınsha rayon jaqın jıllarǵa shekem Ózbekstanda jetekshi orında edi. Qashqadáryadaǵı Shortan gaz káni iske qosılǵannan keyin ekinshi orınǵa túsip qaldı. Ximiya sanaatı, tábiygıy gaz hám basqa mineral shiyki zatqa súyenedi. Sarafshan aymaqlıq óndirislik kompleksiniń negizgi tarmaqlarınıń biri jeńil sanaat bolıp tabıladı.

Awıl xojalıǵı paxtashılıq hám qarakólshilikten ibarat. Elimizdegi jaylawladıń yarımınan kóbisi usı rayonda. Jaylawlardıń ónimliligin arttırıw ushın fitomeliorativ usınıslar tayarlaytıǵın 6 toǵay xojalıǵı hám 1 toǵay-melioraciya stanciyası islep turıptı. Ózbekstandaǵı qarakól qoylardıń hám túyelerdiń yarımınan kóbisi usı ekonomikalıq rayonda baǵıladı.

1. Ekonomikalıq rayonnıń ekonomika-geografiyalıq ornına tán qanday ózgeshelikleri xojalıqtıń rawajlanıwında unamlı rol oynaydı?
2. 8-klass oqıw atlasınan paydalanıp, ekonomikalıq rayonda suwǵarılıp egilip diyqanshılıq qılatuǵın jerlerdi anıqlań.
3. Tómendegi belgiler neni ańlatıwın oqıw atlasınan anıqlań: 

http://eduportal.uz

# SAMARQAND WÁLAYATÍ

*1-tirkemedegi kesteden Samarqand xalqınıń sanı hám maydanın anıqlań.*

***Ekonomika-geografiyalıq ornı hám tábiyǵıy baylıqları.*** Bul rayon Ózbekstannıń oraylıq bóliminde jaylasqan. Xalqınıń sanı hám jalpı sanaat ónimi boyınsha Samarqand wálayatı mámleketimizde jetekshi orınlardan birinde turadı (oqıw atlasınan usı rayonnıń shegaraların anıqlań). Tábiyǵıy geografiyalıq ornına qaray Zarafshan alabınıń orta bólimine tuwra kelip, úsh tárepten Nurata, Túrkistan hám Zarafshan taw dizbekleri menen qorshap alınǵan. Taw dizbekleri arqadan esetuǵın suwıq hawa aǵımın biraz irkip turadı. Jawın kóbirek (250—800 mm) jawadı. Shorlanǵan jerler joqtıń qasında. Boz hám otlaq-allyuvial topıraqlı jerler úlken maydandı iyelep turadı.




*109-súwret.* Samarqand wálayatı.



http://eduportal.uz

Rayon aymaǵınan aǵıp ótetuǵın ***Zarafshan dáryası*** suwdı muz hám qarlardan aladı. Soǵan baylanıslı Zarafshan dáryası suwǵarıwǵa zárúrlik kóp bolǵan jaz aylarında tolıp aǵadı. Suwdan jánede nátiyjelirek paydalanıwdı gózlep, dáryanıń orta aǵımında Kattaqorǵan suw saqlaǵıshı qurılǵan. Sonıń menen birge, Eski Anxar kanalı arqalı Zarafshan suwı (Darǵom kanalınan) Qashqadárya wálayatına aǵızılıp atır. Qullası, suwdan xojalıqta tolıq paydalanıw boyınsha Orta Aziyanıń bir de dáryası Zarafshanǵa teńlese almaydı. Onıń 90 procent suwı egislik jerlerdi suwǵarıwǵa sarıplanadı.

Adır jerlerdiń birazı súrilgen, olarǵa ǵálle egiledi. Tawlarda jawın-shashın jetkilikli bolǵanlıqtan otlaqlar kóp. Sharwa malları jazda usı jerlerde baǵıladı. Ósimliklerdiń ósiw dáwiri shól menen adırda bir waqıtqa tuwrı kelmewi sebepli qarakól qoyların jıl boyına jaylawda baǵıw múmkin. Wálayattıń tábiygıy sharayatı miyweli terekler ósiriw ushın da qolaylı. Bul jerde mazalı chereshnya, erik, shabdal erte pisedi.

Wálayatta mineral baylıqlar da kóp. Bul jerde ***siyrek gezlesetuǵın metallar, qurılıs materialları*** (mramor, hák, granit, mergel, grafit), ***mineral boyawlar, asbest kánleri*** tabılǵan (109-súwret). Qullası, wálayattıń rawajlanıwında onıń tábiygıy hám ekonomika-geografiyalıq ornındaǵı qolaylıqlar qatarında tábiygıy sharayatı hám baylıqları da talay imkániyatllardı jaratadı.

***Xalqı.*** Wálayat xalqınıń 3/5 bólegi awılda jasaydı. Barlıq xalqınıń sanında miynetke jaramlı adamlar salmaǵı mámlekettegi ortasha kórsetkishten az bolsa da, biraq jumısshı kúshleri ekonomikanı rawajlandırıw ushın kereginshe tabıladı. Tábiygıy sharayat hám xojalıqtı júrgiziwdegi ayırmashılıqlarǵa muwapıq xalıqtıń jaylasıwında da ayırmashılıq anıq kózge taslanadı. Insannıń xızmeti ushın eń qolaylı Zarafshan alabında xalıq oǵada tıǵız jasaydı. Bul jerlerde hár bir kv. km ge 250 hám onnan da zıyat adam tuwra keledi. Adır hám tawlarda hár bir kv. km ge 15-20 adamnan tuwra keledi.



***Awıl xojalıǵınıń negizgi tarmaqları:*** dán jetistiriw, paxtashılıq, baǵmanshılıq, júzim jetistiriw, gósh-sút sharwashılıǵı, qarakólshilik, jipek jetistiriw. ***Sanaattıń negizgi tarmaqları:*** reńli metallurgiya, mashina islep shıǵarıw (avtomobil islep shıǵarıw), jeńil hám azıq-awqat.

***Xojalıǵı***. Samarqand wálayatı aymagında xalqı ázelden suwǵarılatuǵın diyqanshılıq penen shuǵıllanıp kelgen. Diyqanshılıq penen birge sawda hám ónermentshilik rawajlanǵan.

Wálayatta sanaat jetekshilik etedi. Awır sanaat tarmaqlarınan mashina islep shıǵarıw hám metall islew, ximiya tez rawajlanıp atır. Sa-




*110-súwret.* Ózbekstan Respublikasında Samarqand wálayatınıń salmaǵı (procent, 2017-jıl).

marqand qalasında 1999-jılı júk tasıw hám sayaxatshılarǵa xızmet kórsetetuǵın 4 túrli mashinaların islep shıǵaratuǵın «SamKoshavto» zavodı jumıs baslaǵan edi. Házirde bul zavod ***«SamAvto»*** dep ataladı. Samarqandtaǵı ***«SamAvto»*** zavodında «Isuzu» markalı mikroavtobuslar jáne júk mashinaları islep shıǵarılmaqta.

Jeńil sanaattıń 50 ge shamalas kárxanası islep turıptı. Azıq-awqat sanaatı jergilikli shiyki zatlardan konserva hám sharap, ósimlik mayı, temeki, sút hám gósh, konditorlıq ónimlerin islep shıǵaradı.

Samarqand aymaqlıq óndirislik kompleksinde ***awıl xojalıǵı*** ayrıqsha orındı iyeleydı (110-súwret). Diyqanshılıq awıl xojalıǵiınıń jalpı óniminiń 75 procentin beredi. Diyqanshılıqtıń jetekshi tarmaǵı bul rayonda da paxtashılıq hám ǵálle jetistiriw bolıp tabıladı. Basqa texnikalıq eginlerden temeki, ǵúnji, zıǵır hám safsar (maxsar) jetistiriledi. Úrǵıt rayonı temeki egiwge qánigelesken. Suwǵarılmay diyqanshılıq egetuǵın jerlerde biyday hám arpa egiledi. Baǵmanshılıq hám júzimgershilik tarmaqları joqarı dárejede rawajlanǵan. Qalalardıń aynalasındaǵı xojalıqlarda, xalıqtıń úy aldındaǵı jerlerinde kóplep hár qıylı ovosh hám palız eginleri egiledi.

Bul wálayatta miyweli aǵashlar hám júzim egilgen jerler kóp. Sharwashılıq agrosanaat kompleksiniń áhmiyetli quram bólegi bolıp esaplanadı. Qaramallardıń sanı jaǵınan wálayat mámlekette birinshi orındı iyeleydı, al qarakólshilik boyınsha úshinshi orında turadı. Bul jerde qarakólshilikti rawajlandırıw ilájların izertlewshi ilimiy izertlew institutı bar.

***Transportı.*** Samarqand wálayatı aymaǵınan eki temir jol ótedi. Tashkent–Túrkmenbası, Tashkent–Dushanbe temir jolında negizinen tranzit júkler tasıladı. Wálayatta avtomobil jolları kóp, olar arqalı temir jolǵa hám bir wálayattan ekinshi wálayatqa júkler tasıladı. Hawa transportı mámlekettiń barlıq iri qalaların jáne shet mámleketlerdi baylanıstıradı. Truba transportı hám elektr jetkerip beriw liniyaları kóp tarmaqlı. Rossiyaǵa paxta talshıǵı, paxta mayı, taza jemisler, júzim, kishmish hám qarakól terileri jiberiledi.

Mineral tógin, temeki, shay, ayaq-kiyim, shayı hám basqa tutınıw tovarları barlıq qońsı wálayatlarǵa hám Orta Aziya mámleketlerine de shıǵarıladı. Wálayat, negizinen aǵash-taxtay, ǵálle, qant, mashinalar, kómir, neft, neft ónimleri hám keń tutınıw tovarların aladı. Wálayatta Samarqand, Kattaqorǵan sanaat túyinleri bar.

***Qalaları. Samarqand*** Zarafshan dáryasınıń orta bóliminde jaylasqan.

***Samarqand*** dúnyadaǵı júdá áyyemgi qalalardan esaplanadı. Arxeologiyalıq izertlewler nátiyjesinde qalanıń jası 2750 ekenligi anıqlanǵan.

XIV-XV ásirlerde Mawaraunnaxrdıń ilimiy oy-pikir orayı bolǵan. Geografiyalıq ornınıń qolaylıǵı sebepli Samarqand orta ásirlerde Orta Aziyanıń áhmiyetli sawda oraylarınan birine aynaldı. Hindistan, Iran hám Shıǵıs Evropa mámleketleri menen alıp barılǵan sawda baylanısları qalanıń ekonomikalıq jáne mádeniy jaqtan kóteriliwine tásir kórsetti. Sol dáwirlerde-aq zergerlik buyımları, ǵúlálshılıq boyawları, jipek hám jip gezlemeler islep shıǵarıw hám kesteshilik jaqsı rawajlandı. Qaǵaz hám maqpal islep shıǵarıwdı samarqandlılar bunnan mıń jıl burın keń jolǵa qoyǵan edi.

Amir Temir hám temiriyler dáwir (XV-XVII ásirler)inde Samarqandta sháwketli meshit, medrese, muzey hám saraylar qurıldı. Olar Hindistan, Mısır, áyyemgi Greciya hám Rim arxitekturasınıń siyrek gezlesetuǵın estelikleri qatarında jer júzlik áhmiyetke iye. Orta ásirdiń shayırları hám alımları Samarqandtı «sayqali royi zamin» dep ullı dárejede kórgen.

1924-1930-jıllarda Samarqand qalası Ózbekstannıń paytaxtı bolǵan. Házirgi waqıtta Samarqand mámlekettiń iri sanaat túyini, mádeniyat oraylarınan biri sıpatda áhmiyetli.

Samarqand penen Jambay, Juma hám basqa kishi qalalar óndiris boyınsha bir-biri menen baylanısta. Qala awıl xojalıǵı rawajlanǵan aymaqtıń orayında jaylasqanlıqtan onda awıl xojalıq ónimlerin qayta isleytuǵın úlken kárxanalar kóp.

1999-jılı Samarqandtıń arqa tárepindegi Shelek qalasında ullı hádis izertlewshi alım imam al-Buxariyǵa baǵıshlap arxitekturalıq kompleks qurıldı (111-súwret).



*111-súwret.* Imam al-Buxariy mavzoleyi.

http://eduportal.uz

Samarqand mámlekettiń ilim-pániniń iri orayı bolıp tabıladı. Qalada Samarqand mámleketlik universiteti, Xalıq aralıq turizm universiteti, medicina, arxitektura-qurılıs, shet tiller, ekonomika hám servis, veterinariya medicinası institutları, Tashkent axborot texnologiyaları universiteti Samarqand filialı oqıw orınları bar. Qala tariyxı Rudakiy, Nawayı, Xoja Axror, Babur, Jámiy, Ulıǵbek, Axmad Danısh, Abu Lays Samarqandiy sıyaqlı alımlar, jazıwshılar, oyshıllardıń atları menen baylanıslı. Qala xojalıǵınıń rawjlanıwı sebepli xalqı da tez kóbeyip atır.

***Kattaqorǵan*** wálayatta Samarqandtan keyingi ekinshi orındı iyelegen sanaat túyini hám mádeniyat orayı bolıp tabıladı. Qalanıń qasınan Samarqand–Buxara temir jolı ótken. Qalada Kattaqorǵan paxta tazalawshı mashina islep shıǵarıw zavodı, motor ońlaw, paxta hám gerbish zavodları jáne jergilikli sanaat kárxanaları bar. May eritiw hám gósh kombinatları jáne jılına 2 mllion shóje shıǵaratıǵın broyler fabrikası azıq-awqat sanaatınıń respublikadaǵı iri kárxanaları esaplanadı. May eritiw kombinatı mámlekettegi eń iri kárxanalardıń biri. Sanaat kárxanaları úlken JEO elektr energiyası menen támiyinleydi.

***Úrgit*** Samarqandtan shama menen 50 km qubla-shıǵısta, Qashqadárya wálayatınıń shegarasında jaylasqan qala. Úrgitte bir neshe gilem fabrikaları, tabak-ferment hám shifer zavodları islep tur. Samarqand wálayatınıń eń iri shıǵıs bazarı usı qalada jaylasqan.

1. Samarqand wálayatı awıl xojalıǵında qaysı tarmaqlardıń salmaǵı úlken, bunıń sebebin túsindiriń.
2. Wálayat sanaatı menen awıl xojalıǵınıń óndirislik baylanısların túsindiriń.
3. Samarqand qalasınıń iri ilim-pán, mádeniy oray ekenligin tiykarlap beriń.
4. Jazıwsız kartadan Samarqand wálayatına tiyisli tapsırmalardı orınlań.

## 51-sabaq NAWAYÍ WÁLAYATÍ

Bul wálayat mámleketimizdiń eń genje wálayatı bolıp tabıladı. Ol Buxara hám Samarqand wálayatlarınıń aymaǵınan quralǵan. Nawayı wálayatı mámleketimizdiń wálayatları arasında aymaǵınıń eń úlkenligi menen birinshi orında tursa da, xalqınıń sanı jaǵınan eń keyingi orınlardıń birin iyeleydi (112-súwret). Wálayattıń ósimlik (jaylaw) baylıǵı qarakólshilikte úlken áhmiyetke iye.

http://eduportal.uz

***Xalqı*** aymaq boylap bir tegis jaylaspaǵan. Tamdı, Úshqudıq, Kenimex rayonlarında xalqı oǵada siyrek. Sanaattıń tez pát penen rawajlanıwı qala xalqınıń tez kóbeyiwine alıp kelmekte. Wálayatta jańa qala hám kishi qalalar boy tiklemekte.

***Awıl xojalıǵınıń negizgi tarmaqları***: dán jetistiriw, paxtashılıq, qarakólshilik, qoy ósiriw. ***Sanaattıń negizgi tarmaqları***: elektroenergetika, reńli metallurgiya, ximiya, qurılıs materialları sanaatı.

Shól sharwashılıǵı tarawınan bul wálayat mámlekette jetekshi esaplanadı. Qızılqum shólinde qarakólshilikke qánigelestirilgen iri xojalıqlar bar. Bul tarawda Tamdı rayonı ayrıqsha kózge taslanadı, rayonda kóplegen qarakólshilik xojalıqları bar. Jaylawlardı suw menen támiyinlew, olardıń ónimliligin arttırıw ushın fitomeliorativlik jumıslar alıp barılmaqta.

***Sanaattıń*** rawajlanıwı suw baylıqlarına baylanıslı. Ráwajlanıp atırǵan sanaat tarmaqları, atap aytqanda ximiya sanaatı hám basqalar suwdı kóp talap etedi. Wálayattıń ximiya sanaatı tábiyǵıy gaz hám basqa shiyki zatqa súyenip tez rawajlanıp atır. Ximiya sanaatınıń orayı Nawayı qalasındaǵı ximiya kombinatı esaplanadı (113-súwret).

Mámleketimizde islep shıǵarılıp atırǵan cement óniminiń negizgi bólegi Nawayı cement zavodına tiyisli. Zavod jaqın waqıtlarǵa shekem shlak, metall qırındısı, klinker usaǵan cement shiyki zatların burıńǵı Awqam respublikalarınan úlken qárejetler menen alınatuǵın edi. Shiyki zattıń qımbatlıǵı cement islep shıǵarıwdı kóbeytiw hám sapasın jaqsılaw jolında tosqınlıq bolatuǵın edi. Geologlardıń izertlewleriniń nátiyjesinde Málikshól shegaralarında, tap zavodtıń túbinde ǵana tuf káni tabıldı. Tuf eń aǵla shlaktan da, siyrek gezlesetıǵın aralaspa-klinkerden de qalıspaytıǵın cement shiyki zatı esaplanadı. Kánniń qorı kóp bolıp, jılına 2-3 mln tonna tuf qazıp alınǵanda da 45-50 jılǵa jetetuǵını anıqlandı.




*112-súwret.* Ózbekstan Respublikasında Nawayı wálayatınıń salmaǵı (procent, 2017-jıl).

Wálayat elektr energiyasın islep shıǵarıw




*113-súwret.* Nawayı wálayatı.

muǵdarı boyınsha mámlekette jetıkshi orındı iyeleydi (114-súwret). Elektr energiyasınıń negizgi bólegin Nawayı JESsı beredi. Mámleketimizde óndiris kárxanaların modernizaciya etiw hám jańalaw, zamanagóy innovaciyalarǵa tiykarlanǵan hám joqarı nátiyjeli texnologiyalardı engiziw jedel ámelge asırılmaqta. Olardı ámelge asırıwda kerekli imkaniyatlarǵa iye bolǵan arnawlı industrial zonalar dúzilmekte. Solardan, «Nawayı» erkin industrial-ekonomikalıq zonası dúzilgennen beri onıń aymaǵında 19 investiciya joybarı boyınsha óndiris kárxanaları iske túsirildi. Solardan, joqarı texnologiyalar tiykarında televizorlar ushın astına qoyatuǵınlar, elektr energiyanı elektron esaplaǵıshlar, joqarı basımǵa shıdamlı kabeller, JESlar ushın ısıtqısh qazanlar, mobil hám stacionar telefon apparatları, tayar dári-dármanlar hám basqa túrdegi ónimler islep shıǵarıw jolǵa qoyıldı.

***Social tarawlar.*** Wálayatta eki joqarı oqıw ornı – Nawayı mámleketlik




*114-súwret.* Sanaat óndirisi tarmaqlarınıń quramı (2017-yil).

pedagogikalıq institutı hám Nawayı mámleketlik kánshilik institutı bar. 380 ge jaqın orta bilim beriwshi mekteplerdiń 120 sı Qızılqumnıń alıs shól aymaqlarında jaylasqan. Wálayat aymaǵında kóplegen tariyxıy jerler bar. Olarǵa Karmana, Rabat Malik, Nuratadaǵı Tasmeshit tariyxıy estelikleri, Chilustun, Kókgúmbez, Qosımshayx mavzoleylerin kirgiziw múmkin.

***Qalaları***. Nawayı tez rawajlanıp atırǵan jas sanaat qalası (xalıqtıń jasaw ornınları temasında qala xalqınıń sanın anıqlań). Ol wálayattıń administrativlik orayı. Zarafshan dáryasınıń jaqınlıǵı, iri awıl xojalıq aymaǵınıń orayında jaylasqanlıǵı, transport penen jaqsı támiyinlengeni qalanıń tez ósiw faktorı boldı. Qala 1960-jıllarda birden-bir bas joba tiykarında ıssı klimattı hám milliy dástúrlerdi esapqa alıp qurıldı. Qala abadanlastırılǵan.

Nawayıda mámlekettegi iri JES, elektr-ximiya kombinatı, cement zavodı, kán-metallurgiya kombinatı bar. Qala sanaat hám transport túyini, áhmiyetli mádeniyat orayı bolıp esaplanadı.

***Zarafshan qalası*** Murıntaw taw-kán sanaatı bazasında 1972-jılı qurıldı. Qalada reńli metallurgiya, sonday-aq, jeńil, azıq-awqat sanaat tarmaqları jolǵa qoyılǵan.

**1.** Wálayattıń geografiyalıq ornı hám tábiygıy sharayatı onıń xojalıǵı ushın qanday imkániyatlar jaratadı?
**2.** Wálayattıń xalqı hám jumısshı kúshleriniń kólemi jáne jaylasıwı boyınsha Buxara wálayatı menen salıstırıń.
**3.** Wálayattan qanday ónimler jiberilip, qanday ónimler alıp kelinetuǵının geografiya dápterińizge jazıp, muǵalimińizge kórsetiń.

http://eduportal.uz

## 52-sabaq BUXARA WÁLAYATÍ

*1-tirkemedegi kesteden wálayat xalqınıń sanın hám maydanın anıqlap, xalqınıń ortasha tıǵızlıǵın tabıń.*

Wálayattıń maydanı mámleket maydanınıń 9,0, xalqınıń 5,7 procentin quraydı (115-súwret). Wálayattıń geypara jerlerinde izey suwlar jerdiń betine jaqın, jawın az, shólde qum kóshiwi usaǵan unamsız hádiyseler jer fondınan paydalanǵanda artıqsha miynetti hám qárejetti talap etedi. Anıqlanǵan tábiyǵıy gaz zapasları júdá kóp. Bunnan tısqarı neft, qurılıs materialları, duz hám basqa paydalı qazılma baylıqlar tabılǵan.

***Tariyxıy estelikler.*** Gárezsizlik jıllarında Buxaranıń arxitekturalıq estelikleri jáne aldıńǵı kórinisine iye boldı. BMSHnıń ilim-pán hám mádeniy isleri boyınsha shólkemi UNESKOnıń Pútkil jáhán mádeniy miyrası qatarına kirgizilgen hám mámleket qorǵawına alınǵan tariyxıy esteliklerdiń derlik yarımı Buxara wálayatında jaylasqan.

***Xojalıǵı.*** Egislik maydanlardıń quramında paxta hám ǵálle negizgi orındı iyeleydi. Wálayatta azıqlıq eginler de kóp egiledi. Bul jerde báhárdiń erte keliwi hám jıllı bolıwınıń arqasında erik, shabdal, taw alshası kóp tarqalǵan. Keyingi 20 jıl ishinde ekonomika, solardan sanaat tarmaqlarınıń rawajlanıwında ózgerisler ámelge asırıldı. Eger wálayatta 90-jıllardıń basında bir neshshe respublika áhmiyetine iye sanaat kárxanaları jumıs alıp barǵan bolsa, házir olardıń sanı 100 den astı. Ótken jıllar dawamında, sanaat tarmaǵında 27 jańa túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarılıwı jolǵa qoyıldı.




*115-súwret.* Ózbekstan Respublikasında Buxara wálayatınıń salmaǵı (procent, 2017-jıl).

Gárezsizlik jıllarında alıp barılǵan izertlewler nátiyjesinde Qandım, Aqqum hám Porsankól aymaqlarındaǵı neft hám tábiyǵıy gazdıń úlken qorları ashıldı (116-súwret). Sol kánlerdegi energetika shiyki zatın qayta tayarlaw ushın 1997-jılı Qarawılbazar qalasında iri neftti qayta tayarlawshı zavod iske túsirildi. Mámleket ushın strategiyalıq áhmiyetke iye bolǵan bul kárxana Buxara-Xiywa neft-gazlı aymaqtıń shiyki zatın qayta tayarlaw menen birge wálayat xalqın jumıs penen támiyinlew barısında tiykarǵı dereklerden biri wazıypasın atqarmaqta.




*116-súwret.* Buxara wálayatı.

Wálayattıń transport jaǵdayı bir qansha jaqsılandı. «Afrosiyob» tez júriwshi poezdınıń iske túsiriliwi menen baylanıslı paytaxttan Buxara qalasına shekem temir jol arqalı derlik 4 saatta jetip alıw imkanın jarattı.

***Awıl xojalıǵınıń negizgi tarmaqları***: dán jetistiriw, paxtashılıq, ovosh jetistiriw, qoy ósiriw. ***Sanaattıń negizgi tarmaqları:*** janılǵı (neft hám gaz), ximiya hám neft-ximiya, qurılıs materialları, jeńil, azıq-awqat.

Ámelge asırılǵan usınday úlken islerdiń nátiyjesi retinde Buxara Ózbekstannıń áhmiyetli ekonomika-geografiyalıq, mádeniy hám sayaxat oraylarınan birine aylanbaqta. Bul aymaqtı kompleks rawajlandırıw arqalı túrli tarmaqlardıń, ásirese, xızmet kórsetiw tarawların kúsheytip, xalıqtı jumıs penen támiyinlew ushın imkaniyat bermekte.

***Buxara qalası*** áyyemgi qala hám ótmishte paytaxt bolǵanlıǵı menen Samarqandqa usaydı (117-súwret). Qala áyyem zamanlardan berli zer



*117-súwret.* Buxaranıń góne qala bálegi.

qosıp toqıwshılıq, shayı toqıw, zergerlik, mıskerlik, aǵashqa oyıp naǵıs salıw hám gansh oyıw ónerleri menen dúnyaǵa tanılǵan.

Qalada onnan aslam shet ellik mámleketler menen birgelikte qurılǵan qospa kárxanalar islep tur. Olardan, «Bux-Tel» (Izrail) mayonez, «Omega-Sitora» (Greciya) júnli zatlar, «Gufik-Avicenna» (Hindistan) dári-darmaq, «Mramor» (AQSh) qurılıs materialları islep shıǵaradı. 1996-jıldan baslap qalada Korea Respublikasında islep shıǵarılǵan telefon stanciyası iske túsirildi.

Qalada Buxara mámleketlik universiteti, injener-texnologiya institutı, medicina institutı, Tashkent irrigaciya hám melioraciya institutınıń Buxara filialı islep tur.

Áyyemgi arxitekturalıq dástúrlerdi zamanagóy bezekler uygınlıǵında jáne de rawajlandırıw maqsetinde 2010-jılı 107 gektar maydandı iyelegen «Buxara mádeniy orayı» kompleksi shólkemlestirildi. Bul kompleks bir qatar iri qurılıslar – 700 orınlı wálayat muzikalı drama teatrı, 2000 tamashagóyge mólsherlengen amfiteatr hám «Áyyemgi hám máńgi Buxara» monumentin óz ishine aladı. Kompleks orayındaǵı 18 metrli monument bul jerdiń ilimiy-mádeniy hám tariyxıy-filosofiyalıq miyrasın ózinde kórsetedi.

***Kagan*** temir jol stanciyası sıpatında boy tiklegen kishi qala. Temir joldıń Dushanbege jetip barıwı hám Kagan-Buxara temir jolı qurılǵannan keyin Kagan transport túyinine aylandı. Házirgi waqıtta qalada 15 ke jaqın sanaat kárxanası islep turıptı.

Gaz káni negizinde ***Gazli*** qalası qurıldı. Gazlige Nawayıdan elektr quwatı hám Ámiwdáryadan truba arqalı suw aparılǵan. Gázli jaylasqan aymaqtıń klimatı keskin kontinental, waqtı-waqtı kúshli samal bolıp, shań-tozań kóteriledi, ayırım waqıtlarda qumlardıń kóshiwi bayqaladı.

1. Wálayattıń geografiyalıq ornı hám tábiygıy sharayatı onıń xojalıǵı ushın qanday imkaniyatlar jaratadı?
2. Ónermentshiliktiń qanday túri qaysı rayonlarda rawajlanǵan?
3. Wálayattıń awıl xojalıǵında qanday ózgerisler júz berdi? Sebebin aytıń.
4. Rayonıńızdı wálayattıń orayı menen baylanıstıratúǵın eń qısqa joldı anıqlań.

## 53-sabaq QUBLA EKONOMIKALÍQ RAYON

*Sabaqlıqtıń 1-tirkemesindegi kesteden rayon xalqınıń sanın hám maydanın anıqlań.*




***Ekonomika-geografiyalıq ornı hám tábiyǵıy baylıqları.*** Qubla ekonomikalıq rayon mámleketimizdiń qublasında jaylasqan bolıp, Qashqadárya hám Surxandárya wálayatlarınan ibarat.

Rayon úsh mámleket – Awǵanstan, Túrkmenstan hám Tájikstan menen, arqadan Zarafshan ekonomikalıq rayon menen shegaralas. Maydanı Ózbekstan maydanınıń 1/10 bólegine teń bolıp, bul aymaqta mámleket xalqınıń hár jetewinen birewi jasaydı. Ekonomikalıq rayon mámleketimizdiń qubla dárwazası esaplanadı. Ámiwdáryada qurılǵan avtomobil hám temir jol kópiri wálayattıń ekonomika-geografiyalıq ornın xalıq aralıq dárejege kótergen (118-súwret). Ózbekstanǵa salıstırǵanda arqada jaylasqan kóplegen mámleketler Awǵanstan menen sawda-ekonomikalıq baylanısların usı kópir aqalı iske asırmaqta.

Ekonomikalıq rayonda shól hám taw jaylawlarınıń ózlestiriliwi menen tábiyǵıy jaylawlar barǵan sayın qısqarıp barmaqta. Bunnan qarakólshilik zıyan kórmewi ushın shóllerde fitomeliorativ jumısları alıp barılmaqta.

Ekonomikalıq rayonda janılǵı-energetika baylıqları júdá kóp. Shortan gazı Sırdárya JESın, hátte Angren JESın da janılǵı menen támiyinleydi. Múbárek gaz kánleri pútkil mámleketke hám qońsılas ellerge janılǵı jetkerip berip atır. Bir neshe neft, janatuǵın slanec kánleri anıqlanǵan. As duzı, mramor, hák, gips qorları ximiya hám qurılıs materialları sanaatı ushın úlken úmitli keleshek ashadı.



*118-súwret.* Ózbekstandı Awǵanstan menen baylanıstırıp turıwshı kópir.

***Xalqı.*** Ekonomikalıq rayon boylap xalıq júdá tegis jaylaspaǵan. Suwǵarıp diyqanshılıq isleytuǵın rayonlarda xalıq tıǵız (hár bir kv. km ge 100-250 adam), taw, shól, yarım shóllerde xalıq siyrek. Qalalar keńeyip atır, jańa qalalar payda bolmaqta.

http://eduportal.uz

***Xojalığı hám onıń aymaqlıq shólkemlestiriliwi.*** Ekonomikalıq rayon awıl xojalıǵında sharwashılıq óz aldına orın tutadı. Qarakól jetistiriw boyınsha rayon mámlekette jetekshi orınlardan birin iyeleydi. Keń jaylawlar, júweri hám jońıshqa jetistiriw, sanaat shıǵındılarınan paydalanıw sharwashılıqtıń kóteriliwine imkan bermekte. Gosh hám mayı ushın baǵılatuǵın qoylar jáne eshkiler taw hám taw aldı jaylawlarında baǵıladı. Taw aldılarında jáne de qurǵaq dashtlarda jumsaq, uzın júnli qoy hám eshkiler baǵılmaqta.



Ekonomikalıq rayondı quraǵan eki wálayatta sanaattıń jaǵdayı bir-birinen keskin parıqlanadı. Qashqadárya wálayatında, tiykarınan, qazıp alıwshı sanaat esabına sanaat joqarı rawajlanǵan bolsa, Surxandárya wálayatınıń sanaatın mámleket sanaatındaǵı úlesi júdá az.

Qashqadáryadaǵı Talimarjan JES, «Múbárekgaz» sıyaqlı iri kárxanaları tek ekonomikalıq rayon bolıp ǵana qoymastan, ol mámleketimiz ekonomikasınıń maqtanıshı esaplanadı. AQSH hám Yaponiya kompaniyalarınıń qatnasıwında qurılǵan, 600 atmosfera basımı astında isleytuǵın, kúni-túni 4,2 mln kub m gaz islep shıǵaratuǵın Kókdumalaq compressor stanciyası, strategiyalıq áhmiyetke iye «Shortangaz» kompleksi de áne solar qatarına kiredi.

***Transportı.*** Ekonomikalıq rayonda transporttıń barlıq túrleri bar. Sońǵı waqıtlarda rayondaǵı hár eki wálayattıń social-ekonomikalıq rawajlanıwın tezlestiriw, júk tasıwdıń transport támiyinleniwin jaqsılaw maqsetinde «Tasgúzar–Baysun–Qumqorǵan» jańa temir jolı iske túsirildi. Bul temir jol Baysun rayonı arqalı ekonomikalıq hám sociyallıq tárepten az rawajlanǵan rayon awıllarına sanaattıń kirip keliwine, jer ústi hám jer astı baylıqlarınan keń paydalanıwǵa, taza taw hawasınan emlew orınları, túristlik bazalar, dem alıw úylerin qurıwǵa úlken imkaniyat jaratadı. Eń áhmiyetlisi jańa zamanagóy social-ekonomikalıq obektler qurılısı, jańa jumıs orınlarınıń payda bolıwı, isbilermenliktiń rawajlanıwı ushın keń jol ashıp berdi. Nátiyjede economikalıq rayonda júk tasıw kólemi keskin kóbeydi, jergilikli shiyki zatlardı qayta islew tiykarında 100 den aslam jańa kárxanalar iske túsirildi, on mıńlap xalıq jumıs penen támiyinlendi.

**1.** Ekonomikalıq rayonnıń geografiyalıq ornındaǵı ózgeshelikleri nelerde sáwlelenedi?
**2.** Rayondaǵı xalıqtıń sanı hám jumısshı kúshlerdiń kólemin Zarafshan ekonomikalıq rayonnına salıstırıń.
**3.** Termizden Tashkentke barıw ushın qaysı wálayatlardan ótiledi?

http://eduportal.uz

# QASHQADÁRYA WÁLAYATÍ

Qashqadárya wálayatı mámleket aymaginıń 6,4 procentin iyeleydi (119-súwret). Ol jerde Ózbekstan xalqınıń derlik 9,6 procenti jasaydı. Respublikamızdaǵı tiykarǵı neft hám gaz kánleri sol aymaqta jaylasqan. Qashqadárya janılǵı sanaatı jalpı ónim kólemi boyınsha mámlekette 1-orında turadı. Sonday-aq, respublikada islep shıǵarılatuǵın elektroenergiyanıń 1/10 bólegin, jeńil sanaat ónimleriniń 7 procentten aslamın beredi. Qolaylı tábiyǵıy sharayatı sebepli egin maydanları úlken. Wálayat barlıǵı bolıq egin maydanı, gálle hám paxta egin maydanları boyınsha respublikada birinshi orında turadı.

***Ekonomika-geografiyalıq ornı hám tábiyǵıy baylıqları.*** Bul wálayatta bir jıllıq ortasha temperatura Ózbekstannıń basqa bólimindegilerden anaǵurlım joqarı. Wálayatta 1 mln gektarǵa jaqın suwǵarıwǵa jaramlı jer bar, biraq suw tanqıs. Suwdan júdá nátiyjeli paydalanılǵanda da kóp jerlerge jetip barmaydı. Sol sebepli kóp jerlerge suwǵarılmaytuǵın dánli eginler egilmekte. Qashqadárya alabı Qashqadárya hám onıń shep tarmaqları — Aqsuw, Tanxizdárya, Yakkabaǵ hám Ǵúzardárya suwı menen suwǵarıladı. Alapta Shımqorǵan suw saqlaǵıshı qurılıp, Qashqadáryanıń orta hám tómengi aǵısında suw sarplanıwınıń tártipke salınıwı jáne Eski Anxar kanalı arqalı Zarafshannan ákeliniwi nátiyjesinde suwǵarılatuǵın jerlerdiń maydanı ádewir keńeydi *(oqıw atlasın kózden ótkeriń).*

Topıraq hám klimat sharayatı jińishke talshıqlı paxta, ovosh, kartoshka hám miywe-jemisler jetistiriwge qolaylı. Biraq Ǵuzar dáryanın suwı az bolıp, tek báhár (aprel)de tolıp aǵadı. Onıń aǵısın tártipke salıw maqsetinde Pashkamar suw saqlaǵıshı qurılǵan. Sonday-aq, alapta Xisorak suw saqlaǵıshı qurılǵan. Derlik 1 mln gektar maydanın suwǵara alatuǵın Ámiw-Qarshı mashina kanalı qurıldı. Bul kanaldıń jolında 1,5 mlrd kub metr suw sıyatuǵın Talimarjan suw saqlaǵıshı, kúshli nasos stanciyaları qurıldı. Nasoslar suwdı 132 metr joqarıǵa kóterip beredi.




*119-súwret.* Ózbekstan Respublikasında Qashqadárya wálayatınıń salmaǵı (procent, 2017-jıl).



*120-súwret.* Mazalı miyweler sawdası.

***Xalqı***. Tábiygıy, tariyxıy hám ekonomikalıq shárayatlar kishi qala hám awıllardıń úlken kishiligine, xalıqtıń tıǵızlıǵına hám xojalıq xızmetiniń xarakterine kúshli tásir kórsetken. Xalıq qonısları dárya jaǵalap júzege kelgen. Tórt-bes úyden ibarat bolǵan awıllar úlken aymaq boylap shashılıp ketken. Jaqın waqıtlarǵa shekem úyler terek, arsha hám qaraǵay aǵashları, tas, topıraq hám saban járdeminde qurılatuǵın edi. Jańa jerlerdi ózlestiriwdiń barısında abadanlasqan awıllar, kishi qalalar boy tikledi.

Qarshı shóli zonasında qánigelesken paxtashılıq, miywe jetistiriw (120-súwret), sharwashılıq xojalıqları shólkemlestirildi. Paxta jetistiriw kompleksi jaqsı rawajlanǵan rayon júzege keldi. Wálayattıń awıl xojalıǵında suwǵarılmay egiletuǵın dán jetistiriw xojalıǵı, jaylaw sharwashılıǵı, ásirese qarakólshilik úlken áhmiyetke iye. Wálayat biyday jetistiriw boyınsha burıngı kórsetkishlerin tiklep atır. Pilleshilik, miyweshilik hám ovosh jetistiriw qánigeli xojalıqlardıń qosımsha tarmaqları bolıp tabıladı.

Paxta negizinen Kitap–Shaxrisabz oypatı hám Qarshı alabında egiledi. Gúzgi dánli eginler jazdaǵı ıssı kúnler baslanbay-aq pisip úlgeredi. Tábiygıy sharayat júzim hám shańǵalaqlı miywe aǵashları ushın anaǵurlım qolaylı. Qarshı júzimi, ásirese onıń «maska» sortı mazalılıǵı menen belgili. Alma, almurt, ánjir, ánar sıyaqlı ıssılıqtı jaqsı kóretuǵın miyweli terekler de ósiriledi. Miyweli baǵlar, ovosh hám palız eginleriniń maydanları da tiykarınan Kitap–Shaxrisabz oypatında jaylasqan bolıp, ol jerde sharap, miywe-ovosh konservaların islep shıǵarıw jolǵa qoyılǵan.



***Awıl xojalıǵınıń negizgi tarmaqları:*** gálle jetistiriw, paxtashılıq, baǵmanshılıq, júzim jetistiriw, gósh-sút sharwashılıǵı, qoy ósiriw, pille jetistiriw.

***Sanaatı.*** Qashqadárya – mámleket neft hám gaz sanaatınıń tayanıshı esaplanadı. Qarshı shóliniń qubla-batıs bóliminde vodorod sulfatınan gaz ajıratıp alatuǵın úlken gaz sanaatınıń orayı jaylasqan.

Qashqadárya wálayatında 150 ge jaqın sanaat kárxanası islep tur. Olardıń tiykarǵı bólimi neft hám gaz, paxta tazalaw, qurılıs, jeńil hám azıq-awqat sanaatına qánigelesken.

***Sanaattıń negizgi tarmaqları***: janılǵı (neft hám gaz), ximiya hám gaz-ximiya, elektroenergetika, jeńil sanaat jáne azıq-awqat.

Iri sanaat kárxanaları Qarshı, Shaxrisabz qalalarında jáne geypara iri awıllar menen kishi qalalarda jaylasqan (121-súwret). Jergilikli sanaat palas, taqıya, konditor ónimleri usaǵan áyyemgi ónermentshilik buyımların islep shıǵaradı. Alapta kómir, neft, gaz, duz usaǵan paydalı qazılmalar tiykarında janılǵı-energetika kompleksi qáliplesip atır. Sanaat ónimlerin islep shıǵarıw tarmaqlarınıń quramında janılǵı ónimleri úlken bólimin quraydı (122-súwret).

Wálayatta jańa neft hám gaz kánleriniń iske túsiriliwi, «Tashǵuzar–Baysun–Qumqorǵan» temir jolında qatnaw jolǵa qoyılıwı nátiyjesinde dashtlarda, adırlarda hám sanaat obektleri payda bolmaqta. Solardan Diyxanabadta jılına 200 mıń tonna kaliy tóginin beretuǵın zavod islep tur. Jaqın keleshekte zavod óniminiń derlik yarımı eksportqa jiberile baslaydı.

***Siyasiy tarawlar.*** Qashqadárya wálayatında 250 den aslam tariyxıy-arxitek-




*121-súwret.* Qashqadárya wálayatı.




*122-súwret.* Sanaat ónimlerin islep shıǵarıwdıń tarmaq quramı (2017-jıl).

turalıq, 900 den aslam arxeologiyalıq estelikler bar bolıp, olardıń kópshiligi mámleket qorǵawına alınǵan.

***Qalaları.*** Wálayatta 12 qala bar. ***Qarshı*** wálayattıń administrativlik, mádeniy orayı. Ol áyyemgi kárwan jolı ústinde qurılǵan qalanıń 2700 jıllıǵı belgilendi. Qarshı qalasınıń maydanı 75,5 kv. km di quraydı. Búgingi Qarshı kóp funkciyalı qala esaplanadı. Qaladaǵı sanaat tarmaqlarınıń quramında jeńil sanaat hám azıq-awqat sanaatı jetekshi orındı tutadı. Paxta tazalaw zavodı, may-sút zavodı, kiyim tigiw fabrikası, qurılıs materialları, metalldı qayta islewshi kombinatlar wálayat ekonomikasınıń rawajlanıwına úles qosıp kelmekte. Házirde Qarshı qalasında kóplegen qospa kárxana islep tur. «Miyweler kamalagi» Ózbekstan–Britaniya, «Qarshıyoǵ» Ózbekstan–Singapur qospa kárxanaları jergilikli shiyki zattı qayta islew jolı menen tovar islep shıǵarmaqta.

Qarshı hám onıń átirapında paxta, jipek, may zavodları, metall islew kárxanaları, tigiw fabrikaları, qurılıs materialları kombinatı sıyaqlı kárxanaları qurılıp, Qarshı ***sanaat túyinine*** aylandı. Shóldi ózlestiriwde Qarshı tayanısh jeri esaplanadı. Temir jol hám avtomobil jolları Qarshıda bas qosadı. Bul jaǵday Nishan, Talimarjan, Kasan usaǵan qala hám kishi qalalardıń óndirislik baylanısuwın rawajlandıradı. Qalada Qarshı mámleketlik universiteti, Qarshı injener-ekonomikalıq institutı, Tashkent axborot texnologiyalar universitetiniń Qarshı filialı hám basqa bilimlendiriw mekemeleri bar.

***Shaxrisabz.*** Qala ázelden ónermentshiliktiń iri orayı bolıp kelgen. Shaxrisabzdıń gilem taqıyası Parij kórgizbesinde joqarı bahalanǵan. Paxta tazalaw zavodı qaladaǵı iri kárxanalardan esaplanadı. Shaxrisabz ullı



http://eduportal.uz

jáhángir Amir Temurdıń tuwılǵan qalası. Qala kórinisinde áyyemgi arxitekturalıq estelikler, sonıń ishinde Aqsaray esteligi kózge anıq taslanadı.

1. Ónermentshiliktiń qaysı ázeliy tarmaqların bilesiz? Olardıń wálayat sanaat óndirisindegi áhmiyetin túsindiriń.
2. Wálayatta sanaattıń qaysı tarmaǵı jetekshi, buǵan sebep ne?
3. Oqıw atlasınan wálayattaǵı iri sanaat orayların tabıń hám olardıń qánigeligin anıqlań.
4. Jazıwsız kartadaǵı Qashqadárya wálayatına tiyisli tapsırmalardı orınlań.

## 55-sabaq

## SURXANDÁRYA WÁLAYATÍ

***Ekonomika-geografiyalıq ornı hám tábiygıy baylıqları***. Surxandárya Ózbekstannıń eń qublasında jaylasqan. Wálayattıń Surxan–Sherabad alabınan basqa bólegi negizinen tawlardan ibarat. Tawlar arqadan esetuǵın suwıq hawanıń aǵımın irkip turadı. Sol sebepli wálayat Ózbekstannıń subtropikalıq úlkesi esaplanadı. Aymaqtıń jáne bir ózgesheligi qubladan ıssı hám qurǵaq «awǵan samalı» esip, eginlerge zálel keltiredi. Zúráátlilikti shólkemlestiriwde, álbette, bul faktor itibarǵa alınadı.

Tegislik hám tawlardan jaylaw sıpatında paydalanıladı. Tawlardaǵı miyweli terekler azıq-awqat sanaatı ushın qımbat bahalı shiyki zat esaplanadı.

Surxandárya wálayatında paydalı qazılmalar Qashqadárya wálayatındaǵıday kóp. Jer qoynında neft, gaz, kómir, reńli metall hám qurılıs materiallarınıń bar ekenligi sanaattıń bir neshe tarmaqların rawajlandırıw ushın imkaniyat beredi. Aymaqta sanaattı rawajlandırıw, tábiyǵıy baylıqlardan únemli paydalanıw boyınsha bir qatar joybarlar iske asırılmaqta. Solardan, Sarıasiya rayonındaǵı Xanjiza káninen polimetall rudalardı, yaǵnıy rux, qorǵasın, mıs hám gúmistiń úlken qorın qayta islew boyınsha proekt ámelge asırıldı.

Áwelgi Awqam waqtında Surxandárya wálayatı aymaǵınan qazıp alınǵan nefttiń quramında bitum eritpesi kópligi sebepli ol, jol




*123-súwret.* Ózbekstan Respublikasında Surxandárya wálayatınıń salmaǵı (procent, 2017-jıl).

http://eduportal.uz

qurılısında isletiletuǵın edi. Bul shiyki zattan qosımsha ónim alıw ushın Jarqorǵan neftti qayta islew zavodı qurıldı. Zavodta jılına 80 mıń tonna neft qayta islenip, benzin hám dizel janılǵısı alınbaqta.

***Xalqı.*** Wálayat xalqınıń tábiyǵıy kóbeyiwi jogarı. Xalıqtıń tıǵızlıǵı hár kv. km ge 112 adamnan tuwra keledi, yaǵnıy Ózbekstannıń ortasha xalqınıń tıǵızlıǵınan eki ese kóp (123-súwret).

***Awıl xojalıǵı***. Wálayattıń xojalıǵında agrosanaat kompleksi jetekshi orındı iyeleydi.

> ***Awıl xojalıǵınıń negizgi tarmaqları:*** gálle jetistiriw, paxtashılıq (jińishke talshıqlı), baǵmanshılıq (subtropikalıq miyweler), júzim jetistiriw, gósh-sút sharwashılıǵı, qoy ósiriw, pille jetistiriw.

Alaptıń eń ıssı qubla jaǵında jińishke talshıqlı paxta jetistiriledi. Pille jetistiriw hám gósh-sút sharwashılıǵı da rawajlanbaqta. Diyqanshılıqtı rawajlandırıwda Surxan hám Sherabad dáryaları ayrıqsha áhmiyetke iye. Qubla Surxan hám Úshqızıl suw saqlaǵıshınıń qurılısı kóp jerlerdi ózlestiriwge imkániyat berdi.

Xalıqtıń awıl xojalıǵı iskerliginde miywe jetistiriw, palız, ovosh jetistiriw úlken áhmiyetke iye. Ásirese, Denaw hám Altınsay rayonlarında baǵlar hám júzim egilgen jerler kóp.

Shárwashılıq keyingi áhmiyetli tarmaq. Suwǵarıp diyqanshılıq egiletuǵın jerlerde gósh-sút ushın jaydarı qaramallar baǵıladı. Taw jaylawlarında gósh hám sút ushın xisar qoyları baǵıladı. Bul qoylardıń geyparaları 150-160 (tiri salmaǵi) kg keledi. Tawlı rayonlarda gósh hám mamıq jún ushın angor eshkileri baǵıladı. Wálayattıń shól zonasında qarakól qoyların baǵıw jaqsı jolǵa qoyılǵan. Dúnyaǵa belgili «Surxan suri» qarakól terisi usı aymaqta jetistiriledi (124-súwret).



*124-súwret.* «Surxan súri» qarakól terileri.




*125-súwret.* Surxandárya wálayatı.

***Sanaatı.*** Mámleket kóleminde wálayat sanaatınıń salmaǵı úlken emes. Oǵan Ózbekstanda islep shıǵaratuǵın sanaat óniminiń 1-2 procenti ǵana tuwra keledi. Bul ótmishtegi wálayatqa awıl xojalıǵı rayonı sıpatında qaralıwınıń aqıbeti bolıp esaplanadı. Nátiyjede wálayatta kóplegen social mashqalalar toplanıp qalǵan.

***Sanaattıń negızgı tarmaqları***: jeńil sanaat (paxta tazalaw), azıq-awqat sanaatı, un-jarma.

Wálayatta júzege kelgen social mashqalalar joq qılıw, xalıqtı jumıs penen támiyinlew maqsetinde jańadan-jańa sanaat kárxanaları, transport magistralları qurılmaqta.

Wálayattıń sanaat tarmaqları ishinde jetekshi esaplanǵan jeńil sanaattı rawajlandırıwǵa úlken áhmiyet berilmekte (125-súwret). Jaqın jıllar

http://eduportal.uz

ishinde Qumqorǵan, Sarıasiya, Denaw, Shorshı rayonlarında qatar toqımashılıq kompleksleri dúzilip, wálayatta jetistiriletuǵın paxta talshıgınıń qayta islew kólemin 20-25 procentke jetkeriw kózde tutılmaqta.

Kán sanaatın da rawajlandırıw jedel keshpekte. Házirde Xovdaǵ, Úshqızıl, Lalmikar hám Kakaydige jaqın jerde neft hám gaz kánleri islep turıptı. Ózbekstandaǵı úsh iri kómir kániniń ekewi Surxandáryada (Sharǵun hám Baysun kómir kánleri). Bul kánlerden jaqsı kómir qazıp alınadı. Wálayatta jıllıq quwatı 900 mıń tonna kómir jetkerip beretuǵın zamanagóy janılǵı kompleksin qurıw rejelestirilip atır.

***Qalaları. Termiz*** wálayattıń administrativlik hám mádeniy orayı (xalqı temasınan qala xalqınıń sanın anıqlan).

Ol Orta Aziyanıń áyyemgi qalalarınıń biri esaplanadı. Ótken ásirdiń baslarına shekem Termiz áskeriy hám kishi shegara qalası edi. Onda yarım ónermentshilik halında pitetuǵın paxta tazalaytuǵın zavod bolǵan. Házirgi Termiz abad qala. Ámiwdárya portı jáne temir jol hám avtomobil jolı qurılǵannan keyin qala áhmiyetli transport túyini bolıp qaldı. 1995-jılı Termizde jańa zamanagóy aeroport qurıldı.

Awǵanstanǵa hám ol arqalı basqa mámleketlerge shıǵarılatuǵın jáne shet elden álıp kelinetuǵın júklerdiń anaǵurlım bólegi Termiz portı arqalı ótedi. Demek, Termiz awıl xojalıq shiyki zatın qayta isleytuǵın oray jáne iri dárya portı sıpatında rawajlanbaqta. Qalada paxta tazalaw zavodı, sút-may, nan hám gósh kombinatları, limonad zavodı, qurılıs materialların islep shıǵaratuǵın hám basqa jergilikli sanaat kárxanaları bar. Qalada zamanagóy kóriniske iye bolǵan Termiz mámleketlik universiteti wálayatta ilimiy, bilim hám mádeniy oray esaplanadı (126-súwret). Qalada, sonday-aq, kinoteatrlar, kitapxanalar, klublar, tábiyat tanıw muzeyi islep tur. Termizde haywanat baǵı da bar.



*113-súwret.* Termiz mámleketlik universiteti.

***Denaw*** – áyyemgi iri sawda hám ónermentshilik awılınıń ornında qurılǵan qala. 1929-jılı Denawdan temir jol ótkennen keyin qalada óndiris tez rawajlana basladı. Denaw sanaatı awıl xojalıq shiyki zatın qayta islewge qánigelesken. Onda paxta tazalaw, sharap, sút-may, motor ońlaw, gerbish zavodları bar. R. Shreder atındaǵı Respublikalıq baǵmanshılıq,

júzim jetistiriw hám sharap tayarlaw ilimiy-izertlew institutınıń tájiriybe stanciyası usı qalada.

1. Tirkemedegi 2-kesteden wálayattağı jer baylıqlarına tán mağlıwmatlardı anıqlań.
2. Surxandárya wálayatındağı qala hám awıl xalqınıń salmağın tirkemedegi 1-kesteden anıqlań.
3. Mektebińiz jaylasqan xojalıqta jetistirilgen ónim qaysı qalalarğa jiberiledi? Eger qalada jasasańız, qaysı rayonnan qanday awıl xojalıq ónimi alıp kelinetuğının anıqlań.
4. Jazıwsız kartadağı Surxandárya wálayatına tiyisli tapsırmalardı orınlań.

## 56-sabaq

## TÓMENGI ÁMIWDÁRYA EKONOMIKALÍQ RAYONÍ




***Ekonomika-geografiyalıq ornı.*** Tómengi Ámiwdárya ekonomikalıq rayonı Ózbekstannıń arqa batısında jaylasqan. Bul rayon Qaraqalpaqstan Respublikası hám Xorezm wálayatınan ibarat.

***Xalqı.*** Tómengi Ámiwdárya ekonomikalıq rayonınıń suwğarılatuğın jerleri ázelden xalıq tığız jasap kiyatırğan oazislerden esaplanadı. Xorezm oazisinde áyyem zamanlardan berli diyqanshılıq penen shuğıllanadi. Xalıq rayon aymağında tegis jaylaspağan. Tábiyğıy ayırmashılığı xalıqtıń jaylasıwına tásir etken. Xalıq Aral teńizine qarap azayıp baradı.

Nókis, Shımbay, Úrgench, Moynaq, Taqıyatas, Xojeli galalarınıń ósiwi hám awıllarda kishi biznes hám isbilermenliktiń rawajlanıwı esabına kishi qalalardıń payda bolıwınıń nátiyjesinde qala xalqı barğan sayın kóbeymektı.

***Xojalığı.*** Ekonomikalıq rayon xojalığınıń negizin awıl xojalığı quraydı. Ózbekstandağı awıl xojalığına jaramlı jerlerdiń 6 procenti usı rayonnıń úlesine tuwra keledi. Awıl xojalığında paydalanılatuğın jerlerdiń derlik 90 procenti jaylawlardan ibarat. Shor jerler, qumlar, kóller, batpaqlıqlar da úlken maydanlardı quraydı.

Xalıq paxtadan tısqarı qarakólshilik, miywe, júzim, palız, salı jetistiriw menen de shuğıllanadı. Ekonomikalıq rayon mámlekette jetistirilip atırğan salınıń yarımınan kóbisin beredi (127-súwret).

Ámiwdáryanıń eteklerinde diyqanshılıq negizinde sharwashılıq ta rawajlanğan. Áyyemgi hám mol payda keltiretuğın tarmaqlardan biri pille jetistiriw paxta egiw menen baylanıslı halda suwğarılatuğın diyqanshılıq xo-

http://eduportal.uz



*127-súwret.* Salı orımı.

jalıqlarında alıp barıladı. Shól jaylawlarında jıl dawamında qarakól qoyları baǵıladı.

***Sanaatı.*** Ekonomikalıq rayonnıń sanaatı azıq-awqat hám jeńil sanaat tarmaqlarınan ibarat. Jeńil sanaatta paxta tazalaw zavodlarınıń salmaǵı úlken.

Energiyanıń jetispewshiligin boldırmaw, rawajlanıp atırǵan sanaat hám awıl xojalıǵın elektr energiyası menen támiyinlew ushın Taqıyatas JES hám quramında GES bolǵan Túyemoyın gidrouzeli qurıldı. Tómengi Ámiwdárya ekonomikalıq rayonı mámlekettiń energetika sistemasınan energiya aladı.

Ǵárezsizlik jıllarında bul zámiynde ámelge asırılatuǵın úlken social-ekonomikalıq ózgerisler, qurılıs hám abadanlastırıw jumısların sanap aqırına jetip bolmaydı. Orta Aziyada jalǵız, sahra qoynıdaǵı ájayıp degen at alǵan Qońırat soda zavodı, Xojeli shiyshe zavodı, «Oraylıq Aziya bezewshi tasları» qospa kárxanası, Qońırattaǵı karbid, Nókistegi mramor hám kabel zavodları, Urga gaz káni, «Elteks» hám «Kateks» kompleksleri sıyaqlı zamanagóy óndiris obektleri, 345 kilometrlik Nawayı–Nókis temir jolı, Nókis penen Xojelini baylanıstıratuǵın úlken kópir, Qońırat avtomobil jolı, onlaǵan ulıwma bilim beriwshi mektepler, licey hám kolledjler, balalar sportı, balalar muzıka hám sanaat mektepleri sıyaqlı kóplegen imaratlar – bulardıń barlıǵı ǵárezsizligimiz miywesi bolıp esaplanadı.

Milliy avtomagistral qurılısında júz bergen úlken waqıyalardan biri – bul usı joldıń Nókis qalasına kirgen jerindegi kópir hám kesilispe jolınıń qurılısı bolıp tabıladı.

Ústirt gaz-ximiya kompleksine gazdı bólistiretuǵın, etilen, polietilen, polipropilen islep shıǵaratuǵın hám energiya derekleri menen támiyinleytuǵın barlıǵı bolıp bes zavod, sonday-aq zamanagóy infrastruktura obektleri qurılǵan.

Ekonomikalıq rayon ishki hám sırtqı baylanısta transporttıń derlik barlıq túrlerinen paydalanadı. Temir jol hám avtomobil transportınıń rawajlanıwı sebepli suw transportı óziniń áhmiyetin joǵaltıp baratır. Ekonomikalıq rayonnıń mámleketimizdiń basqa aymaqları hám shet mámleketler menen baylanısları jaqsı jolǵa qoyılǵan.

1. Rayonnıń ekonomika-geografiyalıq ornı hám tábiyǵıy sharayatınıń xojalıqqa tásiri qanday?
2. Jazıwsız kartadaǵı tómengi Ámiwdárya ekonomikalıq rayonına tiyisli tapsırmalardı orınlań.
3. Xalıqtıń aymaqlıq jaylasuwına tásir etken faktorlardı aytıń.



http://eduportal.uz

# 57-sabaq XOREZM WÁLAYATÍ

Xorezm wálayatı mámleketimiz aymaǵınıń júdá kishkene bólegin iyeleydi (128-súwret). Xorezm wálayatı tegislikten ibarat bolıp, dárya jatqızıqlarınan ibarat. Wálayattıń xojalıq turmısında Ámiwdáryanıń áhmiyeti úlken. Palwan, Yarmısh, Shavat hám Qılıshniyazbay kanalları Ámiwdáryanıń suwın wálayatqa taratadı. Wálayatta topıraq, suw hám klimat imkániyatlarınan tısqarı shıpalı shor kóller, qurılısta paydalanılatuǵın shiyki zatlar (qum, tas, qamıs)da bar.

***Xalqı.*** Wálayat xalqınıń sanı jaǵınan mámleket wálayatarlarınıń arasında aqırǵı orınlarda turadı. Xorezmliler jazda hawanıń júdá ısıp ketetuǵının esapqa alıp, úylerdi qalıń paxsa diywaldan keń hám biyik (4-5 m) etip quradı. Qalıń paxsa diywal úydiń ishindegi temperatura hám ıǵallıqtıń bir bapta saqlanıwın támiyinleydi. Jer astı suwı jer betine jaqın bolǵanlıqtan hár qıylı maqsette jer tóleler hám uralar qazıwǵa bolmaydı.




*128-súwret.* Ózbekstan Respublikasında Xorezm wálayatınıń salmaǵı (procent, 2017-jıl).

***Xojalıǵı.*** Wálayattıń ekonomikası negizinen agrosanaat kompleksinen ibarat. Xiywa, Shawat, Yangiarıq rayonlarında paxtanıń salmaǵı ayrıqsha úlken.

Ǵúrlen rayonında bolsa salıgershilik úlken maydandı iyeleydi. Suwǵarılatuǵın jerlerde paxta menen birge ǵálle, jońıshqa, mákke, kartoshka hám palız eginleri egiledi. Ekonomikanıń basqa tarmaqları menen paxtashılıqtıń qosıp alıp barılıwı suwdan hám jumısshı kúshlerden únemli paydalanıwǵa imkaniyat beredi. Wálayattıń barlıq rayonlarında palız eginleri egiledi.

***Awıl xojalıǵınıń negizgi tarmaqları:*** paxtashılıq, salıgershilik, palız eginleri ham pille jetistiriw, gósh-sút sharwashılıǵı. ***Sanaattıń negizgi tarmaqları:*** elektroenergetika, mashina islep shıǵarıw, qurılıs materialları, jeńil sanaat, azıq-awqat, un-jarma.

Kóp ásirlerden berli dawam etip kiyatırǵan xalıq selekciyası arqasında Xorezmde erte piser hám kesh piser qawınlardıń ájayıp sortları júzege




*129-súwret.* Xorezm wálayatı.

kelgen. Áyyemgi zamanlarda olardı arnawlı ıdıslalǵa salıp túyelerge artıp, hátte Baǵdad hám Hindistanǵa (ol waqıtta úsh aylıq jol) jóneltilgen. Xiywa, Yangiarıq, Gúrlen, Xazarasp rayonlarında baǵlar anaǵurlım kóp. Keleshekte baǵlardıń hám júzim egiletuǵın maydanların keńeytiw kózde tutılǵan.

Awıl xojalıǵının ekinshi áhmiyetli tarmaǵı sharwashılıq bolıp tabıladı. Jazǵı jaylawlardıń hám suwdıń jetispewshiliginen sharwashılıqta shólge beyimlesken qarakól qoylarınıń salmaǵı úlken. Bul qoylar negizinen terisi hám júni, sonday-aq góshi ushın baǵıladı. Wálayatta jaylawlardıń az bolıwı sebepli geypara xojalıqlar óz qoyların Qaraqalpaqstan jaylawlarında baǵadı.

***Sanaatı.*** Wálayatta jeńil hám azıq-awqat sanaatınıń júzden aslam kárxanaları bar (129-súwret). Sanaat paxta, pille, miywe, ovosh jáne sharwa ónimlerin qayta islewden ibarat. Sonday-aq, kiyim tigiw, ayaq-kiyim, gilem toqıw qurılıs materialları, azıq-awqat sanaatı kárxanaları bar. Bul kárxanalar qala jáne rayon oraylarında jaylasqan.

***Turizm.*** Xorezm wálayattıń turizm imkaniyatların rawajlandırıw, turistler aǵımın jáne de kóbeytiwge úlken itibar qaratılmaqta.

Solardan, Úrgench qalasındaǵı Shavat kanalı boyında «Shavat» jáne Xiywa qalasında «Ǵovuk kól» kishi turizm zonaların shólkemlestiriw hám olarda zamanagóy miymanxana kompleksleri, mádeniy-den-sawlıqtı saqlaw, sawda-kewil kóteretuǵın hám turizm áhmiyetine iye bolǵan basqa obektlerdi quriw rejelestirilmekte.



*130-súwret.* Xiywa qalası.

***Qalaları. Úrgench*** wálayattıń administrativlik, ekonomikalıq hám mádeniy orayı. Qalada azıq-awqat sanaatı óziniń áhmiyetine qaray jeńil sanaattan keyingi orında tıradı. Qala elektr energiyasın Taqıyatas JESsınan hám Túyemoyın GESsınan aladı. Qalanıń arqa bóliminde negizinen turaq jay imaratları, ilimiy hám mádeniy-ruwxıylıq mekemeleri, al qubla bóliminde óndiris kárxanaları jaylasqan. Qalada Úrgench mámleketlik universiteti, Tashkent axborot texnologiyaları universiteti hám Tashkent medicina akademiyası filialları bar.

***Xiywa*** wálayattaǵı áyyemgi, milliy arxitekturalıq esteliklerge bay qala (130-súwret). Xiywa kórkem ónermentshiliktiń áhmiyetli orayı. Bul jerde aǵash hám taslarǵa naǵıs oyıw, zergerlik, mıskerlik, kesteshilik hám gúlálshılıqtaǵı ájayıp sheberlik áwladtan-áwladqa ótip kiyatır. Xiywa belgili ózbek matematigi, astronomı hám geografı Muxammed ibn Muwsa al Xorezmiydiń watanı.

1. Pilleshilik, salıgershilik hám sharwashılıq qaysı rayonlarda jaqsı rawajlanǵan? Bunı jazıwsız kartadan belgileń.
2. Úrgench penen Xiywanı salıstırıp táriyipleń.
3. Tábiyygıy sharayattıń ekonomikaǵa tásiri ayqın kózge taslanıwına mısallar keltiriń.

## 58-sabaq QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ

Qaraqalpaqstan Respublikası mámleketimizdiń arqa batısında jaylasqan. Temir jol, avtomobil hám hawa transportınıń jolǵa qoyılıwı, respublikanıń óndiris kúshleriniń úzilissiz ósiwine negiz tayarladı.

Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayat sıpatında 1925-jılı shólkemlesken. 1932-jılı avtonomiyalıq respublikaǵa aylandırılıp, 1936-jılı Ózbekstannıń



*131-súwret.* Nókistegi júnnen qaraúy toqıw kombinatı.

quramına kirdi. Qaraqalpaqstannıń Ózbekstan quramına kiriwi qaraqalpaq hám ózbek xalıqlarınıń arasındaǵı áyyemgi doslıqtı, aymaq, til hám mádeniyattaǵı uluwmalıqtı jáne de bekkemledi.

***Xalqı.*** Qaraqalpaqstan Respublikasında 1,8 millionnan aslam adam jasaydı. Xalıqtıń 1/3 bólegin ózbekler, jáne soǵan shamalas bólegin qaraqalpaqlar, qalǵanların qazaqlar hám basqa milletlerdiń wákilleri quraydı (132-súwret). Joqarı oqıw orınlarında mıń-mıńlaǵan qánigeler tayarlanıp atır. Nókiste Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyasınıń filialı hám bir neshe ilimiy mekemeler islep tur. Qaraqalpaqstanda ilimpazlardıń úlken toparı jetisip shıqtı. Olar ilim hám milliy ekonomikanıń túrli salalarında xızmet etip atır. Atap aytqanda awıl xojalıǵı tarmaqında suwǵarıwdıń jańa usılların islep shıǵıp atır.

***Xojalıǵı.*** Qaraqalpaqstan Respublikası xojalıǵınıń negizi agrosanaat kompleksinen ibarat. Bul jerde suwǵarıp egiletuǵın diyqanshılıq miynetti hám qárejetti kóp talap etedi. Atap aytqanda, Ámiwdárya alabında suwǵarıw kanalınıń qazılıwı suw basıp ketiwden saqlawshı dambalar hám batpaqlıqlardı qurǵatıwshı drenajlar qazıwǵa májbúr etken. Ótken jıllarda irrigaciya tarmaqları qayta qurıldı hám keńeytirildi. Qızketken, Paxta-arna usaǵan jańa kanallar qurıldı. Ámiwdáryanıń eki jaǵasın boylap sozılıp jatırǵan suw tasuwına qarsı dambalar islendi. Úlken gidrotexnikalıq qurılma – Taqıyatas gidrouzeli 1973-jılı iske qosıldı.

Qaraqalpaqstan egin maydanınıń kópshilik jerinde paxta hám gálle jetistiredi. Ámiwdáryada jońıshqa hám salı jetistiriw qolaylı. Qaraqalpaqstan Ózbekstanda ǵana emes, al pútkil Orta Aziyada jońıshqa tuxımın




*132-súwret.* Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń milliy quramı (procent esabında).

http://eduportal.uz

jetistiretuǵın eń iri zona bolıp tabıladı. Jońıshqa tuqumınıń Qaraqalpaqstan sortı eń sapalı esaplanadı. Ǵálle eginlerinen salı, júweri hám mákke kóp egiledi (133-súwret). Salıgershilik úlken orındı iyeleydi. Ózbekstandaǵı salı maydanlarınıń kóp bólegi Qaraqalpaqstanda jaylasqan.

***Awıl xojalıǵınıń negizgi tarmaqları***: salıgershilik, paxtashılıq, palız eginlerin jetistiriw, gósh-sút sharwashılıǵı.

Shárwashılıq Qaraqalpaqstan Respublikası xojalıǵınıń áhmiyetli tarmaǵı esaplanadı. Keń jaylawlar hám Ámiwdárya boylarındaǵı otlaqlı jerler sharwashılıqtıń áyyemgi dáwirlerden bergi ot-jem bazası bolıp kelgen. Mallardı baǵıw ushın jońıshqa, mákke hám júweriden tısqarı paxta tazalaw, may, sút-may sanaatı kárxanalarınıń shıǵındılarınan da paydalanıladı. Shól jaylawlarında jıl dawamında qarakól qoyları baǵıladı. Shóldegi xojalıqlarda azlap túye de baǵıladı. Qaramallar suwǵarıp egiletuǵın diyqanshılıq zonalarında – Ámiwdáryada sút gósh ushın baǵıladı.

Qaraqalpaqstanda qus ósiriwshilik ushın, ásirese suwda júzetuǵın quslardı kóbeytiw ushın keń imkaniyat bar. Tórtkúl rayonında xojalıqlar aralıq tawıq baǵıw ferması bar. Pille jetistiriw Tórtkúl hám Ámiwdárya rayonlarında rawajlanǵan. Bul eki rayon Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı barlıq pilleniń tiykarǵı bólegin quraydı.

***Sanaatı.*** Qaraqalpaqstan sanaatınıń rawajlanıwında Sharjaw – Qońırat temir joldıń iske qosılıwı áhmiyetli rol oynadı. Sanaattıń energetika, metaldı qayta islew, ximiya, qurılıs sıyaqlı jańa tarmaqları júzege kele basladı (134-súwret). Qońıratta jılına 160 mıń tonna kalciylı soda, 150 mıń tonna kaustikalıq soda, 20 mıń tonna azıq-awqat sodası hám 400 mıń tonna as duzın islep shıǵara alatuǵın úiken zavod qurılıp atır.

Azıq-awqat sanaatı tez rawajlanbaqta. Qaraqalpaqstanda uluwma paydalanılatuǵın hám geypara kárxanalarǵa tiyisli elektr stanciyaları bar. Taqıyatas JES bulardıń ishindegi eń úlkeni. Kárxana hám xalıq qonısları tiykarınan gazlestirildi. Taxtakópir rayonında suwdı dushshılandırıw qurılması iske túsirildi.




*133-súwret.* Ózbekstan Respublikasında Qaraqalpaqstannıń salmaǵı (procent, 2017-jıl).




*134-súwret.* Qaraqalpaqstan Respublikası.

Qurılıs matıriallları sanaatı gerbish, hák, qamıs plita islep shığaradı. Olar negizinen, Xojeli, Nókis, Taqıyatas qalaları. Qaraqalpaqstandağı cement shiyki zatı qurılıs materialların islep shığarıwdı turaqlı rawajlandırıwğa imkaniyat beredi.

Metaldı qayta tayarlaw sanaatı awıl xojalığı, sanaat hám transport zárúrlikleri ushın xızmet etedi. Taqıyatasta mexanika zavodında júzip júretuğın nasoslar ońlaydı. Buxara gazı hám ol jerde tabılğan neft, kaliyli, magniyli duz kánleri, hák ham fosforit kánleriniń negizinde ximiya sanaatı rawajlanıp atır.



***Sanaattıń negizgi tarmaqları***: elektroenergetika, ximiya hám gaz-ximiya, qurılıs materialları, jeńil, azıq-awqat, un-jarma.

***Qalaları***. Respublikada 12 qala bar. Nókis – Qaraqalpaqstan Respublikasınıń paytaxtı, sanaat hám mádeniyat orayı bolıp esaplanadı (Xalıq qonısları temasınan qalada qansha xalıq jasaytuğının anıqlań).

Qala 1932-jılı kishkene awıldıń ornında qurıldı. Geografiyalıq ornınıń

http://eduportal.uz

qolaylıǵı sebepli 1939-jılı respublikanıń paytaxtı Tórtkúlden Nókiske kóshti. Ámiwdáryada qurılǵan gidrotexnikalıq plotina arqalı Nókiske temir jol hám avtomobil jolı ótkizildi. Qalada poligrafiya kombinatı, motor ońlaw, gerbish zavodları, jeńil sanaat hám azıq-awqat sanaatı kárxanaları bar. Nókiste 6 joqarı oqıw ornı, Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı, sonday-aq Tashkent axborot texnologiyaları universiteti, Tashkent mámleketlik agrar universiteti, Tashkent pediatriya medicina institutı jáne Ózbekstan mámleketlik sanaat hám mádeniyat institutınıń Nókis filialları bar.

***Taqıyatas*** usı attaǵı JES qurılısı múnásibeti menen 1952-jılı boy tikledi. Ol energetikler, gidrotexnikler, injenerler hám suwshılar qalası. Taqıyatasqa jaqın jerde Ámiwdáryaǵa qurılǵan úlken gidrotexnikalıq plotina qala xojalıǵın taǵı da rawajlandırdı. Keleshekte Taqıyatas tiykarınan qurılıs materialın islep shıǵaratuǵın oray sıpatında jánede rawajlanadı, onda jańa kárxanalar quriladı.

***Moynaq*** Aral teńizi jaǵasındaǵı burınǵı port qala. Aral suwı qáddiniń keskin tómenlep ketiwi aqıbetinde qala teńizden uzaqta qalıp ketti. Nátiyjede qalanıń xojalıǵı pútkilley ózgerdi.

***Beruniy*** Ámiwdáryanıń oń jaǵasında jaylasqan áhmiyetli sanaat orayı. Qala avtomobil jolı arqalı Nókis penen baylanısqan. Paxta tazalaw hám may zavodları qalanıń negizgi kárxanaları esaplanadı.

1. Ámiwdáryanıń ekinshi jaǵasında jaylasqan Tórtkúl menen Úrgench qalaları óz ara qalay baylanısqanlıǵın oqıw atlasınan anıqlań.
2. Xalıqtıń jaylasuwına hám milliy quramına qanday faktorlar tásir kórsetken?
3. Qaraqalpaqstannıń qalaları qanday ózgeshelikleri boyınsha bir-birinen ayırılıp turadı?
4. Mámleketimizdiń qaysı qalalarında bolıwdı ármán etesiz? Ne ushın?
5. Nókisten Tashkentke barıw ushın qaysı wálayatlardan ótiledi?

## 59-sabaq

## ÁMELIY JUMÍS

1. Sabaqlıqtıń 1-tirkemesindegi kesteniń maǵlıwmatları tiykarında Andijan hám Nawayı wálayatları xalqınıń tıǵızlıǵın anıqlań hám bir-birine salıstırıń.

2. 8-klass jazıwsız kartasına Buxara wálayatınıń awıl xojalıǵı zonaların boyań jáne biyday, arpa, mákke, sonday-aq, qus ósiriwshilik hám pal hárresin baǵıw keń tarqalǵan rayonlardı túsiriń.

3. Samarqand wálayatında respublika xalqınıń 11,1 procenti jasaydı. Bul wálayat respublikada islep shıǵarılıp atırǵan dán eginleriniń 17 pro-

centin beredi. Bul ónim wálayat ushın ekonomikalıq tarmaq bola alama?

4. Ekonomikalıq rayondı geografiyalıq táriyiplew jobasın dápterge jazıń.

5. Aymaqtıń qánigelesiwin belgileytuǵın faktorlardı birme-bir aytıp beriń.

6. Mámlekettiń aymaqlıq miynet bólistiriliwinde Tashkent hám Mırzashól ekonomikalıq rayonları, Ferǵana hám Tómengi Ámiwdárya ekonomikalıq rayonlarınıń bir-birine uqsaslıq hám ayırmashılıq tareplerin salıstırıń.

7. Qaysı rayonnıń sanaat boyınsha miynet ónimliligi eń joqarı bolǵan?

8. Qaysı rayonnıń awıl xojalıǵı intensiv joldan rawajlanıp atır?

9. Qaysı rayon transport penen jaqsı támiyinlengen?

10. Xojalıqtı júrgiziwdiń ápiwayı jaylasıwdan quramalıraq, progressivrek jaylasuwǵa ósip ótiwin qálegen bir ekonomikalıq rayon mısalında kórsetiń.

11. Qalańız (rayonıńız, wálayatıńız)dıń ekonomika-geografiyalıq táriypin dúziń hám onda xojalıq quramınıń shiyki zat, energiya, tayar ónimler boyınsha aymaqlıq óndirislik baylanıslarınıń sxemasın, sonday-aq tábiyattı qorǵaw hám ózlestiriw ilájların bayan etiń.

## 60-sabaq ULÍWMALASTÍRÍWSHÍ TÁKIRARLAW

1. Mashina islep shıǵarıwdıń ekonomikanıń basqa tarmaqları menen baylanıslılıǵına mısallar keltiriń.

2. Mashina islep shıǵarıw kompleksinde tarmaqlar qatnası keleshekte qanday boladı? Jáne jedel rawajlanıwshı tarmaqlardı aytıp beriń.

3. Metallurgiya kompleksi ekonomikanıń qaysı tarmaqları menen baylanıslılıǵın geografiya dápterińizge sızıp kórsetiń.

4. Óz wálayatıńızda jaylasqan qaysı toqımashılıq kárxanaların bilesiz?

5. Eń áhmiyetli gaz hám neft trubaları qaerlerden ótkenin jazıwsız kartaǵa belgileń.

6. Óndiristiń qanday shólkemlesken formaları bar?

7. Óndiristi jaylastırıw formalarına mısallar aytıń.

8. 8-klass geografiya atlasında Samarqand wálayatı kartasınan qalalardıń jaylasqan ornın anıqlań. Qalalarda qaysı sanaat tarmaqları bar ekenligine áhmiyet beriń.

9. Ózbekstanda 1 jılda ortasha islep shıǵarılatuǵın elektr energiyasınıń 51 mlrd kW h bólegi jıllılıq elektrostanciyaları esabınan, 8 mlrd kW h bólegi gidroelektrostanciyaları tárepinen islep shıǵarılıp atırǵan bolsa, olardıń úlesin procentlerde esaplap tabıń.

http://eduportal.uz

*1-tirkeme*

**Aymaqlar boyınsha tiykarǵı sociallıq kórsetkishler**
(2017-jıl 1-yanvardaǵı halatı)

| Respublika hám wálayatlar | Maydanı (mıń kv. km) | Xalıq sanı (mıń adam esabında) | | | Administrativlik-aymaqlıq dúzilisi | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Ulıwma | Qala xalqı | Awıl xalqı | Rayonlar | Qalalar | Kishi qalalar |
| Ózbekstan Respublikası | **448,9** | **32656,7** | **16532,7** | **16 124,0** | **170** | **119** | **1071** |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 166,6 | 1 842,3 | 905 | 936,8 | 15 | 12 | 26 |
| Andijan wálayatı | 4,2 | 3 011,7 | 1 576 | 1 435,7 | 14 | 11 | 79 |
| Buxara wálayatı | 40,3 | 1 870,2 | 698,6 | 1 171,6 | 11 | 11 | 69 |
| Jizzax wálayatı | 21,2 | 1 325,0 | 622,2 | 702,8 | 12 | 6 | 42 |
| Qashqadárya wálayatı | 28,6 | 3 148,4 | 1 357,5 | 1 790,9 | 13 | 12 | 117 |
| Nawayı wálayatı | 111,0 | 958,0 | 467,6 | 490,4 | 8 | 6 | 47 |
| Namangan wálayatı | 7,4 | 2 699,6 | 1 743,7 | 955,9 | 11 | 8 | 115 |
| Samarqand wálayatı | 16,8 | 3 720,1 | 1 390,8 | 2 329,3 | 14 | 11 | 88 |
| Surxandárya wálayatı | 20,1 | 2 514,2 | 893,3 | 1 620,9 | 13 | 8 | 114 |
| Sırdárya wálayatı | 4,3 | 815,9 | 350 | 465,9 | 8 | 5 | 25 |
| Tashkent wálayatı | 15,3 | 2 861,2 | 1 411,5 | 1 449,7 | 15 | 16 | 95 |
| Fergána wálayatı | 6,7 | 3 620,2 | 2 049,9 | 1 570,3 | 15 | 9 | 197 |
| Xorezm wálayatı | 6,1 | 1 805,0 | 601,2 | 1 203,8 | 10 | 3 | 56 |
| Tashkent qalası | 0,3 | 2 464,9 | 2 464,9 | – | 11 | 1 | 1 |

*2-tirkeme*

**Aymaqlar boyınsha egin maydanı quramı**
(2017-jıl halatı, gektar esabında)

| Aymaqlar | Kartoshka | Paxta | Ovoshlar – ulıwma | Azıqlıq palız – ulıwma | Dán |
|---|---|---|---|---|---|
| Ózbekstan Respublikası | 78772 | 1201182 | 189696 | 52271 | 1655629 |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 4764 | 94028 | 11342 | 12297 | 110653 |
| Wálayatlar: | | | | | |
| Andijan wálayatı | 6875 | 89259 | 17762 | 1978 | 90882 |
| Buxara wálayatı | 4324 | 106124 | 10355 | 2276 | 91182 |
| Jizzax wálayatı | 1610 | 90308 | 8444 | 6879 | 212545 |
| Qashqadárya wálayatı | 6588 | 153394 | 15730 | 6315 | 256673 |
| Nawayı wálayatı | 1966 | 34538 | 4165 | 1340 | 49819 |
| Namangan wálayatı | 5634 | 76348 | 14496 | 1901 | 92012 |
| Samarqand wálayatı | 12873 | 87649 | 29068 | 2524 | 185778 |
| Surxandárya wálayatı | 9899 | 94539 | 14611 | 2788 | 118219 |
| Sırdárya wálayatı | 2001 | 96752 | 4352 | 3280 | 95563 |
| Tashkent wálayatı | 7418 | 84079 | 25698 | 2899 | 142266 |
| Fergána wálayatı | 9912 | 98313 | 20304 | 2181 | 129316 |
| Xorezm wálayatı | 4881 | 95851 | 13075 | 5613 | 81021 |
| Tashkent qalası | 27 | | 294 | | |

http://eduportal.uz

**2017-jılı JAÓniń tarmaqları boyınsha quramı (kólemine salıstırǵanda %)**



## MAZMUNÍ

### I BAP. ÓZBEKSTANNÍŃ GEOGRAFIYALÍQ ORNÍ HÁM ADMINISTRATIVLIK-AYMAQLÍQ DÚZILISI

1-sabaq. Kirisiw ............ 3
2-sabaq. Ózbekstannıń geografiyalıq ornı............ 5
3-sabaq. Ózbekstannıń adminstrativ-aymaqlıq dúzilisi ............ 8
4-sabaq. Social-ekonomikalıq kartalar ............ 11

### II BAP. ÓZBEKSTANNÍŃ TÁBIYǴÍY BAYLÍQLARÍ. XALQÍ HÁM MIYNET RESURSLARÍ

5-sabaq. Ózbekstannıń tábiyǵıy sharayatı hám tábiyǵıy baylıqları ............ 13
6-sabaq. Tábiyǵıy sharayat hám tábiyǵıy baylıqlardıń milliy ekonomikadaǵı áhmiyeti ............ 15
7-sabaq. Ózbekstan xalqı............ 18
8-sabaq. Ózbekstan qalqınıń quramı ............ 20
9-sabaq. Xalıq qonısları ............ 22

### III BAP. MILLIY EKONOMIKANÍŃ QURAMLÍQ DÚZILISI

10-sabaq. Ózbekstan milliy ekonomikasınıń dúzilisi ............ 27
11-sabaq. Sanaat – milliy ekonomikanıń tayanısh tarmaǵı ............ 30
12-sabaq. Janılǵı-energetika kompleksi ............ 33
13-sabaq. Naft hám gaz sanaatı............ 35
14-sabaq. Kómir sanaatı............ 38
15-sabaq. Elektroenergetika ............ 40
16-sabaq. Ximiya sanaatı ............ 45
17-sabaq. Qara metallurgiya............ 48
18-sabaq. Reńli metallurgiya ............ 51
19-sabaq. Mashina islep shıǵarıw hám onıń tarmaqları ............ 54
20-sabaq. Avtomobil islep shıǵıw ............ 58
21-sabaq. Aǵashtı qayta islew sanaatı............ 62
22-sabaq. Qurılıs materialları sanaatı ............ 64
23-sabaq. Sanaat hám ekologiyalıq mashqalalar............ 67
24-sabaq. Agrosanaat kompleksi ............ 69
25-sabaq. Awıl xojalıǵı ............ 71
26-sabaq. Diyqanshılıq ............ 73
27-sabaq. Sharwashılıq ............ 76

http://eduportal.uz

28-sabaq. Ózbekstanda awıl xojalıǵınıń geografiyalıq tipleri ........................ 78
29-sabaq. Jeńil sanaat ........................................................................ 80
30-sabaq. Azıq awqat sanaatı....................................................................... 83
31-sabaq. Sanaatı aymaqlıq shólkemlestiriw jáne jaylastırıw formaları.... 86
32-sabaq. Transport geografiyası.......................................................... 88
33-sabaq. Ózbekstan transportınıń zamanagóy rawajlanıwı........................... 90
34-sabaq. Xalıqqa xızmet kórsetiw tarawları ....................................... 95
35-sabaq. Ózbekstanda rekreaciya hám turizm ............................................ 99
36-sabaq. Sırtqı ekonomikalıq qatnaslar.................................................. 102
37-sabaq. Ámeliy jumıs.......................................................................... 105

## IV BAP. ÓZBEKSTANNÍŃ REGIONAL SÍPATLAMASÍ

38-sabaq. Ózbekstannıń ekonomikasın aymaqlıq shólkemlestiriw.................. 106
39-sabaq. Tashkent ekonomikalıq rayonı ................................................... 110
40-sabaq. Tashkent wálayatı ................................................................... 113
41-sabaq. Tashkent qalası ..................................................................... 117
42-sabaq. Mırzashól ekonomikalıq rayonı.................................................. 121
43-sabaq. Sırdárya wálayatı ................................................................... 123
44-sabaq. Jizzax wálayatı....................................................................... 125
45-sabaq. Ferǵana ekonomikalıq rayonı................................................... 128
46-sabaq. Andijan wálayatı ..................................................................... 130
47-sabaq. Ferǵana wálayatı .................................................................... 132
48-sabaq. Namangan wálayatı.................................................................. 135
49-sabaq. Zarafshan ekonomikalıq rayonı.................................................. 138
50-sabaq. Samarqand wálayat................................................................. 140
51-sabaq. Nawayı wálayatı....................................................................... 144
52-sabaq. Buxara wálayatı ...................................................................... 148
53-sabaq. Qubla ekonomikalıq rayon ........................................................ 151
54-sabaq. Qashqadárya wálayatı ............................................................. 153
55-sabaq. Surxandárya wálayatı .............................................................. 157
56-sabaq. Tómengi Ámiwdárya ekonomikalıq rayonı ...................................... 161
57-abaq. Xorezm wálayatı ....................................................................... 163
58-sabaq. Qaraqalpaqstan Respublikası ..................................................... 165
59-sabaq. Ámeliy jumıs ......................................................................... 169
60-súwret. Ulıwmalastırıwshı tákirarlaw .................................................. 170
Tirkemeler ........................................................................................... 171

http://eduportal.uz

*O'quv nashri*

MUSAYEV PAYOZ G'IYOSOVICH
pedagogika fanlari nomzodi, katta ilmiy xodim
MUSAYEV JAHONGIR PAYOZOVICH,
geografiya fanlari nomzodi, dotsent

# GEOGRAFIYA

## O'ZBEKISTONNING IQTISODIY VA IJTIMOIY GEOGRAFIYASI

Umumiy o'rta ta'lim maktablarining
8-sinfi uchun darslik

*To'ldirilgan oltinchi nashr*

*(Qoraqalpoq tilida)*

«Sharq» nashriyot-matbaa
aksiyadorlik kompaniyasi
Bosh tahririyati
Toshkent – 2019

Darslikda A.Jumayev, R.Sharipov, B.Rizoqulov, A.To'rayev slaydlaridan foydalanildi. Undagi statistik ma'lumotlar O'zbekiston Respublikasi Davlat Statistika qo'mitasidan olindi. Qayta nashrda darslikdagi aksariyat raqamli ma'lumotlar mazkur qo'mita materiallari asosida yangilandi.

Awdarmashı *Dilarom Tajetdinova*
Redaktor *Qızlarxan Mnajatdinova*
Dizayner hám kartograf *F.Sadiqova*
Texnikalıq redaktor *R.Nafasov*
Betlewshiler: *O.Fozilova, M.Atxamova*
Korrektorler: *Gulayım Abdukarimova, R.Kalilaeva, A.Savpov, I.Orazalieva*

**Nashr litsenziyasi AI № 201, 28.08.2011**

Basıwga ruxsat etildi 30.07.2019. Formatı 70x90 $^{1}/_{16}$.
«Times» garniturası. Keglı 12; 10 shponlı. Ofset baspa usılında basıldı.
Shártli baspa tabaǵı 11,70. Baspaxana-esap tabaǵı 13,83.
Adadı 12905 nusxa. Buyırtpa № 453.

**«Sharq» baspa-poligrafiya akciyonerlik kompaniyası baspaxanası, 100000, Tashkent qalası, Buyuk Turan kóchesi, 41.**

http://eduportal.uz

**Ijaraǵa berilgen sabaqlıq jaǵdayın kórsetiwshi keste**

| № | Oqıwshınıń familiyası, atı, | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı | Sabaqlıqtıń tapsırılǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |
| 6 | | | | | | |

**Sabaqlıq ijaraǵa berilgende hám oqıw jılınıń aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı:**

| | |
|---|---|
| Taza | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jagdayı |
| Jaqsı | Muqaba pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, óshpegen, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| Qanaatlandırarlı | Muqaba jelingen, biraz sızılıp, shetleri qayırılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlanarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betler qayta islengen, ayırım betleri sızılǵan. |
| Qanaatlandırarsız | Muqabaǵa sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bóliminen ajıralǵan yamasa pútinley joq, qanaatlandırarsız islengen. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslanǵan, sabaqlıqtı tiklep bolmaydı. |

http://eduportal.uz

*O‘quv nashri*

MUSAYEV PAYOZ G‘IYOSOVICH
pedagogika fanlari nomzodi, katta ilmiy xodim
MUSAYEV JAHONGIR PAYOZOVICH,
geografiya fanlari nomzodi, dotsent

# GEOGRAFIYA

## O‘ZBEKISTONNING IQTISODIY VA IJTIMOIY GEOGRAFIYASI

Umumiy o‘rta ta’lim maktablarining
8-sinfi uchun darslik

*To‘ldirilgan oltinchi nashr*

*(Qoraqalpoq tilida)*

«Sharq» nashriyot-matbaa
aksiyadorlik kompaniyasi
Bosh tahririyati
Toshkent – 2019

Darslikda A.Jumayev, R.Sharipov, B.Rizoqulov, A.To‘rayev slaydlaridan foydalanildi. Undagi statistik ma’lumotlar O‘zbekiston Respublikasi Davlat Statistika qo‘mitasidan olindi. Qayta nashrda darslikdagi aksariyat raqamli ma’lumotlar mazkur qo‘mita materiallari asosida yangilandi.

Awdarmashı *Dilarom Tajetdinova*
Redaktor *Qızlarxan Mnajatdinova*
Dizayner hám kartograf *F.Sadiqova*
Texnikalıq redaktor *R.Nafasov*
Betlewshiler: *O.Fozilova, M.Atxamova*
Korrektorler: *Gulayım Abdukarimova, R.Kalilaeva, A.Savpov, L.Orazalieva*

**Nashr litsenziyasi AI № 201, 28.08.2011**

Basıwga ruxsat etildi 30.07.2019. Formatı 70x90 $^{1}/_{16}$.
«Times» garniturası. Keglı 12; 10 shponlı. Ofset baspa usılında basıldı.
Shártli baspa tabaǵı 11,70. Baspaxana-esap tabaǵı 13,83.
Adadı 1315 nusxa. Buyırtpa № 453-A.

**«Sharq» baspa-poligrafiya akciyonerlik kompaniyası baspaxanası, 100000, Tashkent qalası, Buyuk Turan kóchesi, 41.**

http://eduportal.uz